

2026

Prèv sou Kouvèti



CareNeeds Extra (HMO D-SNP)
H1019-152

South Florida

Konte Broward, Miami-Dade, Palm Beach

Sa a se yon Plan ki Ekstrèman Entegre ak Doub Eligibilite
(Highly Integrated Dual Eligible, HIDE) pou Bezwèn Espesyal.

CarePlus
HEALTH PLANS™

Byennèt ou enpòtan pou nou

Mèsi dèské ou se yon manm CareNeeds Extra (HMO D-SNP). Abònman w lan gen valè pou nou e nou angaje nou pou n ede w vin pi bon moun ou vle ye a.

Prèv sou Kouvèti sa a gen enfòmasyon enpòtan sou plan w lan. Liv sa a se yon dokiman ki detaye anpil ak deskripsiyon legal konplè pou avantaj ak pri ou yo. Ou dwe kenbe dokiman sa a kòm referans pandan tout ane plan an.

Nou pa ka tann pou n vin patnè sante w pou plizyè ane k ap vini yo. Si w gen nenpòt kesyon, nou la pou n ede w.

1ye janvye - 31 desanm 2026

Prèv sou Kouvèti pou ane 2026:

Avantaj ak Sèvis Sante Medicare ou yo avèk Kouvèti pou Medikaman sou Preskripsiyon Medicare kòm Manm CareNeeds Extra (HMO D-SNP)

Dokiman sa a ba detay sou kouvèti pou swen sante ak pou medikaman sou preskripsiyon Medicare ak Medicaid soti 1ye janvye pou rive 31 desanm 2026. **Sa a se yon dokiman legal ki enpòtan. Kenbe li yon kote ansekirite.**

Dokiman sa a eksplike avantaj ak dwa ou yo. Sèvi avèk dokiman sa a pou konprann:

- Prim ak pataj frè plan nou an
- Avantaj medikal ak avantaj pou medikaman sou preskripsiyon nou yo
- Kijan pou depoze yon plent si w pa satisfè avèk yon sèvis oswa yon tretman
- Kijan pou w kontakte nou
- Lòt pwoteksyon lwa Medicare la egzije

Pou kesyon sou dokiman sa a, tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907. (Itilizatè TTY yo rele 711). Lè nou louvri yo se 8 a.m. rive 8 p.m., ou ka rele nou sèt jou nan semèn nan. Tanpri sonje ke sistèm telefòn otomatize nou an ka reponn apèl ou pandan wikenn ak jou ferye yo. Pou sèvis 24 sou 24, ou ka vizite nou nan CarePlusHealthPlans.com. Apèl sa a gratis.

Plan sa a, CareNeeds Extra (HMO D-SNP) ofri pa CarePlus Health Plans, Inc. (Lè Prèv sou Kouvèti sa a di "nou," "nou menm," oswa "pa nou/pa n," li vle di CarePlus Health Plans, Inc. Lè li di "plan" oswa "plan nou an," li vle di CareNeeds Extra (HMO D-SNP).)

Se CarePlus Health Plans, Inc. ak Ajans pou Administrasyon Swen Sante Eta Florida ki finanse l.

Dokiman sa a disponib gratis nan lang Kreyòl Ayisyen ak Panyòl.

Enfòmasyon sa a disponib nan diferan fòma, tankou Bray, gran karaktè ak odyo. Tanpri rele Sèvis Manm yo nan nimewo ki pi wo a si w bezwen enfòmasyon sou plan an nan yon lòt fòma.

Avantaj, prim, franchiz ak/oswa kopeman/ko-asirans yo gendwa chanje nan dat 1ye janvye 2027.

Fòmilè nou a, rezo famasi nou a ak/oswa rezo pwofesyonèl swen sante nou a ka chanje nenpòt kilè. Y ap w yon avi sou nenpòt chanjman ki gendwa afekte ou omwen 30 jou dlavans.

Komite Nasyonal pou Asirans Kalite (NCQA) a te apwouve CareNeeds Extra (HMO D-SNP) pou l opere kòm yon Plan Bezwen Espesyal (SNP) jiska 31 desanm 2026, baze sou yon revizyon Modèl Swen CareNeeds Extra (HMO D-SNP).

H1019_EOC_MAPD_HMO_152000_2026_C

Prèv sou Kouvèti pou ane 2026

Tab dè matyè

CHAPIT 1:	Fason pou kòmanse antanke yon manm.....	7
SEKSYON 1	Ou se yon manm CareNeeds Extra (HMO D-SNP)	7
SEKSYON 2	Egzijans Plan an pou elijibilite	8
SEKSYON 3	Dokiman enpòtan sou abònman	9
SEKSYON 4	Rezime sou Pri Enpòtan pou 2026.....	11
SEKSYON 5	Plis enfòmasyon sou prim plan mansyèl ou a	16
SEKSYON 6	Kenbe dosye abònman plan w lan ajou.....	17
SEKSYON 7	Kijan lòt asirans yo fonksyone avèk plan nou an.....	17
CHAPIT 2:	Nimewo telefòn ak resous.....	19
SEKSYON 1	Kontak pou CareNeeds Extra (HMO D-SNP)	19
SEKSYON 2	Medicare (Jwenn Èd nan men Medicare).....	23
SEKSYON 3	Pwogram Asistans pou Asirans Sante Eta (State Health Insurance Assistance Program) (èd gratis, enfòmasyon epi repons a kesyon ou yo sou Medicare).....	24
SEKSYON 4	Òganizasyon Amelyorasyon Kalite	24
SEKSYON 5	Sekirite Sosyal	25
SEKSYON 6	Medicaid	25
SEKSYON 7	Pwogram pou ede moun peye pou medikaman sou preskripsyon yo.....	27
SEKSYON 8	Komite Retrèt Chemennfè (Railroad Retirement Board, RRB).....	29
SEKSYON 9	Si w gen asirans gwoup oswa lòt asirans sante anplwayè ou	30
CHAPIT 3:	Itilize plan nou an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo	31
SEKSYON 1	Kijan pou jwenn swen medikal ak lòt sèvis ki kouvri kòm yon manm nan plan nou an.....	31
SEKSYON 2	Itilize pwofesyonèl swen sante ki nan rezo plan nou an pou jwenn swen medikal ak lòt sèvis.....	32
SEKSYON 3	Kijan pou jwenn sèvis nan ka yon ijans, katastwòf, oswa bezwen ijan pou swen	36
SEKSYON 4	E si yo ta faktire w dirèkteman pou total frè sèvis yo?.....	38
SEKSYON 5	Sèvis medikal nan yon etid pou rechèch klinik	39
SEKSYON 6	Règ pou jwenn swen nan yon enstitisyon swen sante non-medikal reliye.....	40
SEKSYON 7	Règleman pou pwopriyete pou ekipman medikal dirab.....	41
CHAPIT 4:	Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri).....	43
SEKSYON 1	Konprann sèvis ki kouvri yo.....	43
SEKSYON 2	Tablo Avantaj Medikal yo montre avantaj medikal ou yo.....	43
SEKSYON 3	Sèvis ki kouvri andeyò CareNeeds Extra (HMO D-SNP)	85
SEKSYON 4	Sèvis plan nou an OSWA Medicare pa kouvri yo	85
CHAPIT 5:	Sèvi avèk kouvèti plan an pou medikaman Part D.....	91
SEKSYON 1	Règ debaz pou kouvèti medikaman Part D plan nou an.....	91
SEKSYON 2	Ranpli preskripsyon w nan yon famasi ki nan rezo a oswa atravè sèvis kòmann pa lapòs plan nou an	92
SEKSYON 3	Medikaman ou yo dwe nan Gid Medikaman plan nou an	96
SEKSYON 4	Medikaman ki gen restriksyon sou kouvèti	98

SEKSYON 5	Kisa ou ka fè si youn nan medikaman ou yo pa kouvrí nan fason ou ta renmen li kouvrí a	99
SEKSYON 6	Gid Medikaman nou an ka chanje pandan ane a.....	102
SEKSYON 7	Kategori medikaman nou pa kouvrí	104
SEKSYON 8	Kijan pou egzekite yon preskripsyón.....	105
SEKSYON 9	Kouvèti medikaman Part D nan sitiyasyon patikilye	106
SEKSYON 10	Pwogram sou sekirite medikaman ak jesyon medikaman.....	107
CHAPIT 6:	Sa ou peye pou medikaman Part D yo.....	110
SEKSYON 1	Sa ou peye pou medikaman Part D yo.....	110
SEKSYON 2	Etap peman pou pedikaman pou Manm CareNeeds Extra (HMO D-SNP) yo	112
SEKSYON 3	Rapò SmartSummary w la eksplike nan ki etap peman ou ye.....	112
SEKSYON 4	Pa gen okenn franchiz pou CareNeeds Extra (HMO D-SNP)	113
SEKSYON 5	Faz Kouvèti Inisyal La.....	114
SEKSYON 6	Etap Kouvèti Katastwofik La.....	118
SEKSYON 7	Enfòmasyon adisyonèl sou avantaj yo	118
SEKSYON 8	Sa ou peye pou Vaksen Part D yo.....	118
CHAPIT 7:	Mande nou pou nou peye yon bòdwo pou sèvis medikal oswa medikaman ki kouvrí.....	121
SEKSYON 1	Sitiyasyon kote ou ta dwe mande n peye pati pa nou pou sèvis oswa medikaman nou ki kouvrí yo	121
SEKSYON 2	Fason pou mande nou ranbouse w oswa peye yon fakti ou te jwenn	123
SEKSYON 3	Nou pral konsidere demann pou peman ou a epi di wi oswa non.....	124
CHAPIT 8:	Dwa ak responsabilite ou yo.....	125
SEKSYON 1	Plan nou an dwe respekte dwa ak sansibilite kiltirèl ou yo.....	125
SEKSYON 2	Responsabilite kòm manm plan nou an	133
CHAPIT 9:	Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)	135
SEKSYON 1	Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon enkyetid	135
SEKSYON 2	Ki kote pou jwenn plis enfòmasyon ak èd pèsonalize	135
SEKSYON 3	Konprann plent ak apèl Medicare ak Medicaid yo	136
SEKSYON 4	Ki pwosesis pou sèvi pou pwoblèm ou an.....	136
SEKSYON 5	Yon gid sou desizyon sou kouvèti ak apèl (kontestasyon) yo	136
SEKSYON 6	Swen medikal: Fason pou mande yon desizyon sou kouvèti oswa pou fè yon demann pou apèl	139
SEKSYON 7	Medikaman Part D: Fason pou mande yon desizyon sou kouvèti oswa pou fè yon demann pou apèl	147
SEKSYON 8	Fason pou mande nou pou kouvrí yon sejou lopital pou pasyan ki entène ki pi long si w panse y ap egzeyate w twò bonè	155
SEKSYON 9	Fason pou mande nou kontinye kouvrí sèten sèvis medikal si w panse ke kouvèti w la ap fini twò bonè.....	159
SEKSYON 10	Ale nan Nivo 3, 4 ak 5 avèk apèl ou a	162
SEKSYON 11	Fason pou fè yon plent sou kalite swen an, tan datant yo, sèvis kliyan an oswa lòt preyokipasyon	165

CHAPIT 10:	Kanpe abònman nan plan nou an.....	169
SEKSYON 1	Kanpe abònman ou nan plan nou an.....	169
SEKSYON 2	Kijan ou ka kanpe abònman ou nan plan nou an?.....	169
SEKSYON 3	Kijan pou kanpe abònman ou nan plan nou an	172
SEKSYON 4	Jiskaske abònman w lan kanpe, ou dwe kontinye jwenn atik medikal ou yo, sèvis ak medikaman yo atravè plan nou an.....	173
SEKSYON 5	CareNeeds Extra (HMO D-SNP) dwe kanpe abònman w nan sèten sitiayson.....	173
CHAPIT 11:	Avi Legal.....	175
SEKSYON 1	Avi sou lwa ki aplikab la	175
SEKSYON 2	Avi sou non-diskriminasyon	175
SEKSYON 3	Avi sou dwa sibwogasyon Medicare pou Dezyèm Moun ki Peye a.....	175
SEKSYON 4	Avi Siplemantè sou Sibwogasyon (Koleksyon nan men yon Tyès Pati).....	175
SEKSYON 5	Avi sou kowòdinasyon avantaj yo	176
CHAPIT 12:	Definisyon mo enpòtan yo.....	179
Anèks A.	Enfòmasyon pou Kontakte Ajans Eta a	189
	Bay non, adrès, nimewo telefòn ak lòt enfòmasyon kontak pou yon pakèt resous til nan eta ou a.	

CHAPIT 1:

Fason pou kòmanse antanke yon manm

SEKSYON 1 Ou se yon manm CareNeeds Extra (HMO D-SNP)

Seksyon 1.1	Ou enskri nan CareNeeds Extra (HMO D-SNP), ki se yon Plan Medicare Advantage espesyalize (Plan pou Bezwen Espesyal)
--------------------	--

Medicare ak Medicaid kouvrir ou:

- **Medicare** se pwogram asirans sante federal pou moun ki gen laj 65 lane oswa plis, pou moun ki gen mwens pase laj 65 lane ki gen sèten andikap ak pou moun ki gen maladi ren nan faz tèminal (ensifizans renal).
- **Medicaid** se yon pwogram konjwen federal ak eta ki ede avèk depans medikal pou sèten moun ki gen revni ak resous limite. Kouvèti Medicaid varye selon eta a ak tip Medicaid ou genyen an. Kèk moun ki gen Medicaid jwenn èd pou peye prim ak lòt depans Medicare pa yo. Lòt moun jwenn kouvèti tou pou sèvis adisyonèl ak medikaman Medicare pa kouvrir.

Ou chwazi pou jwenn swen sante Medicare ak Medicaid ou a ansanm ak kouvèti pou medikaman ou an atravè plan nou an, CareNeeds Extra nou an (HMO D-SNP). Plan nou a kouvrir tout sèvis Part A ak Part B yo. Sepandan, pataj frè ak aksè avèk pwofesyonèl swen sante ki nan plan nou a pa menm avèk Original Medicare.

CareNeeds Extra (HMO D-SNP) se yon Plan Medicare Advantage espesyalize (yon Plan pou Bezwen Espesyal Medicare), ki vle di avantaj yo fèt pou moun ki gen bezwen swen sante espesyal. CareNeeds Extra (HMO D-SNP) fèt pou moun ki gen Medicare epi ki gen dwa pou jwenn èd nan men Florida Medicaid.

Paske ou jwenn èd nan men Florida Medicaid pou pataj frè Medicare Part A ak B (franchiz, kopeman ak ko-asirans) ou gendwa pa peye anyen pou sèvis Medicare ou yo. Florida Medicaid gendwa founi lòt avantaj tou nan kouvrir sèvis swen sante ak medikaman sou preskripsyon ki nòmalman pa kouvrir anba Medicare. Epitou, w ap jwenn Èd Siplementè (Extra Help) nan men Medicare pou peye depans medikaman sou preskripsyon Medicare ou yo. CareNeeds Extra (HMO D-SNP) pral ede w jere tout avantaj sa yo, yon fason pou jwenn sèvis swen sante ak èd pou peman ou gen dwa pou jwenn yo.

Se yon kompayi prive k ap jere CareNeeds Extra (HMO D-SNP). Tankou tout Plan Medicare Advantage yo, Plan pou Bezwen Espesyal Medicare sa a jwenn apwobasyon Medicare. Plan nou a genyen tou yon kontra avèk pwogram Florida Medicaid la pou kowòdone avantaj Medicaid ou yo. Nou kontan ofri w kouvèti Medicare ak Medicaid ou a, ki gen ladan kouvèti pou medikaman.

Seksyon 1.2	Enfòmasyon legal sou Prèv sou Kouvèti a
--------------------	--

Prèv sou Kouvèti sa a fè pati kontra nou genyen avèk ou sou fason CareNeeds Extra (HMO D-SNP) kouvrir swen ou yo. Lòt pati nan kontra sa a gen ladan fòm enskripsiyan w lan, *Gid Medikaman sou Preskripsiyan an (Fòmilè)*, ak nenpòt avi ou resevwa soti nan men nou sou chanjman nan kouvèti w la oswa kondisyon ki afekte kouvèti w la. Kèk fwa yo rele avi sa yo avnan oswa amannman.

Kontra a an vigè pandan mwa ou enskri nan CareNeeds Extra (HMO D-SNP) ant 1ye janvye 2026 ak 31 desanm 2026.

Medicare otorize nou fè chanjman nan plan nou ofri chak ane kalandriye. Sa vle di nou kapab chanje pri ak avantaj CareNeeds Extra (HMO D-SNP) yo apre 31 desanm 2026. Nou kapab chwazi tou sispann ofri plan nou a nan zòn sèvis ou a, apre 31 desanm 2026

Medicare (Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid) ak Florida Medicaid dwe apwouve CareNeeds Extra (HMO D-SNP) chak ane. Ou kapab kontinye jwenn kouvèti Medicare chak ane antanke yon manm plan nou a depi nou chwazi kontinye ofri plan nou an epi depi Medicare ak Florida Medicaid renouvel apwobasyon yo a pou plan nou an.

SEKSYON 2 Egzijans Plan an pou elijibilite

Seksyon 2.1 Egzijans pou elijibilite

Ou elijib pou abònman nan plan nou an depi ou satisfè tout kondisyon sa yo :

- Ou gen ni Medicare Part A ni Medicare Part B
- Ou ap viv nan zòn sèvis jewografik nou (Seksyon 2.3). Moun ki nan prizon pa konsidere kòm moun k ap viv nan zòn sèvis jewografik lan menm si yo fizikman ladan li.
- Ou se yon sitwayen Ameriken oswa ou preznan legalman Ozetazini
- Ou satisfè egzijans elijibilite espesyal yo ki eksplike pi ba a.

Egzijans pou elijibilite espesyal pou plan nou a

Plan nou an fèt pou satisfè bezwen moun ki resevwa sèten avantaj Medicaid. (Medicaid se yon pwogram konjwen Federal ak eta ki ede avèk depans medikal pou sèten moun ki gen revni ak resous limite.) Pou elijib pou plan nou a ou dwe elijib pou ni Kategori Medicare, ni kategori Medicaid: FBDE,QMB+,SLMB+.

Nòt: Si w pèdi elijibilite ou men ou atann yon fason rezonab pou w rejwenn elijibilite ou nan lespas 6 mwa, ou toujou elijib pou abònman an. Chapit 4, Seksyon 2.1 ap enfòme w sou kouvèti ak pataj frè padan yon peryòd kontinye yo jije ki elijib.

Seksyon 2.2 Medicaid

Medicaid se yon pwogram konjwen federal ak eta ki ede avèk depans medikal pou sèten moun ki gen revni ak resous limite. Chak eta deside kisa ki konte kòm revni ak resous, kiyès ki elijib, ki sèvis ki kouvrir epi pri pou sèvis yo. Eta yo tou kapab deside kijan yo ap jere pwogram pa yo depi yo swiv direktiv federal yo.

Avantaj An Plen Kalifikasyon Toulède Pwogram (FBDE): Èd finansyè gendwa disponib pou peye Prim Medicare Part A yo ak/oswa Prim Medicare Part B yo, ak lòt pataj frè (tankou franchiz, ko-asirans ak kopeman) epi li bay avantaj Medicaid konplè.

Anplisdesa, Medicaid ofri pwogram pou ede moun ki gen Medicare peye pri Medicare pa yo, tankou prim Medicare pa yo. Pwogram Epay Medicare (Medicare Savings Programs) sa yo ede moun ki gen revni ak resous limite mete lajan sou kote chak ane:

- **Benefisyè ki Kalifye pou Medicare Plus (QMB+):** Ede peye prim Medicare Part A ak Part B yo ak lòt pataj frè (tankou franchiz, ko-asirans ak kopeman) epi bay avantaj Medicaid konplè pou sèvis Medicaid pwofesyonèl swen sante Medicaid yo founi.
- **Benefisyè Espesifik ki Gen Revni Ba pou Medicare Plus (SLMB+):** Ede peye prim Part B yo epi bay avantaj Medicaid konplè pou sèvis Medicaid pwofesyonèl swen sante Medicaid yo founi.

Seksyon 2.3**Zòn Sèvis plan CareNeeds Extra (HMO D-SNP)**

CareNeeds Extra (HMO D-SNP) disponib sèlman pou moun k ap viv nan zòn sèvis plan nou an. Pou rete yon manm nan plan nou an, ou dwe kontinye rete nan zòn sèvis plan nou an. Yo eksplike zòn sèvis plan an pi ba a.

Zòn sèvis nou an kouvri konte sa a/konte sa yo ki nan Florida: Konte Broward, Miami-Dade, Palm Beach, FL.

Si w ap planifye pou demenaje nan yon nouvo eta, ou ta dwe kontakte biwo Medicaid eta ou a epi mande nan ki fason deplasman sa a pral afekte avantaj Medicaid ou yo. Nimewo telefòn Medicaid yo nan Chapit 2, Seksyon 6 dokiman sa a.

Si w deplase andeyò zòn sèvis plan nou an, ou pa kapab rete yon manm plan sa a. Rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo rele 711) pou konnen si nou gen yon plan nan nouvo zòn ou an. Lè w demenaje, w ap gen yon Peryòd Enskripsyon Espesyal pou swa chanje pou vin genyen Original Medicare oswa enskri nan yon plan sante oswa medikaman Medicare nan nouvo adrès ou a.


Si w demenaje oswa chanje adrès postal ou, li enpòtan tou pou rele Sekirite Sosyal. Rele Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213 (utilizatè TTY yo rele 1-800-325-0778).

Seksyon 2.4**Sitwayen Ameriken oswa Prezans Legal**

Ou dwe yon sitwayen Ameriken oswa preznan legalman Ozetazini pou kapab manm nan yon plan sante Medicare. Medicare (Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid) pral enfòme CareNeeds Extra (HMO D-SNP) si w pa elijib pou kontinye rete yon manm nan plan nou an sou baz sa a. CareNeeds Extra (HMO D-SNP) dwe dezenskri w si ou pa satisfè egzijans sa a.

SEKSYON 3**Dokiman enpòtan sou abònman****Seksyon 3.1****Kat abònman plan nou an**

Sèvi avèk kat abònman w lan nenpòt kote ou resevwa sèvis plan nou an kouvri epi pou medikaman sou preskripsyon ou pran nan famasi rezo yo. Modèl kat abònman:



PIGA sèvi avèk kat Medicare wouj, blan ak ble w la pou sèvis medikal ki kouvri yo pandan ou se yon manm nan plan sa a. Si w sèvi avèk kat Medicare ou a nan plas kat abònman CareNeeds Extra (HMO D-SNP) ou a, ou gendwa gen pou peye pri total pou sèvis medikal yo oumenm. Tanpri kenbe kat Medicare w la yon kote ansekitrite. Yo gendwa mande ou pou montre li si w bezwen sèvis nan lopital, sèvis nan ospis oswa patisipe nan etid rechèch klinik Medicare apwouve ke yo rele tou esè kilnik.

Si kat abònman plan w lan domaje, pèdi oswa yo vòlè li, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY yo dwe rele call 711) menm lè a epi nou pral voye yon nouvo kat pou ou.

Asire w ou montre kat Identifikasyon (ID) Florida Medicaid ou a anplis de kat abònman CareNeeds Extra (HMO D-SNP) ou a pou fè pwofesyonèl swen sante w la konnen ou gen kouvèti adisyonèl.

Seksyon 3.2 Anyè Pwofesyonèl Swen Sante

Anyè Pwofesyonèl Swen Sante a (**CarePlusHealthPlans.com/Directories**) gen lis ajou pwofesyonèl swen, founisè ekipman medikal dirab ak famasi ki nan rezo nou an. **Pwofesyonèl Swen Sante rezo** se doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante, gwoup medikal, founisè ekipman medikal dirab, lopital ak lòt etablisman swen sante ki gen yon akò avèk nou pou aksepte peman nou yo epi nenpòt pataj frè plan kòm peman total.

Ou dwe sèvi avèk pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a pou swen ak sèvis medikal ou yo. Si w ale yon lòt kote san otorizasyon apwopriye ou pral gen pou peye total la. Sèl eksepsyon yo se ijans, sèvis ki nesesè annijans lè rezo a pa disponib (sa vle di, nan sitiyasyon kote li difisil oswa enposib pou jwenn sèvis nan rezo a), sèvis dyaliz andeyò zòn lan, epi ka kote CareNeeds Extra (HMO D-SNP) otorize pou itilize pwofesyonèl swen sante ki andeyò rezo.

Anpil nan pwofesyonèl swen sante ki nan rezo plan yo sètifye nan Medicaid tou. Gade nan Anyè Pwofesyonèl Swen Sante w la pou idantifye ki pwofesyonèl swen sante ki nan rezo plan an ki ap patisipe tou nan Florida Medicaid. Yo pa limite ou a pwofesyonèl swen sante ki sètifye nan Medicare pou sèvis plan w lan.

Anyè Pwofesyonèl Swen Sante a (CarePlusHealthPlans.com/Directories) gen lis famasi ki nan rezo nou an. **Famasi ki nan rezo a** se tout famasi ki dakò pou egzekite preskripsyon ki kouvri pou manm plan nou yo. Ou kapab sèvi avèk Anyè Pwofesyonèl Swen Sante an pou jwenn famasi nan rezo an ou ta renmen sèvi avèk li a. Gade Chapit 5, Seksyon 2.5 pou enfòmasyon sou kilè ou kapab sèvi avèk famasi ki pa nan rezo plan an.

Anyè Pwofesyonèl Swen Sante an ap di w tou ki famasi ki nan rezo nou an ki gen pataj frè prefere, ki gendwa pi ba pase pataj frè estanda lòt rezon famasi ofri pou kèk medikaman.

Si w pa gen yon Anyè Pwofesyonèl Swen Sante, ou kapab mande Sèvis pou Manm yo yon kopi (sou fòm elektwonik oswa papye) nan 800-794-5907 (Itilizatè TTY yo rele 711). Yo ap voye Anyè Pwofesyonèl Swen Sante sou fòma

papye a bay ou nan kourye lapòs nan espas 3 jou ouvrab. Ou kapab jwenn enfòmasyon sa a tou sou sitwèb nou an nan **CarePlusHealthPlans.com/Directories**. Sitwèb la kapab ba w enfòmasyon ki pi ajou sou chanjman nan pwofesyonèl swen sante ak famasi ki nan rezo nou an.

Seksyon 3.3 Gid Medikaman (fòmilè)

Plan nou a gen yon *Lis Medikaman ki Kouvri* (yo rele Gid Medikaman oswa fòmilè tou). Li di ki medikaman sou preskripsyon Part D ki kouvri selon avantaj Part D a ki nan CareNeeds Extra (HMO D-SNP). Se plan nou an ki chwazi medikaman ki sou lis sa a avèk èd yon ekip doktè ak famasyen. Gid Medikaman an dwe satisfè egzijans Medicare yo. Medikaman ki gen pri ki negosye anba Pwogram Negosyasyon Pri Medikaman (Drug Price Negotiation Program) Medicare la ap nan Gid Medikaman ou a sèl si yo retire yo epi ranplase yo jan yo eksplike sa nan Chapit 5, Seksyon 6 la Medicare apwouve Gid Medikaman CareNeeds Extra (HMO D-SNP) a.

Gid Medikaman an di tou si gen nenpòt règ ki limite kouvèti pou yon medikaman.

Nou pral ba w yon kopi Gid Medikaman an. Gid Medikaman an gen ladan enfòmasyon sou medikaman ki kouvri manm nou yo plis sèvi avèk yo. Sepandan, nou kouvri tou medikaman adisyonèl ki pa nan Gid Medikaman an. Si youn nan medikaman ou yo pa nan Gid Medikaman an, ale sou sitwèb nou a oswa rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711) pou konnen si nou kouvri li. Pou jwenn enfòmasyon ki pi konplè ak pi ajou sou ki medikaman ki kouvri, ale sou (**CarePlusHealthPlans.com/DrugGuide**) oswa rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711).

SEKSYON 4 Rezime sou Pri Enpòtan pou 2026

	Kou Ou Yo an 2026	
	Nan rezo	Andeyò Rezo
Prim plan mansyèl	\$0	
Franchiz	\$0	Pa aplikab
Montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou Sa a se limit <u>maksimòm</u> lajan k ap soti nan pòch ou pou sèvis Part A ak Part B ki kouvri ou yo. (Ale nan Chapit 4, Seksyon 1, pou jwenn detay yo.)	\$9,250 Ou pa responsab pou peye okenn frè avèk lajan ki soti nan pòch ou k ap konte nan limit pou kantite lajan maksimòm ki soti nan pòch pou sèvis Part A ak Part B ki kouvri yo.	Pa aplikab
Vizit nan biwo doktè	\$0 kòm kopeman pou chak vizit	Pa aplikab
Vizit nan biwo espesyalis	\$0 kòm kopeman pou chak vizit	Pa aplikab
Sejou nan lopital pou pasyan ki entène	\$0 kòm kopeman pou chak sejou	Pa aplikab

	Kou Ou Yo an 2026	
	Nan rezo	Andeyò Rezo
<p>Kouvèti pou medikaman Part D (Ale nan Chapit 6 Seksyon 4 la pou detay, san wete Etap Kouvèti Inisyal ak Etap Kouvèti Katastwofik.)</p> <p>Tout nivo yo gendwa pa gen ensilin. Tanpri refere w ak Gid Medikaman sou Preskripsyon ou an pou w konfime kouvèti ensilin.</p>	<p>Si w resevwa "Èd Siplemantè" (Extra Help), kantite lajan w ap peye a depann de nivo "Èd Siplemantè" (Extra Help) ou resevwa a. Konsilte dokiman Kloz Adisyonèl LIS ou a pou konnen montan pataj frè yo.</p> <p>Kopeman/Ko-asirans pandan Etap Kouvèti Inisyal la:</p>	<p>Pou yon pwovizyon 30 jou nan yon famasi detayan:</p> <ul style="list-style-type: none"> Medikaman Nivo 1: \$0 Ou peye 0% pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a. Medikaman Nivo 2: \$0 Ou peye 0% pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a. Medikaman Nivo 3: 25% Ou peye 25% jiska \$35 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a. Medikaman Nivo 4: 25% Ou peye 25% jiska \$35 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a. Medikaman Nivo 5: 33% Ou peye 25% jiska \$35 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a.

		Kou Ou Yo an 2026	
		Nan rezo	Andeyò Rezo
		<p>Pou yon pwovizyon pou 100 jou nan yon famasi ki pran kòmann pa lapòs avèk pataj frè prefere:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 1: \$0 Ou peye 0% pou chak 3 mwa pwovizyon pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • Medikaman Nivo 2: \$0 Ou peye 0% pou chak 3 mwa pwovizyon pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • Medikaman Nivo 3: 25% Ou peye 25% jiska \$105 pou chak 3 mwa pwovizyon pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • Medikaman Nivo 4: 25% Ou peye 25% jiska \$105 pou chak 3 mwa pwovizyon pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • Medikaman Nivo 5: Pa disponib 	<p>Pou yon pwovizyon pou 100 jou nan yon famasi ki pran kòmann pa lapòs ak pataj frè estanda:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 1: \$30 Ou peye 25% jiska \$30 pou chak 3 mwa pwovizyon pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • Medikaman Nivo 2: \$60 Ou peye 25% jiska \$60 pou chak 3 mwa pwovizyon pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • Medikaman Nivo 3: 25% Ou peye 25% jiska \$105 pou chak 3 mwa pwovizyon pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • Medikaman Nivo 4: 25% Ou peye 25% jiska \$105 pou chak 3 mwa pwovizyon pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • Medikaman Nivo 5: Pa disponib

Kou Ou Yo an 2026		
Nan rezo	Andeyò Rezo	
Kouvèti Katastwofik: Pandan etap peman sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Part D w yo ki kouvri yo ak pou medikaman ki eskli ki kouvri anba avantaj siplemantè nou an.		

Pri ou yo gendwa gen ladan sa ki annapre yo:

- Prim Plan an (Seksyon 4.1)
- Prim Mansyèl Medicare Part B (Seksyon 4.2)
- Pendlite pou Enskripsyon Anreta pou Part D (Seksyon 4.3)
- Montan Mansyèl Ajiste Ki Gen Rapò Ak Revni (Seksyon 4.4)
- Montan Plan Medicare pou Peman pou Preskripsiyan (Seksyon 4.5)

Seksyon 4.1 Prim plan an

Ou pa peye yon prim plan mansyèl apa pou CareNeeds Extra (HMO D-SNP).

Seksyon 4.2 Prim Mansyèl Medicare Part B

Yo egzije plizyè manm pou yo peye lòt prim Medicare

Yo egzije kèk manm pou yo peye lòt prim Medicare. Jan yo eksplike sa nan Seksyon 2 pi wo a, pou w ka elijib pou plan nou an, ou dwe kenbe elijibilite w pou Florida Medicaid epitou gen ni Èd Siplemantè Medicare Part A ni Èd Siplemantè Medicare Part B. Pou majorite manm CareNeeds Extra (HMO D-SNP), Florida Medicaid peye pou prim Part A w la (si w pa kalifye pou li otomatikman) ak pou prim Part B w la.

Si Florida Medicaid pa p peye prim Medicare ou yo pou ou, ou dwe kontinye peye prim Medicare ou yo pou rete manm nan plan nou an. Sa a gen ladan prim ou a pou Part B. Ou gendwa peye tou yon prim pou Part A si w pa elijib pou Part A san prim.

Seksyon 4.3 Penalite pou Enskripsyon Anreta pou Part D

Poutèt ou gen doub elijibilite, penalite pou enskripsiyan anreta (Late Enrollment Penalty, LEP) a pa p aplike depi w kenbe estati doub elijibilite w la, men si ou pèdi estati doub elijibilite w la, ou gendwa vin gen yon LEP. Penalite pour enskripsiyan anreta pou Part D a se yon prim adisyonèl ki dwe peye pou kouvèti Part D si, a nenpòt moman apre premye peryòd enskripsiyan ou a fini, te gen yon peryòd 63 jou oswa plis youn deyè lòt ou pa t gen Part D oswa lòt kouvèti admisib pou medikaman. Kouvèti admisib pou medikaman sou preskripsiyan se kouvèti ki satisfè estanda minimòm Medicare yo paske yo atann pou li peye, anmwayèn, omwen menm bagay avèk kouvèti pou medikaman sou preskripsiyan estanda Medicare la. Pri penalite pou enskripsiyan anreta a depann depi konbyen tan ou pa t gen Part D oswa lòt kouvèti admisib pou medikaman. W ap peye penalite sa a toutotan ou genyen kouvèti Part D.

Ou **pa p** peye penalite pou enskripsiyan anreta pou Part D si:

- Ou jwenn Èd Siplemantè (Extra Help) nan men Medicare pou depans pou medikaman ou yo.

- Si w te pase mwens pase 63 jou youn deyò lòt san kouvèti admisib.
- Si w te genyen kouvèti admisib pou medikaman atravè yon lòt sous (tankou yon ansyen anplwayè, inyon, TRICARE oswa Administrasyon Sante Veteran (VA)). Konpayi asirans ou a oswa depatman resous imèn pral di w chak ane si kouvèti pou medikaman w lan se yon kouvèti admisib. Ou kapab jwenn enfòmasyon sa a nan yon lèt oswa yon bilten ki soti nan plan sa a. Kenbe enfòmasyon sa a, paske ou gendwa bezwen li si w vin nan yon plan medikaman Medicare apresa.
 - **Nòt:** Nenpòt lèt oswa avi dwe deklare ou te gen kouvèti admisib pou medikaman sou preskripsyon ke yo prevwa pral peye menm montan ak plan pou medikaman estanda Medicare la peye.
 - **Nòt:** Kat rabè pou medikaman sou preskripsyon, klinik gratis ak sitwèb ki bay rabè sou medikaman pa kouvèti pou medikaman sou preskripsyon ki admisib.

Medicare detèmine montan penalite pou enskripsiyan anreta pou Part D a.

Men fason li fonksyon:

- Premyèman, konte kantite mwa anplen ou te anreta nan enskripsiyan ou nan yon plan pou medikaman Medicare, apre ou te elijib pou te enskri a. Oswa konte kantite mwa anplen ou pa t gen kouvèti admisib pou medikaman, si w te kanpe kouvèti a pandan 63 jou oswa plis. Penalite a se 1% pou chak mwa kote ou pa t gen kouvèti admisib la. Pa egzanp, si w pase 14 mwa san kouvèti, pousantaj penalite a pral 14%.
- Apresa Medicare detèmine montan prim plan mansyèl mwayèn lan pou plan pou medikaman Medicare yo nan peyi a pou ane ki sot pase a (prim nasyonal debaz pou benefisyè). Pou 2026, montan mwayèn prim sa a se **\$38.99**.
- Pou kalkile penalite mansyèl ou a, ou miltikiye pousantaj penalite a ak prim mansyèl mwayèn lan epi awondi li a 10 santim pi pre a. Nan egzanp sa a li t ap 14% fwa **\$38.99**, ki egal a **\$5.46**. Ki awondi a **\$5.50**. Montan sa a ta dwe ajoute **sou prim plan mansyèl la pou yon moun ki gen yon penalite pou enskripsiyan anreta pou Part D**.

Twa bagay enpòtan pou konnen sou penalite pou enskripsiyan anreta pou Part D mansyèl la:

- **Penalite a gendwa chanje chak ane**, poutèt prim mansyèl mwayèn la kapab chaje chak ane.
- **Ou pral kontinye peye yon penalite** chak mwa depi ou enskri nan yon plan ki gen avantaj pou medikaman Medicare Part D, menm si ou chanje plan.
- Si w gen mwens pase laj 65 lane epi w ap resevwa avantaj Medicare nan moman an, penalite pou enskripsiyan anreta pou Part D a pral reyinisyalye lè w vin gen 65 lane. Apre 65 lane, penalite pou enskripsiyan anreta pou Part D ou a pral baze sèlman sou mwa ou pa t gen kouvèti apre premye peryòd enskripsiyan pou laj nan Medicare.

Si w pa dakò avèk penalite pou enskripsiyan anreta pou Part D ou a, oumenm oswa reprezantan ou a kapab mande yon revizyon. Anjeneral, ou dwe mande revizyon sa a **nan lespas 60 jou** apati dat premye lèt ou jwenn ki di ou gen pou peye yon penalite pou enskripsiyan anreta. Sepandan, si w t ap peye yon penalite anvan ou te vin nan plan nou a, ou gendwa pa gen yon lòt chans pou mande yon revizyon pou penalite pou enskripsiyan anreta sa a.

Enpòtan: Pa sispann peye penalite pou enskripsiyan anreta Part D ou a pandan w ap tann revizyon desizyon an sou penalite pou enskripsiyan anreta ou a. Si w fè sa, yo kapab anile enskripsiyan ou a poutèt ou pa peye prim plan nou yo.

Seksyon 4.4**Montan Mansyèl Ajiste Ki Gen Rapò Ak Revni**

Si w pèdi elijibilite pou plan sa a akoz chanjman nan revni w, kèk manm kapab gen obligasyon pou peye yon frè anplis pou plan Medicare yo a, yo konnen tou kòm Part D Montan Ajisteman Chak Mwa ki Lye ak Revni (Income Related Monthly Adjustment Amount, IRMAA). Chaj anplis la kalkile apati revni brit modifye ajiste ou a jan sa rapòte nan deklarasyon enpo IRS ou a ki te fèt sa gen de (2) lane. Si montan sa a pi wo pase yon sèten montan, ou pral peye montan prim estanda a ak IRMAA adisyonèl la. Pou plis enfòmasyon sou montan anplis ou kapab oblige peye sou baz revni w lan, ale sou www.Medicare.gov/health-drug-plans/part-d/basics/costs.

Si w gen pou peye yon IRMAA anplis, Sekirite Sosyal, pa plan Medicare ou a, pral voye yon lèt ki ap di w kisa montan anplis la pral ye. Yo pral retire montan anplis la sou chèk avantaj Sekirite Sosyal ou, Komite Retrèt Chemennfè (Railroad Retirement Board, RRB) oswa Biwo Jesyon Pèsonèl (Office of Personnel Management), kèlkeswa fason ou abitye peye prim plan nou a, sèl si avantaj mansyèl ou a pa kont pou kouvari montan anplis ou dwe a. Si chèk avantaj ou a pa kont pou kouvari montan anplis la, ou pral jwenn yon fakti ki soti nan Medicare. **Ou dwe peye montan IRMAA anplis la bay gouvènman an. Ou pa ka peye li apati prim plan mansyèl ou a. Si w pa peye montan IRMAA anplis la, yo pral anile enskripsyon ou a nan plan nou an epi w ap pèdi kouvèti pou medikaman sou preskripsyon an.**

Si w pa dakò pou peye yon montan IRMAA anplis, ou kapab mande Sekirite Sosyal pou revize desizyon an. Pou konnen kijan pou fè sa, kontakte Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213 (utilizatè TTY rele 1-800-325-0778).

Seksyon 4.5**Montan Plan Medicare pou Peman pou Preskripsyon**

Si w ap patisipe nan Plan Medicare pou Peman Preskripsyon an, chak mw a ou pral peye prim plan w lan (si w gen youn) epi ou pral jwenn yon bòdwoki soti nan plan sante oswa medikaman w lan pou medikaman sou preskripsyon ou yo (olye ou peye famasi a). Fakti mansyèl ou a baze sou sa ou dwe pou nenpòt preskripsyon ou jwenn, plis balans mwa anvan ou an, divize pa kantite mwa ki rete nan ane an.

Chapit 2, Seksyon 7 di plis toujou sou Plan Medicare pou Peman pou Preskripsyon an. Si w pa dakò avèk montan yo faktire kòm yon pati nan opsyon peman sa a, ou kapab swiv etap ki nan Chapit 9 la pou depoze yon plent oswa fè apèl.

SEKSYON 5**Plis enfòmasyon sou prim plan mansyèl ou a****Seksyon 5.1****Prim plan mansyèl nou yo pa p chanje pandan ane a**

Yo pa pèmèt nou pou kòmanse chaje pou yon prim plan mansyèl pandan ane an. Si prim plan mansyèl la chanje pou twochen ane a, nou pral di w sa an septam epi cnouvo prim lan ap efektif nan dat 1ye janvye.

Sepandan, nan kèk ka, ou gendwa kapab sispann peye yon penalite pou enskripsiyan anreta, si w dwe li. Oswa bezwen kòmanse peye yon penalite pou enskripsiyan anreta. Sa a kapab rive si w vin elijib pou pwogram Èd Siplemantè (Extra Help) la oswa si w pèdi elijibilite w pou pwogram Èd Siplemantè (Extra Help) a pandan ane a:

- Si w ap peye nan moman an penalite pou enskripsiyan anreta pou Part D a epi w vin elijib pou Èd Siplemantè (Extra Help) pandan ane a, ou pral kapab sispann peye penalite ou a.
- Si w pèdi Èd Siplemantè a (Extra Help), yo gendwa aplike penalite pou enskripsiyan anreta a pou ou si w depase 63 jou oswa plis youn deyè lòt san Part D oswa lòt kouvèti admisib pou medikaman sou preskripsiyan.

Ou kapab chèche konnen plis sou pwogram Èd Siplemantè (Extra Help) la nan Chapit 2, Seksyon 7.

SEKSYON 6 Kenbe dosye abònman plan w lan ajou

Dosye abònman ou a gen enfòmasyon ki soti nan fòm enskripsyon ou a, ladan adrès ak nimewo telefòn ou. Li montre kouvèti espesifik plan w lan, ki gen ladan Doktè Swen Prensipal ou a.

Doktè, lopital, famasi ak lòt founisè ki nan rezo plan nou a **sèvi avèk dosye abònman ou a pou konnen ki sèvis ak medikaman ki kouvrí epi montan pataj frè ou yo**. Poutèt sa, li vreman enpòtan pou ede n kenbe enfòmasyon ou yo ajou.

Si w fè nenpòt nan chanjman sa yo, fè nou konnen:

- Chanjman nan non, adrès oswa nimewo telefòn ou
- Chanjman nan nenpòt lòt kouvèti sante w genyen (tankou sa anplwayè ou a, anplwayè mari/madanm oswa patnè domestik ou a, konpansasyon travayè oswa Medicaid)
- Nenpòt reklamasyon responsabilite sivil, tankou reklamasyon apre yon aksidan machin
- Si yo admèt ou nan yon mezon retrèt
- Si w jwenn swen nan yon lopital oswa yon sal dijans ki andeyò zòn lan oswa andeyò rezo a
- Si moun ki deziyen pou responsab ou a (tankou moun k ap bay swen an) chanje
- Si w ap patisipe nan yon etid rechèch klinik (**Nòt:** Yo pa egzije w pou enfòme plan nou an sou etid rechèch klinik ou gen entansyon patisipe ladan an, men nou ankouraje ou fè sa.)

Si youn nan enfòmasyon sa a chanje, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711) pou fè nou konnen sa.

Li enpòtan tou pou kontakte Sekirite Sosyal si w demenaje oswa chanje adrès postal ou a. Rele Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213 (utilizatè TTY yo rele 1-800-325-0778).

SEKSYON 7 Kijan lòt asirans yo fonksyone avèk plan nou an

Medicare oblige nou ranmase enfòmasyon sou nenpòt lòt kouvèti medikal oswa medikaman ou geyen yon fason pou nou ka kowòdone tout lòt kouvèti avèk avantaj ki nan plan nou an. Yo rele sa **Kowòdinasyon Avantaj**.

Yon fwa pa ane, nou pral voye yon lèt ba ou ki gen lis tout lòt kouvèti medikal oswa medikaman nou konnen. Li enfòmasyon sa yo byen. Si yo kòrèk, ou pa bezwen fè okenn aksyon. Si enfòmasyon yo pa kòrèk, oswa si ou gen yon lòt kouvèti ki pa nan lis la, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711). Ou gendwa bezwen bay nimewo idantifikasiyon manm plan ou genyen avèk lòt konpayi asirans yo (apre w fin konfime idantite yo) pou yo kapab peye fakti ou yo kòmsadwa epi alè.

Lè w gen lòt asirans (tankou kouvèti sante gwoup anplwayè ou a), se règ Medicare yo ki deside si se plan nou an oswa lòt asirans ou a ki ap peye anpremye. Asirans ki peye anvan an (“peyè prensipal” la) peye jiska limit kouvèti li a. Asirans ki peye andezyèm lan, (“peyè segondè” a), peye sèlman si gen depans kouvèti prensipal la ki pa kouvrí. Peyè segondè a gendwa pa peye tout depans ki pa kouvrí yo. Si w gen lòt asirans, di doktè, lopital ak famasi ou a sa.

Règ sa yo aplike pou kouvèti plan sante gwoup anplwayè oswa sendika:

- Si w gen kouvèti retrete, Medicare peye anvan.
- Si kouvèti plan asirans sante ou a baze sou travay oumenm oswa yon moun nan fanmi ou a nan moman an, moun ki ap peye anpremye a depanne laj ou, kantite moun ki ap travay pou anplwayè ou a epi si w gen Medicare ki baze sou laj, andikap oswa Maladi Ren ki nan Faz Tèminal (End-Stage Renal Disease, ESRD):
 - Si w gen mwens pase 65 lane ak andikap epi oumenm (oswa yon moun nan fanmi ou a) toujou ap travay, plan asirans sante gwoup ou a ap peye anpremye si anplwayè ou a gen 100 oswa plis anplwaye oswa omwen yon anplwayè nan yon plan plizyè anplwayè ki gen plis pase 100 anplwaye.
 - Si w gen plis pase 65 lane epi oumenm (oswa mari/madanm oswa patnè domestik ou a) toujou ap travay, plan asirans sante gwoup ou a ap peye anpremye si anplwayè ou a gen 20 oswa plis anplwaye oswa omwen yon anplwayè nan yon plan plizyè anplwayè ki gen plis pase 20 anplwaye.
- Si w gen Medicare akòz ESRD, plan sante gwoup ou a pral peye anpremye pou premye 30 mwa yo apre w vin elijib pou Medicare.

Dabitid tip kouvèti sa yo peye anpremye pou sèvis ki gen rapò avèk chak tip:

- Asirans san responsabilite (ki gen ladan asirans machin)
- Responsabilite (ki gen ladan asirans machin)
- Avantaj pou maladi poumon moun ki travay nan min chabon konn genyen ("black lung")
- Konpansasyon travayè

Medicaid ak TRICARE pa janm peye anpremye pou sèvis Medicare kouvri yo. Yo sèlman peye apre Medicare ak/oswa plan sante gwoup anplwayè yo peye.

CHAPIT 2:

Nimewo telefòn ak resous

SEKSYON 1 Kontak pou CareNeeds Extra (HMO D-SNP)

Pou èd avèk reklamasyon, faktirasyon oswa kesyon sou kat manm yo, tanpri rele oswa ekri Sèvis pou Manm CareNeeds Extra (HMO D-SNP) yo. N ap kontan ede w.

Sèvis pou Manm yo - Enfòmasyon Kontak

Rele	800-794-5907
	Apèl nan nimewo sa a gratis. Ou ka rele nou sèt jou pa semèn, soti 8 am rive 8 pm. Tanpri sonje ke sistèm telefòn otomatize nou an ka reponn apèl ou pandan wikenn ak jou ferye yo. Pou sèvis 24 sou 24, ou ka vizite nou nan CarePlusHealthPlans.com .
	Sèvis pou Manm yo gen sèvis entrèpèt nan lang gratis tou pou moun ki pa pale Angle.
TTY	711
	Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pale.
	Apèl nan nimewo sa a gratis. Orè fonksyònman yo se menm ak sa ki pi wo yo.
Faks	888-556-2128
Ekri	CarePlus Health Plans, Inc. P.O. Box 14168 Lexington, KY 40512-4168
Sitwèb	CarePlusHealthPlans.com/ContactUs

Kijan pou mande yon desizyon oswa fè apèl sou kouvèti nan kad swen medikal ou yo

Yon desizyon sou kouvèti se yon desizyon nou pran sou avantaj ak kouvèti oswa sou montan nou peye pou sèvis medikal ou yo oswa medikaman Part D ou yo. Yon apèl se yon fason fòmèl pou mande nou revize epi chanje yon desizyon sou kouvèti. Pou plis enfòmasyon sou fason pou mande desizyon sou kouvèti oswa apèl sou swen medikal ou yo oswa medikaman Part D yo, ale nan Chapit 9.

Desizyon Sou Kouvèti Pou Swen Medikal – Enfòmasyon pou Kontakte

Rele	800-794-5907
	Apèl nan nimewo sa a gratis. Ou ka rele nou sèt jou pa semèn, soti 8 am rive 8 pm. Tanpri sonje ke sistèm telefòn otomatize nou an ka reponn apèl ou pandan wikenn ak jou ferye yo. Pou sèvis 24 sou 24, ou ka vizite nou nan CarePlusHealthPlans.com .

Desizyon Sou Kouvèti Pou Swen Medikal – Enfòmasyon pou Kontakte

TTY	711
	Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pale.
	Apèl nan nimewo sa a gratis. Orè fonksyònman yo se menm ak sa ki pi wo yo.
Faks	888-790-9999
Ekri	CarePlus Health Plans, Inc. P.O. Box 14165 Lexington, KY 40512-4165
Sitwèb	CarePlusHealthPlans.com/Decisions

Metòd Desizyon sou Kouvèti pou medikaman Part D –Enfòmasyon pou Kontakte

Rele	800-794-5907
	Apèl nan nimewo sa a gratis. Ou ka rele nou sèt jou pa semèn, soti 8 am rive 8 pm. Tanpri sonje ke sistèm telefòn otomatize nou an ka reponn apèl ou pandan wiken ak jou ferye yo. Pou sèvis 24 sou 24, ou ka vizite nou nan CarePlusHealthPlans.com .
TTY	711
	Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pale.
	Apèl nan nimewo sa a gratis. Orè fonksyònman yo se menm ak sa ki pi wo yo.
Faks	800-310-9071
Ekri	CarePlus Health Plans, Inc. Attention: CarePlus Clinical Pharmacy Review P.O. Box 14601 Lexington, KY 40512-4601
Sitwèb	CarePlusHealthPlans.com/RxDecisions

Metòd Apèl Pou Swen Medikal - Enfòmasyon Kontak

Rele	800-794-5907
	Apèl nan nimewo sa a gratis. Ou ka rele nou sèt jou pa semèn, soti 8 am rive 8 pm. Tanpri sonje ke sistèm telefòn otomatize nou an ka reponn apèl ou pandan wiken ak jou ferye yo. Pou sèvis 24 sou 24, ou ka vizite nou nan CarePlusHealthPlans.com .
TTY	711
	Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pale.
	Apèl nan nimewo sa a gratis. Orè fonksyònman yo se menm ak sa ki pi wo yo.

Metòd	Apèl Pou Swen Medikal - Enfòmasyon Kontak
Faks	888-556-2128 Sèvis Swen Medikal ak Swen Dantè
Ekri	<p>Apèl Pou Swen Medikal CarePlus Grievances & Appeals Department P.O. Box 14165 Lexington, KY 40512-4165</p> <p>Apèl pou Sèvis Swen Dantè HumanaDental for CarePlus P.O. Box 14165 Lexington, KY 40512-4165</p>
Sitwèb	CarePlusHealthPlans.com/Appeal - Swen Medikal CarePlusHealthPlans.com/Dental - Sèvis Dantè

Metòd	Apèl pou medikaman Part D – Enfòmasyon pou Kontakte
Rele	800-451-4651
	Apèl nan nimewo sa a gratis. Nou louvri Lendi rive Vandredi, apati 8 am rive 8 pm. Ou ka toujou kite yon mesaj vokal apre lè biwo yo, jou samdi, jou dimanch ak jou ferye yo epi n ap retounen apèl ou a nan espas yon jounen ouvrab.
TTY	<p>711 Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pale. Apèl nan nimewo sa a gratis. Orè fonksyònman yo se menm ak sa ki pi wo yo.</p>
Faks	877-556-7005
Ekri	CarePlus Health Plans, Inc. Attention: Grievance & Appeals Department P.O. Box 14165 Lexington, KY 40512-4165
Sitwèb	CarePlusHealthPlans.com/Resources

Kijan pou depoze yon plent pou swen medikal ou yo

Ou kapab depoze yon plent kont nou oswa youn nan pwofesyonèl swen sante oswa famasi nan rezo nou yo, ladan yon plent pou kalite swen nou yo. Tip plent sa a pa gen ladan litij ki gen rapò avèk kouvèti oswa peman. Pou plis enfòmasyon sou fason pou depoze yon plent pou swen medikal ou yo, ale nan Chapit 9.

Plent konsènan Swen Medikal oswa medikaman Part D – Enfòmasyon pou Kontakte	
Rele	800-794-5907
	Apèl nan nimewo sa a gratis. Ou ka rele nou sèt jou pa semèn, soti 8 am rive 8 pm. Tanpri sonje ke sistèm telefòn otomatize nou an ka reponn apèl ou pandan wiken ak jou ferye yo. Pou sèvis 24 sou 24, ou ka vizite nou nan CarePlusHealthPlans.com .

Plent konsènan Swen Medikal oswa medikaman Part D – Enfòmasyon pou Kontakte

TTY	711
Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pale.	
Apèl nan nimewo sa a gratis. Orè fonksyònman yo se menm ak sa ki pi wo yo.	
Faks	888-556-2128 Sèvis Swen Medikal, medikaman Part D ak Swen Dantè
Ekri	<p><u>Plent konsènan Swen Medikal oswa medikaman Part D</u></p> <p>CarePlus Grievances & Appeals Department P.O. Box 14165 Lexington, KY 40512-4165</p> <p><u>Plent Pou Sèvis Swen Dantè</u> HumanaDental for CarePlus P.O. Box 14165 Lexington, KY 40512-4165</p>
Sitwèb Medicare	Pou depoze yon plent kont CareNeeds Extra (HMO D-SNP) dirèkteman bay Medicare, ale sou www.Medicare.gov/my/medicare-complaint .

Kijan pou mande nou pou nou peye pou swen medikal oswa yon medikaman ou te resevwa a

Si w te jwenn yon fakti oswa te peye pou sèvis (tankou yon fakti yon pwofesyonèl swen sante) ou panse nou ta dwe peye, ou gendwa bezwen mande nou ranbousman oswa peye fakti pwofesyonèl swen sante a. Ale nan Seksyon 7 pou plis enfòmasyon.

Si w voye yon rekèt pou peman ba nou epi nou refize yon pati nan rekèt ou a, ou kapab fè apèl desizyon nou an. Gade Chapit 9 (*Sa pou fè si w gen yon pwoblèm oswa plent (desizyon, apèl, plent sou kouvèti)*) pou plis enfòmasyon.

Rekèt pou Peman - Enfòmasyon Kontak

Rele	800-794-5907
Apèl nan nimewo sa a gratis. Ou ka rele nou sèt jou pa semèn, soti 8 am rive 8 pm. Tanpri sonje ke sistèm telefòn otomatize nou an ka reponn apèl ou pandan wiken ak jou ferye yo. Pou sèvis 24 sou 24, ou ka vizite nou nan CarePlusHealthPlans.com .	
TTY	711

Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pale.

Apèl nan nimewo sa a gratis. Orè fonksyònman yo se menm ak sa ki pi wo yo.

Rekèt pou Peman - Enfòmasyon Kontak

Ekri	<p><u>Demann pou pèman - Swen Medikal</u> <u>CarePlus Health Plans, Inc.</u> <u>P.O. Box 14601</u> <u>Lexington, KY 40512-4601</u></p> <p><u>Demann pou pèman - Medikaman Part D</u> <u>CarePlus Health Plans, Inc.</u> <u>P.O. Box 14140</u> <u>Lexington, KY 40512-4140</u></p> <p><u>Demann pou Peman - Sèvis Swen Dantè</u> <u>HumanaDental for CarePlus</u> <u>P.O. Box 14611</u> <u>Lexington, KY 40512-4611</u></p>
Sitwèb	<p><u>CarePlusHealthPlans.com/Resources</u> - Swen Medikal oswa medikaman Part D <u>CarePlusHealthPlans.com/Dental</u> - Sèvis Dantè</p>

SEKSYON 2 Medicare (Jwenn Èd nan men Medicare)

Medicare se pwogram asirans sante federal pou moun ki gen 65 lane oswa plis, pou kèk moun ki gen mwens pase 65 lane ki gen andikap epi pou moun ki gen Maladi Ren nan Faz Tèminal (ensifizans renal pèmanan ki nesesite dyaliz oswa yon transplantasyon ren).

Ajans federal ki anchaj Medicare se Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (CMS). Ajans sa a gen kontra avèk òganizasyon Medicare Advantage yo ki gen plan nou an ladan tou.

Medicare - Enfòmasyon Kontak

Rele	1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) Apèl nan nimewo sa a gratis. 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn.
TTY	1-877-486-2048 Nimewo sa a mande ekipman telefon espesyal epi li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pale. Apèl nan nimewo sa a gratis.
Tchat andirèk	www.Medicare.gov/talk-to-someone .
Ekri	Ekri bay Medicare nan PO Box 1270, Lawrence, KS 66044

Medicare - Enfòmasyon Kontak

Sitwèb

www.Medicare.gov

- Jwenn enfòmasyon sou plan sante ak medikaman Medicare nan zòn ou an, ladan konbyen yo koute epi ki sèvis yo bay.
- Jwenn doktè oswa lòt pwofesyonèl swen sante ak founise ki patisipe nan Medicare.
- Konnen kisa Medicare kouvrì, ladan sèvis preventif (tankou tès depistaj, piki oswa vaksen, ak vizit anyèl "Byennèt" yo).
- Jwenn enfòmasyon ak fòm sou apèl Medicare yo.
- Jwenn enfòmasyon sou kalite swen plan, mezon retrèt, lopital, doktè, ajans sante adomisil, etablisman dyaliz, sant ospis, etablisman reyabilitasyon pou pasyan ki entène, ak lopital swen alontèm bay yo.
- Chèche sitwèb ki itil ak nimewo telefòn.

Ou kapab vizite tou Medicare.gov tou pou enfòme Medicare sou nenpòt plent ou genyen konsènan CareNeeds Extra (HMO D-SNP).

- **Pou soumet yon plent bay Medicare**, vizite www.Medicare.gov/my/medicare-complaint. Medicare pran plent ou yo oserye epi pral sèvi avèk enfòmasyon sa a pou ede amelyore kalite pwogram Medicare la.

SEKSYON 3

Pwogram Asistans pou Asirans Sante Eta (State Health Insurance Assistance Program)

(èd gratis, enfòmasyon epi repons a kesyon ou yo sou Medicare)

Pwogram Asistans Eta a pou Asirans Sante (State Health Insurance Assistance Program, SHIP) se yon pwogram gouvènman an ki gen konseye fòme nan chak eta ki ofri èd gratis, enfòmasyon, epi reponn kesyon Medicare ou yo. Ou kapab jwenn enfòmasyon kontak pou Pwogram Asistans pou Asirans Sante Eta (SHIP) ou a nan "Anèks A" ki nan do dokiman sa a.

Pwogram Asistans pou Asirans Sante Eta (SHIP) se yon pwogram eta endependan (ki pa gen liyen avèk okenn konpayi asirans oswa plan sante) ki resewa lajan nan men gouvènman federal la pou bay moun ki gen Medicare yo konsèy gratis sou asirans sante lokal.

Konseye SHIP yo kapab ede w konprann dwa Medicare ou yo, ede w depoze plent pou swen oswa treman medikal ou yo, epi ede w rezoud pwoblèm avèk fakti Medicare ou yo. Konseye SHIP yo kapab ede w tou avèk kesyon oswa pwoblèm sou Medicare, ede w konprann chwa plan Medicare ou yo epi reponn kesyon sou chanjman plan.

SEKSYON 4

Òganizasyon Amelyorasyon Kalite

Yon Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite (Quality Improvement Organization, QIO) deziyen ap sèvi moun ki gen Medicare nan chak eta. Ou kapab jwenn enfòmasyon kontak pou Òganizasyon Amelyorasyon Kalite (Quality Improvement Organization, QIO) eta ou a nan "Anèks A" ki nan do dokiman sa a.

Òganizasyon Amelyorasyon Kalite (QIO) a gen yon gwoup doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante Medicare peye pou verifye epi ede amelyore kalite swen pou moun ki gen Medicare. QIO a se yon òganizasyon endependan. Li pa gen liyen avèk plan nou an.

Ou ta dwe kontakte QIO ou a nan nенpòt sitiyasyon sa yo:

- Ou gen yon plent sou kalite swen ou jwenn. Egzanp pwoblèm nan kalite swen yo gen ladan jwenn move medikasyon an, tès ak pwosedi ki pa nesesè oswa yon dyagnostik ki pa kòrèk.
- Ou panse kouvèti pou sejou lopital ou ap fini twò bonè.
- Ou panse kouvèti pou sèvis swen sante adomisil, nan etablisman swen enfimye espesyalize oswa nan Sant Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki pa Entène (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facility, CORF) ap fini twò bonè.

SEKSYON 5 Sekirite Sosyal

Sekirite Sosyal detèmine elijibilite Medicare epi jere enskripsyon Medicare. Sekirite Sosyal responsab tou pou detèmine kiyès ki gen pou peye montan anplis pou kouvèti medikaman Part D yo a paske yo gen yon revni ki pi wo. Si w resevwa yon lèt ki soti nan men Sekirite Sosyal ki di w ou gen pou peye montan anplis la epi ou gen kesyon sou montan an oswa si revni ou a bese akòz yon evènman ki chanje lavi w, ou kapab rele Sekirite Sosyal pou mande yon rekonsiderasyon.

Si w demenaje oswa chanje adrès postal ou a, kontakte Sekirite Sosyal pou fè yo konnen sa.

Sekirite Sosyal - Enfòmasyon Kontak	
Rele	1-800-772-1213
	Apèl nan nimewo sa a gratis.
	Disponib soti 8 a.m. rive 7 p.m., soti lendi pou rive vandredi. Sèvi avèk sèvis telefòn otomatize Sekirite Sosyal yo pou jwenn enfòmasyon ki anrejistre epi fè kèk demach 24 sou 24.
TTY	1-800-325-0778
	Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pale.
	Apèl nan nimewo sa a gratis.
	Disponib soti 8 a.m. rive 7 p.m., soti lendi pou rive vandredi.
Sitwèb	www.SSA.gov

SEKSYON 6 Medicaid

Pou enskri nan Plan Bezwèn Espesyal pou Doub Elíjibilite sa a, ou dwe enskri nan Medicare epi ou dwe resevwa tou sèten nivo èd nan men Florida Medicaid. (Gade Chapit 1, Seksyon 2.1. "Egzijans elijibilite espesyal pou plan nou a" pou egzijans espesifik pou plan sa a.)

Medicaid se yon pwogram konjwen federal ak eta ki ede avèk depans medikal pou sèten moun ki gen revni ak resous limite.

Avantaj An Plen Kalifikasyon Toulède Pwogram (FBDE): Èd finansyè gendwa disponib pou peye Prim Medicare Part A yo ak/oswa Prim Medicare Part B yo, ak lòt pataj frè (tankou franchiz, ko-asirans ak kopeman) epi li bay avantaj Medicaid konplè.

Anplisdesa, gen pwogram yo ofri atravè Medicaid pou ede moun ki gen Medicare peye pri Medicare pa yo, tankou prim Medicare pa yo. "Pwogram Epay Medicare" (Medicare Savings Programs) sa yo ede moun ki gen revni ak resous limite mete lajan sou kote chak ane:

- **Benefisyè ki Kalifye pou Medicare Plus (QMB+):** Ede peye prim Medicare Part A ak Part B yo ak lòt pataj frè (tankou franchiz, ko-asirans ak kopeman) epi bay avantaj Medicaid konplè pou sèvis Medicaid pwofesyonèl swen sante Medicaid yo founi.
- **Benefisyè Espesifik ki Gen Revni Ba pou Medicare Plus (SLMB+):** Ede peye prim Part B yo epi bay avantaj Medicaid konplè pou sèvis Medicaid pwofesyonèl swen sante Medicaid yo founi.

Si w gen kesyon sou èd ou resevwa nan Medicaid, kontakte Florida Medicaid. Ou kapab jwenn enfòmasyon kontak pou Florida Medicaid nan "Anèks A" ki nan do dokiman sa a.

Depatman Sèvis Finansye Florida (Florida Department of Financial Services) - Divizyon Sèvis Konsomatè (Division of Consumer Services) ede moun ki enskri nan Medicaid si yo gen pwoblèm sèvis oswa faktirasyon. Yo kapab ede w depoze yon doleyans oswa yon apèl avèk plan nou a.

Depatman Sèvis Finansye Florida - Divizyon Sèvis Konsomatè - Enfòmasyon Kontak	
Rele	877-693-5236 oswa 850-413-3089 soti 8 a.m. rive 5 p.m., soti lendi rive vandredi
TTY	TTY: 711 Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pale.
Ekri	200 East Gaines St, Tallahassee, FL 32399-0322
Sitwèb	http://www.myfloridacfo.com/division/consumers/

Medyatè Eta pou Swen Alontèm (State Long-Term Care Ombudsman) nan Depatman Zafè Granmoun Aje (Department of Elder Affairs) ede moun jwenn enfòmasyon sou mezon retrèt epi rezoud pwoblèm ant mezon retrèt ak rezidan oswa fanmi yo.

Medyatè Eta pou Swen Alontèm nan Depatman Zafè Granmoun Aje - Enfòmasyon Kontak	
Rele	850-414-2323 oswa 888-831-0404
TTY	TTY: 711 Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pale.

Medyatè Eta pou Swen Alontèm nan Depatman Zafè Granmoun Aje - Enfòmasyon Kontak

Ekri 4040 Esplanade Way, Suite 380
Tallahassee, FL 32399

Imèl: LTCOPInformer@elderaffairs.org

Sitwèb <https://ombudsman.elderaffairs.org/>

SEKSYON 7 Pwogram pou ede moun peye pou medikaman sou preskripsyon yo

Sitwèb Medicare la (www.Medicare.gov/basics/costs/help/drug-costs) gen enfòmasyon sou fason pou diminye depans pou medikaman sou preskripsyon ou yo. Pwogram ki pi ba yo ka ede moun ki gen revni limite.

Èd Siplemantè (Extra Help) nan men Medicare

Paske ou elijib pou Medicaid, ou kalifye pou resevwa Èd Siplemantè (Extra Help) nan men Medicare pou peye pou pri plan medikaman sou preskripsyon ou yo. Ou pa bezwen fè anyen plis pou jwenn Èd Siplemantè (Extra Help) sa a.

Si w gen kesyon sou "Èd Siplemantè" (Extra Help) rele:

- 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048.
- Biwo Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213, ant 8 a.m. ak 7 p.m., lendi pou rive vandredi. Itilizatè TTY yo dwe rele 1-800-325-0778; oswa
- Florida Medicaid. Ou kapab jwenn enfòmasyon kontak pou Florida Medicaid nan "Anèks A" ki nan do dokiman sa a.

Si w panse w ap peye yon montan ki pa kòrèk pou preskripsyon w lan nan yon famasi, plan nou an gen yon pwosesis pou ede ou jwenn prèv pou montan kòrèk kopeman w lan. Si w déjà gen prèv sou bon montan an, nou ka ede ou pataje prèv sa a avèk nou.

- Si w déjà gen yon dokiman ki pwouve ou kalifye pou "Èd Siplemantè" (Extra Help) ou kapab montre li pwochen fwa w ale nan yon famasi pou yo egzekite preskripsyon ou a. Ou kapab sèvi nenpòt nan dokiman annapre yo pou founi nou prèv la, oswa pou montre kòm prèv nan famasi a.

Prèv ou déjà genyen estati Èd Siplemantè (Extra Help)

- Yon lèt Administrasyon Sekirite Sosyal ki montre estati Èd Siplemantè (Extra Help) ou a. Yo kapab rele lèt sa a Enfòmasyon Enpòtan, Lèt Atribisyon, Avi sou Chanjman oswa Avi sou Aksyon.
- Yon lèt Administrasyon Sekirite Sosyal ki montre w ap resevwa Revni Sekirite Siplemantè (Supplemental Security Income). Si se sa, ou kalifye tou pou resevwa Èd Siplemantè (Extra Help).

Prèv ou gen estati Florida Medicaid ki aktif ki kalifye pou Èd Siplemantè (Extra Help)

- Yon kopi nenpòt dokiman eta a oswa nenpòt vèsyon enprime eta a ki montre estati Medicaid aktif ou a ki kalifye pou Èd Siplemantè (Extra Help). Dat aktif ki parèt la dwe nan mwa jiye oswa pita nan ane ki sot pase a.

Prèv yon peman Medicaid pou yon sejou nan yon etablisman medikal

Sejou w nan etablisman medikal la dwe dire omwen yon mwa anplen, epi dwe fèt nan mwa jiyè oswa pita nan ane ki sot pase a.

- Yon fakti etablisman an ki montre peman Medicaid la
- Yon kopi nenpòt dokiman eta a oswa nenpòt vèsyon enprime ki soti nan sistèm eta a ki montre peman Medicaid la pou ou

Si w montre youn nan dokiman ki sou lis pi wo a kòm prèv nan famasi a anpremye, tanpri voye yon kopi ba nou tou. Voye dokiman an pa lapòs bay:

CarePlus Health Plans, Inc.

P.O. Box 14168

Lexington, KY 40512-4168

- Lè nou resevwa prèv ki montre nivo kopeman ou a, nou pral mete sistèm nou an ajou yon fason pou w kapab peye kopeman ki kòrèk la lè w pral achte pwochen medikaman sou preskripsyon ou yo nan famasi a. Si w peye plis pase kopeman ou a, nou pral ranbouse ou, swa pa chèk oswa bay kredi sou yon pwochen kopeman. Si famasi an pa t gentan kolekte yon kopeman w la epi ou gen yon dét pou yo, nou gendwa fè peman an dirèkteman bay famasi a. Si yon eta peye nan non w, nou gendwa fè peman an dirèkteman bay eta a. Rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo rele 711) si w gen kesyon.

E si w gen Èd Siplemantè (Extra Help) ak kouvèti yon Pwogram Èd pou Medikaman AIDS (ADAP)?

Pwogram Èd pou Medikaman AIDS (ADAP) ede endividé ki gen HIV/AIDS gen aksè avèk medikaman anti-HIV ki ap sove lavi. Medikaman Medicare Part D ki nan fòmilè ADAP la tou kalifye pou èd pataj frè pou preskripsyon atravè ADAP ki ap fonksyone nan Eta ou a.

Nòt: Pou elijib pou ADAP nan eta w la, moun yo dwe satisfè sèten kritè; ki gen ladan prèv rezidans nan eta a ak estati HIV, revni fèb selon jan eta a defini sa, ak estati si yo pa asire oswa pa asire ase. Si w chanje plan, fè anplwaye enskripsiyon ADAP lokal ou a konn sa yon fason pou w kapab kontinye jwenn èd. Pou enfòmasyon sou kritè elijiblite, medikaman ki kouvri, oswa sou fason pou w enskri nan pwogram lan, rele ADAP ki ap fonksyone nan Eta ou a. Ou kapab jwenn enfòmasyon kontak pou Pwogram Èd pou Medikaman AIDS (ADAP) ou a nan "Anèks A" ki nan do dokiman sa a.

Plan Medicare pou Peman Preskripsiyon

Plan Medicare pou Peman Preskripsiyon an se yon opsyon peman ki fonksyone avèk kouvèti medikaman aktyèl ou a pou ede w jere depans ki fèt ak lajan ki sot nan pòch ou pou medikaman plan nou an kouvri, li kalkile yo sou **ane kalandriye a** (janvye pou rive desanm). Tout moun ki gen yon plan medikaman Medicare oswa yon plan sante Medicare ki gen kouvèti pou medikaman (tankou yon plan Medicare Advantage avèk kouvèti pou medikaman) kapab sèvi avèk opsyon peman sa a. **Opsyon peman sa a gendwa ede w jere depans ou yo, men li pa p fè ou ekonomize lajan oswa diminye pri pou medikaman ou yo. Si w ap patisipe nan Plan Medicare pou Peman Preskripsiyon an epi rete nan menm plan Part D an, patisipasyon ou pral renouvele otomatikman pou 2026.** Èd Siplemantè (Extra Help) nan men Medicare ak èd nan men ADAP ou a, pou moun ki kalifye yo, bay plis benefis pase patisipasyon nan Plan Medicare pou Peman Preskripsiyon an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon peman sa a, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo rele 711) oswa ale sou sitwèb www.Medicare.gov.

Plan Medicare pou Peman Preskripsyon – Enfòmasyon Kontak

Rele	800-794-5907
	Apèl nan nimewo sa a gratis. Ou ka rele nou sèt jou pa semèn, soti 8 am rive 8 pm. Tanpri sonje ke sistèm telefòn otomatize nou an ka reponn apèl ou pandan wikenn ak jou ferye yo. Pou sèvis 24 sou 24, ou ka vizite nou nan CarePlusHealthPlans.com .
	Sèvis pou Manm yo gen sèvis entrèpèt nan lang gratis tou ki disponib pou moun ki pa pale Angle.
TTY	711
	Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pale.
	Apèl nan nimewo sa a gratis. Orè fonksyònman yo se menm ak sa ki pi wo yo.
Ekri	CarePlus Health Plans, Inc. P.O. Box 14168 Lexington, KY 40512-4168
Sitwèb	Pou aprann plis sou opsyon peman sa a, tanpri vizite CarePlusHealthPlans.com/RxCostHelp oswa vizite Medicare.gov

SEKSYON 8 Komite Retrèt Chemennfè (Railroad Retirement Board, RRB)

Komite Retrèt Chemennfè (Railroad Retirement Board, RRB) se yon ajans Federal endependan ki ap jere pwogram avantaj konplè pou travayè chemennfè nan peyi a ak fanmi yo. Si w jwenn Medicare ou a atravè Komite Retrèt Chemennfè a, fè yo konnen si w demenaje oswa chanje adrès postal ou a. Pou kesyon sou avantaj ou yo nan Komite Retrèt Chemennfè a, kontakte ajans lan.

Komite Retrèt Chemennfè (RRB) – Enfòmasyon Kontak

Rele	1-877-772-5772
	Apèl nan nimewo sa a gratis.
	Peze “0” pou pale ak yon reprezantan RRB soti 9 am rive 3:30 pm, lendi, madi, jedi, ak vandredi, epi soti 9 am rive 12 pm nan jou mèkredi.
	Si w peze “1” pou gen aksè avèk Liy Asistans otomatize RBR la epi jwenn enfòmasyon anrejistre 24 sou 24, ladan samdi/dimanch ak jou ferye.
TTY	1-312-751-4701
	Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pale.
	Apèl nan nimewo sa a pa gratis.
Sitwèb	RRB.gov/

SEKSYON 9 Si w gen aspirans gwoup oswa lòt aspirans sante anplwayè ou

Si ou menm (oswa mari/madanm oswa patnè domestik ou) jwenn avantaj nan men anplwayè pa ou (oswa anplwayè mari/madanm oswa patnè domestik ou) oswa gwoup retrete kòm yon pati nan plan sa a, rele administratè avantaj anplwayè/sendika a oswa rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY yo dwe rele 711) si w gen nенpòt kesyon. Ou kapab poze kesyon sou avantaj sante pou retrete yo oswa avantaj sante anplwayè pa ou (oswa anplwayè mari/madanm oswa patnè domestik ou) sou prim yo oswa sou peryòd enskripsyon an. (Nimewo telefòn pou Sèvis pou Manm yo enprime nan do kouvèti dokiman sa a.) Ou kapan rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou kesyon sou kouvèti Medicare ou a selon plan sa a. Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048.

Si w gen yon lòt kouvèti pou medikaman atravè anplwayè pa ou (oswa anplwayè mari/madanm oswa patnè domestik ou) oswa gwoup retrete, kontakte **administratè avantaj gwoup sa a**. Administratè avantaj la kapab ede w konprann fason kouvèti medikaman aktyèl ou a ap fonksyone avèk plan nou an.

CHAPIT 3:

Itilize plan nou an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo

SEKSYON 1 Kijan pou jwenn swen medikal ak lòt sèvis ki kouvri kòm yon manm nan plan nou an

Chapit sa a eksplike sa ou dwe konnen sou kijan pou itilize plan nou an pou jwenn swen medikal ak lòt sèvis ki kouvri yo. Pou plis detay sou swen medikal plan nou an kouvri, ale nan Tablo Avantaj Medikal yo nan Chapit 4.

Seksyon 1.1 Pwofesyonèl swen sante rezo ak sèvis ki kouvri

- **Pwofesyonèl Swen Sante** se medsen ak lòt pwofesyonèl swen sante lisansye pa eta a pou yo bay sèvis ak swen medikal. Ekspresyon pwofesyonèl swen sante a gen ladan lopital ak lòt etablisman swen sante yo tou.
- **Pwofesyonèl Swen Sante rezo yo** se doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante, gwoup medikal, lopital, ak lòt etablisman swen sante ki gen yon akò avèk nou pou aksepte peman nou an kòm peman konplè. Nou fè aranjman pou pwofesyonèl swen sante sa yo bay manm plan nou yo sèvis nou kouvri. Pwofesyonèl swen sante ki nan rezo nou an ap voye bòdwo a ba nou dirèkteman pou swen yo ba ou a. Lè w al kay yon pwofesyonèl swen sante rezo a, ou pa peye anyen pou sèvis ki kouvri yo.

Si Florida Medicaid kouvri pataj frè w la, gade Chapit 4, Seksyon 1.1 pou plis enfòmasyon sou pwoteksyon pataj frè Medicare nan Medicaid.

- **Sèvis ki kouvri yo** gen ladan yo tout swen medikal, sèvis swen sante, founiti, ekipman, ak medikaman sou preskripsyon plan nou an kouvri. Nou endike sèvis medikal nou kouvri yo nan Tablo Avantaj Medikal yo nan Chapit 4. Nou bay enfòmasyon sou sèvis nou kouvri pou medikaman sou preskripsyon yo nan Chapit 5.

Seksyon 1.2 Règ debaz pou swen medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri pa plan nou an

Antanke yon plan sante Medicare ak Medicaid, CareNeeds Extra (HMO D-SNP) dwe kouvri tout sèvis Original Medicare kouvri epi li ka ofri lòt sèvis anplis de sa Original Medicare kouvri nan Tablo Avantaj Medikal ki nan Chapit 4 la.

Anjeneral CareNeeds Extra (HMO D-SNP) ap kouvri swen medikal ou toutotan:

- **Swen ou resevwa a enkli nan Tablo Avantaj Medikal plan nou an** nan Chapit 4.
- **Swen ou jwenn yo konsidere kòm nesesè pou rezon medikal.** Nesesite medikal vle di sèvis yo, founiti, ekipman oswa medikaman yo nesesè pou prevansyon, dyagnostik oswa tretman kondisyon medikal ou a epi yo rantre nan nòm pratik medikal yo aksepte yo.

- **Ou gen yon pwofesyonèl swen sante prensipal (yon PCP) rezo ki ba w swen e ki sipèvize swen w lan.** Antanke mamm nan plan nou an, ou dwe chwazi yon PCP ki fè pati rezo a (Al gade nan Seksyon 2.1 pou plis enfòmasyon sou sa).
 - Nan pifò ka yo, PCP nan rezo w la dwe ba ou apwobasyon davans (yon referans) anvan w kapab itilize lòt pwofesyonèl swen sante rezo plan nou an, tankou espesyalis, lopital, etablisman swen enfimye espesyalize, oswa ajans k ap bay swen nan kay. Pou plis enfòmasyon, al gade nan Seksyon 2.3 nan chapit sa a.
 - Ou pa bezwen referans nan men PCP w la pou swen dijans oswa pou sèvis ki nesesè annijans. Pou w ka jwenn plis emasyonsou lòt kalite swen ou ka resevwa san w pa genyen yon apwobasyon davans nan men PCP w la, (al gade nan Seksyon 2.2 nan chapit sa a).
- **Ou dwe resevwa swen w nan men yon pwofesyonèl swen sante nan rezo a** (gade Seksyon 2). Nan pifò ka yo, nou p ap kouvri swen ou resevwa nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a (yon pwofesyonèl swen sante ki pa fè pati rezo plan nou an). Sa vle di ou oblige peye pwofesyonèl swen sante a tout montan an pou sèvis ou resevwa yo. Men 3 eksepsyon ki genyen yo:
 - Plan nou an kouvri swen dijans oswa sèvis ki nesesè annijans ke w jwenn nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a. Pou jwenn plis enfòmasyon, e pou wè kisa sèvis dijans oswa sèvis ki nesesè annijans yo ye, al gade nan Seksyon 3.
 - Si w bezwen swen medikal Medicare oswa Medicaid egzije pou plan nou an kouvri men pa gen okenn espesyalis nan rezo nou an ki bay swen sa a, ou ka jwenn swen sa a nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a nan menm pri pataj frè ak sa ou peye nòmalman nan rezo a. Plan an dwe ba w otorizasyon l anvan w al resevwa swen nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa fè pati rezo a. Nan sitiyasyon sa a, n ap kouvri sèvis sa yo san li pa koute w anyen. Pou w jwenn enfòmasyon sou fason pou w jwenn apwobasyon pou w wè yon medsen ki pa fè pati rezo a, al gade nan Seksyon 2.4.
 - Plan nou an kouvri sèvis dyaliz ren ou resevwa nan yon etablisman dyaliz Medicare apwouve lè ou pa nan zòn sèvis plan nou an tanporèman oswa lè pwofesyonèl swen sante ki bay sèvis sa a pa disponib oswa pa aksesib tanporèman. Pataj frè ou peye nan plan nou an pou dyaliz pa janm ka pi wo pataj frè ou peye nan Original Medicare a. Si w pa nan zòn sèvis plan nou an epi w jwenn dyaliz nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo plan nou an, pataj frè w la pa ka pi wo pase pataj frè ou peye nan rezo a. Sepandan, si pwofesyonèl swen sante regilye pou dyaliz ou a ki fè pati rezo a pa disponib tanporèman epi ou chwazi jwenn sèvis la nan zòn sèvis nou an nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa fè pati rezo plan nou an, pataj frè a pou dyaliz la ka pi wo.

SEKSYON 2**Itilize pwofesyonèl swen sante ki nan rezo plan nou an pou jwenn swen medikal ak lòt sèvis****Seksyon 2.1****Ou dwe chwazi yon Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal (PCP) ki pou ba w epi sipèvize swen w****Kisa yon PCP ye epi kisa li fè pou ou?**

Lè w vin manm plan nou an, ou dwe chwazi yon pwofesyonèl swen sante rezo a ki nan zòn sèvis plan w lan pou l vin PCP ou. PCP w la se yon pwofesyonèl swen sante ki satisfè egzijans eta a epi ki resevwa fòmasyon pou l ba w swen medikal debaz. Anyè Pwofesyonèl Swen Sante w la pral endike ki pwofesyonèl swen sante ki kapab aji kòm PCP ou.

Jan nou eksplike sa pi ba a, ou ka jwenn swen woutin oswa swen debaz ou nan men PCP w la. PCP w la kapab kowòdone tou rès sèvis nou kouvri yo pou ou kòm manm plan an. Pa egzanp, pou w wè yon espesyalis ki fè pati rezo a, ou dwe jwenn apwobasyon PCP w la anvan (yo rele sa gen yon "referans" pou w wè yon espesyalis).

Sa genyen ladan:

- Radyografi
- Tès nan laboratwa
- Terapi
- Swen nan men medsen ki se espesyalis
- Admisyon nan lopital
- Swen swivi

"Kowòdinasyon" sèvis ou yo genyen ladan l tcheke oswa konsilte lòt pwofesonèl swen sante plan an sou swen ou ak sou pwogrè swen ou. Si w bezwen sèten kalite sèvis nou kouvri oswa founiti nan men pwofesonèl swen sante rezo a, ou dwe jwenn apwobasyon davans nan men PCP w la (tankou pou l ba w yon referans). Nan kèk ka, PCP w la ap bezwen jwenn otorizasyon davans (apwobasyonb davans). Chapit 4 la gen plis enfòmasyon sou ki sèvis ki mande otorizasyon davans yo.

Paske PCP w la ka ba w ak kowòdone swen medikal ou, ou dwe voye tout dosye medikal ou yo nan biwo PCP w la. Chapit 8 la di w kijan n ap pwoteje konfidansyalite dosye medikal ou yo ak enfòmasyon pèsonèl sante w yo.

Kijan pou w jwenn swen nan men PCP w la?

Anjeneral, ou pral kay PCP w la dabò pou pifò nan bezwen swen sante woutin ou yo; sepandan, gen kèk kalite sèvis nou kouvri ou ka jwenn poukont ou, san w pa kontakte PCP w la anvan. Gade Chapit 3 a, Seksyon 2.2 a pou plis enfòmasyon.

Si w bezwen swen woutin andeyò lè nòmal biw yo, tanpri rele PCP w la ankò nan lè nòmal biw yo. Si w gen yon ijans oswa yon bezwen ijan pou swen apre lè nòmal biw yo, gade Seksyon 3.1 oswa 3.2 nan chapit sa a.

Kijan pou chwazi yon PCP?

Ou te gade yon Anyè Pwofesonèl Swen Sante plan an nan moman enskripsyon an pou ede w fè yon chwa PCP. N ap mansyone PCP w chwazi a sou fòmilè enskripsiyan w lan. Si ou te enskri nan **CarePlusHealthPlans.com**, yo te dirije w anliy nan Anyè Pwofesonèl Swen Sante plan an pou w seleksyon PCP w chwazi a. Ou ka chanje PCP w la nenpòt lè (jan nou esplike l pita nan seksyon sa a). Si gen yon espesyalis oswa yon lopital espesifik nan plan an ke ou vle itilize, verifye pou asire w PCP w la ba w referans pou espesyalis sa a oswa pou w itilize lopital sa a anvan. Non ak nimewo telefòn biwo PCP w la make sou kat idantifikasiyon (ID) manm ou a.

Kòman pou chanje PCP w la

Ou gendwa chanje PCP w la pou nenpòt ki rezon, nenpòt kilè. Li posib pou PCP w la kite pwofesonèl swen sante rezo plan nou an e lè sa a w ap gen pou jwenn yon nouvo PCP. Pou w chanje PCP w la, rele Sèvis pou Manm yo.

Lè w rele, asire w ou di Sèvis pou Manm yo si w ap wè espesyalis oswa si w ap resevwa lòt sèvis nou kouvri ki egziste apwobasyon PCP w la (tankou sèvis sante lakay ou epi ekipman medikal dirab). Sèvis pou Manm yo ap asire yo ou ka kontinye resevwa swen espesyalize ak lòt sèvis ou t ap resevwa lè w chanje PCP w la. Yo pral verifye pou yo asire yo PCP w vle chanje a ap aksepte nouvo pasyan. Sèvis pou Manm yo pral chanje dosye manm ou an pou reflete non nouvo PCP w la epi fè w konnen dat chanjman PCP a pral antre anvigè.

Yo pral voye tou yon nouvo kat manm pou ou ki gen non nouvo PCP w la sou li.

Seksyon 2.2**Swen medikal ak lòt sèvis ou ka jwenn san yon referans PCP**

Ou ka resevwa sèvis ki endike anba yo san w pa jwenn apwobasyon davans nan men PCP w la.

- Swen sante woutin pou fanm, ki gen ladann egzamen tete, mamogram depistaj (radyografi tete), pap tès, ak egzamen pèlvyen toutotan se yon pwofesyonèl swen sante rezo a ki fè yo.
- Vaksen kont grip, vaksen kont COVID-19, vaksen kont epatit B ak vaksen kont nemoni, depi w pran yo nan men yon pwofesyonèl swen sante rezo a.
- Sèvis dijans nan men pwofesyonèl swen sante rezo a oswa nan men pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a.
- Swen ki nesesè annijans ke plan an kouvri se sèvis ki mande atansyon medikal imeda (ki pa yon ijans) si swa ou tanporèman deyò zòn sèvis plan nou an, oswa li pa rezonab si w konsidere tan, kote, ak sikorans ou yo pou w jwenn sèvis sa a nan men pwofesyonèl swen sante rezo yo. Kèk egzamp sèvis ki nesesè dijans se maladi ak blesi medikal ki pa t prevwa oswa maladi ki egziste deja ki vin agrave. Vizit woutin kay pwofesyonèl swen sante ki nesesè sou plan medikal, (tankou egzamen anyèl yo) pa konsidere kòm vizit ki nesesè annijans, menm si w pa nan zòn sèvis plan nou an oswa si rezo plan nou an pa disponib tanporèman.
- Sèvis dyaliz ren ou resevwa nan yon etablisman dyaliz Medicare apwouve lè ou pa nan zòn sèvis plan nou an tanporèman. Si sa posib, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711) anvan ou kite zòn sèvis la pou nou ka ede w fè aranjman pou w fè dyaliz antretyen pandan w pa la a.
- Tout sèvis preventif ki kouvri ke pwofesyonèl swen sante rezo a bay. Yo endike sèvis sa yo nan Chapit 4 Tablo Avantaj Medika la ak yon senbòl 🍎
- Sèvis dèmatoloji yon pwofesyonèl swen sante rezo a bay
- Sèvis kiwopratik yon pwofesyonèl swen sante rezo a bay
- Sèvis podoloji yon pwofesyonèl swen sante rezo a bay
- Sèvis siplemantè plan an kouvri. Sèvis sa yo make avèk yon asteriks nan Chapit 4 Tablo Avantaj Medikal yo (*).

Seksyon 2.3**Kijan pou w jwenn swen nan men espesyalis ak lòt pwofesyonèl swen sante nan rezo a**

Yon espesyalis se yon medsen ki bay sèvis swen sante pou yon maladi espesifik oswa yon pati nan kò a. Gen divèses kalite espesyalis. Pou Egzanp:

- Onkològ yo pran swen pasyan ki gen kansè
- Kadyològ yo pran swen pasyan ki gen maladi nan kè
- Òtopedis yo pran swen pasyan ki gen pwoblèm nan sèten zo, jwenti oswa pwoblèm miskilè

Lè PCP w la kwè ou bezwen tretman espesyalize, li ka ba w yon referans pou w al kay yon espesyalis oswa sèten lòt pwofesyonèl swen sante rezo plan an. Si w al wè yon espesyalis ki fè pati rezo a pou swen w, ou ka bezwen retounen kot PCP w la pou l ba w yon referans pou sèvis anplis.

Pou sèten kalite sèvis, PCP w la ka bezwen apwobasyon davans nan men plan nou an (yo rele sa jwenn "otorizasyon davans"). Gade Chapit 4 la, Seksyon 2.1 an pou plis enfòmasyon sou ki sèvis ki mande otorizasyon davans.

Li enpòtan anpil pou w jwenn yon referans (apwobasyon davans) nan men PCP w la anvan ou wè yon espesyalis oswa sèten lòt pwofesyonèl swen sante rezo plan an (gen kèk eksepsyon, tankou swen sante fanm nou eksplike pi wo a nan seksyon sa a). Si ou pa gen yon referans (apwobasyon davans) anvan ou resevwa sèvis nan men yon espesyalis ki fè pati rezo a, ou ka oblige peye pou sèvis sa yo ou menm. Si espesyalis ki nan rezo a mande w pou w retounen pou plis swen, anvan w retounen verifye pou w asire w referans lan (apwobasyon davans) ou te resevwa nan men PCP w la pou premye vizit la kouvri lòt vizit yo.

Si ou vle sèvi ak sèten espesyalis ki fè pati rezo plan an, tcheke pou w wè si PCP w la voye pasyan li yo kay espesyalis sa yo. Chak PCP nan plan an gen yon rezo espesyalis yo itilize pou referans. Sa vle di PCP w chwazi a kapab detèmine ki espesyalis ou ka wè. Anjeneral, ou ka chanje PCP nenpòt kilè si ou vle wè yon espesyalis ki fè pati rezo plan an e si PCP w genyen kounye a pa ka refere w ba li. Pi wo a nan seksyon sa a, anba "Chanje PCP w la", nou te eksplike w kijan pou w chanje PCP w la.

Si w bezwen swen lopital, n ap kouvri sèvis sa yo pou ou. Nou endike sèvis nou kouvri yo nan Tablo Avantaj Medikal yo nan Chapit 4 la anba tit "Swen pou pasyan ki entène lopital". Lè nou itilize mo "lopital" la nou vle di yon etablisman pwogram Medicare sètifye epi Eta a lisansye l pou l bay pasyan ki entène, pasyan ekstèn, dyagnostik ak sèvis terapeutik. Tèm "lopital" la pa enkli etablisman ki bay swen konsèvatif prensipalman (tankou mezon retrèt oswa kay konvalesans). Lè nou di "swen sipò pèsonèl," nou vle di ede benyen, abiye, itilize twalèt la, manje, ak fè lòt aktivite nan lavi chak jou. Sof si gen yon ijans, PCP w la oswa espesyalis ou a ap aranje admisyon w nan lopital la.

Pou w jwenn yon lis lopital ki fè pati rezo asirans lan, tanpri gade nan Anyè Pwofesyonèl Swen Sante a. Yo ka pa admèt medsen w lan nan tout lopital ki fè pati rezo asirans lan. Tanpri mande medsen w lan nan ki lopital li gen privilèj. Si ou vle itilize sèten lopital, ou ta dwe tcheke anvan pou w wè si PCP w la oswa medsen w pral wè yo itilize lopital sa yo.

Lè yon espesyalis oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante ki fè pati rezo asirans lan kite plan nou an

Nou gendwa fè chanjman nan lopital yo, medsen yo ak espesyalis yo (pwofesyonèl swen sante) ki nan rezo plan nou an pandan ane a. Si medsen w lan oswa espesyalis ou a kite plan nou an, ou gen dwa ak pwoteksyon sa yo:

- Menmsi rezo pwofesyonèl swen sante nou an ka chanje pandan ane a, Medicare mande pou gen aksè san enteripsyon ak medsen kalifye ak espesyalis.
- N ap fè w konnen pwofesyonèl swen sante w la ap kite plan nou an pou w gen tan pou w chwazi yon lòt.
 - Si doktè swen prensipal ou a oswa pwofesyonèl swen sante konpòtmantal ou a kite plan nou an, n ap fè w konnen si w te vizite pwofesyonèl swen sante sa a nan 3 dènye ane yo.
 - Si nenpòt nan lòt pwofesyonèl swen sante w yo kite plan nou an, n ap fè w konnen si li te pwofesyonèl swen sante w, epi ou jwenn swen nan men l nan moman an, oswa ou te vizite l nan 3 dènye mwa yo.
- N ap ede w chwazi yon pwofesyonèl swen sante nan rezo a ki kalifye pou swen kontini.
- Si w ap swiv yon tretman medikal oswa terapi nan moman an avèk pwofesyonèl swen sante aktyèl ou a, ou gen dwa pou mande pou kontinye jwenn tretman oswa terapi ki nesesè pou rezon medikal. N ap travay avèk ou yon fason pou ka kontinye jwenn swen.
- N ap ba w enfòmasyon sou peryòd enskripsiyon ki disponib pou ou ak posiblite ou genyen pou w chanje plan.

- Lè yon pwofesyonèl swen sante oswa avantaj pa disponib oswa pa satisfè bezwen medikal ou yo kòmsadwa, n ap fè aranjman pou nenpòt avantaj ki kouvri ki nesesè pou rezon medikal andeyò rezo pwofesyonèl swen sante nou an nan yon pataj frè nan rezo a. Ou bezwen otorizasyon davans pou nou ka kouvri sèvis la.
- Si w aprann medsen w lan oswa espesyalis ou a ap kite plan nou an, kontakte nou pou nou ka ede w chwazi yon nouvo pwofesyonèl swen sante pou jere swen w.
- Si ou kwè nou pa t ba w yon pwofesyonèl swen sante ki kalifye pou ranplase pwofesyonèl swen sante ou te gen anvan an oswa si yo pa jere swen ou yon fason ki apwopriye, ou gen dwa depoze yon plent sou kalite swen an nan QIO a, yon doleyans ki gen rapò ak kalite swen an ak plan an, oswa toude. (ale nan Chapit 9).

Seksyon 2.4**Kijan pou w jwenn swen nan men pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a**

PCP w la dwe ba w apwobasyon anvan pou ou kapab itilize lòt pwofesyonèl swen sante ki pa fè pati rezo plan an. Yo rele sa yon ba w yon "referans." Pou plis enfòmasyon sou sa a ak nan ka kote ou ka wè yon pwofesyonèl swen sante ki pa fè pati rezo a san yon referans (tankou yon ijans), gade seksyon 2.2 a ak 2.3 a nan chapit sa a. Si ou pa gen yon referans (apwobasyon davans) anvan ou resevwa sèvis yon espesyalis ki pa fè pati rezo a, ou ka oblige peye pou sèvis sa yo pou tèt ou.

Tanpri fè yon pwofesyonèl swen sante ki pa fè pati rezo a voye bòdwo plan an pou sèvis ou kwè nou ta dwe kouvri yo. Si pwofesyonèl swen sante a refize voye bòdwo plan an epi voye yon bòdwo ou panse nou ta dwe peye, ou ka voye li ba nou pou nou peye pwofesyonèl swen sante a. Si pwofesyonèl swen sante a refize voye bòdwo plan an epi w peye l, n ap ranbouse w pou pati pa nou nan depans sèvis nou kouvri yo. Gade Chapit 7 (*Mande nou peye pati pa nou nan yon fakti ou resevwa pou sèvis medikal oswa medikaman plan nou an kouvri*) pou plis enfòmasyon sou kisa pou w fè si w resevwa yon bòdwo oswa si w bezwen mande ranbousman.

Pou sèten kalite sèvis, medsen w lan ka bezwen apwobasyon davans nan men plan nou an (yo rele sa "otorizasyon davans"). Gade Chapit 4 la, Seksyon 2.1 an pou plis enfòmasyon sou ki sèvis ki mande otorizasyon davans.

Nòt: Ou gen dwa pou w resevwa sèvis nan men pwofesyonèl swen sante ki pa fè pati rezo a pou sèvis annijans. Anplis de sa, plan yo dwe kouvri sèvis dyaliz pou manm ESRD ki te vwayaje deyò zòn sèvis plan an epi ki pa kapab jwenn aksè a pwofesyonèl ESRD ki gen kontra yo.

SEKSYON 3**Kijan pou jwenn sèvis nan ka yon ijans, katastwòf, oswa bezwen ijan pou swen****Seksyon 3.1****Jwenn swen nan ka yon ijans medikal**

Yon **ijans medikal** se lè oumenm oswa nenpòt lòt pwofèn pridan ki gen yon konesans mwayèn nan sante ak medikaman, kwè n ap fè eksperyans sentòm medikal ki bezwen atansyon medikal imeda pou anpeche pèt lavi (ak, si ou se yon fanm ansent, pèt yon timoun ki pokò fèt), pèt yon manm oswa fonksyon yon manm, oswa pèt oswa defisyans grav nan yon fonksyon kòporèl. Sentòm medikal yo ka gen ladan yo maladi, blesi, gwo doulè, oswa yon kondisyon medikal ki vin anpire vit.

Si ou gen yon ijans medikal:

- **Chèche jwenn èd pi vit posib.** Rele 911 pou w mand èd oswa ale nan sal dijans ki pi pre w la. Rele yon anbilans si w gen bezwen. Ou pa bezwen jwenn apwobasyon oswa yon referans nan men PCP w la. Ou pa

bezwen rele yon medsen ki fè pati rezo a. Ou gendwa jwenn swen medikal annijans nou kouvri yo a chak fwa ou bezwen li, nenpòt kote nan peyi Etazini oswa nan teritwa li yo, ak nan men nenpòt pwofesyonèl swen sante ki gen yon lisans eta a ki apwopriye, menm si yo pa fè pati rezo nou an.

- **Pi vit posib, asire w ou enfòme plan nou an sou sitiyasyon ijans ou a.** Nou bezwen fè swivi swen ijans ou an. Anjeneral nan 48 èdtan, oumenm oswa yon lòt moun ta dwe rele nou pou fè nou konnen swen annijans ou an. Nimewo telefòn pou Sèvis pou Manm nan enprime nan do kouvèti dokiman sa a.

Sèvis ki kouvri nan ka ijans

Plan nou an kouvri sèvis anbilans nan sitiyasyon kote ale nan sal ijans nenpòt lòt fason ka mete sante w an danje. Nou kouvri sèvis medikal pandan ijans lan tou.

Medsen ki bay swen dijans yo pral deside kilè kondisyon ou a estab epi lè ijans medikal la fini.

Yon fwa ijans lan fin pase, ou gen dwa pou w pran swen swivi pou asire w kondisyon ou rete estab. Medsen w yo ap kontinye trete w jiskaske yo kontakte nou pou epi fè plan pou swen anplis. Plan nou an kouvri swivi yo.

Si pwofesyonèl swen sante ki pa fè pati rezo a ki ba w swen dijans ou an, n ap eseye fè aranjman pou si pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a pran responsabilite pou swen w osito sante w ak sikontans ou pèmèt.

E si se pa t yon ijans medikal?

Pafwa li ka difisil pou w konnen si ou gen yon ijans medikal. Pa egzanp, ou ka ale nan yon vizit dijans-pansan sante w an danje grav-epi doktè a ka di ou li pa t yon ijans medikal apre tou. Si se pa t yon ijans, n ap peye pou swen w lan si w te kwè nan yon fason rezonab sante w te menase seryezman.

Sepandan, apre doktè a deklare se pa t yon ijans, n ap kouvri swen adisyonèl sèlman si ou jwenn swen adisyonèl nan youn nan 2 fason sa yo:

- Ou ale kay yon pwofesyonèl swen sante rezo a pou w jwenn plis swen.
- Swen adisyonèl ou jwenn nan konsidere kòm sèvis ki nesesè annijans e ou swiv règ ki pi ba yo pou jwenn swen ijan sa a.

Seksyon 3.2 Jwenn swen lè w bezwen sèvis annijans

Yon sèvis ki mande atansyon medikal imeda (men ki pa yon ijans) se yon sèvis ki nesesè annijans si swa ou pa tanporèman deyò zòn sèvis plan nou an, oswa li pa rezonab si w konsidere tan, kote, ak sikontans ou yo pou jwenn sèvis sa a nan men pwofesyonèl swen sante rezo a. Maladi ak blesi medikal ki pa prevwa oswa maladi ki egziste deja ki vin agrave yo se egzanp sèvis annijan. Sepandan, vizit woutin kay pwofesyonèl swen sante ki nesesè sou plan medikal, tankou konsiltasyon anyèl yo, nou pa konsidere yo kòm vizit ki nesesè annijans, menm si w pa nan zòn sèvis plan nou an oswa menm si rezo plan nou an pa disponib tanporèman.

Kisa k ap pase si w nan zòn plan an kouvri epi w bezwen swen annijans?

Ou ta dwe toujou eseye jwenn sèvis annijans nan men pwofesyonèl swen sante ki fè pati rezo a. Sepandan, si pwofesyonèl swen sante a pa disponib tanporèman oswa li pa aksesib epi li pa rezonab pou w tann pou w jwenn swen, n ap kouvri sèvis ou bezwen annijans e ou jwenn li nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa fè pati rezo a.

Anyè Pwofesyonèl Swen Sante plan an pral di w ki etablisman swen annijans ki nan zòn ou an asirans lan kouvri. Enfòmasyon sa a disponib sou Entènèt la tou nan **CarePlusHealthPlans.com/Doctor**. Pou nenpòt lòt kesyon konsènan sèvis ki nesesè annijans, tanpri kontakte Sèvis pou Mam yo (nimewo telefòn nan enprime nan do kouvèti dokiman sa a).

Kisa k ap pase si w andeyò zòn sèvis plan an kouvri epi w bezwen swen ijan?

Lè w andeyò zòn sèvis la epi w pa ka jwenn swen nan men yon pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a, plan nou an kouvri sèvis ijan ou jwenn nan men nenpòt pwofesyonèl swen sante.

Plan nou an kouvri sèvis swen annijans ak ijans atravè lemond, deyò Etazini, nan sikontans sa yo. Si w gen yon bezwen swen annijans pandan ou deyò peyi Etazini ak teritwa li yo, ou responsab pou w peye davans pou sèvis ou resevwa epi mande nou ranbousman. N ap ranbouse w pou sèvis annijans ak ijans nou kouvri deyò rezo a deyò Etazini ak teritwa li yo. Sepandan, pousantaj ranbousman yo pa pral pi wo pase pousantaj Original Medicare ta peye pou sèvis sa yo si yo te fèt Ozetazini kote w abite a. Kantite lajan nou peye ou a, si genyen, ap redwi si gen nenpòt pataj frè ki aplikab. Paske n ap ranbouse yon pousantaj ki pa pi wo pase to ranbousman Original Medicare a, epi pwofesyonèl swen sante etranje yo ka fè w peye pou sèvis yo nan yon pousantaj ki pi wo pase to ranbousman Original Medicare a, total ranbousman nou an ak pataj frè ki aplikab yo ka mwens pase kantite lajan ou peye pwofesyonèl swen sante etranje a. Sa a se yon prestasyon adisyonèl ke Medicare pa kouvri anjeneral. Ou dwe montre CarePlus prèv pèman an pou w jwenn ranbousman. Gade Chapit 4 (*Tablo Avantaj Medikal yo, sa ki kouvri*) pou plis enfòmasyon. Si w gentan peye sèvis nou kouvri yo, n ap ranbouse w pou pati pa nou an sou depans sèvis nou kouvri yo. Ou ka voye bòdwo a ak dosye medikal la ba nou pou nou ka pran pèman an ankont. Gade Chapit 7 (*Mande nou peye pati pa nou nan yon bòdwo ou resevwa pou sèvis medikal oswa medikaman plan nou an kouvri*) pou plis enfòmasyon sou kisa pou w fè si w resevwa yon bòdwo oswa si w bezwen mande ranbousman. Transpò pou tounen Etazini soti nan yon lòt peyi PA kouvri. Tretman ki pre-pwograme, pre-planifye (ladan tretman pou yon pwoblèm sante aktyèl) ak/oswa pwosedi ki pa obligatwa PA kouvri.

Seksyon 3.3 Jwenn swen pandan yon katastwòf

Si gouvènè eta w la, Sekretè Sante ak Sèvis Imen Etazini, oswa Prezidan Etazini deklare yon eta katastwòf oswa ijans nan zòn jewografik ou a, ou toujou gen dwa pou w resevwa swen nan plan nou an.

Ale sou **CarePlusHealthPlans.com/Alert** pou w gen enfòmasyon sou fason pou w jwenn swen nesesè pandan yon katastwòf.

Si w pa kapab sèvi ak yon pwofesyonèl swen sante ki fè pati rezo a pandan yon katastwòf, plan nou an ap pèmèt ou jwenn swen nan men pwofesyonèl swen sante ki pa fè pati rezo a nan yon pataj frè nan rezo a. Si ou pa kapab itilize yon famasi ki fè pati rezo a pandan yon katastwòf, ou ka anmezi pou w jwenn medikaman ou yo nan yon famasi ki pa nan rezo a. Ale nan Chapit 5, Seksyon 2.5.

SEKSYON 4 E si yo ta faktire w dirèkteman pou total frè sèvis yo?

Seksyon 4.1 Ou ka mande nou pou nou peye pou sèvis ki kouvri yo

Si ou te peye pou sèvis ou yo ki kouvri yo, oswa si ou te resevwa yon bòdwo pou sèvis medikal ki kouvri yo, ale nan Chapit 7 (*Mande nou pou nou peye yon bòdwo ou te resevwa pou sèvis medikal oswa medikaman ki kouvri yo*) pou jwenn enfòmasyon sou sa pou w fè.

Seksyon 4.2**Si plan nou an pa kouvri sèvis yo**

CareNeeds Extra (HMO D-SNP) kouvri tout sèvis ki nesesè medikalman yo jan sa endike nan Tablo Avantaj Medikal yo nan Chapit 4. Si w jwenn sèvis plan nou an pa kouvri oswa ou jwenn sèvis ki andeyò rezo san otorizasyon, ou gen responsabilite pou w peye total frè sèvis yo.

Pou sèvis ki kouvri yo ki gen avantaj limite, w ap peye total frè a tou pou kèlkeswa sèvis ou resevwa aprè w fin itilize avantaj ou a pou menm tip sèvis ki kouvri sa a. Peye pou frè yo yon fwa ke limit avantaj la atenn **pa p** konte nan maksimòm lajan k ap soti nan pòch ou. Ou ka rele Manm Sèvis yo lè ou vle konnen ki valè ou gentan itilize nan avantaj limite w la.

SEKSYON 5**Sèvis medikal nan yon etid pou rechèch klinik****Seksyon 5.1****Kisa ki yon etid pou rechèch klinik**

Yon etid pou rechèch klinik (ki rele tou yon esè *klinik*) se yon mwayen ke doktè ak syantifik yo itilize pou teste nouvo tip swen medikal yo, tankou efikasite yon novo medikaman kont kansè. Etid pou rechèch klinik Medicare apwouve yo mande anjeneral pou volontè yo patisipe nan etid la. Lè w ap patisipe nan yon etid pou rechèch klinik, ou gendwa toujou rete enskri nan plan nou an epi kontinye resevwa rès swen ou yo (swen ki pa an rapò ak etid la) gras ak plan nou an.

Si ou patisipe nan yon etid Medicare-apwouve, Original Medicare peye majorite nan frè sèvis ki kouvri ou jwenn yo ki fè pati de etid la. Si w di nou w ap patisipe nan yon esè klinik ki kalifye, ou sèlman responsab pou pataj frè rezo a pou sèvis ki enkli nan esè sa a. Si w te peye plis—pa egzanp, si ou te gentan peye montan pataj frè Original Medicare la, n ap remèt ou diferans ant sa ou peye a ak pataj frè ki nan rezo a. W ap bezwen bay dokiman pou montre nou konbyen w te peye.

Si w vle patisipe nan kèlkeswa etid pou rechèch klinik Medicare apwouve, ou pa bezwen di nou oswa gen apwobasyon nou oswa PCP w la. Pwofesyonèl swen sante k ap ba w swen nan kad etid pou rechèch klinik la pa bezwen fè pati rezo plan nou an. (Sa a pa aplike pou avantaj ki kouvri ki egzije pou yon ese klinik oswa rejis evalye avantaj la, ladan sèten avantaj ki egzije kouvèti avèk devlopman prèv (NCDs-CED) ak etid sou egzanpsyon ankèt sou dispozitif (IDE). Avantaj sa yo gendwa bezwen respekte otorizasyon davans ak lòt règ plan an.)

Pandan ou pa p bezwen pèmisyon plan nou an pou patisipe nan yon etid pou rechèch klinik, nou ankouraje w avèti nou alavans lè ou chwazi patisipe nan esè klinik Medicare kalifye yo.

Si w patisipe nan yon etid k Medicare oswa plan nou an pa apwouve, *w ap responsab pou w peye tout frè yo pou patisipasyon w nan etid lan.*

Seksyon 5.2**Kiyès ki peye pou sèvis nan yon etid rechèch klinik**

Depi ou entegre nan yon etid pou rechèch klinik Medicare-apwouve, Original Medicare kouvri atik ak sèvis woutin ou jwenn yo nan kad etid la, ki gen ladan l:

- Lojman ak repa pou yon sejou ospitalye ke Medicare t ap toujou peye menm si ou pa t nan yon etid
- Yon operasyon oswa lòt pwosed medikal si l fè pati de etid rechèch la

- Tretman pou efè segondè ak konplikasyon pou nouvo swen an

Apre Medicare fin peye Part pa l nan pri sèvis sa yo, plan nou an ap peye rès la. Menm jan ak tout sèvis ki kouvri yo, ou p ap peye anyen pou sèvis ki kouvri yo ou resevwa kòm yon Part nan etid rechèch klinik la.

Lè w nan yon etid pou rechèch klinik, **ni Medicare ni plan nou an p ap gen pou pran an chaj okenn nan sa yo:**

- Anjeneral, Medicare pa p peye pou nouvo atik oswa sèvis ke etid la ap teste sof si Medicare ta kouvri atik la oswa sèvis la menm si w pa t ap patisipe nan yon etid.
- Atik oswa sèvis ki la sèlman pou kolekte done, e ki pa itilize nan kad swen sante w dirèk. Pa egzanp, Medicare p ap peye pou eskanè CT ki fèt chak mwa nan kad yon etid si kondisyon medikal ou nòmalman t ap bezwen yon sèl eskanè CT.
- Atik ak sèvis esponsò rechèch la founi gratis pou moun ki enskri nan esè a.

Jwenn plis enfòmasyon sou patisipasyon nan yon etid rechèch klinik

Jwenn plis enfòmasyon sou patisipasyon nan yon etid rechèch klinik nan piblikasyon Medicare la ki se Medicare ak Etid Rechèch Klinik (*Medicare and Clinical Research Studies*), ki disponib nan: www.Medicare.gov/sites/default/files/2019-09/02226-medicare-and-clinical-research-studies.pdf. Epitou ou ka rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048.

SEKSYON 6 Règ pou jwenn swen nan yon enstitisyon swen sante non-medikal relije

Seksyon 6.1 Yon enstitisyon swen sante non-medikal relije

Yon enstitisyon swen sante non-medikal relije se yon klinik ki bay swen pou yon pwoblèm òdinèman ki t ap trete nan yon lopital oswa nan yon klinik swen enfimye kalifye. Si resevwa swen nan yon lopital oswa nan yonetablisman swen enfimye espesyalize kont kwayans yon manm relije, n ap pito kouvri swen nan yon enstitisyon swen sante non-medikal relije. Nou akòde avantaj sa sèlman pou sèvis pou pasyan ki entène Part A (sèvis swen sante non-medikal).

Seksyon 6.2 Kijan pou jwenn swen nan yon enstitisyon swen sante non-medikal relije

Pou resevwa swen nan yon enstitisyon swen sante non-medikal relije, ou dwe siyen yon dokiman legal ki di ou delibereman opoze ak resevwa tretman medikal sa ki **pa-ekskli**.

- Swen medikal oswa tretman **ki pa ekskli** se kèlkeswa swen medikal oswa tretman ki volontè epi ki pa obligatwa daprè nenpòt lwa federal, etatik, oswa lokal.
- Tretman medikal **ki ekskli** se swen medikal oswa tretman ke ou resevwa ki pa volontè oswa ki obligatwa daprè lwa federal, etatik, oswa lokal.

Pou plan nou an kouvri depans ou, swen ou resevwa nan enstitisyon sante non-medikal relije a dwe reponn a kondisyon sa yo:

- Medicare dwe sètifye etablisman k ap founi swen an.

- Plan nou an sèlman kouvri aspè swen ki pa reliye.
- Si se atravè yon etablisman w ap benefisyè sèvis enstitisyon sa a, kondisyon sa yo ap aplike:
 - Ou dwe gen yon pwoblèm sante k ap pèmèt ou jwenn sèvis ki kouvri pou swen pou pasyan ki entèn lopital oswa pou swen nan etablisman swen enfimye espesyalize.
 - - epitou - ou dwe jwenn apwobasyon davans nan men plan nou an avan yo admèt ou nan etablisman an sinon sejou w la pa p kouvri.

Kouvèti Medicare Inpatient Hospital la limite aplikasyon (Tanpri refere Chapit 4 nan Tablo Avantaj Medikal yo).

SEKSYON 7 Règleman pou pwopriyete pou ekipman medikal dirab

Seksyon 7.1	Ekipman medikal dirab pa p vin pou ou aprè w fin pase yon kantite tan ap peye plan nou an
--------------------	--

Ekipman medikal dirab (DME) genyen ladan l kèk eleman tankou ekipman ak founiti pou oksijèn, chèz woulant, deanbilatè, sistèm matla motorize, beki, founiti pou dyabetik, aparèy ki jenere lapawòl, ponp pou pèfizyon nan venn (IV), nebilizè, ak kabann lopital yon pwofesyonèl swen sante kòmande pou manm yo sèvi adomisil. Manm lan toujou gen pwopriyete kèk atik DME, tankou pwotèz yo. Ou dwe lwe lòt kalite DME yo.

Nan Original Medicare, moun ki lwe kèk tip DME vin pwopriyetè ekipman an aprè l fin peye kopeman pou materyèl la pandan 13 mwa. **Antanke yon manm CareNeeds Extra (HMO D-SNP), anjeneral ou pa p vin pwopriyetè atik DME ke ou te lwe yo kèleswa kantite kopeman ou fè pou atik la pandan ou manm plan nou an.** Ou pa p gen pwopriyete a menmsi ou fè jiska 12 peman youn dèyè lòt pou atik DME a anba Original Medicare anvan ou te vin nan plan nou an. Gen kèk sikonsans limite ki ka fè nou pèmèt ou vin pwopriyetè yon materyèl DME. Rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711) pou plis enfòmasyon.

Kisa k ap rive ak peman pou ekipman medikal dirab ou fin fè yo si w ta deside vire sou Original Medicare?

Si w pa t jwenn tit pwopriyetè materyèl DME a pandan w te nan plan nou an, w ap gen pou w vèse 13 nouvo peman youn dèyè lòt lè w fin vire sou Original Medicare pou materyèl DME a vin pou ou. Peman ou te fè pandan w te enskri nan plan nou an pa p konte nan 13 peman sa yo.

Egzanp 1: Ou fè 12 oswa pi piti peman youn dèyè lòt pou materyèl la nan Original Medicare après ou vin nan plan nou an. Peman ou te fè nan Original Medicare yo pa konte. W ap gen pou w fè 13 peman nan plan pa nou an avan materyèl la vin pou ou.

Egzanp 2: Ou fè 12 oswa pi piti peman youn dèyè lòt pou materyèl la nan Original Medicare après ou vin nan plan nou an. Ou pa t jwenn pwopriyete atik la pandan ou nan plan nou an. Aprè sa ou retounen nan Original Medicare. Kou w fin retounen nan Original Medicare, w ap gen pou w fè 13 nouvo peman youn dèyè lòt pou materyèl la ka vin pou ou. Nenpòt peman ou te déjà fè (swa bay plan nou an oswa Original Medicare) pa konte.

Seksyon 7.2	Règleman pou ekipman, founiti, ak antretyen oksijèn
--------------------	--

Si w kalifye pou kouvèti Medicare pou ekipman oksijèn, CareNeeds Extra (HMO D-SNP) ap kouvri:

- Lokasyon ekipman oksijèn

- Livrezon oksijèn ak kontni oksijèn
- Tib ak akseswa ki asosye ak distribisyon oksijèn ak kontni oksijèn
- Antretyen ak reparasyon ekipman oksijèn

Si w kite CareNeeds Extra (HMO D-SNP) oswa ou pa gen nesesite medikal pou itilize ekipman oksijèn ankò, ou dwe retounen ekipman oksijèn nan.

Kisa k ap rive si w kite plan w lan epi w tounen nan Original Medicare?

Original Medicare egzije yon founisè oksijèn pou founi w sèvis pandan 5 lane. Pandan premye 36 mwa yo, w ap lwe ekipman an. Pou 24 mwa ki rete yo, founisè a ap bay epi antreteni ekipman an (w ap toujou responsab pou kopeman oksijèn nan). Aprè 5 lane, ou ka chwazi kenbe menm konpayi a oswa chwazi yon lòt. Apati de la, sik 5 lane a ap rekòmanse ankò, menmsi w ta rete nan menm konpayi a, epi ou vin gen obligasyon ankò pou peye kopeman pou 36 premye mwa yo. Si w rejwenn oswa kite plan nou an, sik 5 lane a ap rekòmanse nèt.

CHAPIT 4:

Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri)

SEKSYON 1 Konprann sèvis ki kouvri yo

Tablo Avantaj Medikal la lis sèvis ou yo ki kouvri antanke yon manm CareNeeds Extra (HMO D-SNP). Epitou, seksyon sa a bay enfòmasyon sou sèvis medikal ki pa kouvri yo. Gade Seksyon 4 “Sèvis plan nou an pa kouvri” pou diferan plan epi esklizyon ak limitasyon avantaj yo.

Seksyon 1.1	Ou pa peye anyen pou sèvis ou yo ki kouvri yo
--------------------	--

Piske w resevwa èd nan men Medicaid, ou p ap peye anyen pou sèvis ki kouvri yo depi w suiv règ plan nou an pou w jwenn swen w yo. (Ale nan Chapit 3 a pou jwenn plis enfòmasyon konsènan règ plan nou an pou w jwenn swen w.)

Seksyon 1.2	Ki pi gwo montan w ap gen pou w peye pou sèvis medikal Medicare Part A ak Part B kouvri yo?
--------------------	--

Nòt: Kòm manm nou yo jwenn èd tou nan Florida Medicaid, pa gen anpil manm ki janm rive atenn montan maksimòm ki soti nan pòch sa a. Ou pa responsab pou peye okenn frè avèk lajan ki sòti nan pòch ou pam i montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou pou sèvis Part A ak Part B ki kouvri yo.

Plan Medicare Advantage yo gen limit nan kantite lajan w ap gen pou w peye k ap soti nan pòch ou chak ane pou sèvis medikal Medicare Part A ak Part B kouvri. Limit sa a rele kantite lajan maksimòm ki soti nan pòch (maximum out-of-pocket, MOOP) pou sèvis medikal yo. **Pou ane kalandriye 2026 la montan sa a se \$9,250 (Nan Rezo a).**

Montan ou peye pou kopeman ak ko-asirans pou sèvis ki kouvri yo kontabilize nan kantite lajan maksimòm ki soti nan pòch sa a. Montan ou peye pou medikaman Part D w la pa kontabilize nan kantite lajan maksimòm ki soti nan pòch ou. Anplis de sa, montan ou peye pou kèk sèvis p ap kontabilize nan kantite lajan maksimòm ki soti nan pòch ou. Sèvis sa yo make avèk yon asteriks nan Tablo Avantaj Medikal yo. Si ou rive atenn yon kantite lajan maksimòm ki soti nan pòch ki evalye a **\$9,250**, ou p ap peye anyen pou sèvis ou resevwa ki kouvri nan Part A ak Part B yo pou rès ane a. Sepandan, ou dwe kontinye peye prim Medicare Part B nou an (sof si Florida Medicaid oswa yon lòt tyès pati peye prim Part B w la pou ou).

SEKSYON 2 Tablo Avantaj Medikal yo montre avantaj medikal ou yo

Tablo Avantaj Medikal ki nan paj ki annapre yo liste sèvis ke CareNeeds Extra (HMO D-SNP) kouvri yo. (Kouvèti medikaman Part D nan Chapit 5.) Sèvis ki ekri nan Tablo Avantaj Medikal yo gen kouvèti sèlman si egzijans sa yo respekte:

- Sèvis Medicare ak Medicaid ou ki kouvri yo dwe bay selon direktiv kouvèti Medicare ak Medicaid yo.

- Sèvis ou yo (ki gen ladan l swen medikal, sèvis, founiti, ekipman, ak medikaman Part B yo) dwe yon nesesite medikal. Nesesite medikal vle di sèvis, founiti, ekipman oswa medikaman yo nesesè pou prevansyon, dyagnostik oswa tretman kondisyon medikal ou a epi yo rantre nan nòm pratik medikal yo aksepte.
- Pou novo enskri yo, plan swen kowòdone MA (Medicare Advantage) ou a dwe bay yon peryòd tranzisyon minimòm 90 jou, pandan tan sa novo plan MA a p ap gen obligasyon pre-otorizasyon pou kèlkeswa tretman aktif ki an kou, menm si tretman ki an kou an te pou yon sèvis ki te kòmanse avèk yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a.
- Ou jwenn swen nan men yon pwofesyonèl swen sante rezo a. Nan majorite ka, swen ou jwenn nan men yon pwofesyonèl swen sante ki andeyò rezo a pa p jwenn kouvèti sof si se yon swen dijans oswa yon swen ijan oswa sof si plan nou an oswa yon pwofesyonèl swen sante rezo a te ba w yon referans. Sa vle di w ap oblige peye pwofesyonèl swen sante a tout montan an pou sèvis ou resevwa andeyò rezo a.
- Ou gen yon pwofesyonèl swen sante prensipal (yon PCP) ki ba w swen e ki sipèvize swen w lan. Nan majorite sitiyasyon yo, PCP w la dwe ba w apwobasyon alavans (yon referans) anvan ou kapab al wè lòt pwofesyonèl swen sante rezo plan nou an.
- Kèk nan sèvis ki liste nan Tablo Avantaj Medikal yo kouvri sèlman si doktè w oswa lòt pwofesyonèl swen sante rezo jwenn nan men nou apwobasyon alavans (yo rele l pafwa otorizasyon davans). Sèvis ki kouvri ki bezwen apwobasyon alavans yo make nan Tablo Avantaj Medikal yo ak yon nòt anba nan paj.

> W ap jwenn lis pre-otorizasyon an la: **CarePlusHealthPlans.com/PAL**

- Si plan sante kowòdone w la bay apwobasyon pou yon demann otorizasyon davans pou yon tretman ki an kou, apwobasyon an sipoze valab menm jan li sipoze medikalman rezonab ak nesesè pou evite pètibasyon nan swen an, ki an akò ak kouvèti kritè aplikab, istwa medikal ou, ak rekòmandasyon pwofesyonèl swen sante tretan an.

Lòt bagay enpòtan ou dwe konnen konsènan kouvèti w la:

- Medicare ak Medicaid kouvri ou. Medicare kouvri swen sante ak medikaman sou preskripsiyo yo. Medicaid kapab kouvri pataj frè pou sèvis Medicare yo, ki gen ladan l franchiz medikal ak pataj frè plan an ansanm avèk prim Medicare Part A ak Part B yo selon nivo èd ou jwenn nan men Florida Medicaid la. Florida Medicaid kapab kouvri sèvis Medicare pa kouvri yo tou.
- Tankou tout plan sante Medicare yo, nou kouvri tout sa Original Medicare kouvri. (Pou jwenn plis enfòmasyon sou kouvèti a ak frè pou Original Medicare, al gade nan manyèl Medicare ak Ou 2026 (Medicare & You 2026) lan. Ou kapab gade li sou entènèt sou www.Medicare.gov oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou mande yon kopi. Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048.)
- Pou sèvis preventif Original Medicare kouvri san koute anyen yo, n ap kouvri sèvis sa yo san yo pa koute w anyen tou.
- Si Medicare ajoute yon kouvèti pou kèlkeswa novo sèvis pandan 2026 lan, swa Medicare oswa plan nou an ap kouvri sèvis sa yo.
- Plan sa gen ladan l a la fwa avantaj Medicare ak kèk avantaj Medicaid ke Medicare pa ofri. Tablo Avantaj Medikal yo ki pi ba a liste tout avantaj Medicare yo ak avantaj siplemantè Medicaid ki gen kouvèti yo.
- Si ou nan peryòd sis mwa elijiblite kontinyèl fyab plan nou an, n ap kontinye ba w tout avantaj Medicare ke plan Medicare Advantage la kouvri. Sepandan, pandan peryòd sa a, ou ka soumèt ak prim Part D yo ak pataj frè Part D yo ki baze sou nivo Èd Siplemantè (Extra Help) ou. Anplis, selon nivo elijibilite w nan Florida Medicaid, ou ka responsab pou prim Medicare Part A ak/oswa Part B tou. Nou pral kontinye kouvri pataj frè ki kouvri pa plan

Medicare Advantage ou a pandan tan sa a. N ap kontinye kouvrì avantaj Medicaid ki kouvrì pa plan ou an. Montan pataj frè plan an pou avantaj bazik ak siplemantè Medicare yo p ap chanje pandan peryòd sa a.

Ou p ap peye anyen pou sèvis ki liste nan Tablo Avantaj Medikal yo, toutotan w ranpli kondisyon pou kouvèti ki dekri pi wo a.

Enfòmasyon Enpòtan sou Avantaj pou Moun Ki Kalifye pou Èd Siplemantè (Extra Help):

- Si w resevwa Èd Siplemantè (Extra Help) pou peye frè pou kouvèti medikaman Medicare ou a, ou kapab elijib pou lòt avantaj siplemantè ki sible ak/oswa pataj frè redui ki sible.

Enfòmasyon Enpòtan sou Avantaj pou Moun ki Enskri ki gen Pwoblèm Sante Kwonik

- Si yo fè dyagnostik ki montre w gen pwoblèm kwonik ki anba yo epi w ranpli sèten kritè, ou kapab elijib pou avantaj siplemantè espesyal pou maladi kwonik la.
 - Manm yo fè dyagnostik ki montre yo gen youn oswa plizyè nan pwoblèm kwonik kalifye yo idantifye anba a, epi ki gen yon reklamasyon medikal nan CarePlus ak yon dat sèvis nan oswa apre 1/1/2021 ki reflete dyagnostik sa a, kapab elijib pou resevwa avantaj anplis atravè CarePlus CareEssential Allowance. Nan kèk ka, manm yo kapab anmezi pou yo kalifye lè yo fè yon Evalyasyon Risk Sante (Health Risk Assessment, HRA) epi yo endike yon dyagnostik pou youn oswa plizyè pwoblèm sante kwonik ki elijib:
 - > Twoub otoimin
 - > Kansè
 - > Twoub kadyovaskilè
 - > Twoub kwonik konsomasyon alkòl ak konsomasyon lòt dwòg
 - > Pwoblèm sante mantal kwonik ak ki andikape
 - > Maladi gastwo--entestinal kwonik
 - > Ensifizans kadyak kwonik
 - > Ipèlipidemi kwonik
 - > Ipétansyon kwonik
 - > Maladi ren kwonik
 - > Twoub kwonik poumon
 - > Pwoblèm sante ki asosye avèk andikap konytif
 - > Pwoblèm sante avèk difikilte fonksyonèl
 - > Demans
 - > Dyabèt sikre
 - > HIV/AIDS
 - > Twoub newolojik
 - > Apre transplantasyon ògàn
 - > Twoub ematolojik grav
 - > Estwok
- Pou plis detay, ale nan liy *Avantaj Anplis Espesyal pou Malad Kwonik* nan Tablo Avantaj Medikal ki pi ba a.
- Kontakte nou pou konn egzakteman ki avantaj ou gendwa elijib pou yo.
- * Alokasyon pou depans sa a se yon pwogram espesyal pou manm ki gen pwoblèm sante byen presi yo. Maladi ki kalifye yo enkli dyabèt sikre, twoub kadyovaskilè, twoub sante mantal kwonik epi ki envalide moun nan, twoub pilmonè kwonik, oswa ensifizans kadyak kwonik, pami lòt maladi yo. Gen kèk plan ki egziste ke gen omwen de maladi ak lòt egzijans ki aplike. Si w itilize pwogram sa a pou lwaye oswa sèvis publik, Lojman ak

Devlopman Iben (HUD) mande pou rapòte l kòm revni si w ap chèche èd. Kontakte biwo HUD lokal ou a si w gen kesyon.

● Pòm sa a montre sèvis preventif yo nan Tablo Avantaj Medikal yo.

* Asteriks sa a montre avantaj siplemente yo nan Tablo Avantaj Medikal yo.

+ W ap wè siy plis sa bò kote sèvis Medicaid ki kouvri yo ki enkli nan plan nou an.

Ale nan Seksyon 1.1 chapit sa a pou w jwenn enfòmasyon sou pwoteksyon pataj frè Florida Medicaid.

Pou yon lis konplè avantaj Medicaid ofri atravè pwogram etatik Medicaid la ak egzijans pataj frè yo, si genyen, tanpri ale nan seksyon Konparezon Avantaj Medicaid ki nan Rezime Avantaj ou yo. Tanpri kontakte Ajans Medicaid ou a pou w konnen elijibilite avantaj ou epi detèmine nivo responsablite pataj frè w. Nòt: Pataj frè a baze sou nivo elijibilite w pou Medicaid. Pou plan sa a, nivo Medicaid swivan yo pwoteje ak pataj frè: FBDE, QMB+ ak SLMB+.

Tablo Avantaj Medikal yo	
Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<p>● Tès depistaj pou anevrism awòt abdominal</p> <p>Yon ekografi a depistaj inik pou moun a risk. Plan nou an kouvri tès depistaji sa a si ou gen kèk faktè risk ak si w jwenn yon referans nan men medsen w, asistan medsen, enfimyè pratisyen, oswa enfimyè klinik spesyalize.</p>	<p>Nan rezo: Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou manm ki elijib pou tès depistaj preventif sa a.</p>
<p>Akiponkti pou doulè kwonik nan ba do</p> <p>Sèvis ki kouvri yo genyen:</p> <p>Jiska 20 vizit sou yon ane kalandriye nan sikontans annapre yo:</p> <p>Pou kapab jwenn avantaj sa a, doulè kwonik nan do a prezante kon sa:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Li dire 12 semèn oswa plis; • li pa espesifik, nan ka sa li pa gen yon rezon sistemik ki idantifye l (sa vle di, li pa asosye avèk maladi metastatik, inflamatwa, enfektyez, ect.); • li pa asosye ak entèvansyon chrijikal; epi • li pa asosye ak gwochè. <p>Plan w lan pèmèt ou resevwa sèvis nan men yon pwofesyonèl swen sante ki lisansye pou pratike akiponkti oswa nan men pwofesyonèl swen sante ki reponn a egzijans Original Medicare yo pou sa.</p> <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.</p>	<p>Nan rezo: \$0 kòm kopeman – Biwo Espesyalis</p>

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<p>* Akiponkti kòm sèvis de woutin</p> <p>Akiponkti se yon pwosedi kote ou antre ak manipile egwi nan divès pwen nan kò a pou jwenn soulajman ak doulè oswa pou rezon terapeutik ki gen nesesite medikal.</p> <p>Ou resevwa kouvèti pou jiska 25 vizit pa ane sivil.</p> <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.</p>	<p>Nan rezo: <u>Akiponkti woutin</u> \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> - Biwo Espesyalis </p>
<p>Piki pou alèji ak sewòm</p> <p>Ou resevwa kouvèti pou piki kont alèji ak sewòm lè sa gen nesesite medikal.</p>	<p>Nan rezo: <u>Piki pou Alèji ak Sewòm</u> \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> - Biwo PCP - Biwo Espesyalis </p>
<p>Sèvis anbilans</p> <p>Sèvis anbilans ki kouvri, swa pou yon sitiyasyon ijan oswa ki pa ijan, ki gen ladan sèvis anbilans ki gen vwal fiks, vwal ki vire, vwal ki vire epi woutye, pou rive nan etablisman ki pi prè, ki apwopriye, ki ka bay swen si swen yo se pou yon manm ki nan yon eta sante kote lòt mwayen transpò yo t ap mete lavi l plis andaje oswa si plan nou an otorize yo. Si sèvis anbilans ki kouvri yo pa pou yon sitiyasyon ijan, dwe gen prèv ki montre parapò a eta manm lan si l ta pran lòt mwayen transpò, sa kapab mete sante l an danje, e gen egzijans pou transpò anbilansye sa a.</p> <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.</p>	<p>Nan rezo: <u>Anbilans pou Ijans</u> \$0 kòm kopeman kèlkeswa kantite trajè yo <ul style="list-style-type: none"> - Anbilans Woutye - Anbilans Ayeryèn <u>Anbilans ki Pa Pou-Ijans</u> \$0 kòm kopeman kèlkeswa kantite trajè yo <ul style="list-style-type: none"> - Anbilans Woutye - Anbilans Ayeryèn </p>
<p> Vizit pou byennèt chak ane</p> <p>Si w genyen Part B pandan plis pase 12 mwa, ou kapab jwenn yon vizit pou Byennèt Chak Ane pou w ka devlope oswa aktyalize yon plan prevansyon pèsonèl ki base sou faktè sante ak faktè risk aktyèl ou yo. Yo kouvri li yon fwa chak 12 mwa.</p> <p>Nòt: Premye vizit pou byennèt chak ane w la pa kapab rive nan lespas 12 mwa vizit prevansyon <i>Byenvini nan Medicare</i> ou a. Sepandan, ou pa bezwen fè yon vizit <i>Byenvini nan Medicare</i> pou w ka gen kouvèti pou vizit pou byennèt chak ane w yo apre w fin gen Part B pandan 12 mwa.</p>	<p>Nan rezo: Pa gen okenn ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou vizit pou byennèt chak ane an.</p>
<p>+ Sèvis Swen avèk Asistans (ACS) (Kouvri nan Medicaid)</p> <p>Toudepann nivo elijiblite w pou Medicaid, nou ka founi w kouvèti adisyonèl pou sèvis avèk swen asistans. Sèvis sa yo kouvri pou manm ki bezwen yon seri sèvis entegre 24 sou 24 e ou viv nan yon rezidans avèk sèvis asistans, rezidans swen fanmi pou adilt oswa etablisman tretman rezidansyèl.</p>	<p>Nan rezo: \$0 kòm kopeman</p>

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<p>Dapre yon evalyasyon medikal yon pwofesyonèl swen sante otorize fè, manm yo detèmine ki bezwen yon plan sèvis endividiyèl yo ka patisipe nan pwogram ACS la. Pou ankouraje sante ak retade oswa anpeche enstitisyonalizasyon ak pèmèt manm nan viv nan etablisman an, tanpri gade sèvis ki kouvri yo ki liste pi ba a:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Asistans ak sipò pou sante • Asistans avèk aktivite vi toulejou • Asistans avèk medikaman oto-administre <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik ak sèvis. Lyen sila a ap mennen w jwenn yon lis atik ak sèvis ki ka sijè a otorizasyon alavans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.</p>	
<p> Mezi mas zo</p> <p>Pou moun ki kalifye yo (anjeneral, sa vle di moun ki gen risk pou yo pèdi dansite tisi zo oswa ki gen risk pou osteyopowoz), sèvis sila yo kouvri chak 24 mwa oswa pi souvan si nesesè pou rezon medikal: pwosedi pou idantifye dansite tisi zo, detekte pèt tisi zo oswa detèmine kalite tisi zo a, ikonpri yon entèpretasyon doktè a sou rezulta yo.</p>	<p>Nan rezo: Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman ni franchiz pou meziraj dansite tisi zo Medicare kouvri.</p>
<p> Tès Depistaj kansè nan tete (mamogram)</p> <p>Sèvis ki kouvri yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon mamogram debaz ant laj 35 ak 39 ane • Yon tès depistaj mamogram chak 12 mwa pou fanm laj 40 ane ak piplis • Egzamen klinik pou tete yon fwa chak 24 mwa 	<p>Nan rezo: Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman ni franchiz pou mamogram depistaj ki kouvri yo.</p>
<p>Sèvis reyabilitasyon kadyak</p> <p>Pwogram konpreyansif pou sèvis reyadaptasyon kadyak ki gen ladan egzèsis, edikasyon, ak konsèy yo kouvri pou manm ki atenn sèten kondisyon avèk yon referans doktè.</p> <p>Plan nou an kouvri pwogram reyadaptasyon kadyak entansif ki dabitid pi rigoure oswa pi entans pase pwogram reyadaptasyon kadyak yo.</p> <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.</p>	<p>Nan rezo: \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> - Biwo Espesyalis - Lopital pou pasyan ki pa entène </p>
<p> Vizit pou diminye risk pou maladi kadyovaskilè (terapi pou maladi kadyovaskilè)</p> <p>Nou kouvri yon vizit chak ane avèk medsen swen prensipal ou pou ede diminye risk ou pou maladi kadyovaskilè. Pandan vizit sa a, doktè w la ka pale sou pran aspirin (si sa apwopriye) verifye tansyon w, e li ka ba w ti konsèy pou fè ansòt ou manje sa ki bon pou sante w.</p>	<p>Nan rezo: Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou avantaj preventif terapi konpòtmantal kadyovaskilè entansif la.</p>

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<p> Tès depistaj maladi kadyovaskilè</p> <p>Analiz san pou detekte maladi kadyovaskilè (oswa anomalie ki asosye ak risk elve pou maladi kadyovaskilè) yon fwa chak 5 an (60 mwa).</p>	<p>Nan rezo: Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou tès maladi kadyovaskilè ki kouvri yon fwa chak 5 an.</p>
<p>*Pwogram Manje CarePlus Well Dine™</p> <p>Apre sejou w kòm pasyan ki entène swa nan yon lopital swa nan yon etablisman swen enfimye, ou ka elijib pou resevwa 2 repa yo livre lakay ou chak jou pandan 7 jou (jiska 14 repa). Ou dwe mande repa yo nan lespas 30 jou apre egzeyat ou apre sejou ou kòm pasyan ki entène. Limite a 4 fwa pa ane.</p> <p>Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte nimewo ki nan do kat Idantifikasyon (ID) pou manm CarePlus ou a.</p>	<p>Nan rezo: Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman ni franchiz pou patisipe.</p>
<p> Tès depistaj kansè nan kolò matris ak nan vajen</p> <p>Sèvis ki kouvri yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> Pou tout fanm: Pap tès ak egzamen pèlvien yo kouvri yon fwa chak 24 mwa Si ou genyen risk elve pou kansè nan matris oswa nan vajen oswa ou nan laj pou fè ptit e ou te gen yon fwoti vajinal ki pat nòmal nan 3 dènye ane ki sot pase yo: yon fwoti vajinal (Pap tès) chak 12 mwa 	<p>Nan rezo: Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman, ni franchiz pou fwoti vajinal ak egzamen pèlvien preventif Medicare kouvri.</p>
<p>Sèvis kiwopratik</p> <p>Sèvis ki kouvri yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> Nou kouvri sèlman manipilasyon kolòn vètebral pou korije siblikasyon (youn oswa plizyè nan zo ki nan kolòn vètebral yo deplase nan pozisyon yo). <p>*Anplisde Avantaj Medicare Kouvri ki liste pi wo a, ou ka refere tèt ou kay yon chiwopraktè rezo a pou 12 vizit pou chak ane kalandriye pou swen.</p> <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.</p>	<p>Nan rezo: <u>Sèvis Kiwopratik Medicare Kouvri</u> \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> Biwo Espesyalis </p> <p>Nan rezo: <u>Sèvis Kiwopraktik (Woutin)</u> \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> Biwo Espesyalis </p>
<p>Jesyon doulè kwonik ak sèvis tretman</p> <p>Sèvis mansyèl ki kouvri pou moun ki ap viv avèk doulè kwonik (doulè pèsistan oswa ki toujou ap tounen ki dire plis pase 3 mwa). Sèvis yo gendwa gen ladan evalyasyon doulè, jesyon medikaman ak kowòdinasyon ak planifikasyon swen.</p>	<p>Pataj frè pou sèvis sa a ap varye selon sèvis endividye yon bay nan kad tretman an.</p> <p>Nan rezo: <u>Pwofesyonèl Swen Sante ak Sèvis</u> <u>Pwofesyonèl yo</u> \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> Biwo PCP Biwo Espesyalis </p>

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<p> Tès depistaj kansè kolorektal</p> <p>Tès depistaj sila yo kouvri:</p> <ul style="list-style-type: none"> Pa gen limit laj minimòm oswa maksimòm pou koloskopi, epi li kouvri yon fwa chak 120 mwa (10 lane) pou pasyan ki pa gen risk elve, oswa 48 mwa apre yon sigmoyidoskopi fleksib anvan sa pou pasyan ki pa gen risk elve pou kansè kolorektal, epi yon fwa chak 24 mwa pou pasyan ki gen risk elve apre yon tès depistaj pou koloskopi anvan sa. Tomodansitometri kolongrafi pou pasyan ki gen 45 lane oswa plis ki pa gen gwo risk pou kansè kolorektal kouvri lè omwen 59 mwa pase apre mwa kote dènye tès depistaj tomodansitometri kolongrafi a te fèt oswa 47 mwa pase apre mwa kote dènye tès depistaj sigmoyidoskopi fleksib oswa depistaj kolonoskopi a te fèt. Pou pasyan ki gen gwo risk pou kansè kolorektal, yo ka peye pou yon tès depistaj tomodansitometri kolongrafi ki fèt apre omwen 23 mwa pase apre mwa kote dènye tès depistaj tomodansitometri kolongrafi oswa dènye kolonoskopi depistaj la te fèt. Sigmoyidoskopi fleksib pou pasyan ki gen 45 lane oswa plis. Yon fwa chak 120 mwa pou pasyan ki pa gen risk elve apre pasyan an fè yon kolonoskopi depistaj. Yon fwa chak 48 mwa pou pasyan ki gen risk elve apre dènye sigmoyidoskopi fleksib la oswa koloskopi vityèl grasa tomodansitometri. Tès depistaj san kache nan poupou pou pasyan ki gen laj 45 ane oswa plis. Yon fwa chak 12 mwa. ADN miltisib nan poupou pou pasyan ant laj 45 ak 85 ane e ki pa reponn ak kondisyon risk elve yo. Yon fwa chak 3 zan. Tès Byomakè Sangen pou pasyan ant laj 45 ak 85 ane e ki pa reponn ak kondisyon risk elve yo. Yon fwa chak 3 zan. Tès depistaj pou kansè kolorektal yo gen ladan yo yon kolonoskopi depistaj suivi apre yon tès depistaj kansè kolorektal poupou ki pa envasif ke Medicare kouvri ki bay rezulta pozitif. Tès depistaj kansè kolorektal yo gen yon tès depistaj pou sigmoyidoskopi fleksib oswa yon tès depistaj koloskopi planifye ki enplike prelevman tisi oswa lòt matyè, oswa lòt pwosedi yo bay an koneksyon ak, akoz, epi nan menm konsiltasyon klinik ak tès depistaj la. 	<p>Nan rezo: Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, ni franchiz pou tès depistaj kansè kolorektal Medicare kouvri.</p>
<p>Sèvis swen dantè</p> <p>Anjeneral, sèvis swen dantè preventif yo (tankou pwofilaksi, egzamen dantè woutin yo, ak radyografi dantè yo) pa kouvri nan Original Medicare. Sepandan, Medicare peye pou sèvis swen dantè nan yon kantite limite toudepann sikontans lan, sitou lè sèvis la se yon pati entegral yon tretman espesifik pou pwoblèm medikal prensipal yon moun. Pami kèk egzanp ka genyen rekonstitisyon machwa apre yon frakti oswa chòk, rachman dan ki fèt kòm preparasyon pou tretman ak radyasyon pou kansè nan machwa, oswa egzamen oral anvan transplantatsyonògàn.</p> <p>Anplisdesa, nou kouvri Avantaj Swen Dantè Siplemantè Obligatwa ki gen ladan yo sèvis preventif ak dyagnostik.</p>	<p>Nan rezo: <u>Sèvis Dantè Medicare Kouvri</u> \$0 kòm kopeman – Biwo Espesyalis</p> <p>Avantaj Swen Dantè Siplemantè Obligatwa *Ou kouvri pou Avantaj Swen Dantè Siplemantè Obligatwa yo. Al gade deskripsiyon Avantaj Swen Dantè Siplemantè Obligatwa yo nan fen tablo sa a pou detay yo.</p>

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans:</p> <p><u>CarePlusHealthPlans.com/PAL</u>.</p>	
<p>+ Sèvis swen Dantè (Medicaid Kouvri)</p> <p>Toudepann nivo elijibilite Medicaid ou, nou gendwa kouvri swen dantè adisyonèl Medicaid anjeneral kouvri, tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis pou prepare bouch la pou ratelye • Sèvis espesifik pou moun ki gen mwens pase 21 lane 	<p>Nan rezo: \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> - Biwo Espesyalis </p>
<p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans:</p> <p><u>CarePlusHealthPlans.com/PAL</u>.</p>	
<p> Tès depistaj pou depresyon</p> <p>Nou kouvri yon depistaj pou depresyon chak ane. Depistaj la dwe fèt nan yon espas swen prensipal ki ka bay tretman suivi ak/oswa referans.</p>	<p>Nan rezo: Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou yon vizit depistaj depresyon chak ane.</p>
<p> Tès depistaj pou dyabèt</p> <p>Nou kouvri depistaj sa a (ikonpri tès glikoz ajen yo) si ou genyen nenpòt nan faktè risk sila yo: tansyon wo (ipétansyon), istorik kolestewòl ak nivo triglycerid ki pa nòmal (dislipidemi), obezite, oswa yon istorik sik (glikoz) nan san ki wo. Tès yo ka kouvri tou si ou reponn ak lòt kondisyon yo, tankou ou gen twòp pwa e ou gen istorik dyabèt nan fanmi w.</p> <p>Ou kapab elijib pou jiska 2 depistaj pou dyabèt chak 12 mwa apre dat tès depistaj pou dyabèt pi resan w nan.</p>	<p>Nan rezo: Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman ni franchiz pou tès depistaj pou dyabèt Medicare kouvri yo.</p>
<p> Fòmasyon pou oto-jesyon dyabèt, sèvis ak materyèl pou dyabèt</p> <p>Pou tout moun ki genyen dyabèt yo (moun ki depann sou ensilin ak moun ki pa depann sou ensilin yo). Sèvis ki kouvri yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Materyèl pou suiv glisemi ou: glikomèt, bannlèt reyaktif pou teste glikoz, dispozitif lansèt, ak lansèt, epi solisyon pou kontwole glikoz pou tcheke efikasite bannlèt reyaktif ak glikomèt yo. <ul style="list-style-type: none"> - Sa yo se sèl mak glikomèt ak bannlèt reyaktif ki kouvri (prefere) yo: ACCU-CHEK® fabrike nan Roche, oswa pafwa, pwodui Trividia yo anbale sou non famasi w la. - CarePlus kouvri nenpòt glikomèt ak bannlèt reyaktif ki espesifye nan lis mak prefere pi wo a. Anjeneral, altènatif pou mak pwodui ki pa prefere yo pa kouvri amwens doktè w la bay enfòmasyon adekwa pou montre itilizasyon yon mak altènatif nesesè pou rezon medikal nan sitiyasyon pa w la. Si w nouvo nan CarePlus epi w ap sèvi avèk yon mak glikomèt ak bannlèt tès ki pa sou lis mak prefere yo, ou kapab kontakte nou nan 90 jou apre enskripsyon nan plan an pou w mande yon pwovizyon tanporè pou mak altènatif ki pa prefere a. 	<p>Nan rezo: <u>Fòmasyon pou oto-jesyon dyabèt</u> \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> - Biwo PCP - Biwo Espesyalis - Lopital pou pasyan ki pa entène </p> <p><u>Materyèl pou Kontwole Dyabèt</u> \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> - Founisè Materyèl pou Dyabèt - Famasi ki Vann Andetay nan Rezo a </p> <p><u>Soulye ak Semèl pou moun ki Dyabetik</u> \$0 kòm kopeman</p>

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<p>Pandan tan sa a, ou dwe pale ak doktè w la pou w deside si nenpòt nan mak pwodui prefere liste pi wo a apwopriye pou rezon medikal pou ou. Mak pwodui ki pa prefere yo pap kouvri apre premye 90 jou kouvèti yo san yon otorizasyon apwouve alavans pou yon eksepsyon nan kouvèti a.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Pou ni nouvo manm ni manm aktyèl yo, si gen rezon medikal pou w kontinye itilize yon mak pwodui altènativ ki pa prefere, oubyem oswa pwofesyonèl swen w nan ka mande yon eksepsyon nan kouvèti w la pou CarePlus ka kouvri pwodui mak ki pa prefere a jiska fen ane avantaj la. Si oumenm (oswa pwofesyonèl swen w nan) pa dakò ak desizyon kouvèti plan an, oumenm oswa pwofesyonèl swen w nan ka depoze yon demann pou apèl. Ou kapab fè apèl tou si ou pa dakò ak desizyon pwofesyonèl swen sante w la. konsènan ki pwodwi oswa mak ki apwopriye pou kondisyon sante ou. Pou plis enfòmasyon sou kijan pou w fè yon demann pou ale annapèl, gade nan Chapit 9 (<i>Kisa pou w fè si ou genyen yon pwoblèm oswa plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)</i>). • Pou moun ki gen dyabèt ki gen maladi pye dyabetik grav: yon pè soulye terapeutik ak moul espesyal sou mezi pou chak ane kalandriye (ikonpri semèl yo bay ak soulye sa yo) ak 2 pè semèl anplis, oswa yon pè soulye fon ak 3 pè semèl (ki pa gen ladan semèl ki pa fèt sou mezi ki ka retire ki vini ak soulye sa yo). Plan an kouvri eseyaj. • Fòmasyon pou otojesyon dyabèt kouvri dapre sèten pwoblèm. • Pou Glikomèt Konstan, gade ekipman medikal Dirab (DME) ak materyèl asosye yo. <p>💡 (Sèvis preventif) la aplike sèlman pou fòmasyon otojesyon Dyabèt.</p> <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: <u>CarePlusHealthPlans.com/PAL</u>.</p> <p>Ekipman medikal dirab (DME) ak materyèl ki gen rapò ak yo (Pou yon definisyon ekipman medikal dirab, ale nan Chapit 12 ak Chapit 3.)</p> <p>Pami atik ki kouvri yo genyen, men yo pa limite ak: chèz woulant, bekiy, sistèm matla elektwonik, materyèl dyabetik, kabann lopital yon pwofesyonèl swen sante kòmande pou itilize adomisil, ponp enfizyon IV, aparèy sentèz vokal, ekipman oksijèn, nebilizatè, monitè glikoz konstan**, ak deyanbilatè.</p> <p>Nou kouvri tout DME ki nesesè pou rezon medikal epi Original Medicare kouvri yo. Si founisè nou gen nan zòn ou an pa gen yon mak oswa fabrikan an patikilye, ou kapab mande yo si yo kapab komande li espesyalman pou ou.</p>	<p>- Founisè Ekipman Medikal Dirab</p> <p>- Founisè Pwotèz:</p> <p>Nan rezo: <u>Ekipman Medikal Dirab</u> \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> - Founisè Ekipman Medikal Dirab <u>Aparèy Glikomèt Konstan</u> \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> - Founisè Ekipman Medikal Dirab - Famasi </p>

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<p>Lis founisè ki pi resan an disponib sou sitwèb nou an nan CarePlusHealthPlans.com/Doctor.</p> <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.</p> <p>**Glikomèt Konstan (CGM) Preferee kouvri nan famasi yo. CGM prefere yo se Dexcom & Freestyle Libre. CGM ki pa prefere yo pa kouvri nan yon famasi amwens doktè w la bay enfòmasyon adekwa ke itilizasyon yon mak altènatif nesesè pou rezon medikal. Tout CGM yo ap kontinye kouvri atravè founisè ekipman medikal dirab (DME) yo.</p>	
<p>+ Founiti medikal dirab (Medicaid kouvri)</p> <p>Toudepann nivo elijibilite Medicaid ou, nou gendwa kouvri founiti pou enkontinans pou moun ki gen yon dyagnostik AIDS ak yon istorik enfeksyon opòtinis ki lye avèk AIDS.</p> <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.</p>	<p>Nan rezo: \$0 kòm kopeman - Founisè Ekipman Medikal Dirab</p>
<p> Tès depistaj atravè elektwokadyogram (EKG)</p> <p>Lè yo fè tès depistaj EKG a nan kad yon referans ki soti nan vizit prevansyon Byenveni nan Medicare, li gen kouvèti yon sèl fwa pandan tout lavi benefisyè a.</p>	<p>Nan rezo: Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou yon EKG depistaj.</p>
<p>Swen dijans</p> <p>Swen dijans vle di sèvis:</p> <ul style="list-style-type: none"> Yon pwofesyonèl swen founi pou l bay sèvis dijans, e Ki nesesè pou evalye oswa estabilize yon pwoblèm ijans medikal. <p>Yon ijans medikal se lè oumenm, oswa nenpòt lòt moun nòmal ki gen konesans regilye sou sante ak medikaman, kwè ke ou gen sentòm medikal ki mande atansyon medikal imeda pou evite lanmò (e, si ou se yon fanm ansent, pou w ta pèdi yon tibebe nan vant), pèt yon manm, oswa pèt fonksyon nan yon manm. Sentòm medikal yo ka gen ladan yo maladi, blesi, gwo doulè, oswa yon kondisyon medikal ki vin anpire vit.</p> <p>Pataj frè pou sèvis dijans nesesè ou jwenn andeyò rezo a se menm ak lè ou jwenn sèvis sa yo nan rezo a.</p> <p>Ou gen pwoteksyon pou swen dijans atravè lemonn. Si ou genyen yon ijans andeyò peyi Etazini ak teritwa li yo, w ap responsab pou w peye pou tout sèvis yo bay yo davans. Ou dwe montre CarePlus prèv pèman an pou w jwenn ranbousman. Pou plis enfòmasyon tanpri gade Chapit 7.</p>	<p>Nan rezo: <u>Sèvis Dijans</u> \$0 kòm kopeman - Sal Dijans</p> <p>Nan rezo: <u>Pwofesyonèl Swen Sante ak Sèvis</u> <u>Pwofesyonèl yo</u> \$0 kòm kopeman - Sal Dijans</p> <p>Si ou resevwa swen dijans nan yon lopital ki pa nan rezo a epi w bezwen swen pou pasyan ki entène apre pwoblèm dijans ou an fin estabilize, ou dwe retounen nan yon lopital nan rezo a pou w jwenn swen yon fason pou w kapab kontinye jwenn kouvèti OSWA ou dwe jwenn swen antanke pasyan ki entène nan yon lopital ki pa nan rezo a plan an otorize epi depans ou a se pataj frè ou t ap peye nan yon lopital ki nan rezo a.</p>

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
Nou gen dwa pa ranbouse w pou tout depans ou fè ak lajan pòch ou. Sa se akoz tarif kontra nou yo ka pi ba pase to pwofesyonèl swen sante andeyò peyi Etazini ak teritwa li yo. Ou responsab pou nenpòt depans ki depase tarif kontra nou yo menm jan tou ak nenpòt pataj frè pou manm yo ki aplikab.	
Sèvis oditif Evalyasyon dyagnostik odisyon ak ekilib pwofesyonèl swen w la fè pou detèmine si ou bezwen tretman medikal yo kouvri antanke swen pou moun ki pa entène lè ou jwenn yo nan men yon doktè, odyològ, oswa lòt pwofesyonèl swen otorize.	Nan rezo: <u>Sèvis Oditif Medicare Kouvri</u> \$0 kòm kopeman – Biwo Espesyalis
Anplisdesa, nou kouvri Avantaj Siplementè Obligatwa pou Swen Oditif ki gen ladan yo yon egzamen woutin pou odisyon ak kouvèti pou aparèy odisyon. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL .	Avantaj Siplementè Obligatwa pou Swen Oditif *Ou kouvri pou Avantaj Siplementè Obligatwa pou Swen Oditif. Al gade deskripsyon Avantaj Siplementè Obligatwa pou Swen Oditif yo nan fen tablo sa a pou detay yo.
 Tès depistaj pou HIV Pou moun ki mande pou yon tès HIV depistaj oswa ki gen risk elve pou enfeksyon HIV, nou kouvri: <ul style="list-style-type: none">• Yon egzamen depistaj chak 12 mwa Si w ansent, nou kouvri: <ul style="list-style-type: none">• Jiska 3 egzamen depistaj pandan gwosès	Nan rezo: Manm ki elijib pou tès depistaj HIV preventif Medicare kouvri yo pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman ni franchiz.
Ajans swen sante adomisil Anvan w jwenn sèvis sante adomisil, yon doktè dwe sètifye ou bezwen sèvis sante adomisil epi l ap preskri sèvis sante adomisil yon ajans swen sante adomisil pral founi. Ou dwe konfine andedan kay ou, ki vle di kite lakay ou se yon gwo jefò li ye. Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo, men se pa sèlman: <ul style="list-style-type: none">• Sèvis enfimye espesyalize ak oksilyè swen sante adomisil a tan pasyèl oswa detanzantan (ap kouvri anba avantaj swen sante adomisil la, konbinezon sèvis enfimye kalifye ak oksilyè swen sante adomisil yo dwe egal a mwens pase 8 èdtan pa jou e 35 èdtan pa semèn)• Fizyoterapi, ègoterapi ak ôtofoni• Sèvis sosyal ak medikal• Ekipman ak materyèl medikal	Nan rezo: <u>Swen Sante Adomisil</u> \$0 kòm kopeman – Lakay Manm nan
Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL .	Ekipman Medikal Dirab \$0 kòm kopeman – Founisè Ekipman Medikal Dirab

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<p>+ Ajans swen sante adomisil (Medicaid Kouvri)</p> <p>Toudepann nivo elijibilite Medicaid ou, nou gendwa kouvri sèvis èd sante adomisil ki nesesè pou rezon medikal selon direktiv Medicaid yo.</p> <p>Sèvis adisyonèl ki kouvri pou manm ki gen mwens pase 21 lane ki elijib yo gendwa gen ladan swen pèsònèl adomisil, sante fanmi adomisil ak sèvis enfimyè dedye prive.</p> <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.</p>	<p>Nan rezo</p> <p>\$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Lakay Manm nan
<p>Terapi pèfizyon adomisil</p> <p>Terapi pèfizyon adomisil enplike administrasyon medikaman oswa sibstans byolojik defason entravenez oswa sibkitane pou yon moun etan li lakay li. Konpozan ki nesesè pou fè pèfizyon adomisil yo gen ladan yo medikaman an (pa egzanz, anti viral yo, globilin iminitè), ekipman (pa egzanz, yon ponp), ak materyèl (pa egzanz, tib ak katetè yo).</p> <p>Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo, men se pa sèlman:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis pwofesyonèl, ikonpri sèvis enfimye, ke yo bay selon plan swen nou an • Fòmasyon ak ansèyman pou pasyan ki pa kouvri anba avantaj ekipman medikal dirab la • Siveyans adistans • Sèvis siveyans pou pwovizyon terapi pèfizyon adomisil ak medikaman pou enfizyon adomisil yo ke yon founisè terapi pèfizyon adomisil kalifye founi <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.</p>	<p>Nan rezo:</p> <p><u>Founiti Medikal</u></p> <p>\$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Founisè Materyèl Medikal <p><u>Lòt Medikaman Medicare Part B</u></p> <p>\$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Biwo PCP - Biwo Espesyalis - Lopital pou pasyan ki pa entène - Famasi <p><u>Pwofesyonèl Swen Sante ak Sèvis Pwofesyonèl yo</u></p> <p>\$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Biwo PCP
<p>Swen nan ospis</p> <p>Ou elijib pou avantaj ospis lè doktè w la ak direktè medikal lospis la ba w yon pwognostik tèminal ki sètifye ou gen maladi mòtèl e ou gen 6 mwa oswa mwens pou w viv si maladi w la kontinye pakou nòmal li. Ou ka jwenn swen nan nenpòt pwogram ospis Medicare sètifye. Plan nou an oblige ede w jwenn pwogram ospis Medicare sètifye nan zòn sèvis plan nou an, sa gen ladan pwogram ki pou nou, nou kontwole, oswa nou gen yon enterè finansye ladan yo. Doktè ospis ou a ka se yon pwofesyonèl swen sante rezo a oswa yon pwofesyonèl swen sante andeyò rezo a.</p> <p>Sèvis ki kouvri yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman pou kontwole sentòm ak soulaje doulè • Swen repi akoutèm • Swen adomisil 	<p>Lè ou enskri nan yon pwogram ospis Medicare sètifye, sèvis ospis ou yo ak sèvis Part A ak Part B w yo ki gen rapò ak pwonostik tèminal ou a peye anba Original Medicare, pa CareNeeds Extra (HMO D-SNP). Plan nou yo kouvri sèvis konsiltasyon ospis yo (yon sèl fwa) pou yon moun ki malad mòtèl, ki pa chwazi avantaj ospis la. Pataj frè pwofesyonèl swen sante a ka aplike pou konsiltasyon antanke pasyan ki pa entène.</p>

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
Lè ou entène nan ospis ou genyen dwa pou w rete nan plan nou an; si w chwazi rete nan plan nou an ou dwe kontinye peye prim plan yo.	
Pou sèvis ospis ak sèvis ki kouvri anba Medicare Part A oswa B ki gen rapò ak pwognostik tèminal ou a: Original Medicare (olye plan nou an) ap peye pwofesyonèl swen sante ospis ou a pou sèvis ospis yo ak nenpòt sèvis Part A ak Part B ki gen rapò ak pwognostik tèminal ou a. Etan w nan pwogram ospis la, pwofesyonèl swen nan ospis ou a pral faktire Original Medicare pou sèvis Original Medicare peye yo. Yo pral faktire w pataj frè Original Medicare la.	
Pou sèvis ki kouvri nan Medicare Part A oswa B ki pa gen rapò ak pwognostik tèminal ou a: Si ou bezwen sèvis ki pa ijan, ki pa nesesè an ijans ki kouvri nan kad Medicare Part A oswa B epi ki pa gen rapò ak pwonostik tèminal ou, pri w ap peye pou sèvis sa yo depann sou si w itilize yon pwofesyonèl swen sante nan rezo plan nou an epi w suiv règ plan yo (tankou si gen yon egzijans pou w jwenn otorizasyon alavans).	
<ul style="list-style-type: none"> Si ou resevwa sèvis ki kouvri yo nan men yon pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a epi ou suiv règ plan an pou w jwenn sèvis, w ap peye sèlman pataj frè plan nou an pou sèvis ki nan rezo a Si w resevwa sèvis ki kouvri nan men yon pwofesyonèl swen sante andeyò rezo a, w ap peye pataj frè a nan kad Original Medicare 	
Pou sèvis ki kouvri pa CareNeeds Extra (HMO D-SNP) men ki pa kouvri pa Èd Siplementè Medicare Part A oswa B: CareNeeds Extra (HMO D-SNP) ap kontinye kouvri sèvis ki kouvri pa plan an ki pa kouvri anba Part A oswa Part B, kit yo gen rapò ak pwonostik tèminal ou a oswa non. W ap peye montan pataj frè plan nou an pou sèvis sa yo.	
Pou medikaman avantaj Part D plan nou an kapab pa kouvri yo: Si medikaman sa yo pa gen rapò ak pwoblèm tèminal ospis ou a w ap peye pataj frè. Si medikaman sa yo gen rapò ak pwoblèm tèminal ospis ou a, w ap peye pataj frè Original Medicare. Medikaman yo pa janm kouvri anba toude ospis ak plan w nan an menm tan. Pou plis enfòmasyon, ale nan Chapit 5, Seksyon 9.4.	
Nòt: Si ou pa bezwen swen nan ospis (swen ki pa gen rapò ak pwognostik tèminal ou a), kontakte nou pou n fè aranjman pou sèvis yo.	
 Vaksinasyon	Nan rezo: Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, ni franchiz pou vaksen kont nemoni, lagrip/rim, Epatit B, ak COVID-19.
Sèvis Medicare Part B kouvri yo gen ladan yo:	
<ul style="list-style-type: none"> Vaksen kont nemoni Piki (oswa vaksen) kont lagrip/rim, yon fwa chak sezon lagrip/rim nan otòn oswa ivè, ak piki (oswa vaksen) kont lagrip/rim si gen rezon medikal Vaksen kont Epatit B si ou genyen risk elve oswa risk mwayen pou w pran Epatit B Vaksen kont COVID-19 	

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<ul style="list-style-type: none"> Lòt vaksen yo si ou gen risk e yo reponn a règleman kouvèti Medicare Part B <p>Nou kouvri pifò lòt vaksen adilt anba avantaj medikaman Part D a. Al gage nan Chapit 6, Seksyon 8 pou plis enfòmasyon.</p>	<p>Nan rezo:</p> <p><u>Swen pou Pasyan ki Entène</u> <u>Lopital pou Pasyan ki Entène</u></p> <ul style="list-style-type: none"> \$0 kòm kopeman pou chak admisyon
<p>Swen pou pasyan ki entène lopital</p> <p>Li gen ladann reyabilitasyon egi pou pasyan ki entène, lopital swen alontèm ak lòt kalite sèvis pou pasyan ki entène lopital. Swen pou pasyan ki entène lopital kòmanse jou ou entène lopital fòmèlman ak preskripsyon doktè. Jou anvan yo egzeyate w se dènye jou w tankou pasyan ki entène.</p> <p>Ou kouvri pou yon kantite jou san limit antanke pasyan ki entène lopital depi gen rezon medikal pou sa. Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo men se pa sèlman:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Chanm semi-prive (oswa chanm prive si sa nesesè pou rezon medikal) • Repa ikonpri rejim alimantè espesyal yo • Sèvis enfimye regilye • Depans pou inite swen espesyal yo (tankou swen entansif oswa inite swen kadyak) • Medikaman ak medikasyon • Egzamen laboratwa • Radyografi ak lòt sèvis radyoloji • Materyèl chirijikal ak medikal ki nesesè • Itilizasyon aparèy, tankou chèz woulant • Depans fonksyonman ak sal reyanimasyon yo • Fizyoterapi, ègoterapi oswa ôtofoni • Sèvis pou abi sibstans pou pasyan ki entène • Anba sèten kondisyon, tip transplantasyon sila yo kouvri: kòne, ren, ren-pankreyas, kè, fwa, poumon, kè/poumon, mwal epinyè, selil souch, ak entestinal/milti-viseral. Si ou bezwen yon transplantasyon, nou pral fè aranjman pou yon sant transplantasyon Medicare apwouve revwa ka w la, e l pral deside si ou se yon kandida pou transplantasyon. Pwofesyonèl swen transplantasyon yo ka lokal oswa andeyò zòn sèvis la. Si sèvis transplantasyon nan rezo nou an andeyò modèl swen kominate a, ou ka chwazi pou w rete lokal depi pwofesyonèl swen transplantasyon an dakò pou yo aksepte to Original Medicare la. Si CareNeeds Extra (HMO D-SNP) bay sèvis transplantasyon nan yon etablisman ki pa nan modèl swen pou transplantasyon nan kominate w la epi ou chwazi pou w fè transplantasyon yo nan etablisman ki lwen sa a, n ap fè aranjman pou oswa peye pou lojman ak transpò ki apwopriye pou oumenm ak yon moun ki akonpaye w. Ranbousman pou deplasman ak lojman egzije yon minimòm 100 miles ale senp nan sant transplantasyon an a epi li limite a \$10,000 pou chak transplantasyon. • Si w bezwen transplantasyon yon ògàn solid oswa mwal epinyè/selil souch, tanpri kontakte Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907,TTY 711 pou yo dirije w bay Ekip Transplantasyon nou an pou enfòmasyon enpòtan sou swen transplantasyon ou yo. Ou ka jwenn detay adisyonèl sou deplasman ak lojman pou transplantasyon sou CarePlusHealthPlans.com/Transplant. • San - ladan gen estokaj ak administrasyon. Kouvèti pou san total ak global wouj konsantre kòmanse ak premye pent san w bezwen an. 	<p>Nan rezo:</p> <p><u>Pwofesyonèl Swen Sante ak Sèvis</u> <u>Pwofesyonèl yo</u></p> <ul style="list-style-type: none"> \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> - Lopital pou Pasyan ki Entène

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<ul style="list-style-type: none"> Sèvis doktè <p>Nòt: Pou w ka yon pasyan ki entène, pwofesyonèl swen w lan dwe fè yon preskripsyon pou yo hospitalize w defason fòmèl antanke pasyan ki entène lopital. Menmsi ou rete lopital la yon nwit, yo ka toujou konsidere w tankou yon pasyan ki pa entène. Si ou pa sèten si ou se yon pasyan ki entène oswa ki pa entène, mande estaf lopital la.</p> <p>Jwenn plis enfòmasyon sou fich enfòmasyon <i>Medicare la Avantaj Lopital Medicare</i>. Fich enfòmasyon sa a disponib sou www.Medicare.gov/publications/11435-Medicare-Hospital-Benefits.pdf oswa si w rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048.</p> <p>Yo egzije otorizasyon davans pou swen pandan pasyan an entène lopital.</p> <p>Yo egzije otorizasyon davans pou sèvis transplantasyon.</p>	
Sèvis antanke pasyan ki entène nan lopital sikyatrik	<p>Nan rezo:</p> <p><u>Swen Sante Mantal pou Pasyan ki Entène</u> Etablisman Sikyatrik pou Pasyan ki Entène</p> <ul style="list-style-type: none"> \$0 kòm kopeman pou chak admisyon <p>Lopital pou Pasyan ki Entène</p> <ul style="list-style-type: none"> \$0 kòm kopeman pou chak admisyon
<p>Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo sèvis swen sante mantal ki mande sejou lopital.</p> <ul style="list-style-type: none"> 190 jou limit avi pou sèvis antanke pasyan ki entène lopital sikyatrik <ul style="list-style-type: none"> Limit 190 jou a pa aplike pou sèvis Sante Mantal pou Pasyan ki Entène yo bay nan yon inite sikyatri nan yon lopital jeneral Jou avantaj yo itilize nan pwogram Original Medicare la pral konte nan 190 jou rezèv avi yo lè w enskri nan yon plan Medicare Advantage. <p>Yo egzije otorizasyon davans pou swen sante mantal pandan pasyan an entène.</p>	<p>Nan rezo:</p> <p><u>Pwofesyonèl Swen Sante ak Sèvis</u> <u>Pwofesyonèl yo</u> \$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> Lopital pou Pasyan ki Entène Etablisman Sikyatrik pou Pasyan ki Entène
Sejou antanke pasyan ki entène: Sèvis ki kouvri ou jwenn nan yon lopital oswa SNF pandan yon sejou ki pa kouvri antanke pasyan ki entène	<p>Lè sejou antanke pasyan ki entène w la pa kouvri, sèvis ki apwouve ou resevwa yo ap kontinye kouvri jan sa dekri nan tablo avantaj sa a.</p>
<p>Si ou fini avèk avantaj pou pasyan ki entène yo oswa si sejou antanke pasyan ki entène a pa rezonab oswa nesesè, nou pa p kouvri sejou w la antanke pasyan ki entène. Nan sèten ka, nap kouvri sèten sèvis ou jwenn pandan ou lopital la oswa nan etablisman swen enfimye espesyalize (SNF) la. Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo, men se pa sèlman:</p> <ul style="list-style-type: none"> Sèvis doktè Tès dyagnostik (tankou tès laboratwa) Radyografi, terapi radyòm, ak izotop ikonpri materyèl ak sèvis teknisyen yo 	

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<ul style="list-style-type: none"> Pansman chirijikal Atèl, plat ak lòt aparèy ki sèvi pou diminye frakti ak dislokasyon Dispozitif pwotèz ak ôtèz (ki pa dantè) ki ranplase tout oswa yon pati nan yon ògàn entèn nan kò a (ikonpri tisi adjasan), oswa tout oswa pati nan fonksyonman yon ògàn entèn nan kò a ki paka fonksyone an pèmanans oswa ki mal fonksyone, ikonpri ranplasman oswa reparasyob dispozitif sa yo. Atèl pou janm, bra, do ak kou; sentiwon sipò, ak janm, bra ak je atifisyèl, ladan ajisteman, reparasyon, ak ranplasman ki nesesè akoz yo kase, sèvi twòp, pèdi, oswa gen yon chanjman nan kondisyon fizik pasyan an. Fizyoterapi, ôtofoni, ak ègoterapi 	
+ Terapi Masaj (Medicaid Kouvri)	Nan rezo: \$0 kòm kopeman – Biwo Espesyalis
Toudepann nivo elijibilité Medicaid ou, nou gendwa kouvri sèvis terapi masaj pou moun ki gen yon dyagnostik AIDS epi yon istorik enfeksyon opòtinis ki lye avèk AIDS.	
Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.	
 Terapi nitrisyon medikal	Nan rezo: Manm ki elijib pou sèvis terapi nitrisyon medikal Medicare kouvri yo pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman ni franchiz.
Avantaj sa a deziyen pou moun ki gen dyabèt, maladi renal (ren) (men ki pa sou dyaliz), oswa apre yon transplantasyon ren lè se doktè w ki rekòmande sa.	
Nou kouvri 3 èdtan sèvis konsèy fas a fas pandan premye ane ou jwenn sèvis terapi nitrisyon anba Medicare (ki gen ladann plan nou an, nenpòt lòt plan Medicare Advantage, oswa Original Medicare), ak 2 èdtan apre chak ane apre sa. Si kondisyon, tretman, oswa dyagnostik ou a chanje, ou ka pa kapab jwenn plis èdtan tretman avèk yon referans medsen. Yon medsen dwe preskri sèvis sa yo ak renouvele referans yo a chak ane si tretman w nan nesesè pou pwochen ane kalandriye la.	
 Pwogram Medicare pou Prevansyon Dyabèt (MDPP)	Nan rezo: Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou avantaj MDPP a.
Sèvis MDPP yo kouvri pou moun ki elijib yo anba tout plan sante Medicare yo.	
MDPP se yon entèvansyon pou chanjman konpòtman ki bay fòmasyon pratik pou chanjman dyietetik alontèm, ogmantasyon nan aktivite fizik, ak estrateji nan rezoud pwoblèm pou metrize difikilte nan mentni pèt pwa ak yon kalite vi ki bon pou sante.	

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<p>Medikaman Medicare Part B</p> <p>Medikaman sa yo kouvri anba Part B Original Medicare. Manm plan nou yo jwenn kouvèti pou medikaman sa yo atravè plan nou an. Medikaman ki kouvri yo gen ladan yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> Medikaman ke pasyan an pa oto-administre anjeneral epi ki enjekte oswa enfize pandan w ap jwenn sèvis kay doktè, lopital antanke pasyan ki entène, oswa nan sant chiriji anbilatwa Ensilin yo bay atravè yon atik ekipman medikal dirab (tankou yon ponp ensilin ki nesesè pou rezon medikal) Lòt medikaman ou pran avèk ekipman medikal dirab (tankou nebilizatè) ki te otorize nan plan nou an Medikaman pou Alzheimer a, Leqembi®, (non jenerik lecanemab), yo administre nan entravenez. Anplisde depans medikaman yom ou ka bezwen eskàn anplis ak tès anvan ak/oswa pandan tretman ki ta ka ajoute sou depans total ou yo. Pale ak doktè w la sou ki eskàn ak tès ou ka bezwen pou tretman w nan Faktè kowagiliason ou bay tèt ou nan enjeksyon si ou genyen emofili Medikaman Transplantasyon/iminosipresè: Medicare kouvri terapi medikaman transplantasyob si Medicare peye pou transplantasyon ògàn ou a. Ou dwe genyen Part A nan moman transplantasyon ki kouvri a, e ou dwe gen Part B nan moman ou pran medikaman iminosipresè yo. Kouvèti pou medikaman Medicare Part D kouvri medikaman iminosipresè si Part B pa kouvri yo Medikaman sou fòm enjeksyon pou osteyopowoz, si ou konfine lakay ou, gen yon frakti nan zo yon doktè sètifye te asosye ak osteyopowoz apre menopoz, epi w paka administre medikaman an poukont ou Sèten antijèn: Medicare kouvri antijèn si yon doktè prepare yo e yon moun ki byen enstwi (se ka menm oumenm, pasyan an) bay yo anba sipèvizon apwopriye Sèten medikaman anti kansè oral: Medicare kouvri sèten medikaman kansè oral ou pran nan bouch si menm medikaman an disponib sou fòm enjeksyon oswa medikaman an se yon pwo-medikaman (yon fòm oral yon medikaman ki, lè yo vale l, dekonpoze an menm engredyan aktif yo jwenn nan medikaman enjektab la) medikaman enjektab la. Etan nouvo medikaman kansè oral ap vin disponib, Part B ka kouvri yo. Si Part B pa kouvri yo, Part D ap kouvri yo Medikaman oral anti-noze: Medicare kouvri medikaman oral anti-noze ou itilize antanke pati nan yon rejim chimyoterapetik anti-kansè si yo administre anvan, pandan, oswa nan lespas 48 èdtan chimyoterapi oswa yo itilize tankou yon ranplasman terapeutik pou yon medikaman entravenez anti-noze Sèten medikaman oral pou Maladi Ren nan Faz Tèminal (ESRD) kouvri anba Medicare Part B. 	<p>Nan rezo:</p> <p><u>Medikaman Chimyoterapi</u></p> <p>\$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Biwo Espesyalis - Lopital pou pasyan ki pa entène <p><u>Medikaman abaz Ensilin Medicare Part B</u></p> <p>\$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Biwo PCP - Biwo Espesyalis - Lopital pou pasyan ki pa entène - Famasi <p><u>Lòt Medikaman Medicare Part B</u></p> <p>\$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Biwo PCP - Biwo Espesyalis - Lopital pou pasyan ki pa entène - Famasi <p>Pataj frè w la pou medikaman Medicare Part B kouvri yo se menm lan kay tout pwofesyonèl swen sante k ap patisipe yo.</p> <p>Sèten medikaman Part B ki gen rabè yo ka sijè a yon ko-asirans ki pi ba. Ka genyen yon kou pou administrasyon yon medikaman Part B, anplisde depans pou medikaman an menm.</p> <p>Ou ka gen pou w eseye yon diferan medikaman anvan n ap dakò pou n kouvri medikaman w ap mande a. Yo rele sa "terapi pa Etap."</p>

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<ul style="list-style-type: none"> Medikaman kalsimimetik ak chelatè fosfat anba sistèm peman ESRD, ladan medikaman entravenez Parsabiv®, ak medikaman oral Sensipar® Sèten medikaman pou dyaliz adomisil, ikonpri eparin, antidòt pou eparin, lè gen rezon medikal pou sa, ak anestezik topik Ajan estimilan eritwopoyèz: Medicare kouvri eritwopoyetin nan enjeksyon si ou genyen Maladi Renal Faz Tèminal (ESRD) oswa ou bezwen medikaman sa a pou w trete anemi ki asosye ak sèten lòt pwoblèm (tankou Epogen®, Procrit®, Retacrit®, Epoetin Alfa, Darbepoetin Alfa, Mircera®, oswa Methoxy polyethylene glycol-epoetin beta) Globilin Iminité Entravenez pou tretman adomisil pou maladi defisyans iminité Nitrisyon paranteral ak anteral (alimantasyon entravenez ak nan tib) <p>Lyen sila a ap mennen w a yon lis Medikaman Part B ki ka sijè a Terapi pa Etap: CarePlusHealthPlans.com/PAL</p> <p>Nou kouvri tou kèk vaksen anba Part B ak pifò vaksen pou adilt anba avantaj medikaman Part D nou a.</p> <p>Chapit 5 eksplike avantaj medikaman Part D nou a, ladan règleman ou dwe suiv pou yo kouvri preskripsyon w yo. Nan Chapit 6 yo eksplike sa pou peye pou medikaman Part D yo atravè plan nou an.</p> <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.</p>	+ Sante mantal ak konpòtmantal (Medicaid Kouvri) <p>Toudepann nivo elijibilite Medicaid ou, nou gendwa bay sèvis sante mantal ak sante konpòtmantal ki nesesè pou rezon medikal anplis ki baze sou direktiv Medicaid yo. Sèvis sa yo gendwa gen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> Jesyon dosye sible sou sante mantal Sèvis sante Konpòtmantal Kominotè Sèvis evalyasyon sante konpòtmantal Sèvis jesyon medikaman pou sante konpòtmantal Sèvis konplemantè sante konpòtmantal Terapi sante konpòtmantal <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.</p>

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<p>+ Jou tranzisyon nan etablisman swen enfimye (Kouvri nan Medicaid)</p> <p>Manm nan pa peye anyen pou jou tranzisyob nan etablisman swen enfimye, jiska 120 jou, etan l ap tann apwobasyon pou enskripsyon nan yon plan Swen Alontèm (LTC). Disponib pou manm ki reponn ak kondisyon sila yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Manm nan bezwen sèvis Swen Alontèm men li poko enskri nan yon plan LTC • Konplete Depistaj ak Entèvyou pou Rezidan Pre-Admisyon Alavans (PASRR) anrejistre • Manm nan elijib pou Pwogram Swen Enstitisyonèl Medicaid (ICP) a <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: <u>CarePlusHealthPlans.com/PAL</u>.</p>	<u>Nan rezo:</u> \$0 kòm kopeman
<p> Tès depistaj ak terapi pou obezite pou ankouraje pèdi pwa alontèm</p> <p>Si ou genyen yon endis mas kòporèl ki 30 oswa plis, nou kouvri konsèy entansif pou ede w pèdi pwa. Konsèy sa a kouvri si ou jwenn ni nan yon anviwonman swen prensipal, kote yo pral kowòdone ak plan prevansyon konpreyansif ou a Pale avèk doktè oswa pratisyen swen prensipal ou a pou w jwenn plis enfòmasyon.</p>	<u>Nan rezo:</u> Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou depistaj ak terapi preventif pou obezite.
<p>Sèvis pwogram tretman pou opiyoyid</p> <p>Manm nan plan w nan ak twoub itilizasyon opiyoyid (OUD) kapab jwenn kouvèti pou sèvis tretman OUD atravè yon Pwogram Tretman pou Opiyoyid (OTP) ki genyen sèvis sila yo ladann:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tretman ki sèvi ak medikaman (FDA) agonis ak antagonis pou opiyoyid ke Administrasyon Aliman ak Medikaman apwouve. • Livrezon ak administrasyon medikaman MAT yo (si li aplikab) • Konsèy pou itilizasyon sibstans • Terapi endividyièl ak angwooup • Tès toksikoloji • Aktivite admisyon yo • Evalyasyon peryodik <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: <u>CarePlusHealthPlans.com/PAL</u>.</p>	<u>Nan rezo:</u> \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> - Biwo Espesyalis - Lopital pou pasyan ki pa entène

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
Tès dyagnostik epi sèvis ak materyèl terapeutik	
Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo, men se pa sèlman:	
<ul style="list-style-type: none"> • Radyografi • Terapi radyasyon (radyòm, ak izotop) ikonpri materyèl ak sèvis teknisyen yo • Materyèl chirijikal, tankou pansman • Atèl, plat ak lòt aparèy ki sèvi pou diminye frakti ak dislokasyon • Tès nan laboratwa • San – ladan estokaj ak administrasyon. Kouvèti pou san total ak global wouj konsantre kòmanse ak premye pent san w bezwen an. • Tès dyagnostik ki pa fèt nan laboratwa tankou eskanè CT, MRI, EKG, ak eskanè PET lè doktè w la oswa lòt pwofesyonèl swen sante mande yo pou trete yon pwoblèm medikal. • Lòt tès dyagnostik antanke pasyan ki pa entène 	<p>Nan rezo:</p> <p>Pwofesyonèl Swen Sante ak Sèvis Pwofesyonèl yo \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> - Biwo PCP - Biwo Espesyalis </p> <p>Pwosedi ak Tès Dyagnostik \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> - Biwo PCP - Biwo Espesyalis - Sant Swen Ijan - Lopital pou pasyan ki pa entène </p> <p>Sèvis Imajri Avanse \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> - Biwo PCP - Biwo Espesyalis - Lopital pou pasyan ki pa entène - Etablisman Radyolojik Endepandan </p> <p>Sèvis Radyolojik Debaz \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> - Biwo PCP - Biwo Espesyalis - Sant Swen Ijan - Lopital pou pasyan ki pa entène - Etablisman Radyolojik Endepandan </p> <p>Mamografi Dyagnostik \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> - Biwo Espesyalis - Lopital pou pasyan ki pa entène - Etablisman Radyolojik Endepandan </p>

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
	<p><u>Terapi radyasyon</u> \$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none">- Biwo Espesyalis- Lopital pou pasyan ki pa entène- Etablisman Radyolojik Endependan
	<p><u>Sèvis Medsin Nikleyè</u> \$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none">- Lopital pou pasyan ki pa entène- Etablisman Radyolojik Endependan
	<p><u>Etid Somèy nan Etablisman</u> \$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none">- Biwo Espesyalis- Lopital pou pasyan ki pa entène
	<p><u>Etid Somèy Adomisil</u> \$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none">- Lakay Manm nan
	<p><u>Founiti Medikal</u> \$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none">- Founisè Materyèl Medikal
	<p><u>Kolonoskopi Dyagnostik</u> \$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none">- Sant Chiriji Anbilatwa- Lopital pou pasyan ki pa entène
	<p><u>Sèvis Laboratwa</u> \$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none">- Biwo PCP- Biwo Espesyalis- Sant Swen Ijan- Lopital pou pasyan ki pa entène- Laboratwa Endependan

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
Obsèvasyon nan lopital pou pasyan ki pa entène	Nan rezo: \$0 kòm kopeman – Lopital pou pasyan ki pa entène
Sèvis obsèvasyon se sèvis antanke pasyan ki pa entène lopital si ou bezwen ospitalize kòm pasyan ki entène oswa ki ka egzeyate.	
Pou obsèvasyon lopital pasyan ki pa entène ka kouvri, se pou yo reponn ak kondisyon Medicare epi pou yo konsidere tankou rezonab ak nesesè. Sèvis obsèvasyon yo kouvri sèlman lè se yon medsen ki preskri li oswa yon lòt moun lisansye leta otorize ak règleman administratif pou anplwaye yo pou admèt pasyan yo lopital oswa preskri tès laboratwa.	
Nòt: Amwens pwofesyonèl swen sante a te ekri yon preskripsiyon pou yo admèt ou lopital antanke pasyan ki entène, ou se yon pasyan ki pa entène e ou peye montan pataj frè pou sèvis lopital pou pasyan ki pa entène. Menmsi ou rete lopital la yon nwit, yo ka toujou konsidere w tankou yon pasyan ki pa entène. Si ou pa sèten si ou se yon pasyan ki pa entène, mande estaf lopital la.	
Jwenn plis enfòmasyon sou fich enfòmasyon <i>Medicare la Avantaj Lopital Medicare</i> . Fich enfòmasyon sa a disponib nan www.Medicare.gov/publications/11435-Medicare-Hospital-Benefits.pdf oswa si w rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048.	
Si w ale nan sal dijans e yo mande w rete pou obsèvasyon adisyonèl, ou pral peye kopeman ER lan. Tanpri refere w a seksyon "Swen Dijans" nan tablo sa a pou sa w gen pou w peye pou yon vizit nan ER. Ka gen depans adisyonèl pou nenpòt pwosedi oswa tès pandan w anba obsèvasyon. Gade seksyon Sèvis Lopital pou Pasyan ki Pa Entène .	
Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL .	
Sèvis lopital pou pasyan ki pa entène	Nan rezo: <u>Pwosedi ak Tès Dyagnostik</u> \$0 kòm kopeman – Lopital pou pasyan ki pa entène
Nou kouvri sèvis ki nesesè pou rezon medikal ke w jwenn nan depatman pasyan ki pa entène lopital pou dyagnostik oswa tretman yon maladi oswa blesi.	
Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo, men se pa sèlman:	
<ul style="list-style-type: none"> Sèvis nan yon depatman ijans oswa klinik pou pasyan ki pa entène, tankou sèvis obsèvasyon oswa chiriji pou pasyan ki pa entène Tès laboratwa ak dyagnostik lopital la faktire Swen sante mantal, ikonpri swen nan yon pwogram ospitalizasyon pasyèl, si yon doktè sètifye ke san sa, tretman antanke pasyan ki entène ta nesesè Radyografi ak lòt sèvis radyoloji lopital la faktire Materyèl medikal tankou atèl ak plat Sèten medikaman ak byolojik ou pa kapab bay tèt ou 	<u>Sèvis Imajri Avanse</u> \$0 kòm kopeman – Lopital pou pasyan ki pa entène
	<u>Sèvis Medsin Nikleyè</u> \$0 kòm kopeman – Lopital pou pasyan ki pa entène

Sèvis ki Kouvri

Nòt: Amwens pwofesyonèl swen sante a te ekri yon preskripsyon pou yo admèt ou lopital antanke pasyan ki entène, ou se yon pasyan ki pa entène e ou peye montan pataj frè pou sèvis lopital pou pasyan ki pa entène. Menmsi ou rete lopital la yon nwit, yo ka toujou konsidere w tankou yon pasyan ki pa entène. Si ou pa sèten si ou se yon pasyan ki pa entène, mande estaf lopital la.

Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans:

CarePlusHealthPlans.com/PAL.

Sa ou peyeSèvis Radyolojik Debaz

\$0 kòm kopeman

- Lopital pou pasyan ki pa entène

Mamografi Dyagnostik

\$0 kòm kopeman

- Lopital pou pasyan ki pa entène

Terapi radyasyon

\$0 kòm kopeman

- Lopital pou pasyan ki pa entène

Sèvis Laboratwa

\$0 kòm kopeman

- Lopital pou pasyan ki pa entène

Sèvis Chiriji

\$0 kòm kopeman

- Lopital pou pasyan ki pa entène

Sèvis Sante Mantal

\$0 kòm kopeman

- Lopital pou pasyan ki pa entène

Oksijèn Ipèba

\$0 kòm kopeman

- Lopital pou pasyan ki pa entène

Swen Plè

\$0 kòm kopeman

- Lopital pou pasyan ki pa entène

Etid Somèy nan Etablisman

\$0 kòm kopeman

- Lopital pou pasyan ki pa entène

Sèvis Dijans

\$0 kòm kopeman

- Sal Dijans

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
	<u>Kolonoskopi Dyagnostik</u> 20% ko-asirans <ul style="list-style-type: none"> - Lopital pou pasyan ki pa entène <p>\$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Lopital pou pasyan ki pa entène
Swen sante mantal pou pasyan ki pa entène lopital	<p>Nan rezo:</p> <p><u>Sèvis Sante Mantal</u></p> <p>\$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Biwo Espesyalis - Lopital pou pasyan ki pa entène
Sèvis ki kouvri yo genyen:	
Sèvis sante mantal nan men yon sikiyat oswa doktè ki gen lisans leta, sikològ klinik, travayè sosyal klinik, espysalis enfimyè klinik, konseye pwofesyonèl ki gen lisans (LPC), terapis marital ak familyal ki gen lisans (LMFT), enfimyè pratisyen (NP), asistan doktè (PA), oswa lòt pwofesyonè swen sante mantal Medicare kalifye jan sa otorize selon lwa eta ki aplikab yo.	
Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: <u>CarePlusHealthPlans.com/PAL</u> .	
Sèvis reyabilitasyon pou pasyan ki pa entène	<p>Nan rezo:</p> <p><u>Fizyoterapi</u></p> <p>\$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Biwo Espesyalis - Lopital pou pasyan ki pa entène - Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki pa Entène
Pami sèvis ki kouvri yo genyen: fizyoterapi, ègoterapi, ak òtofoni.	
Sèvis reyabilitasyon yo founi nan plizyè kad anbilatwa, tankou depatman pou pasyan ki pa entène lopital yo, biwo terapis endependan, ak Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki Pa Entène (CORF yo).	
Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: <u>CarePlusHealthPlans.com/PAL</u> .	
	<p><u>Òtofoni</u></p> <p>\$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Biwo Espesyalis - Lopital pou pasyan ki pa entène - Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki pa Entène
	<p><u>Ègoterapi</u></p> <p>\$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Biwo Espesyalis - Lopital pou pasyan ki pa entène - Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki pa Entène

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<p>Sèvis pou twoub itilizasyon sibstans pou pasyan ki pa entène</p> <p>Ou kouvri pou tretman abi sibstans, jan l kouvri nan Original Medicare.</p> <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.</p>	<p>Nan rezo: <u>Twoub Itilizasyon Sibstans pou Pasyan ki Pa Entène</u> \$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Biwo Espesyalis - Lopital pou pasyan ki pa entène
<p>Chiriji pou pasyan ki pa entène, ikonpri sèvis yo bay nan etablisman lopital pou pasyan ki pa entène ak sant chiriji anbilatwa</p> <p>Nòt: Si ou gen chiriji nan yon lopital, ou dwe verifye avèk pwofesyonèl swen w pou konnen si wap yon pasyan ki entène oswa ki pa entène. Amwens pwofesyonèl swen an ekri yon preskripsyon pou yo admèt ou lopital antanke pasyan ki entène, ou se yon pasyan ki pa entène e ou peye montan pataj frè pou chiriji antanke pasyan ki pa entène. Menmsi ou rete lopital la yon nwit, yo ka toujou konsidere w tankou yon pasyan ki pa entène.</p> <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.</p>	<p>Nan rezo: <u>Sèvis Chiriji</u> \$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Lopital pou pasyan ki pa entène - Sant Chiriji Anbilatwa <p><u>Kolonoskopi Dyagnostik</u> \$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Sant Chiriji Anbilatwa - Lopital pou pasyan ki pa entène
<p>+ Medikaman yo vann san preskripsiyan (OTC) ak materyèl (Medicaid Kouvri)</p> <p>Toudepann nivo elijibilite Medicaid ou, ou gendwa kalifye pou atik ki vann san preskripsiyan anplis yo ki nan lis medikaman sou preskripsiyan Florida Medicaid la.</p> <p>Atik OTC selektif sa yo disponib nan famasi CarePlus deziyen ak lòt santral distribisyon apwouve. Kontakte Sèvis pou Mam yo pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou jwenn yon fòm pou kòmand.</p>	<p>Nan rezo: \$0 kòm kopeman</p>
<p>Sèvis ospitalizasyon pasyèl ak sèvis Entansif antanke pasyan ki pa entène</p> <p>Ospitalizasyon pasyèl se yon pwogram tretman sikiatrik estriktire yo bay sou fòm sèvis pou pasyan ki pa entène lopital oswa nan yon sant sante mantal kominotè, ki pi entansif pase swen ou jwenn kay doktè w, terapis ou, terapis marital ak familyal ki gen lisans (LMFT), oswa biwo konseye pwofesyonèl ki gen lisans e ki se yon altènatif pou ospitalizasyon pasyan ki entène.</p> <p>Sèvis entansif pou pasyan ki pa entène se yon pwogram tretman terapi sante konpòtmantal (mantal) aktif yo bay lopital nan depatman pou pasyan ki pa entène, yon sant sante mantal kominotè, yon sant sante ki gen konpetans federal, oswa yon klinik sante riral ki pi entansif pase swen w jwenn kay doktè w, terapis ou, terapis marital ak familyal ki gen lisans (LMFT), oswa biwo konseye pwofesyonèl ki gen lisans men ki mwen entans pase ospitalizasyon pasyèl.</p> <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.</p>	<p>Nan rezo: <u>Ospitalizasyon Pasyèl</u> \$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Lopital pou pasyan ki pa entène <p><u>Sèvis Entansif pou Pasyan ki pa Entène</u> \$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Lopital pou pasyan ki pa entène

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
* Swen Pèsonèl Adomisil (PHC) \$0 kòm kopeman pou yon minimòm 3 èdtan pa jou, jiska yon maksimòm 42 èdtan pa ane kalandriye pou sèten sèvis sipò adomisil pou ede moun ki gen andikap ak/oswa kondisyon medikal fè aktivite lavi touléjou yo (ADL yo) andedan kay alèd yon oksilyè kalifye (asistans pou benyen, abiye, fè twalèt, mache, manje, ak prepare repa).	Nan rezo: \$0 kòm kopeman
Yo ka egzije yon otorizasyon. Kontakte Plan an pou jwenn plis enfòmasyon.	
* Egzamen fizik (Woutin) Anplis Vizit pou Byennèt Chak Ane a oswa egzamen fizik <i>Byenvini nan Medicare la</i> , ou gen kouvèti pou egzamen ki vin apre yo yon fwa chak ane kalandriye: <ul style="list-style-type: none"> Evalyasyon ak jesyon medsin konpreyansif preventif, ikonpri istorik, egzaminasyon, ak konsèy/oryantasyon antisipe/entèvansyon pou redui faktè risk ki apwopriye pou laj ak sèks <p>Nòt: Nenpòt pwosedi laboratwa oswa dyagnostik yo preskri anba avantaj sa e w ap peye montan pataj frè plan w nan pou sèvis sa yo separeman.</p>	Nan rezo: Egzamen Fizik Woutin \$0 kòm kopeman – Biwo PCP
Sèvis Doktè/Pratisyen, ikonpri vizit nan biwo doktè Sèvis ki kouvri yo genyen: <ul style="list-style-type: none"> Sèvis chiriji oswa swen medikal ki nesesè pou rezon medikal ou jwenn nan biwo yon doktè, sant chiriji anbilatwa otorize, depatman lopital pou pasyan ki pa entène, oswa nenpòt lòt etablisman Konsiltasyon, dyagnostik, ak tretman nan men yon espesyalis Egzamen odisyon ak ekilib debaz PCP ou oswa espesyalis ou fè, si doktè w preskri li pou wè si ou bezwen tretman medikal Sèten sèvis telesante, ikonpri sèvis doktè swen prensipal(PCP yo) ak espesyalis yo; seyson endividiyèl pou sèvis sante mantal espesyalize ak sèvis sikiyatrik; sesyon endividiyèl pou abi sibstans antanke pasyan ki pa entène; ak sèvis ki nesesè annijans <ul style="list-style-type: none"> Ou genyen opsyon pou w jwenn sèvis sa yo nan vizit fasafas oswa nan telesante. Si ou chwazi jwenn youn nan sèvis sa yo nan telesante, ou dwe itilize yon pwofesonèl swen ki ofri sèvis la atravè telesante Ou ka itilize yon telefòn, òdinatè, tablèt, oswa lòt teknoloji videoyo Sèten sèvis telesante ikonpri konsiltasyon, dyagnostik, ak tretman nan men yon doktè oswa pratisyen, pou pasyan nan sèten zòn ríral oswa lòt kote Medicare apwouye Sèvis telesante pou visit mansyèl pou maladi ren nan faz tèminal pou manm dyaliz adomisil ki nan yon sant dyaliz pou ren nan lopital oswa lopital ak aksè kritik, etablisman dyaliz ren, oswa kay manm lan Sèvis telesante pou dyagnostike, evalye, oswa trete sentòm yon estwok, kèlkeswa anplasman w 	Nan rezo: Pwofesonèl Swen Sante ak Sèvis Pwofesonèl yo \$0 kòm kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis
	Sèvis Telesante \$0 kòm kopeman – PCP Vityèl – Espesyalis Vityèl – Swen Sante Mantal ak Tretman Abi Sibstans Vityèl – Swen Ijan Vityèl
	Sèvis Imajri Avanse \$0 kòm kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis
	Sèvis Chiriji \$0 kòm kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<ul style="list-style-type: none"> Sèvis telesante pou manm ki gen yon twoub itilizasyon sibstans oswa twoub sante mantal tou, kèlkeswa anplasman yo Sèvis telesante pou dyagnostik, evalyasyon, ak tretman twoub sante mantal si: <ul style="list-style-type: none"> Ou genyen yon vizit fasafas sou 6 mwa anvan premye vizit telesante w la Ou genyen yon vizit fasafas chak 12 mwa pandan w ap jwenn sèvis telesante sa yo Ka genyen eksepsyon a sa ki pi wo a pou sèten sikontans Yo bay sèvis telesante pou vizit sante mantal yo nan Klinik Sante Riral ak Sant Sante ki gen Otorizasyon Federal Kontwòl vityèl yo (pa egzanp, nan telefòn oswa tchat sou videoyo) avèk doktè w pandan 5-10 minit si: <ul style="list-style-type: none"> Ou pa yon nouvo pasyan epi Anrejistreman pa gen rapò ak yon vizit nan biwo nan 7 dènye jou ki sot pase yo epi Anrejistreman an pa abouti a yon vizit nan biwo nan 24 èdtan oswa randevou ki disponib pi bonè a Evalyasyon videoyo ak/oswa imaj ou voye bay doktè w, e entèpretasyon ak suivi ak doktè w sou 24 èdtan si: <ul style="list-style-type: none"> Ou pa yon nouvo pasyan epi Evalyasyon an pa gen rapò ak yon vizit nan biwo nan 7 dènye jou ki sot pase yo epi Evalyasyon an pa abouti a yon vizik nan biwo nan lepas 24 èdtan oswa randevou ki disponib pi bonè a Konsiltasyon doktè w la fè ak lòt doktè nan telefòn, entènèt, oswa dosye medikal elektownik Dezyèm opinyon nan men yon lòt pwofesyonèl swen nan rezo a anvan yon chiriji Swen dantè ki pa woutin (sèvis ki kouvri yo limite a chiriji nan machwa oswa estrikti asosye yo, reparasyon frakti nan machwa oswa zo nan figi yo, ekstraksyon dan pou prepare machwa a pou tretman radyasyon akoz maladi kansè neyoplastik, oswa sèvis ki ta kouvri lè se yon medsen ki bay yo) Sèvis doktè/pratisyen ki nesesè annijans yo founi nan kad biwo 	<u>Terapi radyasyon</u> \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> Biwo Espesyalis <u>Sèvis ki Nesesè Annijans</u> \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> Biwo PCP Biwo Espesyalis
<p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans:</p> <p>CarePlusHealthPlans.com/PAL</p>	

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
Sèvis podolji	
Sèvis ki kouvri yo genyen:	
<ul style="list-style-type: none"> Dyagnostik ak tretman medikal oswa chirijikal blesi ak maladi pye (tankou zòtèy mato oswa epwon nan talon) Swen pye woutin pou manm ki gen sèten pwoblèm medikal ki afekte manm enferyè yo 	Nan rezo: <u>Sèvis Podoloji Medicare kouvri</u> \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> Biwo Espesyalis
*Ou kouvri tou pou avantaj siplemantè pou swen pye woutin yo:	Nan rezo: <u>Sèvis podolji (Woutin)</u>
<ul style="list-style-type: none"> Ou ka refere tèt ou pou vizit san limit chak ane kalandriye kay yon espesyalis rezo a. Sèvis siplemantè ki kouvri yo gen ladan yo: <ul style="list-style-type: none"> Kale oswa koupe lezyon ipèkeratosik benen (pa egzanp kò, veri, kalozite) Taye oswa debridman zong 	\$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> Biwo Espesyalis
Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL .	
 Pwofilaksi pre-ekspozisyon (PrEP) pou prevansyon HIV	Nan rezo: Manm ki elijib pou pwofilaksi pre-ekspozisyon (PrEP) pou prevansyon HIV Medicare kouvri yo pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman ni franchiz.
Si w pa gen HIV, men doktè w la oswa lòt pratisyen swen sante detèmine ou gen yon risk anplis pou HIV, nou kouvri medikaman ak sèvis ki gen rapò avèk pwofilaksi pre-ekspozisyon (PrEP). Si w kalifye, sèvis ki kouvri yo genyen: <ul style="list-style-type: none"> Medikaman PrEP oral oswa sou fòm enjeksyon FDA apwouve. Si w resevwa yon medikaman sou fòm enjeksyon, nou kouvri tou frè pou fè piki a. Jiska 8 sesyon konsèy endividydèl (ki gen ladan evalyasyon risk HIV, rediksyon risk HIV, ak swivi pou w pran medikaman yo) chak 12 mwa. Jiska 8 tès depistaj HIV chak 12 mwa. 	
Yon tès depistaj pou viris epatit B yon sèl fwa.	
 Tès depistaj kansè pwostat	Nan rezo: Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, ni franchiz pou tès PSA anyèl la.
Pou gason ki gen 50 lane oswa plis, sèvis ki kouvri yo gen ladan yo bagay sila yo - yon fwa chak 12 mwa: <ul style="list-style-type: none"> Egzamen touche rektal Tès Antijèn ki Espesifik pou Pwostat (PSA) 	

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
Aparèy pwotèz ak ôtèz ak materyèl ki gen rapò ak yo	Nan rezo: \$0 kòm kopeman – Founisè Pwotèz:
Aparèy (ki pa dantè) ki ranplase tout oswa pati nan pati oswa fonksyònman kò a. Sa yo gen ladan yo men pa sèlman tès, eseyaj, oswa fòmasyon sou fason pou itilize pwotèz ak ôtèz yo; tankou tou: sak kolostomi ak materyèl ki gen rapò ak swen kolostomi, estimilate kadyak, atèl, soulye pwostetik, manm atifisyèl, ak pwotèz pou tête (ikonpri soutyen chirijik apre yon matektomi). Li gen ladan ni sèten materyèl ki gen rapò ak pwotèz ak ôtèz, ak reparasyon ak/oswa ranplasman pwotèz ak ôtèz yo. Li gen ladann tou kèk kouvèti apre ekstraksyon katarat oswa chiriji katarat – ale nan Swen Vizyon pi devan nan tablo sa a pou plis detay.	
Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: <u>CarePlusHealthPlans.com/PAL</u> .	
Sèvis reyabilitasyon pilmonè	Nan rezo: \$0 kòm kopeman – Biwo Espesyalis – Lopital pou pasyan ki pa entène
Pwogram konplè pou reyabilitasyon pilmonè yo kouvri pou manm ki genyen maladi pilmonè obstruktif kwonik (COPD) ki lejè a grav ak yon referans pou reyabilitasyon pilmonè ke doktè kap trete maladi respiratwa kwonik la bay.	
Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: <u>CarePlusHealthPlans.com/PAL</u> .	
Depistaj ak konsèy pou diminye move itilizasyon alkòl	Nan rezo: Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, ni franchiz pou depistaj ak konsèy Medicare kouvri pou diminye avantaj sèvis preventif pou diminye move itilizasyon alkòl.
Nou kouvri yon depistaj pou move itilizasyon alkòl pou adilt (ladan fanm ansent) ki mal fè abi alkòl men ki pa gen depandans sou alkòl. Si tès depistaj pou move itilizasyon alkòl ou a pozitif, ou ka jwenn jiska 4 sesyon konsèy brèf fasafas chak ane (si ou konpetan ak atantif pandan sesyon konsy la) yon doktè swen prensipal oswa pratisyen otorize bay nan yon kad swen prensipal.	
Tès depistaj pou kansè nan poumon lè l sèvi avèk tomodansitometri ak dòz ki ba (LDCT)	Nan rezo: Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, ni franchiz pou konsèy oswa vizit priz desizyon pataje oswa LDCT Medicare kouvri yo.
Pou moun ki kalifye yo, yon LDCT kouvri chak 12 mwa.	
Manm ki elijib yo se: moun ki gen laj 50 – 77 lane ki pa genyen okenn siy oswa sentòm kansè nan poumon, men ki genyen yon istorik fimen pwodui abaz tabak pandan omwen 20 pake/ane e ki fimen aktyèlman oswa ki sispann fimen nan dènye 15 an yo, ki resevwa yon preskripsyon pou LDCT pandan yon depistaj pou konsèy kansè nan poumon ak vizit priz desizyon pataje ki reponn a kondisyon Medicare yo pou vizit konsa e ke yon doktè oswa pratisyen ki pa doktè otorize bay.	

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<p>Pou depistaj LDCT pou kansè nan poumon: manm yo dwe jwenn yon preskripsyon pou depistaj LDCT pou kansè nan poumon, ke yo ka fè pandan henpòt vizit avèk yon doktè oswa yon pratisyen ki pa doktè. Si yon doktè oswa pratisyen ki pa doktè men ki otorize chwazi pou l fè depistaj konsèy pou kansè nan poumon ak vizit priz desisyon patatje pou pwochen depistaj kansè nan poumon avèk LDCT, se pou vizit la reponn ak kondisyon Medicare pou vizit konsa yo.</p>	
<p> Tès depistaj pou enfeksyon Virus Epatit C</p> <p>Nou kouvri yon tès depistaj pou Epatit C si doktè swen prensipal ou a oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante kalifye bay mande pou fè li epi ou satisfè youn nan kondisyon sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ou nan gwo risk paske ou pran oswa te pran enjeksyon ilegal dwòg. • Ou te resevwa yon transfizyon san anvan 1992. • Ou fèt ant 1945 ak 1965. <p>Si w fèt ant 1945 ak 1965 epi yo pa konsidere ou kòm yon moun ki gen gwo risk, nou peye pou yon sèl tès depistaj. Si w nan gwo risk (paregzanz, ou kontinye pran enjeksyon ilegal dwòg depi dènye tès depistaj Epatit C ou ki te negatif), nou kouvri tès depistaj chak ane.</p>	<p>Nan rezo: Manm ki elijib pou tès depistaj Virus Epatit C Medicare kouvri yo pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman ni franchiz.</p>
<p> Tès depistaj pou enfeksyon moun trape nan fè sèks (Sexually Transmitted Infections, STI) ak konsèy pou evite trape STI</p> <p>Nou kouvri depistaj pou enfeksyon moun trape nan fè sèks (STI) pou klamidya, gonore, sifilis, ak Epatit B. Tès depistaj sa yo kouvri pou fanm ansent e pou sèten moun ki gen risk elve pou yo pran STI</p> <p>lè se yon doktè swen prensipal ki preskri yo. Nou kouvri tès sa yo yon fwa chak 12 mwa oswa sèten lè pandan gwo sè.</p> <p>Nou kouvri tou jiska 2 sesyon endividyle fasafas pou konsèy konpòtmantal a wo entansite ki dire 20 a 30 minit, chak ane pou adilt ki aktif seksyèlman ki gen risk elve pou maladi ki seksyèlman transmisib (STI) yo. Nou kouvri seyson konsèy sa yo kòm sèvis preventif si se yon pwofesyonèl swen sante prensipal ki bay yo e yo fèt nan yon kad swen prensipal, tankou biwo yon doktè.</p>	<p>Nan rezo: Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman, ni franchiz pou avantaj preventif depistaj STI ak konsèy pou STI yo ke Medicare kouvri.</p>

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
Sèvis pou trete maladi ren	
Sèvis ki kouvri yo genyen:	
<ul style="list-style-type: none"> Sèvis edikasyon sou maladi ren pou anseye swen ren ak ede manm yo pran desizyon eklere sou swen yo. Pou manm ki gen maladi ren kwonik faz IV lè se doktè yo ki refere yo, nou kouvri jiska 6 sesyon sèvis edikasyon sou maladi ren avi Tretman dyaliz pou pasyan ki pa entène (ikonpri tretman dyaliz lè yo fè andeyò zòn sèvis la defason pwovizwa, jan yo eksplike l nan Chapit 3, oswa lè pwofesyonèl swen sante w pou sèvis sa a pa disponib oswa l pa aksesib pandan yon ti tan) Tretman dyaliz pou pasyan ki entène (si yo admèt ou antanke pasyan ki entème lopital pou swen espesyal) Fòmasyon pou oto-dyaliz (ikonpri fòmasyon pou oumenm ak nenpòt moun kap ede w avèk tretman pou dyaliz adomisil ou a) Ekipman ak materyèl pou dyaliz adomisil Sèten sèvis sipò adomisil (tankou, lè li nesesè, vizit travayè dyaliz espesyalize pou tcheke sou dyaliz adomisil ou a, pou ede nan ka ijans, epi pou tcheke ekipman dyaliz ak pwovizyon dlo w yo) 	
Sèten medikaman pou dyaliz kouvri anba Medicare Part B. Pou enfòmasyon sou kouvèti pou Medikaman Part B yo, ale nan medikaman Medicare Part B han tablo sa a.	
Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.	
* Pwogram kondisyònman fizik SilverSneakers®	
SilverSneakers® se yon pwogram kondisyònman fizik pou granmoun ki enkli san frè adisyonèl ak plan sante Medicare ki kalifye. Manm yo gen aksè a klib kondisyònman fizik k ap patisipe atravè peyi a ki ka gen ladan pwa ak machin ak klas egzèsis an gwoup ak enstriktè byen fòme nan kèk kote. Aksede a kou edikasyon fizik sou entènèt nan SilverSneakers.com , gade videoyo egzèsis sou SilverSneakers On-Demand™ oswa telechaje aplikasyon kondisyònman fizik SilverSneakers GO™ an pou plis ide sou egzèsis.	
Nenpòt sèvis sant kondisyònman fizik ki anjeneral gen yon frè siplemantè pa enkli nan abònman w lan.	
Nan rezo:	
<u>Sèvis Edikasyon Sou Maladi Ren</u>	
\$0 kòm kopeman	
– Biwo PCP	
– Biwo Espesyalis	
<u>Sèvis Dyaliz Ren</u>	
\$0 kòm kopeman	
– Sant Dyaliz	
– Lopital pou pasyan ki pa entène	
<u>Ekipman Medikal Dirab</u>	
\$0 kòm kopeman	
– Founisè Ekipman Medikal Dirab	
<u>Swen Sante Adomisil</u>	
\$0 kòm kopeman	
– Lakay Manm nan	
Nan rezo:	
\$0 kòm kopeman	

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
Etablisman swen enfimye espesyalize (SNF) (Pou yon definisyon etablisman swen enfimye espesyalize, ale nan Chapit 12. Etablisman Swen Enfimye Espesyalize yo ka rele SNF tou.) Plan medikal ou kouvri jiska 100 jou ki nesesè pou chak peryòd avantaj. Ou pa oblige te entène nan lopital anvan sa. Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo men se pa sèlman: <ul style="list-style-type: none"> • Chanm semi-prive (oswa yon chanm prive si sa nesesè pou rezon medikal) • Repa, ladan rejim alimantè espesyal yo • Sèvis swen enfimye espesyalize • Fizyoterapi, ègoterapi ak ôtوفون • Medikaman yo preskri w nan kad plan swen nou an (ki gen ladan sibstans ki natirèlman prezan nan kò a, tankou faktè kayo san yo.) • San - ladan gen estokaj ak administrasyon. Kouvèti pou transfizyon san antye ak konsantre globil wouj kòmanse ak premye pake san ou bezwen an. • Founiti medikal ak chirijikal SNF yo bay òdinèman • Tès nan laboratwa SNF yo bay òdinèman • Radyografi ak lòt sèvis radyoloji SNF yo bay òdinèman • Itilizasyon aparèy tankou chèz woulant SNF yo bay òdinèman • Sèvis medsen/pratisyen Anjeneral, w ap jwenn swen SNF ou nan etablisman ki nan rezo a. Nan sèten kondisyon ki endike annapre yo, ou ka elijib pou jwenn swen ou nan yon etablisman ki pa yon pwofesyonèl swen sante rezo a, si etablisman an aksepte montan plan nou an pou peman. <ul style="list-style-type: none"> • Yon mezon retrèt oswa yon kominate retrèt swen kontinyèl kote ou t ap viv anvan ou te ale nan lopital la (toutotan li bay swen etablisman swen enfimye espesyalize) • Yon SNF kote mari oswa madanm ou oswa patnè domestik ou ap viv nan moman ou kite lopital la Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.	Yon nouvo peryòd avantaj ap kòmanse nan premye jou lè ou enskri pou premye fwa nan yon plan Medicare Advantage, oswa lè ou egzeyate nan yon etablisman pasyan ki entène oswa yon etablisman swen enfimye espesyalize pou 60 jou konsekutif . Pou chak peryòd avantaj, ou peye: Nan rezo: \$0 kòm kopeman chak jou, jou 1 jiska jou 20 <ul style="list-style-type: none"> - Etablisman Swen Enfimye Espesyalize \$0 kòm kopeman chak jou, jou 21 jiska jou 100 <ul style="list-style-type: none"> - Etablisman Swen Enfimye Espesyalize
✓ Sispenn fimen ak itilize tabak (konsèy pou sispann fimen ak itilize tabak) Konsèy pou sispann fimen ak itilize tabak kouvri pou pasyan ki pa entène ak pasyan ki entène ki satisfè kritè sa yo: <ul style="list-style-type: none"> • Itilize tabak, menmsi si yo gen siy oswa sentòm maladi ki gen rapò avèk tabak • Yo gen kapasite pou konprann epi yo atantif pandan seyans konsèy • Yon medsen kalifye oswa yon lòt pratisyen Medicare rekonèt bay konsèy yo 	Nan rezo: Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, ni franchiz pou avantaj sèvis preventif pou kite fimen ak itilize tabak Medicare kouvri.

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
Nou kouvri 2 tantativ pou sispann chak ane (chak tantativ ka gen ladan yon maksimòm 4 sesyon entèmedyè oswa entansif, kote pasyan an ka jwenn jiska 8 sesyon chak ane.)	
* Pwogram pou Kite Fimen	Nan rezo: \$0 kòm kopeman
Pou ede w plis nan efò w ap fè pou w kite fimen oswa pou w sispann sèvi ak pwodui tabak, nou kouvri yon tantativ adisyonèl pou kite fimen atravè konsèy nan yon peryòd 12 mwa kòm yon sèvis gratis pou ou. Tantativ konsèy adisyonèl sa a genyen ladan jiska kat vizit fasafas. Sèvis sa a kapab sèvi swa kòm mezi preventif swa pou yon dyagnostik maladi ki gen rapò avèk tabak.	
* Avantaj Anplis Espesyal pou Malad Kwonik yo	Nan rezo:
Alokasyon CarePlus CareEssentials	Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman ni franchiz pou patisipe.
Atik yo vann san preskripsyon (over-the-counter, OTC)	
\$360 alokasyon cha mwa monte otomatikman sou yon kat debi prepeye pou itilizasyon limite, pou itilize nan magazen ki ap patisipe yo pou w achte pwodui ki elijib nan kategori sa yo:	
Alokasyon pou achte atik yo vann san preskripsyon (over-the-counter, OTC)	
<ul style="list-style-type: none"> Grip, rim ak aleji Swen dantè ak swen pou pwotèz Sante dijestif Materyèl premye swen ak materyèl medikal Materyèl pou kontwòl blad pipi ak enkontinans Èd oditif san preskripsyon Soulajman doulè Swen po Èd pou somèy Pwodui pou kite fimen Vitamin ak sipleman dyetetik, ak plis toujou 	
W ap resevwa yon <u>nouvo</u> Kat Kont Depans CarePlus pou jwenn aksè ak avantaj sa a. Kat sa a se sa ou sèvi pou depanse alokasyon sa a. Tanpri aktive kat ou a depi ou resevwa li pa lapòs.	
<ul style="list-style-type: none"> Alokasyon an disponib pou sèvi nan kòmansman chak mwa. Nenpòt sa ou pa depanse pral transfere sou pwochen mwan an epi l ap ekspire nan fen ane plan an oswa lè w anile enskripsiyon w nan plan sa a, selon sa ki rive anvan an. Plan nou an pa responsab pou kòb ki ta pèdi akòz yo itilize alokasyon an san otorizasyon akoz kat la pèdi oswa yo vòlè l. Menm jan ak nenpòt kat debi, tanpri kenbe kat sa yon kote ki ansekirite, tankou nou bous ou. <u>Tanpri kenbe kat sa a menm apre w fin depanse alokasyon an etandone y ap ajoute montan alokasyon alavni yo sou kat sa a si ou rete nan plan an.</u> Limitasyon ak restriksyon ka aplike. 	

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<p>Ale sou careplus.nationsbenefits.com pou jwenn magazen oswa verifye balans ou. Ou kapab gade nan do kat pou kont depans ou a pou plis enfòmasyon.</p> <p>PLUS, ou kapab anmezi pou itilize lajan sa a tou pou pwodui alimantè, sèvis piblik, lwave ak lòt bagay ki elijib yo, si yo te fè dyagnostik ki montre ou gen youn oswa plizyè nan pwoblèm sante kwonik kalifye ki anba a, epi w gen yon reklamasyon medikal nan CarePlus ki gen yon dat sèvis nan oswa apre 1/1/2021 ki reflete dyagnostik sa a, ou kapab elijib pou resevwa lòt avantaj pa mwayen CareEssentials Allowance. Yo revize nouvo reklamasyon de fwa chak semèn pou dyagnostik ki kalifye yo.</p> <p>Pwoblèm sante kwonik ki kalifye:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Twoub otoiomin • Kansè • Twoub kadyovaskilè • Pwoblèm sante ki asosye avèk andikap konytif • Pwoblèm sante avèk difikilte fonksyonèl • Twoub kwonik konsomasyon alkòl ak konsomasyon lòt dwòg • Pwoblèm sante mantal kwonik ak ki andikape • Maladi gastwo--entestinal kwonik • Ensifizans kadyak kwonik • Ipèlipidemi kwonik • Ipétansyon kwonik • Maladi ren kwonik • Twoub kwonik poumon • Demans • Dyabèt sikre • HIV/AIDS • Twoub newolojik • Apre transplantasyon ògàn • Twoub ematolojik grav • Estwok <p>Depi ou kalifye, ou ka achte <u>pwodwi ki apwouve</u> yo nan kote ki vann andetay yo avèk menm lajan an, menm kat la, tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pwovizyon alimantè (legim, fwi, pen, vyann, pwodwi lèt, elatriye) • Founiti pou kay (papye twalèt, sèvyèt papye, pwodui netwayaj twalèt, detèjan pou lesiv, elatriye) • Aparèy asistans nan kay (ba sipò, chèz twalèt ki pi wo, pens manch long, elatriye) • Atik swen pèsònèl (dantifris, chanpou, savon kò, deyodoran, elatriye) • Pwovizyon pou bêt kay (manje bêt kay, lityè bêt kay, chanpou kont pis, elatriye; ekskli sèvis benyen, bòdwo veterinè, ak medikaman sou preskripsioun pou bêt kay) <p>Alokasyon sa a ka sèvi pou peye pou sèvis ki apwouve, tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Depans pou viv chak mwa (lwave/ipotèk, sèvis piblik, telefòn, entènèt, elatriye) 	

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<ul style="list-style-type: none"> Depans transpò ki pa pou rezon medikal (transpò piblik, taksi, Uber, Lyft, elatriye) Sèvis entèvansyon dijans pèsonèl pa mwayen founisè plan an apwouve Sèvis lit kont parazit Sèvis akonpayman swen pa mwayen founisè plan an apwouve Sèvis ekipman pou amelyore kalite lè anndan an 	
* Alokasyon pou depans sa a se yon pwogram espesyal pou manm ki gen pwoblèm sante byen presi yo. Maladi ki kalifye yo enkli dyabèt sikre, twoub kadyovaskilè, twoub sante mantal kwonik epi ki envalide moun nan, twoub pilmonè kwonik, oswa ensifizans kadyak kwonik, pami lòt maladi yo. Gen kèk plan ki egzije ke gen omwen de maladi ak lòt egzijans ki aplike. Si w itilize pwogram sa a pou lwave oswa sèvis piblik, Lojman ak Devlòpman Iben (HUD) mande pou rapòte l kòm revni si w ap chèche èd. Kontakte biwo HUD lokal ou a si w gen kesyon.	
Terapi avèk Egzèsis Sipèvize (SET)	<p>Nan rezo: \$0 kòm kopeman</p> <ul style="list-style-type: none"> - Biwo Espesyalis - Lopital pou pasyan ki pa entène
<p>SET garanti pou manm ki gen sentòm maladi atè periferik (PAD).</p> <p>Yo kouvri jiska 36 sesyon sou yon peryòd 12 semèn si kondisyon pwogram SET yo satisfè.</p> <p>Pwogram SET la dwe:</p> <ul style="list-style-type: none"> Gen sesyon ki dire 30-60 minit, ki gen yon pwogram egzèsis pou terapi pou pasyan PAD ki gen doulè nan janm Fèt nan yon lopital pou pasyan ekstèn oswa nan biwo yon medsen Fèt pa yon pèsonèl oksilyè kalifye ki nesesè pou delivre benefis yo depase domaj yo, epi ki resevwa fòmasyon nan terapi egzèsis pou PAD Fèt anba sipèvizon dirèk yon medsen, asistan medsen, oswa enfimyè pratisyen/espésyalis enfimyè klinik ki dwe resevwa fòmasyon nan teknik sipò lavi debaz ak avanse <p>SET ka kouvri apre ou depase pase 36 sesyon sou 12 semèn pou yon lòt 36 sesyon sou yon peryòd tan pwolonje si yon pwofesyonèl swen sante jije sa nesesè pou rezon medikal.</p> <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: <u>CarePlusHealthPlans.com/PAL</u>.</p>	
* Transpò	<p>Nan rezo: \$0 kòm kopeman</p> <p>Ou kouvri pou deplasman ale senp san limit, ki pa ijan pou ale kote plan an apwouve ki nan zòn sèvis plan an pou chak ane kalandriye.</p>

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<p>Si w gen yon telefòn entelijan, ou ka pwograme deplasman w yo lè w itilize aplikasyon CareTrip la. Ou kapab telechaje l nan Apple App Store® oswa Google Play®.</p> <p>Ou ka toujou kontakte Sèvis pou Manm yo pou enfòmasyon sou avantaj sa a oswa pou asistans pou fè aranjman pou transpò. Tanpri note sa ki annapre a:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Aranjman yo dwe fèt omwen 3 jou lasemèn anvan randevou w la. • Ou ka ale ak yon konpayon si w avize vandè a alavans. • Si w itilize yon chèz woulant, oswa si w gen nenpòt lòt bezwen espesyal, tanpri avize vandè a lè w ap pwograme sèvis la. • Deplasman ki depase yon distans 35 mil pou ale senp, ka egzije otorizasyon davans. 	
Sèvis ki nesesè annijans	<p>Nan rezo: <u>Sèvis ki Nesèsè Annijans</u> \$0 kòm kopeman – Sant Swen Ijan</p>
<p>Yon sèvis ki kouvri nan plan an ki mande atansyon medikal imedya ki pa yon ijans se yon sèvis ki nesesè annijans si swa ou pa tanporèman deyo zòn sèvis plan nou an, oswa menm si ou andedan zòn sèvis plan nou an, li pa rezonab si w konsidere w. tan an, kote a, ak sikorans pou jwenn sèvis sa a nan men pwofesyonèl swen sante ki nan rezo yo. Plan nou an dwe kouvri sèvis ki nesesè annijans epi sèlman fè w peye pou pataj frè nan rezo a. Maladi ak blesi medikal ki pa prevwa oswa maladi ki egziste deja ki vin agrave yo se egzanp sèvis annijan. Vizit woutin kay pwofesyonèl swen sante ki nesesè sou plan medikal, (tankou egzamen anyèl yo) pa konsidere kòm vizit ki nesesè annijans, menm si w pa nan zòn sèvis plan nou an oswa si rezo plan nou an pa disponib tanporèman.</p>	
<p>Ou kouvri pou Sèvis ki Nesèsè Annijans toupatou nan mond lan. Si w gen yon bezwen swen ijan pandan ou andeyò peyi Etazini ak teritwa li yo, ou responsab pou peye alavans pou sèvis ou resevwa. Ou dwe soumèt prèv peman bay Sèvis pou Manm yo pou ranbousman. Pou plis enfòmasyon tanpri gade Chapit 7. Nou gen dwa pa ranbouse w pou tout depans ou fè ak lajan pòch ou. Sa se akoz tarif kontra nou yo ka pi ba pase to pwofesyonèl swen sante andeyò peyi Etazini ak teritwa li yo. Ou responsab pou nenpòt depans ki depase tarif kontra nou yo menm jan tou ak nenpòt pataj frè pou manm yo ki aplikab.</p>	
<p>Gade sèvis Doktè/Pratisyen, ikonpri vizit nan biwo doktè pou plis enfòmasyon sou sèvis ki nesesè annijans ki fèt nan biwo.</p>	<p>Nan rezo: <u>Sèvis Swen Vizyon Medicare Kouvri</u> \$0 kòm kopeman – Biwo Espesyalis</p>
<p>Sèvis ki kouvri yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis pasyan ekstèn pou dyagnostik ak tretman maladi ak blesi nan zye ki gen landan tretman pou dejenerasyon makilè akòz laj. Original Medicare pa kouvri egzamen woutin je (refraksyon je) pou linèt/kontak 	<p>Tès Depistaj pou Glokòm \$0 kòm kopeman – Biwo Espesyalis</p>

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
<ul style="list-style-type: none"> Pou moun ki gen gwo risk pou glokòm, nou kouvri yon tès depistaj pou glokòm chak ane. Moun ki gen gwo risk pou glokòm yo enkli: moun ki gen yon istorik glokòm nan fanmi yo, moun ki gen dyabèt, Afriken-Ameriken ki gen laj 50 an oswa plis, ak Panyòl Ameriken ki gen 65 an oswa plis Pou moun ki gen dyabèt, nou kouvri yon tès depistaj retinopati dyabetik yon fwa pa ane Yon pè linèt oswa lantiy kontak apre chak operasyon katarak ki gen ladann ensèsyon yon lantiy entraokilè Si w fè 2 operasyon katarak separe, ou pa ka rezève avantaj la apre premye operasyon an epi achte 2 linèt apre dezyèm operasyon an. 	<u>Egzamen zye pou dyabetik</u> \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> Tout Kote ki fè Tretman <u>Linèt oswa Vè Kontak (Apre Operasyon Katarak)</u> \$0 kòm kopeman <ul style="list-style-type: none"> Tout Kote ki fè Tretman
<p>Linèt ki kouvri apre operasyon katarak gen ladan monti estanda ak lantiy jan Medicare defini yo; nenpòt amelyorasyon pa kouvri (ki gen ladan, men sa pa limite sèlman a monti deliks, tente, lantiy pwogresif, oswa kouch anti-reflè)</p> <p>Anplis de sa, nou kouvri Avantaj Swen Vizyon Siplemantè Obligatwa ki gen ladann yon egzamen vizyon woutin ak yon alokasyon pou linèt oswa vè kontak.</p> <p>🍎 (Sèvis preventif la) aplike sèlman pou Tès Depistaj Glokòm.</p> <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.</p>	<p>Avantaj Swen Vizyon Siplemantè Obligatwa</p> <p>*Ou kouvri pou Avantaj swen vizyon siplemantè obligatwa. Gade deskripsiyon Avantaj Swen Vizyon Siplemantè Obligatwa nan fen tablo sa a pou plis detay.</p> <p>Tanpri sonje: pwofesyonèl swen sante rezo pou avantaj vizyon siplemantè ou yo ka diferan de pwofesyonèl swen sante rezo pou avantaj vizyon Original Medicare ki endike anwo a.</p>
<p>🍎 Vizit prevansyon Byenveni nan Medicare</p> <p>Plan nou an kouvri vizit prevansyon <i>Byenveni nan Medicare</i> la. Vizit la gen ladann yon evaliyasyon sante w, ansanm ak edikasyon ak konsèy sou sèvis preventif ou bezwen yo (ki gen ladan sèten tès depistaj ak vaksen), ak referans pou lòt swen si sa nesesè.</p> <p>Enpòtan: Nou kouvri vizit preventif <i>Byenveni nan Medicare</i> la sèlman nan premye 12 mwa ou genyen Medicare Part B a. Lè ou pran randevou w la, fè biwo doktè w la konnen ou ta renmen pwograme vizit preventif <i>Byenveni nan Medicare</i> ou.</p> <p>* Perik (ki gen rapò ak tretman chimyoterapi)</p> <p>Ou kouvri pou maksimòm avantaj san limit pou chak ane kalandriye pou perik ki gen rapò ak tretman chimyoterapi. Pwofesyonèl swen sante ki te preskri chimyoterapi a dwe fè nou konnen pou nou otorize ou achte perik ou a. Yon fwa ou achte yon perik, voye resi w ba nou pou ranbousman. (Gade Chapit 7, Seksyon 2 pou enstriksyon yo.)</p> <p>Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen sila a ap mennen w a yon lis atik ak sèvis ki gendwa bezwen otorizasyon davans: CarePlusHealthPlans.com/PAL.</p>	<p>Nan rezo: Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, ni franchiz pou vizit preventif <i>Byenveni nan Medicare</i> la.</p> <p>Nan rezo: \$0 kòm kopeman</p>

Avantaj Swen Dantè Siplemantè Obligatwa DEN103

Deskripsiyon sa ki kouvrì

Ou ka resevwa sèvis swen dantè woutin sa yo ke Medicare pa kouvrì:

Deskripsiyon Avantaj	Nan Rezo Ou Peye*	Andeyò Rezo Ou Peye
Sèvis Preventif		
Egzamen – Frekans/Limitasyon – 2 kòd pwosedi pou chak ane kalandriye		
Egzamen peryodik nan bouch - D0120	0%	100%
Egzamen – Frekans/Limitasyon – 2 kòd pwosedi pou chak ane kalandriye		
Sèvis dyagnostik dijans - D0140	0%	100%
Sèvis Dyagnostik – Frekans/Limitasyon – 1 kòd pwosedi chak 3 ane kalandriye		
Egzamen konplè - D0150	0%	100%
Radyografi Entèpwoksimal – Frekans/Limitasyon – 2 seri pou chak ane kalandriye		
Radyografi entèpwoksimal - D0270, D0272, D0273, D0274	0%	100%
Radyografi panoramik – Frekans/Limitasyon – 1 kòd pwosedi pou chak ane kalandriye		
Seri konplè - D0210	0%	100%
Film panoramik - D0330	0%	100%
Pwofilaksi (Netwayaj) – Frekans/Limitasyon – 2 kòd pwosedi pou chak ane kalandriye		
Pwofilaksi (netwayaj) - D1110	0%	100%
Antretyen pawodontal – Frekans/Limitasyon – 4 kòd pwosedi pou chak ane kalandriye		
Antretyen pawodontal apre terapi pawodontal - D4910	0%	100%
Sèvis Konplè		
Restorasyon (Plonbaj) – Amalgàm ak/oswa Konpozit – Frekans/Limitasyon – 4 kòd pwosedi pou chak ane kalandriye		
Amalgàm (ajan) – primè oswa pèmanan – D2140, D2150, D2160, D2161	0%	100%
Konpozit ki fèt ak rezin (blan) – anteryè (devan) oswa posteryè (dèyè) – D2330, D2331, D2332, D2335, D2391, D2392, D2393, D2394	0%	100%
Ekstraksyon (Rache Dan) – Frekans/Limitasyon – 5 kòd pwosedi pou chak ane kalandriye		
Ekstraksyon, dan ki pouse sòti oswa rasin ekspose – D7140, D7210	0%	100%
Ekstraksyon dan enkliz – D7220, D7230, D7240	0%	100%
Operasyon pou retire rasin dantè rezidyèl – D7250	0%	100%
Detatraj ak Grataj Radikilè – Frekans/Limitasyon – 1 kòd pwosedi pou chak ane kalandriye, pou chak kadran		
Detatraj pawodontal ak grataj radikilè – D4341, D4342	0%	100%
Sèvis Andodontik – Frekans/Limit – 1 kòd pwosedi pou chak ane kalandriye		
Kanal radikilè – D3310, D3320, D3330	0%	100%

Deskripsiyon Avantaj	Nan Rezo Ou Peye*	Andeyò Rezo Ou Peye
Pwotèz Konplè/Pasyèl – Frekans/Limit – 1 pwotèz konplè pou anwo ak anba oswa 1 pwotèz pasyèl pou anwo ak anba jiska 1 chak 5 ane Li enkli ekstraksyon ki nesesè pou ajiste danti a (san limit)		
Ratelye konplè – maksilyè (pou anwo) oswa mandibilè (pou anba) – D5110, D5120	0%	100%
Ratelye imedyat – maksilyè (pou anwo) oswa mandibilè (pou anba) – D5130, D5140	0%	100%
Ratelye pasyèl – rezin oswa metal, maksilyè (anwo) oswa mandibilè (anba) - D5211, D5212, D5213, D5214	0%	100%
Chiriji nan Bouch – Frekans/Limitasyon – 2 kòd pwosedi pou chak ane kalandriye		
Operasyon nan Bouch - D7270, D7280, D7284, D7285, D7286, D7287, D7288, D7310, D7311, D7320, D7321, D7410, D7411, D7412, D7450, D7451, D7460, D7461, D7509, D7510, D7961, D7962, D7963, D7970, D7971, D7972	0%	100%
Reyaliyen Pwotèz (pa otorize sou pwotèz derechanj oswa nan sis mwa ki vin apre premye plasman an) – Frekans/Limit – 1 kòd pwosedi pou chak ane kalandriye		
Reyaliyen pwotèz konplè – maksilè (anwo) oswa mandibilè (anba) – D5730, D5731, D5750, D5751	0%	100%
Reyaliyen pwotèz pasyèl – maksilè (anwo) oswa mandibilè (anba) – D5740, D5741, D5760, D5761	0%	100%
Anestezi – Frekans/Limit – Selon bezwen, epi avèk kòd ki kouvri pou ane kalandriye a (an konjonksyon ak pwosedi ki gaye epi/oswa ki konplèks, sou rezèv limit ak eksklizyon plan an, sou rezèv yon egzamen klinik)		
Bay analjezik, anksyoliz, rale gaz oksid nitrik – D9230	0%	100%
Fè sedasyon pwofon/anestezi jeneral – D9222, D9223	0%	100%
Fè sedasyon/analjezik modere nan venn (moun nan konsyan) – D9239, D9243	0%	100%
Fè sedasyon/analjezik modere ki pa nan venn (moun nan konsyan) – D9246, D9247	0%	100%

Tout sèvis yo dwe resevwa nan biwo ki nan rezo nan men yon dantis jeneral oswa espesyalis dantè (pa egzanp, chirijen oral, andodontis, parodontis, elatriye). Limitasyon ak eksklizyon ka aplike. Yo ofri avantaj yo sou yon baz ane kalandriye.

Dantis la ka sijere epi ede fè aranjman pou sèvis adisyonèl ki pa endike nan tablo anvan an; sepandan, nenpòt pwosedi ou resevwa ki swa ki pa nan lis tablo sa a oswa ki depase limit avantaj yo ki nan lis nan tablo sa a pa kouvri anba avataj sa a. Manm nan ka responsab pou depans sèvis adisyonèl sa yo epi yo ka fè w peye frè abityèl ak nòmal pwofesyonèl swen dantè a, mwens nenpòt rabè ki sou kontra. Gen yon pwosesis egzamen pou demann ranbousman yo ki ka gen ladan yon egzamen klinik ak antesedan dantè pou apwouve kouvèti a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou avantaj dantè ou yo, ale sou **CarePlusHealthPlans.com/Dental** pou w wè Tarif Avantaj Dantè konplè pou plan dantè w la. Epitou, si w gen kesyon, tanpri rele Depatman Sèvis pou Manm nou yo nan 800-794-5907. Si w itilize yon sistèm TTY, rele 711. Ou ka rele nou sèt jou sou sèt, soti 8 a.m. rive 8 p.m. Tanpri sonje ke sistèm telefòn otomatize nou an ka reponn apèl ou a pandan wikenn ak jou ferye yo. Pou sèvis 24 sou 24, ou ka vizite nou nan **CarePlusHealthPlans.com**.

*Pwofesyonèl swen dantè nan rezo yo dakò pou yo bay sèvis ki kouvri yo sou baz to kontraktyèl (selon barèm tarif ki nan rezo a [INFS]). Si yon manm al kay yon pwofesyonèl swen dantè ki patisipe nan rezo a, yo pa dwe faktire manm lan pou depans ki depase barèm tarif ki negosye pou yo a.

Pa gen kouvèti andeyò rezo nan plan sa a.

Pou jwenn yon dantis oswa pou tcheke pou wè si dantis ou an nan rezo nou an, ale sou CarePlusHealthPlans.com/DentalFinder.

Kouman yo kalkile peman ou oswa peman doktè w la

Pou sèvis swen dantè ki kouvri yo, nou pral peye konsa:

- Nou pral detèmine total depans ki kouvri yo.
- Nou pral konpare depans ki kouvri yo ak avantaj maksimòm yo pèmèt yo.
- Nap peye depans ki rete a pou ou oswa dantis ou a.

Pou rezon faktirasyon reklamasyon dantè, “Dat Sèvis” (DOS) la defini fason sa a:

- Dat yo prepare dan yo pou pon fiks, kouwòn, inlays oswa onlays
- Dat yo pran enpresyon oswa eskanè dijital pou ratelye oswa pati nan ratelye
- Dat yo pran enpresyon oswa eskanè dijital vis/enplan pou kouwòn implant
- Dat yo ouvri chanm pilp yon dan pou terapi kanal rasin
- Dat yo fè operasyon pawodontal
- Dat yo fè sèvis la pou sèvis ki pa nan lis ki anwo yo

Pou kondisyon dantè ki gen de oswa plis tretman posib, CarePlus pral kouvri tretman ki koute mwens la, osi lontan ke yo pwouve ke li bay rezulta satisfezan. Si w chwazi pou w resevwa yon tretman ki koute plis la, w ap responsab pou w peye diferans lan.

Soumet Plan pou Tretman

Si yo prevwa swen dantè ou bezwen an depase **\$300**, nou sijere oumenm oswa dantis ou voye yon plan tretman dantè pou nou revize davans pou nou ka ba ou yon estimasyon pou sèvis yo. Plan pretretman an ta dwe gen ladan:

1. Yon lis sèvis w ap resevwa, avèk tèminoloji ak kòd Asosyasyon Dantè Ameriken yo (American Dental Association).
2. Dantis ou an dwe ekri yon deskripsiyon tretman li pwopoze a.
3. Radyografi ki montre ki sèvis dantè ou bezwen.
4. Yon lis pri pou chak tretman ki pwopoze.
5. Nenpòt lòt materyèl dyagnostik nou mande.

Avantaj Swen Oditif Siplemantè Obligatwa HER845

Deskripsiyon sa ki kouvri

Ou ka resevwa sèvis sa yo ke Medicare pa kouvri nan men nenpòt founisè aparèy pou tandé ki nan rezo a:

Deskripsiyon Avantaj	Ou peye
Egzamen woutin pou odisyon (1 pou chak ane kalandrye)	\$0
Egzamen/eseyaj aparèy pou tandé (1 pou chak ane kalandriye)	\$0

Deskripsyon Avantaj	Ou peye
Preskripsyon aparèy pou tande (1 pou chak ane kalandriye) <ul style="list-style-type: none"> Nòt: Li gen ladan 1 mwa pwovizyon batri ak 1 ane garanti. 	Nenpòt montan ki depase \$1,000 pou chak zorèy pou chak ane kalandriye

Pou jwenn yon pwofesyonèl swen oditif woutin oswa pou tcheke pou wè si pwofesyonèl swen w lan nan rezo nou an, ale sou **CarePlusHealthPlans.com/Doctor**.

Yo ofri avantaj sa yo sou yon baz ane kalandriye. Nenpòt montan ki pa sèvi nan fen ane a ap ekspire.

Avantaj Swen Vizyon Siplemantè Obligatwa VIS141

Deskripsyon sa ki kouvri

Ou ka resevwa sèvis swen oditf woutin sa yo ke Medicare pa kouvri:

Deskripsyon Avantaj	Ou peye
<u>Egzamen Zye Woutin</u> <ul style="list-style-type: none"> Egzamen sante zye ki gen ladan tès vizyon ak refraksyon ak dilatasyon, lè sa nesesè 1 egzamen pou chak ane kalandriye 	\$0
Ou ka chwazi 1 Opsyon Linèt oswa Vè Kontak pou chak ane plan an:	
<u>Opsyon Linèt oswa Vè Kontak 1</u> <ul style="list-style-type: none"> Linèt - monti, vè ak eseyaj Lantiy kontak, tradisyonèl oswa jetab, ak eseyaj 	Nenpòt montan ki depase \$300
<u>Opsyon Linèt oswa Vè Kontak 2</u> <ul style="list-style-type: none"> Ou ka chwazi 3 pè linèt seleksyone**, monti (yo), lantiy, ak eseyaj (yo), pou chak ane plan an Ou ka chwazi linèt solèy sou preskripsyon kòm 1 pè 	\$0**
Tout Linèt yo ka gen ladan fonksyon adisyonèl sa yo: pwoteksyon iltra-vyolèt ak kouch rezistans pou li pa grave, lantiy ki gen doub fwaye san liy demakasyon ak lantiy tranzisyon. (Manm yo responsab pou peye frè pou fonksyon adisyonèl yo)	\$0

**Tcheke ak yon pwofesyonèl swen vizyon ki nan rezo a pou plis enfòmasyon sou opsyon linèt ki pa koute anyen.

Pou jwenn yon pwofesyonèl swen vizyon woutin oswa pou tcheke pou wè si pwofesyonèl swen w lan nan rezo nou an, ale sou **CarePlusHealthPlans.com/Doctor**.

Yo ofri avantaj sa yo sou yon baz ane kalandriye. Nenpòt montan ki pa sèvi nan fen ane a ap ekspire.

SEKSYON 3 Sèvis ki kouvri andeyò CareNeeds Extra (HMO D-SNP)

Tout sèvis Original Medicare kouvri yo kouvri nan plan nou an tou. Si w gen kesyon sou sèvis CareNeeds Extra (HMO D-SNP) pa kouvri men ki disponib atravè Florida Medicaid, tanpri gade Manyèl Manm Medicaid ou a oswa kontakte Medicaid. Ou kapab jwenn enfòmasyon kontak pou Florida Medicaid nan "Anèks A" ki nan do dokiman sa a.

SEKSYON 4 Sèvis plan nou an OSWA Medicare pa kouvri yo

Seksyon sa a fè w konnen sèvis Medicare pa bay yo. Nan kèk ka, nou kouvri atik oswa sèvis ke Medicare eskli anba avantaj Medicaid plan nou an.

Tablo ki anba a bay lis sèvis ak atik plan nou an OSWA Medicare pa kouvri sou okenn kondisyon oswa plan nou an OSWA Medicare kouvri sèlman nan kèk kondisyon byen presi.

Si w resevwa sèvis ki eskli (pa kouvri), ou dwe peye pou yo ou menm eksepte nan kondisyon espesifik ki endike anba a. Menm si w jwenn sèvis ki eskli yo nan yon etablisman ijans, sèvis ki eskli yo toujou pa kouvri epi plan nou an p ap peye pou yo. Sèl eksepsyon a se si yo fè apèl pou sèvis la epi yo deside: lè w fè apèl la se yon sèvis medikal ke nou ta dwe peye oswa kouvri akòz sitiyasyon espesifik ou. (Pou jwenn enfòmasyon sou kontestasyon yon desizyon nou pran pou nou pa kouvri yon sèvis medikal, ale nan Chapit 9 Seksyon 6.3.)

Sèvis ki pa kouvri anba Medicare	Kouvri sèlman anba kondisyon espesifik
Frè pou ekipman ki itilize prensipalman ak abtyèlman pou yon rezon ki pa medikal, menmsi atik la gen kèk itilizasyon ki gen rapò vag ak rezon medikal	Pa kouvri anba okenn kondisyon
Operasyon oswa entèvansyon kosmetik	Kouvri nan ka yon blesi nan aksidan oswa pou amelyore fonksyònman yon manm kò ou ki malfòme Kouvri pou tout etap nan rekonstriksyon yon tete apre yon mastektomi, epi tou pou tete ki pa afekte a pou pwodui yon aparans simetrik
Pwosedi medikal ak chirijikal eksperimentyal, ekipman ak medikaman eksperimentyal Pwosedi ak atik eksperimentyal yo se atik ak pwosedi Original Medicare detèmine kominote medikal la pa aksepte jeneralman	Original Medicare ka kouvri yo nan kad yon etid rechèch klinik Medicare oswa plan nou an apwouve (Ale nan Chapit 3, Seksyon 5 pou plis enfòmasyon sou etid rechèch klinik.)
Frè ou peye pou swen fanmi ou oswa manm fanmi w ba ou	Pa kouvri anba okenn kondisyon
Swen enfimye aplentan lakay ou	Pa kouvri anba okenn kondisyon
Sèvis natiwopat (ki itilize tretman natirèl oswa altènatif)	Pa kouvri anba okenn kondisyon

Sèvis ki pa kouvri anba Medicare	Kouvri sèlman anba kondisyon espesifik
Lantiy entèwokilè ki pa konvansyonèl (Nonconventional interocular lenses, IOL) apre operasyon katarak, ki gen ladan: <ul style="list-style-type: none"> fonksyon yon lantiy entra-okilè ki korije astigmat fonksyon yon lantiy entèwokilè ki korije prezbisi 	Pa kouvri anba okenn kondisyon
Swen dantè ki pa woutin	Swen dantè ki nesesè pou trete maladi oswa blesi ka kouvri kòm swen pou pasyan ki entène oswa pou pasyan ekstèn.
Soulye òtopedik oswa aparèy sipò pou pye	Soulye ki fè pati yon atèl janm epi ki enkli nan pri atèl la. Soulye òtopedik oswa terapeutik pou moun ki gen maladi pye dyabetik.
Atik pèsònèl nan chanm ou nan yon lopital oswa yon etablisman swen enfimye espesyalize, tankou yon telefòn oswa yon televizyon	Pa kouvri anba okenn kondisyon
Chanm prive nan yon lopital	Kouvri sèlman lè sa nesesè pou rezon medikal
Ranvèsman pwosedi esterilizasyon yo ak/oswa founiti kontraseptif san preskripsiyon	Pa kouvri anba okenn kondisyon
Sèvis yo konsidere kòm pa rezonab e nesesè, dapre estanda Original Medicare	Pa kouvri anba okenn kondisyon
Achte, olye pou lwe, ekipman medikal dirab ke Original Medicare pa pèmèt achte ak lajan kontan.	Pa kouvri anba okenn kondisyon

Anplis nenpòt eksklizyon oswa limit ki dekri nan Tablo Avantaj Medikal yo, oswa nenpòt lòt kote nan Prèv sou Kouvèti sa a, **atik ak sèvis sa yo pa kouvri anba Original Medicare oswa nan plan nou an:**

- Keratotomi radyal, operasyon LASIK, ak lòt èd pou vizyon ba. Sepandan, linèt yo kouvri pou moun apre operasyon katarak, epi jan sa dekri nan Tablo Avantaj Medikal yo, sijè a limit.
- Sèvis yo bay veteran nan etablisman Veterans Affairs (VA). Sepandan, lè yo resevwa sèvis dijans nan yon lopital VA epi pataj frè VA a pi plis pase pataj frè anba plan nou an, n ap ranbouse veteran yo pou diferans lan. Manm yo toujou responsab pou montan pataj frè nou an.

Eksklizyon nan Avantaj Dantè Siplementè Obligatwa yo, kapab genyen, men pa sèlman, sa annapre yo:

- Dantis nan rejo yo dakò pou yo bay sèvis sou baz frè kontraktyèl (barèm tarif ki nan rejo a, oswa INFS). Si yon manm al kay yon dantis ki patisipe nan rejo a, yo pa pral bay manm lan yon bòdwo pou depans ki plis pase barèm frè ki negosye pou yo a sou sèvis ki kouvri yo (peman ko-asirans ap toujou aplike).
- Plasman inisyal oswa ranplasman yon ansyen ratelye ki pa ka itilize e ki pa ka repare. Ratelye an rezèv pa kouvri.
- Reyaliyen ratelye ka pa kouvri pandan sis mwa apre premye plasman danti an oswa pou ratelye an rezèv.

- Depans ki fèt pandan ou kalife pou nenpòt konpansasyon travayè oswa anba yon lwa sou maladi ki gen rapò ak travay ou, kit ou te aplike pou kouvèti oswa ou pa.
- Sèvis ki:
 - Gratis oswa ke ou pa ta oblige peye si ou pa t gen asirans sa a, sof si nou resevwa bòdwo an soti nan epi dwe ranbouse bay gouvènman ameriken an oswa nenpòt nan ajans li yo jan lalwa egzije sa.
 - Ki founi pa oswa dwe peye anba nenpòt plan oswa lwa atravè nenpòt gouvènman oswa nenpòt sibdivizyon politik- sa pa enkli Medicare oswa Medicaid.
 - Ki founi pa nenpòt lopital/enstitisyon/ajans gouvènman ameriken an posede oswa dirije pou nenpòt sèvis ki gen rapò ak maladi oswa blesi kòporèl.
- Nenpòt pèt ki lakòz dirèk oswa indirèk lagè oswa nenpòt zak lagè, kit se yon lagè ki deklare oswa pa; nenpòt zak konfli ame entènasional; oswa nenpòt konfli ki enplike fòs ame ki anba nenpòt otorite entènasional.
- Nenpòt depans ki soti nan ranpli fòm yo.
- Si w pa kenbe yon randevou ak dantis la.
- Nenpòt sèvis nou konsidere sèvis dantè kosmetik sof si li nesesè lakòz yon blesi nan aksidan ou sibi pandan ou kouvri anba polis sa a. Nou konsidere sèvis dantè kosmetik se, men pa sèlman:
 - Fas sou kouwòn oswa pontik- pòsyon nan yon pon fiks ant vis yo- dèyè dezyèm bicuspid la.
 - Nenpòt sèvis pou korije malfòmasyon konjenital.
 - Nenpòt sèvis ki fèt sitou pou amelyore aparans;
 - Karakterizasyon ak pèsonalizasyon aparèy pwotèz; oswa
 - Nenpòt pwosedi pou chanje espas ak/oswa fòm dan yo.
- Frè pou:
 - Nenpòt kalite enplan ak tout sèvis ki gen rapò, tankou kouwòn oswa aparèy pwotèz ki tache ak li;
 - Atachman presizyon oswa semi-presizyon;
 - Lòt atachman pèsonalize;
 - Sèvis swen dantè tanporè oswa pwovizwa
 - Lòt frè ki gen rapò ak materyèl oswa ekipman yo itilize nan livrezon swen dantè;
 - Retire nenpòt enplan amwens sa fè pati yon sèvis ki kouvri.
- Nenpòt sèvis ki gen rapò ak:
 - Chanje dimansyon vètikal dan yo.
 - Reparasyon oswa antretyen oklizyon.
 - Atèl pou dan, ki gen ladan plizyè vis, oswa nenpòt sèvis pou estabilize dan ki febli akòz pwoblèm jansiv.
 - Ranplase estrikti dan yo pèdi akòz fwotman, atrisyon, ewozyon oswa abfraksyon.
 - Anrejistreman oswa analiz emprent dan.
- Kontwòl enfeksyon, ki gen ladan men pa limite a teknik esterilizasyon.
- Frè pou tretman yon moun yon dantis fè, eksepte pou detatraj, netwaye dan ak aplikasyon fliyò sou dan, ki ka fèt pa yon ijyenis dantè ki gen lisans. Tretman an dwe fèt anba sipèvizon dantis la an akò ak estanda dantè yo aksepte anjeneral yo.
- Nenpòt lopital, etablisman chirijikal oswa tretman, oswa pou sèvis yon doktè oswa enfimyè anestezis.
- Medikaman preskripsiyon oswa pre-medikaman, kit yo dispanse oswa preskri.
- Nenpòt sèvis ki pa endike espesifikman nan Enfòmasyon sou Kouvèti a.
- Nenpòt sèvis ki pa elijib pou avantaj ki baze sou egzamen klinik; ki pa ofri yon pwonostik favorab; ki pa gen andòsman pwofesyonèl estanda; oswa yo konsidere kòm eksperimentalyal oswa ankèt.
- Sèvis ôtodontik.
- Kouwòn sou dan lè kouvèti pon dantè pa enkli nan avantaj la.
- Nenpòt depans ki fèt anvan dat kontra ou kòmanse oswa apre dat avantaj siplemantè sa a ekspire.
- Sèvis yon moun ki abite nòmalman lakay ou oswa ki se yon manm fanmi w ofri yo.
- Frè ki depase limit ranbousman pou sèvis la.
- Tretman pou nenpòt blesi oswa maladi kòporèl ou bay tèt ou entansyonèlman.

- Anestezi lokal, irigasyon, baz, bouchon pilp dan, sèvis swen dantè tanporè, modèl etid/dyagnostik, plan tretman, ajisteman oklizal (mòde oswa graye sifas dan molè ak bikispid), oswa preparasyon tisi ki asosye ak enpresyon oswa plasman yon restorasyon lè yo chaje yo kòm yon sèvis separe. Sèvis sa yo konsidere kòm yon pati entegral nan tout sèvis dantè a.
- Nenpòt tès, entraoperasyon, radyografi, laboratwa, retire pòs ki egziste deja, materyèl plonbaj, transpòtè Thermafill, ak nenpòt lòt swen swivi konsidere kòm entegral nan terapi kanal radikilè. Yon frè separe pou sèvis sa yo pa konsidere kòm yon depans ki kouvri.
- Reparasyon ak ranplasman aparèy òtodontik.
- Nenpòt tretman chirijikal oswa ki pa chirijikal pou nenpòt pwoblèm jwenti machwè, ki gen ladan nenpòt twoub jwenti temporomandibular, kraniomaxillary, twoub kraniomandibular, oswa lòt kondisyon jwenti ki konekte zo machwè ak zo bwa tèt la; oswa tretman nan misk figi yo itilize nan ekspresyon ak fonksyon mastike, pou sentòm ki gen ladan, men pa limite a, tèt fè mal.
- Avantaj operasyon nan bouch yo anba plan sa a pa enkli:
 - Nenpòt sèvis pou operasyon machwè;
 - Nenpòt sèvis pou destrikson blesi pa nenpòt metòd;
 - Nenpòt sèvis pou transplantasyon dan;
 - Nenpòt sèvis pou retire yon kò etranje nan tisi oswa nan zo bouch la;
 - Nenpòt sèvis pou rekonstriksyon defo chirijikal, twomatik oswa konjenital nan zo figi yo;
 - Nenpòt frè separe pou swen anvan ak apre operasyon.
- Anestezi jeneral oswa sedasyon konsyan se pa yon sèvis ki kouvri sòf si li baze sou evaliyasyon klinik dokiman yon dantis oswa yon pratisyen swen sante bay an konjonksyon avèk yon pwosedи chirijikal oral ki kouvri, pwosedи chirijikal perydental ak os, oswa pwosedи chirijikal nan rasin pou sèvis ki kouvri.
- Anestezi jeneral oswa sedasyon konsyan ki administre akòz, men pa limite a, rezon sa yo pa kouvri:
 - Kontwòl doulè sof si ou bay dokiman ki montre yon alèji ak anestezi lokal;
 - Anksyete;
 - Pè doulè;
 - Jesyon doulè;
 - Enkapasite emosyonèl pou sibi yon operasyon.
- Pwogram kontwòl preventif ki gen ladan, men pa sa sèlman, enstriksyon ijyèn oral, kontwòl plak, atik pou pote lakay, preskripsiyan ak planifikasyon dyetetik.
- Ranplasman nenpòt restorasyon, pwotèz oswa aparèy ki pèdi, ke yo volè, ki andomaje, oswa de rezèv.
- Nenpòt tès sansiblite kari, tès laboratwa, echantyon saliv, kilti anaerobik, tès sansiblite oswa frè pou pwosedи patoloji oral.
- Frè separe pou swen anvan ak apre operasyon ak re-evalyasyon nan 12 mwa yo pa konsidere kòm sèvis ki kouvri anba sèvis peryodontik chirijikal nan plan sa a.
- Nou pa kouvri sèvis ki konsidere anjeneral kòm sèvis medikal eksepte sa ki endike espesifikman ke yo kouvri yo nan Enfòmasyon sou Kouvèti a.
- Depans ou pou kopeman, ko-asirans, ak franchiz yo pa konte pami limit maksimòm lajan ki soti nan pòch ou a.

Eksklizyon nan Avantaj Swen Oditif Siplementè Obligatwa yo, kapab genyen, men pa sèlman, sa annapre yo:

- Nenpòt frè pou egzamen, tès, evaliyasyon oswa nenpòt sèvis ki depase montan maksimòm ki ekri yo.
- Nenpòt depans ki kouvri pa Medicare oswa nenpòt lòt pwogram gouvènman oswa plan asirans, oswa ke ou pa oblige peye legalman.
- Sèvis yon pwofesyonèl swen sante bay pou otorizasyon/konsiltasyon.
- Nenpòt frè pou remete aparèy pou tandé ki pèdi oswa ki domaje.
- Nenpòt frè pou nenpòt sèvis yon founisè aparèy pou tandé ki pa nan rezo a bay. Founisè aparèy pou tandé ki nan rezo a rezève dwa pou yo fè antretyen sèlman pou aparèy yo achte nan men pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a.

- Aparèy pou tandé ak vizit kay pwofesyonèl swen sante pou antretyen aparèy pou tandé yo (eksepte jan sa espesifikman dekri nan Avantaj ki kouvri yo), mwazi nan zòrèy (eksepte lè yo kouvri anba Medicaid), akseswa pou aparèy pou tandé, frè pou retounen, frè reklamasyon garanti, ak batri aparèy pou tandé (pi lwen pase limit garanti a).

Eksklizyon nan Avantaj Swen Vizyon Siplementè Obligatwa yo, kapab genyen, men pa sèlman, sa annapre yo:

- Nenpòt avantaj ou resevwa nan men yon pwofesyonèl swen optik ki pa nan rezo a.
- Lòt eseyaj oswa chanjman nan konsepsyón vè yo apre premye eseyaj la.
- Nenpòt depans ki soti nan ranpli fòm yo.
- Nenpòt sèvis ki pa endike espesifikman nan avantaj siplementè w la.
- Òtoptik oswa antrènman vizyon.
- Materyèl pou ede vizyon fèb ak tout tès ki gen rapò ak sa.
- Lantiy aniseyikonik.
- Lantiy atletik oswa endistriyèl.
- Prism (pa kouvri ak alokasyon, men yo ka disponib ak yon rabè sou pri an detay la; tcheke avèk pwofesyonèl swen sante a pou plis detay)
- Nenpòt sèvis nou considere se kosmetik.
- Nenpòt depans ki fèt anvan dat kontra ou kòmanse oswa apre dat avantaj siplementè sa a ekspire.
- Sèvis yon moun ki abite nòmalman lakay ou oswa ki se yon manm fanmi w ofri yo.
- Frè ki depase limit alokasyon an pou sèvis la.
- Tretman pou nenpòt blesi oswa maladi kòporèl ou bay tèt ou entansyonèlman.
- Lantiy plano.
- Tretman medikal oswa chirijikal nan zye oswa lòt pati ki sipòte zye yo.
- Linèt solèy ki pa preskripsyon.
- De (2) pè linèt olye yon sèl linèt bifokal.
- Sèvis oswa materyèl nenpòt lòt plan avantaj gwoup ki bay swen vizyon.
- Tretman koreksyon vizyon ki klase kòm eksperimentyal.
- Solisyon ak/oswa pwodui netwayaj pou linèt oswa lantiy kontak.
- Atik yo vann san preskripsyon.
- Depans ki asosye ak sekirize materyèl yo.
- Sèvis anvan ak apre operasyon.
- Òtokeratoloji.
- Antretyen woutin pou materyèl.
- Lantiy ki pentire yon fason atistik.
- Nenpòt depans ki fèt pandan ou kalifye pou nenpòt konpansasyon travayè oswa anba yon lwa sou maladi ki gen rapò ak travay ou, kit ou te aplike pou kouvèti oswa ou pa.
- Sèvis ki:
 - Gratis oswa ke ou pa ta oblige peye si ou pa t gen asirans sa a, sof si nou resevwa bòdwo an soti nan epi dwe ranbouse bay gouvènman ameriken an oswa nenpòt nan ajans li yo jan lalwa egzije sa.
 - Ki founi pa oswa dwe peye anba nenpòt plan oswa lwa atravè nenpòt gouvènman oswa nenpòt sibdivizyon politik (sa pa enkli Medicare oswa Medicaid).
 - Ki founi pa nenpòt lopital/ensitisyon/ajans gouvènman ameriken an posede oswa dirije pou nenpòt sèvis ki gen rapò ak maladi oswa blesi kòporèl.
- Nenpòt pèt ki lakòz direk oswa indirèk lagè oswa nenpòt zak lagè, kit se yon lagè ki deklare oswa pa; nenpòt zak konfli ame entènasyonal; oswa nenpòt konfli ki enplike fòs ame ki anba nenpòt otorite entènasyonal.
- Si w pa kenbe yon randevou.
- Nenpòt lopital, etablisman chirijikal oswa tretman, oswa pou sèvis yon doktè oswa enfimyè anestezis.
- Medikaman preskripsiyan oswa pre-medikaman, kit yo dispanse oswa preskri.

- Nenpòt sèvis ke nou detèmine pa kalifye kòm yon nesesite pou vizyon; ki pa ofri yon pwonostik favorab; ki pa gen andòsman pwofesyonèl estanda; oswa yo konsidere kòm eksperimental oswa ankèt.
- Ranplasman lantiy oswa monti linèt ki te founi anba avantaj siplemantè sa a ki pèdi oswa ki kase, sof si yo disponib nan kad avantaj siplemantè a.
- Nenpòt egzamen oswa materyèl yon anplwayè mande kòm kondisyon travay oswa linèt oswa vè kontak sekirite.
- Tretman patologik.
- Depans ou pou kopeman, ko-asirans, ak franchiz yo pa konte pam limit maksimòm lajan ki soti nan pòch ou a.
- Yo ofri avantaj sa yo sou yon baz ane kalandriye. Nenpòt montan ki pa sèvi nan fen ane a ap ekspire.

Plan an p ap kouvri sèvis ki eskli sa yo ki endike anwo a. Menmsi ou resevwa sèvis ki eskli yo nan yon etablisman ijans, sèvis ki eskli yo toujou pa kouvri.

CHAPIT 5:

Sèvi avèk kouvèti plan an pou medikaman Part D

Ki jan ou ka jwenn enfòmasyon sou pri medikaman ou yo?



Paske ou elijib pou Medicaid, ou kalifye pou epi resevwa Èd Siplementè (Extra Help) nan men Medicare pou peye pou pri plan medikaman sou preskripsyon ou yo. Piske w nan yon pwogram Èd Siplementè a (Extra Help), **gen kèk enfòmasyon nan Prèv sou Kouvèti sa a konsènan pri medikaman sou preskripsiyan**

Part D yo ki pa aplike pou ou. Nou voye yon dokiman apa, ki rele Avnan pou Prèv sou Kouvèti pou Moun ki Resevwa Èd Siplementè (Extra Help) k ap Peye Medikaman sou Preskripsiyan (yo rele Avnan Sibvansyon pou Revni Ki Ba oswa Avnan LIS tou), ki ba w enfòmasyon sou kouvèti medikaman w yo. Si w pa jwenn dokiman sa a, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo rele 711) epi mande Avnan LIS la. (Nimewo telefòn pou Sèvis pou Manm yo enprime nan do kouvèti dokiman sa a.)

SEKSYON 1 Règ debaz pou kouvèti medikaman Part D plan nou an

Ale nan Tablo Avantaj Medikal yo ki nan Chapit 4 pou avantaj Medicare Part B pou medikaman ak avantaj medikaman nan ospis.

Anplis de medikaman Medicare kouvri yo, kèk medikaman sou preskripsiyan ka kouvri anba avantaj Medicaid ou yo. Gid Medikaman nou an di w kijan pou w jwenn enfòmasyon sou kouvèti Medicaid w pou medikaman w la.

Anjeneral, plan nou an pral kouvri medikaman ou yo toutotan ou swiv règ sa yo:

- Ou dwe fè yon pwofesyonèl swen sante (yon doktè, dantis, oswa lòt moun k ap preskri) ekri yon preskripsiyan pou ou, ki valab dapre lalwa eta ki aplikab.
- Moun ki ekri preskripsiyan an pa dwe nan lis Medicare pou eksklizyon ak preklisyion.
- An jeneral ou dwe itilize yon famasi nan rezo a pou ranpli preskripsiyan ou a (Ale nan Seksyon 2) oswa ou ka ranpli preskripsiyan ou a atravè sèvis kòmann pa lapòs plan nou an
- Medikaman w lan dwe nan *Gid Medikaman sou Preskripsiyan (Fòmilè)* plan nou an (nou rele li Gid Medikaman pou pi kout). (Ale nan Seksyon 3).
- Ou dwe itilize medikaman an pou yon endikasyon ki aksepte sou plan medikal. Yon “endikasyon ki asepte sou plan medikal” sa vle di itilize medikaman an yon fason ki swa apwouve pa FDA oswa ki sipòte pa sèten referans. (Ale nan Seksyon 3 pou plis enfòmasyon sou yon endikasyon ki aksepte sou plan medikal.)
- Medikaman ou an gendwa bezwen apwobasyon plan nou an selon sèten kritè anvan nou ap dakò pou kouvri li. Tanpri gade Seksyon 4 an pou plis enfòmasyon.

SEKSYON 2**Ranpli preskripsyon w nan yon famasi ki nan rezo a oswa atravè sèvis kòmann pa lapòs plan nou an**

Nan pifò ka yo, preskripsyon w yo kouvrir sèlman si yo achte nan youn nan famasi rezo plan nou a. (Ale nan Seksyon 2.5 pou enfòmasyon sou kilè nou ta kouvrir preskripsyon ki achte nan famasi ki pa nan rezo a.)

Yon famasi rezo a se yon famasi ki gen yon kontra ak plan nou an pou founi medikaman sou preskripsyon ou ki kouvrir yo. Tèm “medikaman ki kouvrir” yo vle di tout medikaman sou preskripsyon Part D ki nan Gid Medikaman plan nou an.

Seksyon 2.1**Famasi nan rezo a****Jwenn yon famasi nan rezo a ki toupre ou**

Pou jwenn yon famasi nan rezo a, ale nan Anyè Pwofesyonèl Swen Sante w la, ale sou sitwèb nou an (CarePlusHealthPlans.com/Directories), epi/oswa rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (ilizatè TTY yo dwe rele 711).

Ou ka ale nan nenpòt famasi nan rezo nou a. Gen kèk famasi nan rezo a ki bay pataj frè prefere, ki gendwa pi ba pase pataj frè nan yon famasi ki ofri pataj frè estanda. Anyè Pwofesyonèl Swen Sante a ap di w ki famasi nan rezo a ki ofri pataj frè prefere. Kontakte nou pou konnen plis sou fason depans ki fèt ak lajan ki sote nan pòch ou ta ka varye pou diferan medikaman.

Si famasi ou sèvi a kite rezo a

Si famasi ou sèvi a kite rezo plan nou a, ou pral oblige jwenn yon nouvo famasi ki nan rezo a. Si famasi ou sèvi a rete nan rezo a men li pa ofri pataj frè prefere ankò, ou gendwa vle chanje pou yon lòt famasi nan rezo a oswa yon famasi prefere, si sa disponib. Pou jwenn yon lòt famasi nan zòn ou an, mande Sèvis pou Manm yo èd nan 800-794-5907 (ilizatè TTY yo dwe rele 711) oswa sèvi avèk Anyè Pwofesyonèl Swen Sante a. Ou kapab jwenn enfòmasyon tou sou sitwèb nou an nan CarePlusHealthPlans.com/Directories.

Famasi espesyalize

Gen kèk preskripsyon yo dwe achte nan yon famasi espesyalize. Famasi spesyalize yo gen ladan:

- Famasi ki bay medikaman pou terapi pèfifyon pou lakay.
- Famasi ki bay medikaman pou rezidan nan yon etablisman swen alontèm (LTC). Anjeneral, yon etablisman swen alontèm LTC (tankou yon etablisman retrèt) genyen pwòp famasi pa li. Si w gen difikilte pou jwenn medikaman Part D ou yo nan yon etablisman LTC, tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (ilizatè TTY yo dwe rele 711).
- Famasi ki sèvi Indian Health Service / Pwogram Sante Endyen Tribi / Iben (pa disponib nan Puerto Rico). Eksepte nan ka ijans, sèlman Nativ Indyen Ameriken yo oswa Nativ Alaska yo gen aksè a famasi sa yo nan rezo nou an.
- Famasi ki bay medikaman FDA limite nan sèten kote oswa ki mande tretman espesyal, kowòdinasyon pwofesyonèl swen sante oswa edikasyon sou itilizasyon yo. Pou lokalize yon famasi espesyalize, ale nan Anyè

Pwofesyonèl Swen Sante a (CarePlusHealthPlans.com/Directories) oswa rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (ilizatè TTY yo dwe rele 711).

Seksyon 2.2 Sèvis kòmann pa lapòs plan nou an

Pou sèten kategori medikaman, ou ka itilize sèvis kòmann pa lapòs rezo plan nou an. Anjeneral, medikaman yo bay nan kòmann pa lapòs yo se medikaman ou pran regilyèman, pou yon maladi kwonik oswa alontèm. Medikaman sa yo make kòm **medikaman yo achte sou kòmann pa lapòs** nan Gid Medikaman nou an.

Sèvis kòmann pa lapòs plan nou an pèmèt ou kòmande pou **jiska yon pwovizyon pou 100 jou**.

Nou gen famasi pa lapòs nan rezo nou an ki ofri pri estanda pataj frè ak famasi pa lapòs ki ofri pri pataj frè preferansyèl. Ou ka itilize nenpòt ladan yo men pòsyon ou nan pri a ap pi ba anjeneral ak yon famasi pa lapòs ki ofri pri pataj frè preferansyèl. Si w itilize yon famasi pa lapòs ki pa nan rezo plan nou an, preskripsyon w la p ap kouvrir.

Pou jwenn fòm kòmann ak enfòmasyon sou kijan pou ranpli preskripsyon ou yo pa lapòs, tanpri kontakte Sèvis pou Manm yo.

Anjeneral, ou pral resevwa kòmann famasi pa lapòs la apre pa plis pase 10 jou ouvrab apati lè yo resevwa preskripsiyan ou yo. Lè w planifye pou itilize yon famasi pa lapòs, se yon bon prekosyon pou w mande doktè w la pou l ekri de preskripsiyan pou medikaman w yo: youn w ap voye pou w kòmande pa lapòs, epi youn ou ka achte an pèsòn nan yon famasi ki nan rezo a si kòmann pa lapòs ou a pa rive alè. Konsa, ou p ap manke medikaman ou si kòmann pa lapòs ou an reta. Si w gen pwoblèm pou egzekite preskripsiyan w lan nan yon famasi ki nan rezo a pandan w ap tann kòmann pa lapòs, tanpri kontakte biwo moun k ap preskri w la.

Nouvo preskripsiyan famasi a jwenn dirèkteman nan men biwo doktè ou.

Famasi a pral ranpli otomatikman epi livre nouvo preskripsiyan li jwenn nan men pwofesyonèl swen sante yo, san yo pa tcheke avèk ou anvan, si oswa:

- Ou te itilize sèvis kòmann pa lapòs ak plan sa a nan tan lontan, oswa
- Ou enskri pou livrezon otomatik pou tout nouvo preskripsiyan ki resevwa dirèkteman nan men pwofesyonèl swen sante yo. Ou ka mande livrezon otomatik pou tout nouvo preskripsiyan nenpòt lè ou rele Sèvis pou Manm yo.

Si ou jwenn yon preskripsiyan otomatikman pa lapòs ke ou pa vle, epi yo pa te kontakte ou pou wè si ou te vle li anvan li voye l, ou ka elijib pou yon ranbousman.

Si ou te itilize kòmann pa lapòs nan tan lontan epi ou pa vle famasi a ranpli ak voye pa lapòs chak nouvo preskripsiyan otomatikman, tanpri kontakte nou lè w rele Sèvis pou Manm yo.

Si ou pa janm itilize livrezon kòmann pa lapòs nou an epi/oswa ou deside sispann livrezon otomatik pou nouvo preskripsiyan yo, famasi a pral kontakte ou chak fwa li resevwa yon nouvo preskripsiyan nan men yon pwofesyonèl swen sante pou wè si ou vle medikaman an voye pou livrezon imedyatman. Li enpòtan pou reponn chak fwa famasi a kontakte w, pou fè yo konnen si yo dwe voye, retade, oswa anile nouvo preskripsiyan an.

Pou w chwazi pa resevwa livrezon otomatik pou nouvo preskripsiyan yo soti dirèkteman nan biwo pwofesyonèl swen sante ou a, kontakte nou nan Sèvis pou Manm yo.

Renouvèlman medikaman preskripsiyan pa lapòs. Pou renouvèlman medikaman ou yo, ou gen opsyon pou w enskri pou yon pwogram renouvèlman otomatik. Dapre pwogram sa a, nou kòmanse trete pwochen renouvèlman medikaman w lan otomatikman lè dosye nou yo montre ou ta dwe prèske fini ak medikaman w

lan. Famasi a pral kontakte ou anvan yo voye chak renouvèlman medikaman pou asire yo ou bezwen plis medikaman, epi ou ka anile renouvèlman medikaman pwograme yo si ou gen ase medikaman oswa medikaman ou chanje.

Si w chwazi pou w pa sèvi ak pwogram renouvèlman otomatik nou an men ou toujou vle famasi kòmann pa lapòs la voye preskripsiyan w la ba ou, kontakte famasi ou a 14 jou ouvrab anvan preskripsiyan ou genyen kounye a fini. Sa a pral asire ke kòmman ou a voye ba ou alè.

Pou retire kò w nan pwogram ki prepare renouvèlman otomatik kòmann pa lapòs yo, tanpri kontakte nou lè w rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711).

Si ou jwenn yon preskripsiyan otomatikman pa lapòs ke ou pa vle, ou ka elijib pou yon ranbousman.

Seksyon 2.3 Kijan ou ka jwenn yon rezèv medikaman alontèm

Lè ou achte yon rezèv medikaman alontèm, pataj frè ou ka pi ba. Plan nou an ofri 2 fason pou jwenn yon pwovizyon alontèm (yo rele sa tou yon rezèv pwolonje) medikaman antretyen nan Gid Medikaman plan nou an. (Anjeneral, medikaman antretyen se medikaman ou pran regilyèman, pou yon maladi kwonik oswa alontèm.)

1. Kèk famasi detayan ki nan rezo nou an pèmèt ou jwenn yon rezèv alontèm pou medikaman antretyen yo. Anyè Pwofesyonèl Swen Sante w la (**CarePlusHealthPlans.com/Directories**) di ou ki famasi nan rezo nou an ki ka ba w yon pwovizyon alontèm pou medikaman antretyen. Ou ka rele Sèvis pou Manm yo tou nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711) pou plis enfòmasyon.
2. Ou ka jwenn medikaman antretyen tou atravè pwogram kòmann pa lapòs nou an. Ale nan Seksyon 2.2 pou plis enfòmasyon.

Seksyon 2.4 Sèvi avèk yon famasi ki pa nan rezo plan nou an

Anjeneral, nou kouvri medikaman ki achte nan yon famasi andeyò rezo a sèlman lè ou pa kapab itilize yon famasi rezo a. Nou gen famasi rezo andeyò zòn sèvis nou an tou kote ou ka jwenn preskripsiyan yo kòm manm plan nou an. **Premyèman tcheke avèk Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711)** pou wè si gen yon famasi rezo ki toupre ou.

Nou kouvri preskripsiyan ki ranpli nan yon famasi ki andeyò rezo a sèlman nan sitiyasyon sa yo.

- **Si ou bezwen yon preskripsiyan akòz yon ijans medikal**
 - Nou pral kouvri preskripsiyan ki achte nan yon famasi andeyò rezo a (yon rezèv pou jiska 30 jou) si preskripsiyan yo gen rapò ak swen pou yon ijans medikal. Nan sitiyasyon sa a, w ap oblige peye tout pri a (olye w peye jis kopeman oswa ko-asirans ou) lè w achte preskripsiyan w la. Ou ka mande nou pou nou ranbouse w pati depans pa w la lè ou soumèt yon fòm reklamasyon pou ranbousman medikaman, ki ou ka jwenn nan **CarePlusHealthPlans.com/Resources**. Si ou ale nan yon famasi oswa kay yon pwofesyonèl swen sante ki andeyò rezo a, ou ka responsab pou peye diferans ki genyen ant sa nou ta peye pou yon preskripsiyan ki achte nan yon famasi nan rezo a ak sa famasi andeyò rezo a te chaje pou preskripsiyan w la. (Chapit 7, Seksyon 2 eksplike kijan pou mande plan nou an ranbousman.)
- **Si w bezwen kouvèti pandan w ap vwayaje lwen zòn sèvis plan nou an**

- Si w pran yon medikaman sou preskripsyon regilyèman epi w al vwayaje, asire w ke w tcheke rezèv medikaman ou an anvan w ale. Lè sa posib, pran tout medikaman w ap bezwen. Ou ka anmezi kòmande medikaman sou preskripsyon ou yo davans atravè sèvis preskripsyon pa lèpòs nou an oswa atravè yon famasi an detay nan rezo a ki ofri yon rezèv pwolonje. Si w ap vwayaje andeyò zòn sèvis plan w lan men nan peyi Etazini ak nan teritwa yo epi o tonbe malad, oswa ou vin pa gen medikaman sou preskripsyon ki rete w, rele Sèvis pou Manm yo pou w jwenn yon famasi rezo nan zòn ou an kote w ka ranpli preskripsyon w lan. Si pa gen famasi rezo ki disponib, nou pral kouvri preskripsyon ki achte nan yon famasi andeyò rezo a (yon rezèv pou jiska 30 jou) si ou swiv tout lòt règleman ki idantifye nan dokiman sa a. Nan sitiyasyon sa a, w ap oblige peye tout pri a (olye w peye jis kopeman oswa ko-asirans ou) lè w achte preskripsyon w la.
- **Si preskripsiyan an kouvri, li pral kouvri ak yon tarif andeyò rezo a.** Ou ka responsab pou peye diferans ki genyen ant sa nou ta peye pou yon preskripsiyan ki achte nan yon famasi nan rezo a ak sa famasi andeyò rezo a te chaje pou preskripsiyan w la. Ou ka mande nou pou nou ranbouse w pati depans pa w la lè ou soumet yon fom reklamasyon pou ranbousman medikaman. (Chapit 7, Seksyon 2 eksplike kijan pou mande plan nou an ranbousman.)
- **Tanpri rekonèt, sepan dan, plizyè evènman ki pa ijans nan reklamasyon famasi andeyò rezo a pral lakòz refi reklamasyon. Anplis de sa, nou pa ka peye pou nenpòt medikaman yo volè oswa preskripsiyan ke famasi yo ranpli andeyò Etazini ak teritwa yo, menm pou yon ijans medikal, pou egzanp sou yon bato kwazyè lè yo andeyò peyi Etazini.**

Gen lòt fwa ou ka jwenn preskripsiyan ou kouvri si ou ale nan yon famasi ki pa nan rezo a.

Sitiyasyon sa yo pral kouvri ak yon tarif andeyò rezo a. Nan sitiyasyon sa yo, ou pral oblige peye tout pri a (olye ke w peye jis kopeman oswa ko-asirans ou) lè w achte preskripsiyan w la. Ou ka mande nou pou nou ranbouse w pati depans pa w la lè ou soumet yon fom reklamasyon pou ranbousman medikaman. Si ou ale nan yon famasi oswa kay yon pwofesyonèl swen sante ki andeyò rezo a, ou ka responsab pou peye diferans ki genyen ant sa nou ta peye pou yon preskripsiyan ki achte nan yon famasi nan rezo a ak sa famasi andeyò rezo a te chaje pou preskripsiyan w la. (Chapit 7, Seksyon 2 eksplike kijan pou mande plan nou an ranbousman.) N ap kouvri preskripsiyan w lan nan yon famasi andeyò rezo a si omwen youn nan bagay sa yo aplike:

- Ou pa ka jwenn yon medikaman kouvri ou bezwen imedyatman paske pa gen famasi ki louvri nan rezo a nan yon distans rezonab pou w kondwi.
- Preskripsiyan ou se pou yon medikaman spesyalize ke famasi nan rezo yo pa kenbe nan stock.
- Ou te elijib pou Medicaid nan moman ou te resevwa preskripsiyan an, menmsi ou poko te enskri. Yo rele sa enkripsiyan retroaktif.
- Yo evakye ou soti lakay ou akoz yon ijans leta, federal oswa sante publik epi ou pa gen aksè a yon famasi nan rezo a.
- Si w jwenn yon medikaman sou preskripsiyan ki kouvri nan yon famasi andedan yon enstitisyon pandan ou se yon pasyan nan yon sal ijans, nan klinik yon pwofesyonèl swen sante, yon klinik operasyon pou pasyan ekstèn, oswa yon lòt kad pou pasyan ekstèn.

Si ou oblige itilize yon famasi andeyò rezo a, anjeneral ou pral oblige peye tout pri a (olye ke w peye jispataj frè nòmal ou a) lè w achte preskripsiyan w la. Ou ka mande nou pou nou ranbouse w pati depans pa w la. (Ale nan Chapit 7, Seksyon 2 pou enfòmasyon sou kijan pou mande plan nou an ranbousman.) Ou ka oblige peye diferans ki genyen ant sa ou peye pou medikaman an nan famasi andeyò rezo a ak pri ke nou ta kouvri nan yon famasi nan rezo a.

SEKSYON 3 Medikaman ou yo dwe nan Gid Medikaman plan nou an

Seksyon 3.1 Gid Medikaman an di ki medikaman Part D ki kouvri

Plan nou an gen yon *Gid Medikaman* sou Preskripsyon (fòmilè). Nan Prèv sou Kouvèti sa a, **nou rele li Gid Medikaman pou pi kout.**

Se plan nou an ki chwazi medikaman ki sou lis sa a avèk èd yon ekip doktè ak famasyen. Lis la satisfè kondisyon Medicare e li te apwouve pa Medicare.

Gid Medikaman an montre sèlman medikaman ki kouvri anba Medicare Part D. Anplis medikaman Medicare kouvrí yo, kèk medikaman sou preskripsyon ka kouvri anba avantaj Medicaid ou yo. Gid Medikaman nou an di w kijan pou w jwenn enfòmasyon sou kouvèti Medicaid pou medikaman w la. Pou plis enfòmasyon sou medikaman sou preskripsyon ki kouvri sèlman pa Medicaid, kontakte Florida Medicaid nan nimewo telefòn ki nan "Anèks A" dokiman sa a.

An jeneral, nou kouvri yon medikaman nan Gid Medikaman plan nou an toutotan ou swiv lòt règ kouvèti asirans yo eksplike nan chapit sa a epi toutotan ou itilize medikaman an pou yon endikasyon ki aksepte sou plan medikal. Yon endikasyon ki asepte sou plan medikal se lè yo itilize medikaman an yon fason ki swa:

- Ke FDA apwouve pou dyagnostik oswa kondisyon yo preskri li a, oswa
- Ki gen sipò sèten referans tankou American Hospital Formulary Service Drug Information ak Sistèm Enfòmasyon Micromedex DRUGDEX.

Gid Medikaman an gen ladan medikaman mak, medikaman jeneric, ak pwodwi byolojik (ki ka gen ladan pwodwi byosimilè).

Yon medikaman ki gen non mak se yon medikaman sou preskripsyon ki vann anba yon non ki gen yon mak komèsyal ki posede pa manifakti medikaman an. Pwodwi byolojik yo se medikaman ki pi konplèks pase medikaman tipik. Sou Gid Medikaman an, lè nou refere a medikaman, sa ka vle di yon medikaman oswa yon pwodwi byolojik.

Yon medikaman jeneric se yon medikaman sou preskripsyon ki gen menm engredyan aktif ak medikaman ki gen non mak la. Pwodwi byolojik gen altènativ yo rele byosimilè. Anjeneral, medikaman jeneric ak pwodwi byosimilè mache osi byen ke medikaman ki gen non mak la oswa pwodwi byolojik orijinal la epi anjeneral yo koute mwens. Gen ranplasan medikaman jeneric ki disponib pou anpil medikaman ki gen non mak ak altènativ byosimilè pou kèk pwodwi byolojik orijinal yo. Gen kèk byosimilè ki kja ranplase lòt byosimilè ki epi, selon lwa eta a, yo ka ranplase pwodwi byolojik orijinal la nan famasi a san yo pa bezwen yon nouvo preskripsyon, menm jan medikaman jeneric yo ka ranplase medikaman ki gen non mak.

Ale nan Chapit 12 pou jwenn definisyon kategori medikaman ki ka nan Gid Medikaman an.

Medikaman san preskripsiyon

Plan nou an kouvri kèk medikaman san preskripsiyon. Gen kèk medikaman san preskripsiyon ki koute mwens chè pase medikaman sou preskripsiyon e yo mache osi byen tou. Pou plis enfòmasyon, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711).

Medikaman san preskripsyon Medicaid kouvrí

Selon nivo kalifikasyon Medicaid ou, ou ka kalifye pou avantaj adisyonèl pou medikaman san preskripsyon. Gen kèk medikaman san preskripsyon ki koute mwens chè pase medikaman sou preskripsyon e yo mache osi byen tou. Pou plis enfòmasyon, rele Sèvis pou Manm yo (nimewo telefòn yo enprime nan do kouvèti dokiman sa a).

Medikaman ki pa nan Gid Medikaman a

Plan nou an pa kouvrí tout medikaman sou preskripsyon.

- Nan kèk ka, lalwa pa pèmèt okenn plan Medicare kouvrí sèten kalite medikaman. (Pou plis enfòmasyon, ale nan Chapit 7.)
- Nan lòt ka, nou te deside pa mete yon medikaman espesifik nan Gid Medikaman an.
- Nan sèten ka, ou ka kapab jwenn yon medikaman ki pa nan Gid Medikaman nou an. (Ale nan Chapit 9, pou plis enfòmasyon.)

Seksyon 3.2 Senk (5) nivo pataj frè pou medikaman nan Gid Medikaman a

Chak medikaman ki nan Gid Medikaman plan nou an nan youn nan Senk (5) nivo pataj frè yo. Anjeneral, pi wo nivo a ye, se pi plis ou pral peye pou medikaman an:

- **Pataj Frè Nivo 1 - Jenerik Prefere:** Medikaman jenerik oswa mak ki disponib nan pataj frè ki pi ba pou plan sa a
- **Pataj Frè Nivo 2 - Jenerik:** Medikaman jenerik oswa mak plan nou an ofri w a yon pri ki pi wo pase Medikaman Jenerik Prefere Nivo 1 yo
- **Pataj Frè Nivo 3– Mak ki Pa Prefere:** Medikaman jenerik oswa mak plan nou an ofri nan yon pri ki pi ba pase Medikaman ki Pa Prefere Nivo 4 yo
- **Pataj Frè Nivo 4– Medikaman ki Pa Prefere:** Medikaman jenerik oswa mak plan nou an ofri nan yon pri ki pi wo pase Medikaman Mak ki Pa Prefere Nivo 3 yo
- **Pataj Frè Nivo 5– Nivo Espesyalize:** Kèk medikaman sou fòm enjeksyon ak lòt medikaman ki koute chè

Pou konnen nan ki nivo pataj frè medikaman w lan ye, chèche li nan Gid Medikaman plan nou an. Montan ou peye pou medikaman nan chak nivo pataj frè disponib nan Chapit 6.

Seksyon 3.3 Kijan pou konnen si yon medikaman espesifik nan Gid Medikaman an

Pou konnen si yon medikaman nan Gid Medikaman nou a, ou gen opsyon sa yo:

- Verifye Gid Medikaman ki pi resan nou te *bay sou fòm elektwonik la*. (Gid Medikaman an gen ladan enfòmasyon sou medikaman ki kouvrí manm nou yo plis sèvi avèk yo. Nou kouvrí medikaman adisyonèl ki pa nan Gid Medikaman nou bay lan. Si youn nan medikaman ou yo pa nan Gid Medikaman an, ale sou sitwèb nou a oswa rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 [ilizatè TTY yo dwe rele 711] pou konnen si nou kouvrí li.)

- Ale sou sitwèb plan nou an (CarePlusHealthPlans.com/DrugGuide). Gid Medikaman sou sitwèb la toujou sa ki pi aktyalize a.
- Rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711) pou konnen si yon medikaman espesifik nan Gid Medikaman plan nou an oswa pou mande yon kopi lis la.
- Sèvi avèk "Zouti Avantaj an Tan Reyèl" (Real-Time Benefit Tool) plan nou an CarePlusHealthPlans.com/MyPlan pou chèche medikaman nan Gid Medikaman an pou jwenn yon estimasyon sa w pral peye epi gade si gen lòt medikaman altènatif nan Gid Medikaman an ki kapab trete menm pwoblèm sante a. Ou kapab rele tou Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711).

SEKSYON 4 Medikaman ki gen restriksyon sou kouvèti

Seksyon 4.1 Poukisa kèk medikaman gen restriksyon

Pou sèten medikaman sou preskripsyon, gen règ espesyal ki mete restriksyon sou fason ak kilè plan nou an kouvri yo. Se yon ekip doktè ak famasyen ki te devlope règ sa yo pou ankouraje ou menm ak pwofesyonèl swen sante w la pou w sèvi ak medikaman yo nan fason ki pi efikas. Pou konnen si nenpòt nan restriksyon sa yo aplike pou yon medikaman ou pran oswa ou vle pran, tcheke Gid Medikaman an.

Si yon medikaman ki san danje, ki pi ba pri pral mache menm jan ak yon medikaman ki koute pi chè, règ plan nou an fèt pou ankouraje ou menm ak pwofesyonèl swen sante w la pou w itilize opsyon ki koute mwens la.

Sonje pafwa yon medikaman ka parèt plis pase yon fwa nan Gid Medikaman nou an. Sa se paske menm medikaman yo ka diferan selon fòs, kantite, oswa fòm medikaman pwofesyonèl swen sante w la preskri, epi diferan restriksyon oswa pataj frè ka aplike nan diferan vèsyon medikaman an (pa egzanp, 10 mg kont 100 mg; yon sèl pa jou kont 2 pou chak jou; gress kont siwo).

Seksyon 4.2 Tip restriksyon yo

Si gen yon restriksyon pou medikaman w la, anjeneral sa vle di oumenm oswa pwofesyonèl swen sante w la oblje pran lòt mezi pou nou ka kouvri medikaman an. Rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711) pou konnen kisa oumenm oswa pwofesyonèl swen sante w la ka fè pou jwenn kouvèti pou medikaman an. **Si ou vle nou anile restriksyon an pou ou, ou bezwen sèvi ak pwosesis desizyon sou kouvèti a epi mande nou fè yon eksepsyon.** Nou ka dakò oswa nou ka pa dakò anile restriksyon an pou ou. (Ale nan Chapit 9.)

Jwenn apwobasyon nan plan an davans

Pou sèten medikaman, oumenm oswa pwofesyonèl swen sante w la dwe jwenn apwobasyon plan nou an baze sou kritè espesifik anvan nou dakò pou kouvri medikaman an pou ou. Yo rele sa **otorizasyon davans**. Nou mete sa an plas pou asire sekirite medikaman ak ede gide itilizasyon apwopriye pou sèten medikaman. Si w pa jwenn apwobasyon sa a, plan nou an ka pa kouvri medikaman w lan. Rele Sèvis pou Manm yo pou ka jwenn kritè otorizasyon davans plan nou an nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711) oswa sou sitwèb nou an sou CarePlusHealthPlans.com/DrugGuide.

Eseye yon lòt medikaman anvan

Egzijans sa a ankouraje w eseye medikaman ki koute mwens kòb, men ki anjeneral gen menm efikasite anvan plan nou an kouvri yon lòt medikaman. Pa egzanp, si Medikaman A ak Medikaman B trete menm kondisyon medikal la epi Medikaman A koute mwens kòb, plan nou an ka mande w pou w eseye Medikaman A dabò. Si Medikaman A pa efikas pou ou, lè sa a plan nou an ap kouvri Medikaman B an. Egzijans sa a pou w eseye yon medikman diferan anvan rele **terapi pa etap**. Ou kapab jwenn kritè pou terapi pa etap nan plan nou an lè w rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo rele 711) oswa sou sitwèb nou an nan CarePlusHealthPlans.com/DrugGuide.

Limit sou kantite

Pou sèten medikaman, nou ka limite kantite yon medikaman ou kapab jwenn chak fwa w ap renouvre medikaman sou preskripsyon ou. Pa egzanp, si yo konsidere nòmalman li bon pou pran sèlman yon gress chak jou pou yon sèten medikaman, nou ka limite kouvèti a pou preskripsyon ou pou yon sèl gress pa jou.

SEKSYON 5 Kisa ou ka fè si youn nan medikaman ou yo pa kouvri nan fason ou ta renmen li kouvri a

Gen sitiyasyon kote gen yon medikaman sou preskripsioun ou pran, oswa oumenm ak pwofesyonèl swen sante w panse ou ta dwe pran, ki pa sou Gid Medikaman nou an oswa ki gen restriksyon. Pou Egzanp:

- Nou ka pa kouvri medikaman an ditou. Owa yon vèsyon jenerik medikaman an gendwa kouvri men vèsyon ki gen non mak ou vle pran an pa kouvri.
- Medikaman an kouvri, men gen règ oswa restriksyon siplemantè sou kouvèti.
- Medikaman an kouvri, men nan yon nivo pataj frè ki fè pataj depans ou a pi chè pase sa ou panse li ta dwe ye.
- **Si medikaman ou an nan yon nivo pataj frè ki fè pataj depans ou a pi chè pase sa ou panse li ta dwe ye, ale nan Seksyon 5.1 pou konnen sa ou ka fè.**

Si medikaman w lan pa nan Gid Medikaman an oswa si medikaman w lan genyen kèk restriksyon, men opsyon pou sa ou ka fè:

- Ou kapab petèt resevwa yon rezèv tanporè nan medikaman an.
- Ou ka chanje li pou yon lòt medikaman.
- Ou ka mande yon **eksepsyon** epi mande plan nou an pou li kouvri medikaman an oswa retire restriksyon sou medikaman an.

Ou kapab petèt resevwa yon rezèv tanporè nan medikaman an

Nan sèten sikostans, plan nou an dwe bay yon rezèv tanporè nan yon medikaman ou déjà ap pran. Rezèv tanporè sa a ba ou tan pou w pale ak pwofesyonèl swen sante w la sou chanjman an.

Pou w elijib pou yon pwovizyon tanporè, medikaman ou pran an **pa dwe nan Gid Medikaman plan nou an ankò OSWA kounye a gen restriksyon nan kèk fason**.

- **Si ou se yon nouvo manm**, nou pral kouvri yon pwovizyon tanporè nan medikaman w lan pandan 90 premye jou yo apre abònman w nan plan nou an.

- **Si ou te nan plan nou an ane pase,** nou pral kouvri yon pwovizyon tanporè nan medikaman w lan pandan 90 premye jou yo nan ane kalandriye a.
- Rezèv tanporè sa a pral pou yon maksimòm de 30 jou. Si preskripsiyan ou ekri pou mwens jou, n ap pèmèt plizyè renouvelman pou bay yon maksimòm 30 jou rezèv medikaman. Gen kèk preskripsiyan yo dwe ranpli nan yon famasi rezo a. (Sonje yon famasi swen alontèm ka bay medikaman an nan pi piti kantite alafwa pou anpeche gaspiyaj.)
- **Pou manm ki te nan plan nou an pou plis pase 90 jou epi ki rete nan yon etablisman swen alontèm epi ki bezwen yon rezèv touswit:** Nou pral kouvri yon rezèv pou 31 jou pou yon medikaman espesifik, oswa mwens si preskripsiyan ou ekri pou mwens jou. Sa a se anplis rezèv tanporè ki dekri anwo a.
- **Rezèv pou Tranzisyon pou Manm Aktyèl yo ak chanjman nan anviwònman tretman an:**

Si anviwònman kote ou resevwa tretman an chanje pandan ane plan nou an, ou ka bezwen yon rezèv medikaman ou yo pou yon ti tan pandan tranzisyon an. Pou Egzanp:

- Yo egzeyate ou nan yon lopital oswa yon etablisman swen enfimye espesyalize (kote peman Medicare Part A ou a gen ladan depans medikaman) epi ou bezwen yon preskripsiyan nan yon famasi pou kontinye pran yon medikaman lakay ou (sèvi ak avantaj plan Part D ou a); oswa
- Ou transfere soti nan yon etablisman swen enfimye espesyalize pou ale nan yon lòt.

Si w chanje anviwònman tretman w epi w bezwen achte yon preskripsiyan nan yon famasi, n ap kouvri yon pwovizyon pou jiska 31 jou yon medikaman ki kouvri nan Medicare Part D, konsa tretman medikaman ou an pa pral kanpe.

Si ou chanje anviwònman tretman plizyè fwa nan menm mwa a, ou ka gen pou mande yon eksepsyon oswa yon otorizasyon davans pou medikaman ou kontinye kouvri.

Règleman pou Rezèv Medikaman Tanporè Pandan Peryòd Tranzisyon an

Nou konsidere premye 90 jou ane plan 2026 lan yo kòm yon peryòd tranzisyon si ou se yon novo manm, si ou chanje plan, oswa te gen chanjman nan kouvèti medikaman ou. Jan sa dekri pi wo a, gen plizyè fason nou asire ou ka jwenn yon pwovizyon tanporè nan medikaman ou yo, si sa nesesè, pandan peryòd tranzisyon an.

Pandan premye 90 jou yo, ou ka jwenn yon pwovizyon tanporè si w gen yon preskripsiyan aktyèl pou yon medikaman ki pa nan Gid Medikaman nou an oswa si w bezwen otorizasyon davans akòz restriksyon. Kondisyon yo pou jwenn yon rezèv tanporè dekri anba a.

Rezèv tranzisyon yon sèl fwa nan yon famasi ki vann an detay oswa nan kòmann pa lapòs

Nou pral kouvri yon pwovizyon pou jiska 30 jou yon medikaman ki kouvri pa Medicare Part D. Pandan w gen pwovizyon tanporè w la, pale ak doktè w sou sa w dwe fè apre w fin itilize pwovizyon tanporè a. Ou ka anmezi pou chanje pou yon medikaman ki kouvri e ki ta mache osi byen pou ou. Ou menm ak doktè ou ka mande yon eksepsyon si ou kwè sa nesesè pou rezon medikal pou kontinye menm medikaman an.

Rezèv pou Tranzisyon si ou nan yon Etablisman Swen Alontèm

N ap kouvri yon pwovizyon pou jiska 31 jou yon medikaman ki kouvri nan Medicare Part D. Kouvèti sa a disponib nenpòt lè pandan peryòd tranzisyon 90 jou a, depi preskrikpsyion aktyèl ou a achte nan yon famasi nan yon etablisman swen alontèm.

Si w gen yon pwoblèm pou jwenn yon medikaman yo preskri ou pita nan ane plan an (apre peryòd tranzisyon 90 jou a), nou pral kouvri yon pwovizyon ijans jiska 31 jou nan yon medikaman ki kouvri nan Medicare Part D. Pwovizyon pou ijans la ap pèmèt ou kontinye tretman medikaman ou pandan ou menm ak doktè ou fè yon demann pou yon eksepsyon oswa otorizasyon davans pou kontinye.

Pwolongasyon Peryòd Tranzisyon

Si ou te mande yon eksepsyon oswa fè yon kontestasyon pou kouvèti medikaman, li ka posib pou pwolonje peryòd tranzisyon tanporè a pandan n ap trete demann ou an. Rele Sèvis pou Manm yo (nimewo telefòn yo enprime nan do kouvèti dokiman sa a) si ou kwè nou ta dwe pwolonje peryòd tranzisyon an pou asire ou kontinye resevwa medikaman ou yo jan sa nesesè.

Pri pou rezèv tanporè

Kopeman oswa ko-asirans ou pou yon pwovizyon medikaman tanporè pral baze sou nivo pataj frè medikaman plan w lan apwouye a. Si w resevwa Èd Siplementè (Extra Help) an 2026, kopeman w oswa ko-asirans ou p ap depase montan Sibvansyon pou Revni Ba w la.

Pou kesyon sou pwovizyon tanporè, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY yo dwe rele 711).

Pandan tan w ap itilize yon rezèv tanporè nan yon medikaman, ou ta dwe pale ak pwofesyonèl swen sante w la pou deside kisa pou w fè lè rezèv tanporè ou fini. Ou gen 2 opsyon:

Opsyon 1. Ou ka chanje li pou yon lòt medikaman

Pale ak pwofesyonèl swen sante w la pou konnen si gen yon lòt medikaman plan nou an kouvri ki ka mache osi byen pou ou. Rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY yo dwe rele 711) pou mande yon lis medikaman ki kouvri e ki trete menm pwoblèm medikal la. Lis sa a ka ede pwofesyonèl swen sante w la jwenn yon medikaman ki kouvri ki ka mache pou ou.

Opsyon 2. Ou ka mande yon eksepsyon

Oumenm ak pwofesyonèl swen sante w la ka mande plan nou an nou fè yon ekspesyon epi kouvri medikaman an jan ou ta renmen li kouvri a. Si pwofesyonèl swen sante w la di ou gen rezon medikal ki jistifye pou mande nou yon eksepsyon, pwofesyonèl swen sante w la ka ede w mande yon eksepsyon. Pa egzanp, ou ka mande plan nou an pou kouvri yon medikaman menm si li pa nan Gid Medikaman plan nou an. Oswa ou ka mande plan nou an pou nou fè yon ekspesyon epi kouvri medikaman an san restriksyon.

Si ou se yon manm aktyèl epi yo pral retire yon medikaman ou pran nan fòmilè a oswa li pral gen kèk restriksyon sou li pou ane pwochèn, n ap fè w konnen nenpòt chanjman anvan nouvo ane a. Ou ka mande pou yon eksepsyon anvan ane pwochèn e nou pral ba ou repons nou nan lespas 72 èdtan apre nou jwenn demann ou an (oswa deklarasyon jistikatif pwofesyonèl ki ekri òdonans ou a). Si nou apwouye demann ou an, nou pral otorize kouvèti pou medikaman an anvan chanjman an pran efè.

Si oumenm ak pwofesyonèl swen sante w la vle mande pou yon eksepsyon, ale nan Chapit 9, Seksyon 7.4 pou konnen sa ou dwe fè. Li eksplike pwosed ak dat limit fikse pa Medicare pou asire w ke demann ou an ap trete san pèdi tan ak san patipri.

Seksyon 5.1**Kisa pou fè si medikaman ou an nan yon nivo pataj frè ou panse ki twò wo**

Si medikaman w la nan yon nivo pataj frè ou panse ki twò wo, men bagay ou ka fè:

Ou ka chanje li pou yon lòt medikaman

Si medikaman w la nan yon nivo pataj frè ou panse ki twò wo, pale avèk pwofesyonèl swen sante w la. Gendwa gen yon medikaman diferan nan yon nivo pataj frè ki pi ba ki gendwa mache byen menm jan an pou ou. Rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (tilizatè TTY yo dwe rele 711) pou mande yon lis medikaman ki kouvrir e ki trete menm pwoblèm medikal la. Lis sa a ka ede pwofesyonèl swen sante w la jwenn yon medikaman ki kouvrir ki ka mache pou ou.

Ou ka mande yon eksepsyon

Oumenm ak pwofesyonèl swen sante w la ka mande plan nou an pou fè yon ekspesyon nan nivo pataj frè a pou medikaman an yon fason pou peye mwens pou li. Si pwofesyonèl swen sante w la di ou gen rezon medikal ki jistifye pou mande nou yon eksepsyon, pwofesyonèl swen sante w la ka ede w mande yon eksepsyon a règ.

Si oumenm ak pwofesyonèl swen sante w la vle mande pou yon eksepsyon, ale nan Chapit 9, Seksyon 7.4 pou sa pou fè. Li eksplike pwosedi ak dat limit yo te fikse pa Medicare pou asire w ke demann ou an ap trete san pèdi tan ak san patipri.

Medikaman ki nan Pataj Frè Nivo 5 - Medikaman espesyalize pa elijib pou kalite eksepsyon sa a. Nou pa bese montan pataj frè a pou medikaman nan nivo sa a.

SEKSYON 6**Gid Medikaman nou an ka chanje pandan ane a**

Pifò chanjman nan Gid Medikaman an ap novo pou kòmansman chak ane (1ye janvye). Sepandan, pandan ane a, plan nou an ka fè kèk chanjman nan Gid Medikaman an. Pou egzanp, plan nou an ta ka:

- **Ajoute oswa retire medikaman nan Gid Medikaman an.**
- **Deplase yon medikaman ale nan yon nivo pataj frè ki pi wo oswa pi ba**
- **Ajoute oswa retire yon restriksyon sou kouvèti pou yon medikaman.**
- **Ranplase yon medikaman ki gen non mak ak yon vèsyon jenerik medikaman an.**
- **Ranplase yon pwodwi byolojik orijinal ak yon vèsyon byosimilè ki ka ranplase pwodwi byolojik la.**

Nou oblige swiv egzijans Medicare anvan nou chanje Gid Medikaman plan nou an.

Enfòmasyon sou chanjman nan kouvèti medikaman

Lè gen chanjman nan Gid Medikaman an, nou poste enfòmasyon sou chanjman sa yo sou sitwèb nou an. Nou mete Gid Medikaman anliy nou an ajou regilyèman. Kèk fwa ou ap resevwa yon avi dirèk si gen chanjman ki fèt pou yon medikaman ou pran.

Chanjman nan kouvèti medikaman ki afekte w pandan ane plan sa a

- **Ajoute nouveau medikaman nan Gid Medikaman an epi imedyatman retire oswa fè chanjman nan yon medikaman ki sanble nan Gid Medikaman an.**
 - Nou ka retire imedyatman yon medikaman similè nan Gid Medikaman an, nou ka deplase medikaman similè a nan yon lòt nivo pataj frè, ajoute nouveau restriksyon, oswa toude. Nouvo vèsyon medikaman an pral sou menm nivo oswa nan yon nivo ki pi ba pou pataj frè epi avèk menm restriksyon oswa mwens.
 - Nou pral fè chanjman imeda sa yo sèlman si nou ajoute yon nouveau vèsyon jeneric yon medikaman ki gen non mak oswa ajoute sèten nouveau vèsyon byosimilè nan yon pwodwi byologik orijinal ki te deja sou Gid Medikaman an.
 - Nou ka fè chanjman sa yo imedyatman epi avize ou pita, menm si ou pran medikaman nou retire a oswa nou fè chanjman ladann lan. Si ou pran medikaman similè a nan moman nou fè chanjman an, w ap toujou resevwa enfòmasyon sou chanjman espesifik nou te fè a.
- **Ajoute medikaman nan Gid Medikaman an epi retire oswa fè chanjman nan yon medikaman ki sanble nan Gid Medikaman an.**
 - Lè nou ajoute yon nouveau vèsyon yon medikaman nan Gid Medikaman an, nou ka retire yon medikaman similè nan Gid Medikaman an, nou ka deplase medikaman similè an nan yon lòt nivo pataj frè, ajoute nouveau restriksyon, oswa toude. Vèsyon medikaman an pral sou menm nivo oswa nan yon nivo ki pi ba pou pataj frè epi avèk menm restriksyon oswa mwens.
 - Nou pral fè chanjman sa yo sèlman si nou pral ajoute yon nouveau vèsyon jeneric yon medikaman ki gen non mak oswa ajoute sèten nouveau vèsyon byosimilè nan yon pwodwi byologik orijinal ki te deja sou Gid Medikaman an.
 - N ap enfòme w omwen 30 jou alavans anvan nou fè chanjman sa yo, oswa n ap enfòme w sou chanjman an epi n ap kouvri yon renouvelman 30 jou pou medikaman ou pran an.
- **Retire medikaman danjere ak lòt medikaman nan Gid Medikaman an ke yo retire sou mache a.**
 - Pafwa yon medikaman ka jije danjere oswa yo retire li sou mache a pou yon lòt rezon. Si sa rive, nou ka retire medikaman an imedyatman nan Gid Medikaman an. Si ou pran medikaman sa a, nou pral avize ou apre nou fè chanjman an.
- **Fè lòt chanjman nan medikaman yo nan Gid Medikaman an.**
 - Nou ka fè lòt chanjman depi ane a kòmanse, sa k ap afekte medikaman w ap pran yo. Pa egzanp, nou gendwa fè chanjman baze sou avètisman FDA oswa nouveau direktiv klinik Medicare rekonèt.
 - N ap enfòme w nan omwen 30 jou anvan nou fè chanjman sa yo, oswa n ap enfòme w sou chanjman an epi n ap kouvri yon apwovizyonman 30 jou siplemantè pou medikaman ou pran an.

Si nou fè nenpòt nan chanjman sa yo nan nenpòt medikaman ou pran, pale avèk moun ki preskri w la sou opsyon ki ta ka pi bon pou ou, sa enkli chanjman nan yon medikaman diferan pou trete kondisyon sante w la, oswa mande yon desizyon sou kouvèti pou satisfè nenpòt nouveau restriksyon ki genyen sou medikaman ou pran an. Ou menm oswa moun i preskri w la ka mande nou fè yon eksepsyon pou n kontinye kouvri medikaman an oswa vèsyon medikaman w ap pran an. Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou mande yon desizyon sou kouvèti a, sa gen ladann yon eksepsyon, ale nan Chapit 9 la.

Chanjman ki fèt nan Gid Medikaman an pa afekte w pandan ane plan sa a

Nou gendwa fè sèten chanjman nan Gid Medikaman an nou pa dekri anba la a. Nan ka sa yo, chanjman an p ap aplike pou ou si w ap pran medikaman an lè chanjman an fèt la; men, chanjman sa yo gen chans pou yo afekte w apati 1ye janvye nan pwochen ane plan an si ou ret nan menm plan an.

Anjeneral, men ki chanjman ki pa pral afekte w pandan ane plan aktyèl la:

- Nou deplase medikaman w la nan yon nivo pataj frè ki pi wo.
- Nou mete yon nouvo restriksyon sou itilizasyon medikaman w lan
- Nou retire medikaman w lan nan Gid Medikaman an

Si nenpòt nan chanjman sa yo fèt pou yon medikaman ou pran (sof nan ka retrè mache a, yon medikaman jeneric k ap ranplase yon medikaman non mak, oswa lòt chanjman ki dekri nan seksyon ki anwo yo), chanjman an p ap afekte itilizasyon w oswa montan ou peye kòm patisipasyon pa w nan frè a jiska 1ye janvye nan pwochen ane a.

Nou pa p ba ou enfòmasyon dirèkteman sou kategori chanjman sa yo pandan ane plan aktyèl la. W ap bezwen verifye Gid Medikaman an pou pwochen ane plan an (lè lis la disponib pandan peryòd enskripsyon lib la) pou wè si pa gen okenn chanjman ki fèt nan medikaman ou pran yo ki pral gen enpak sou ou pandan pwochen ane plan an.

SEKSYON 7 Kategori medikaman nou pa kouvrì

Gen kèk kalite medikaman sou preskripsiyan ki eskli. Sa vle di Medicare pa peye pou medikaman sa yo.

Si ou konteste epi nou dekouvrir medikaman ou te mande a pa ekscli nan Part D a, n ap peye pou li oswa n ap kouvrì l. (Pou jwenn enfòmasyon sou kontestasyon yon desizyon, ale nan Chapit 9 la.) Si medikaman plan nou an te ekscli a Medicaid te ekscli l tou, ou dwe peye pou li ou menm, (eksepte pou sèten medikaman ekscli ki kouvrì anba kouvèti amelyore pou medikaman nou an).

Men 3 règ jeneral sou medikaman plan medikaman Medicare yo pa p kouvrì nan kad Part D a:

- Kouvèti medikaman Part D plan nou an pa ka kouvrì yon medikaman ki ta ka kouvrì anba Medicare Part A oswa Part B.
- Plan nou an pa ka kouvrì yon medikaman yo achte andeyò peyi Etazini oswa andeyò teritwa li yo.
- Plan nou an pa ka kouvrì itilizasyon ki pa sou etikèt yon medikaman lè sèten referans tankou American Hospital Formulary Service Drug Information ak Sistèm Enfòmasyon Micromedex DRUGDEX pa ankouraje itilizasyon an. Itilizasyon ki pa sou etikèt se nenpòt itilizasyon medikaman ki kontrè ak sa yo endike sou yon etikèt medikaman jan FDA apwouwe l la.

Anplis de la, selon lalwa, Medicare pa kouvrì kategori medikaman sa yo ki dekri anba la. Sepandan, gen kèk nan medikaman sa yo, yo gendwa kouvrì pou ou anba kouvèti medikaman Medicaid ou a. Tanpri kontakte Florida Medicaid pou plis enfòmasyon. Ou kapab jwenn enfòmasyon kontak pou Florida Medicaid nan "Anèks A" ki nan do dokiman sa a.

- Medikaman san preskripsiyan (ke yo rele tou medikaman ki nan vant lib)
- Medikaman yo itilize pou favorize fètilite.

- Medikaman yo itilize pou soulaje sentom tous oswa grip.
- Medikaman yo itilize nan objektif estetik oswa pou fè cheve yo pouse.
- Vitamin ak pwodui mineral sou preskripsyon, sof vitamin prenatal ak preparasyon abaz fliyordi.
- Medikaman yo itilize pou trete twoub seksyèl oswa erekson.
- Medikaman yo itilize pou trete anoreksi, pèt pwa oswa priz pwa.
- Medikaman pou pasyan ki pa entène ke fabrikan yo egzije pou yo achte tès ki asosye yo oswa sèvis siveyans yo sèlman nan men fabrikan an kòm kondisyon vant.

Nou ofri kouvèti adisyonèl pou kèk medikaman sou preskripsyon ki pa nòmalman kouvri nan yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare (kovèti pou medikaman ki amelyore).

- Medikaman pou disfonksyon erektil
- Vitamin sou preskripsiyon

Medikaman sa yo ak modifikasyon jesyon itilizasyon yo, si sa aplikab, liste nan Gid Medikaman an. Montan ou peye lè w ranpli yon preskripsiyon pou medikaman sa yo pa kontabilite pou kalifye w pou Etap Kouvèti Katastwofik la. (Etap Kouvèti Katastwofik la dekri nan Chapit 6, Seksyon 7 dokiman sa a.)

Si ou jwenn **Èd Siplementè (Extra Help) nan men Medicare** pou peye pou preskripsiyon w yo, pwogram Èd Siplementè a pa p peye pou medikaman ki pa kouvri anjeneral yo. (Gade nan Gid Medikaman plan nou an oswa rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo rele 711) pou plis enfòmasyon.) Si ou gen yon kouvèti medikaman atravè Medicaid, pwogram Medicaid eta w la ka kouvri sèten medikaman sou preskripsiyon ki pa kouvri anjeneral nan yon plan Medicare pou medikaman. Kontate pwogram Medicaid eta w la pou detèmine ki kouvèti medikaman ki ta ka disponib pou ou. (Jwenn nimewo telefòn ak enfòmasyon kontak pou Medicaid nan Chapit 2, Seksyon 6.)

SEKSYON 8 Kijan pou egzekite yon preskripsiyon

Pou ranpli preskripsiyon w, bay ni enfòmasyon sou abònman w nan plan nou an ak ni enfòmasyon sou abònman w nan Florida Medicaid, ke ou ka jwenn sou kat abònman w lan, nan rezo famasi ou chwazi a. Rezo famasi w ap voye fakti otomatikman bay plan nou an pou pati pa nou nan depans pou medikaman w yo. W ap bezwen peye famasi a pati pa ou nan depans lan lè w al chèche preskripsiyon w lan.

Asire w ou montre kat Identifikasiyon (ID) Florida Medicaid ou a anplis de kat abònman CareNeeds Extra (HMO D-SNP) ou a pou fè pwofesyonèl swen sante w la konnen ou gen kouvèti adisyonèl.

Si w pa genyen enfòmasyon sou abònman w nan plan nou an avèk ou, oumenm oswa famasi a ka rele plan nou an pou jwenn enfòmasyon a, oswa ou ka mande famasi a pou li verifye enfòmasyon sou enskripsiyon w nan plan.

Si famasi a pa kapab jwenn enfòmasyon ki nesesè a, **ou gendwa peye tout pri pou preskripsiyon an lè w al chèche li.** Lè sa a, ou ka **mande nou pou nou ranbouse w** pati pa w la. Ale nan Chapit 7, Seksyon 2 pou jwenn enfòmasyon sou fason pou mande plan nou an ranbousman.

SEKSYON 9 Kouvèti medikaman Part D nan sitiyasyon patikilye

Seksyon 9.1	Nan yon lopital oswa nan yon etablisman swen enfimye espesyalize pou yon sejou plan an kouvri
--------------------	--

Si yo admèt ou nan yon lopital oswa nan yon etablisman swen enfimye espesyalize pou yon sejou ke plan an kouvri, nòmalman n ap kouvri depans pou medikaman sou preskripsiyan w yo pandan sejou w la. Depi ou fin soti nan lopital la oswa nan etablisman swen enfimye espesyalize a, plan nou an ap kouvri medikaman sou preskripsiyan w yo toutotan medikaman yo respekte règleman pou kouvèti nou yo ki dekri nan chapit sa a.

Seksyon 9.2	Antanke yon rezidan nan yon etablisman swen alontèm (Long Term Care, LTC)
--------------------	--

Anjeneral, yon etablisman swen alontèm (LTC) (tankou yon etablisman swen enfimye) genyen pwò famasi pa li, oswa li sèvi ak yon famasi ki founi medikaman pou tout rezidan li yo. Si ou se yon rezidan nan yon etablisman LTC, ou ka jwenn medikaman sou preskripsiyan w yo atravè famasi etablisman an oswa atravè famasi li itilize a, toutotan li fè pati rezo nou an.

Konsilte Anyè Pwofesyonèl Swen Sante w la ([CarePlusHealthPlans.com/PharmacyFinder](#)) pou dekouvrir si famasi etablisman LTC w la oswa sa li itilize a fè pati rezo nou an. Si li pa ladan, oswa si ou bezwen plis enfòmasyon, kontakte Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY yo dwe rele 711). Si ou nan yon etablisman LTC, nou dwe asire nou ou anmezi pou jwenn avantaj Part D ou yo regilyèman atravè famasi rezo LTC nou yo.

Si w se yon rezidan nan yon etablisman LTC epi w bezwen yon medikaman ki pa nan Gid Medikaman nou an oswa li gen kèk restriksyon, ale nan Seksyon 5 la pou jwenn enfòmasyon konsènan sou yon rezèv tanporè oswa dijans.

Seksyon 9.3	Si ou jwenn kouvèti pou medikaman tou nan men yon anplwayè oswa yon plan kolektif pou moun ki retrete
--------------------	--

Si w gen yon lòt kouvèti pou medikaman atravè anplwayè pa ou (oswa anplwayè mari/madanm oswa patnè domestik ou) oswa gwoup retrete, kontakte **administratè avantaj gwoup sa a**. Yo kapab ede w konprann kijan kouvèti aktyèl pou medikaman w lan ap fonksyone avèk plan nou an.

Anjeneral, si ou gen yon kouvèti pou anplwaye oswa gwoup retrete, kouvèti pou medikaman w ap jwenn nan men nou an ap reprezante yon dezyèm kouvèti parapò ak kouvèti kolektif ou a. Sa vle di kouvèti kolektif ou a ap peye anvan.

Nòt espesyal konsènan kouvèti admisib:

Chak ane, anplwayè w la oswa gwoup retrete w la dwe voye yon avi ba ou pou di w si kouvèti w pou medikaman an pou twochen ane kalandriye a ap admisib.

Si kouvèti ki nan plan gwoup la admisib, sa vle di plan nou an genyen kouvèti pou medikanan ke yo prevwa pral peye, an mwayèn, omwen menm montan avèk kouvèti estanda Medicare pou medikaman.

Konsève tou avi sou kouvèti admisib yo paske ou gendwa bezwen avi sa yo apre pou montre ou te kenbe yon kouvèti admisib. Si ou pa t resevwa yon avi sou kouvèti admisib la, mande anplwayè w la oswa administratè plan avantaj pou moun ki retrete a oswa anplwayè a oswa sendika a pou yon kopi.

Seksyon 9.4**Si ou nan yon sant swen palyatif Medicare sètifye**

Sant swen palyatif la ak plan nou an pa kouvri menm medikaman nan menm moman. Si ou enskri nan yon sant swen palyatif Medicare epi ou bezwen sèten medikaman (tankou medikaman kont noze, laksatif, medikaman pou doulè oswa medikaman kont anksyete) sant swen palyatif ou a pa kouvri paske li pa gen rapò ak maladi w genyen ki nan faz tèminal la ansanm ak kondisyon sante ki gen rapò ak li yo, plan nou an dwe jwenn notifikasyon swa nan men moun ki preskri w la swa nan men founisè nan sant swen palyatif la ki di medikaman an pa gen rapò ak maladi a, anvan plan nou an kouvri medikaman an. Pou evite reta nan jwenn medikaman sa yo plan nou an ta dwe kouvri yo, manse pwofesyonèl swen sante w nan sant swen palyatif la oswa moun ki preskri w la pou li voye notifikasyon ba ou anvan yo ranpli preskripsyon w lan.

Nan ka kote swa ou anile chwa sant swen palyatif ou a oswa ou egzeyate pou kite sant swen palyatif la, plan nou an ta dwe kouvri medikaman ou yo jan yo eksplike l nan dokiman sa a. Pou evite nenpòt delè nan yon famasi lè avantaj Medicare ou a pou sant swen palyatif la kanpe, vini ak dokiman nan famasi a ou yo verifye anilasyon w oswa egzeyat ou a.

SEKSYON 10 Pwogram sou sekirite medikaman ak jesyon medikaman

Nou egzamine itilizasyon medikaman yo pou ede asire manm nou yo jwenn swen ki san danje epi ki apwopriye.

Nou fè yon revizyon chak fwa ou ranpli yon preskripsiyan. Nou egzamine dosye nou yo tou regilyèman. Pandan egzaminasyon sa yo, nou verifye pwoblèm potansyèl yo, tankou:

- Erè potansyèl nan medikaman
- Medikaman ki ka pa nesesè paske w ap pran yon lòt medikaman ki menm jan pou trete menm kondisyon sante a
- Medikaman ki ka pa an tout sekirite oswa ki ka pa apwopriye paske w ap pran yon lòt medikaman ki menm jan pou trete menm kondisyon sante a
- Sèten konbinezon medikaman ki ta ka ba w pwoblèm si ou pran yo an menm tan
- Preskripsiyan pou medikaman ou fè alèji ak engredyan ki ladann yo
- Erè posib nan kantite (dozaj) yon medikaman w ap pran
- Kantite medikaman opiyoyid pou doulè ki danjere

Si ou remake yon pwoblèm potansyèl nan konsomasyon medikaman w yo, n ap travay ansanm ak pwofesyonèl swen sante w la pou nou rezoud pwoblèm nan.

Seksyon 10.1**Pwogram Jesyon Medikaman (DMP) pou ede manm yo itilize medikaman opiyoyid yo san danje**

Nou genyen yon pwogram ki ede asire manm nou yo itilize opiyoyid sou preskripsiyan yo san danje ansanm ak lòt medikaman yo pran souvan yo. Pwogram sa a rele yon Pwogram Jesyon Medikaman (Drug Management Program, DMP). Si ou itilize medikaman opiyoyid ke ou resevwa nan men plizyè moun ki preskri l oswa famasi, oswa si ou te fè yon ovèdoz opiyoyid toudènyeman, nou ka pale ak moun ki preskri w la pou n asire ke medikaman opiyoyid w ap

pran apwopriye e nesesè pou rezon medikal. Ansanm ak moun ki preskri w yo, si nou estime ke konsomasyon opiyoyid sou preskripsiyan w lan oswa medikaman benzodiazepine nan ka danjere, nou ka limite fason ou jwenn medikaman sa yo. Si nou mete w nan DMP nou an, men ki limitasyon ki ka genyen:

- Egzije w pou jwenn tout preskripsiyan pou medikaman opiyoyid oswa benzodyazepine nan sèten famasi
- Egzije w pou jwenn tout preskripsiyan pou medikaman opiyoyid oswa benzodyazepine nan men sèten moun ki preskri yo
- Limite kantite medikaman opiyoyid oswa benzodiazepine nou pral kouvri pou ou yo

Si nou planifye pou n limite fason ou jwenn medikaman sa yo oswa ki kantite ou ka jwenn, n ap voye yon lèt ba ou alavans. Lèt la ap di ou si nou limite kouvèti medikaman sa yo pou ou, oswa si w ap oblige jwenn preskripsiyan pou mediakaman sa yo sèlman nan men yon moun espesifik ki preskri yo oswa nan men yon famasi espesifik. W ap gen okazyon pou di nou ki moun ki preskri oswa ki famasi ou prefere itilize, ak sou nenpòt lòt enfòmasyon ou panse ki enpòtan pou nou konnen. Apre ou fin jwenn okazyon pou reponn nou an, si nou deside limite kouvèti w pou medikaman sa yo, n ap voye yon lòt lèt ba ou ki konfime limit sa yo. Si ou panse ke nou te fè yon erè oswa ou pa dakò ak desizyon nou an oswa ak limitasyon an, se dwa ou menm ak moun ki preskri w la pou nou soumèt yon kontestasyon. Si ou soumèt yon apèl, n ap egzaminen ka w la epi n ap ba ou yon nouvo desizyon. Si nou kontiye refize nenpòt pati nan demann ou an ki gen rapò ak limit ki aplike pou aksè w ak medikaman yo, n ap voye ka w la otomatikman bay yon egzaminatè endependan ki pa fè pati plan nou an. Ale nan Chapit 9 pou jwenn enfòmasyon sou fason pou mande plan an yon apèl.

Nou pa p mete w nan DMP nou an si ou gen sèten pwoblèm medika,, tankou doulè ki gen rapò ak kansè oswa maladi anemi falsifòm, si w ap jwenn swen nan opspis, swen palyatif, oswa swen fen lavi oswa w ap viv nan yon etablisman swen alontèm.

Seksyon 10.2 Jesyon Terapi Abaz Medikaman (Medication Therapy Management, MTM) ak lòt pwogram pou ede manm yo jere medikaman yo

Nou gen pwogram ki kapab ede manm nou yo i genyen bezwen konplèks nan zafè swen. Yon Pwogram ki rele Jesyon Terapi Abaz Medikaman (Medication Therapy Management, MTM). Pwogram sa a volontè epi gratis. Yon ekip famasyen ak doktè te devlope pwogram yo pou nou ede asire ke manm nou yo jwenn pi bon avantaj ki genyen nan medikaman y ap pran yo.

Gen kèk manm ki genyen sèten maladi kwonik epi k ap pran medikaman ki depase yon montan espesifik nan pri medikaman yo oswa ki nan yon DMP pou ede yo itilize opiyoyid yo san danje, ka anmezi pou yo resevwa sèvis atravè yon pwogram MTM. Si ou kalifye pou pwogram nan, yon famasyen oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante pral egzamine tout medikaman w yo okonplè. Pandan egzamen an, ou ka pale osijè medikaman ou yo, depans ou yo, ak nenpòt pwoblèm oswa kesyon ou genyen sou medikaman sou preskription ou yo oswa medikaman ou jwenn nan vant lib yo. W ap resevwa yon rezime ekri ki genyen yon lis bagay yo rekòmande pou fè ki gen ladann mezi ou ta dwe pran pou medikaman w yo ba ou pi bon rezulta. W ap resevwa tou yon lis medikaman k ap genyen ladann tout medikaman w ap pran yo, ki kantite ou pran epi kilè ak poukisa w ap pran yo. Anplis, manm ki nan pwogram MTM lan ap jwenn enfòmasyon sou eliminasyon san daje medikaman sou preskripsiyan yo ki se sibstans kontwole.

Se yon bon ide pou pale avèk doktè w la sou lis bagay ki rekòmande pou fè yo ak lis medikaman. Mache avèk rezime w la nan vizit ou a oswa nenpòt kilè ou pale avèk doktè w yo, famasyen ak lòt pwofesyonèl swen sante. Kenbe lis medikaman w lan ajou epi avèk ou (pa egzanp, ansanm ak pyès idantite [ID] w) sizoka ou ale lopital oswa nan saj dijans.

Si nou genyen yon pwogra, ki koresponn ak bezwen w yo, n ap enskri w otomatikman nan pwogram nan epi n ap voye enfòmasyon ba ou. Si ou deside pa patisipe, avèti nou epi n ap retire ou. Pou nenpòt kesyon sou pwogram sa yo, tanpri kontakte Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711).

CHAPIT 6:

Sa ou peye pou medikaman Part D yo

SEKSYON 1 Sa ou peye pou medikaman Part D yo

Nou itilize tèm "medikaman" nan chapit sa a pou n dekri yon medikaman sou preskripsyon Part D. Se pa tout medikaman ki se medikaman Part D. Gen kèk medikaman lalwa ekskli nan kouvèti Part D. Kèk na nmedikaman ki ekskli nan kouvèti Part D a kouvri anba Medicare Part A ak Part B oswa anba Medicaid. Anplis, plan nou an ka kouvri kèk medikaman ki ekskli.

Pou konprann enfòmasyon sou peman yo, ou dwe konnen ki medikaman ki kouvri, kilè pou ranpli preskripsyon w yo, epi ki règ pou suiv lè ou jwenn medikaman ki kouvri. Chapit 5 eksplike règ sa yo. Lè w sèvi avèk "Zouti Avantaj an Tan Reyèl" plan nou an pou chèche kouvèti medikaman (CarePlusHealthPlans.com/MyPlan), pri ou wè a se yon estimasyon depans avèk lajan ki soti nan pòch ou yo atann pou peye. Ou kapab rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711) pou jwenn enfòmasyon ki nan "Zouti Avantaj an Tan Reyèl" la.

Ki jan ou ka jwenn enfòmasyon sou pri medikaman ou yo?

Paske ou elijib pou Medicaid, ou kalifye pou epi resevwa Èd Siplementè (Extra Help) nan men Medicare pou peye pou pri plan medikaman sou preskripsyon ou yo. Piske w gen Èd Siplementè (Extra Help), **gen kèk enfòmasyon nan Prèv sou Kouvètisa a konsènan pri medikaman sou preskripsyon Part D yo ki pa aplike pou ou.** Nou voye yon dokiman adisyonèl, ki rele Avnan pou Prèv sou Kouvèti pou Moun ki Resevwa Èd Siplementè (Extra Help) k ap Peye pou Medikaman sou Preskripsiyan (ke yo rele tou Avnan pou Sibvansyon pou Revni Ki Ba oswa Avnan LIS [LIS Rider]), ki ba w enfòmasyon sou pri pou medikaman w yo. Si w pa jwenn dokiman adisyonèl sa a, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711) epi mande pou Avnan LIS la.

Seksyon 1.1	Tip depans ki fèt ak lajan ki soti nan pòch ou ka peye pou medikaman ki kouvri yo
--------------------	--

Genyen de 3 diferan kalite depans ki fèt ak lajan ki soti nan pòch pou medikaman Part D ki kouvri yo, yo gendwa mande ou peye:

- **Franchiz** se kantite lajan ou peye pou medikaman anvan plan nou an kòmanse peye pati pa nou a.
- **Kopeman** se montan fiks ou peye chak fwa ou ranpli yon preskripsiyan.
- **Ko-asirans** se yon pouvantaj sou depans total ou peye chak fwa ou ranpli yon preskripsiyan.

Seksyon 1.2	Kijan Medicare kalkile depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou
--------------------	---

Medicare genyen règ sou sa ki konte ak sa ki pa konte nan depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou. Men ki règ ou dwe suiv pou siveye depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou yo.

Peman sa yo enkli nan depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou yo

Depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou **gen ladan** peman ki afihe anba yo (akondisyon yo se pou medikaman Part D ki kouvri yo epi ou suiv règ pou kouvèti medikaman ke yo eksplike nan Chapit 5 lan):

- Montan ou peye pou medikaman lè ou nan etap sa yo pou peman medikaman:
 - Etap Kouvèti Inisyal la
- Nenpòt peman ou fè pandan ane kalandriye sa a antanke yon manm ki nan yon lòt plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon anvan ou te antre nan plan nou an
- Nenpòt peman pou medikaman ou yo yon fanmi oswa zanmi fè
- Nenpòt peman Èd Siplementè (Extra Help) fè pou medikaman w yo apati Medicare, plan sante anplwayè oswa sendika, Indian Health Service, pwogram asistans pou medikaman kont AIDS, ak pifò zèv karitatif yo.

Pase nan Etap Kouvèti Katastwofik la:

Lè oumenm (oswa moun k ap peye nan non ou yo) ou depanse yon total **\$2,100** depans ki fèt ak lajan ki soti nan pòch pandan ane kalandriye a, ou soti nan Etap Kouvèti Inisyal la ou ale nan Etap Kouvèti Katastwofik la.

Peman sa yo pa enkli nan depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou

Depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch **pa enkli** okenn an kalite peman sa yo:

- Medikaman ou achte andeyò peyi Etazini ak teritwa li yo
- Medikaman plan nou an pa kouvri
- Medikaman ou jwenn nan yon famasi ki andeyò rezo a ki pa satisfè egzijans plan nou an pou kouvèti andeyò rezo a
- Medikaman sou preskripsyon Part A oswa Part B kouvri
- Peman ou fè pou medikaman ki kouvri anba kouvèti adisyonèl nou an men ki pa kouvri nòmalman nan yon plan Medicare pou Medikaman.
- Peman ou fè pou medikaman ki pa kouvri nòmalman nan yon plan Medicare pou Medikaman.
- Peman pou medikaman ou yo sèten plan asirans ak pwogram sante gouvenman an finanse tankou TRICARE ak Administrasyon Sante Veteran (VA) an
- Peman pou medikaman ou yo ke yon tyès pati ki gen yon obligasyon legal fè pou peye pou depans preskripsiyo yo (pa egzanp, Konpansasyon Travayè)
- Peman fabrikan medikaman fè nan kad Pwogram Rabè Fabrikan an

Rapèl: Si nenpòt lòt òganizasyon tankou sa ki dekri anwo yo peye yon pati oswa depans total ki fèt ak lajan ki soti nan pòch pou medikaman yo, ou oblige di plan nou an sa, pou fè sa rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711).

Siveyans total depans ki fèt avèk lajan ki soti nan pòch ou

- Rapò SmartSummary® ou resevwa a enkli montan aktyèl depans total ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou yo. Lè montan sa a rive **\$2,100**, rapò SmartSummary a pral di ou ke ou kite Etap Kouvèti Inisyal la epi ou pase pou ale nan Etap Kouvèti Katastwofik la.
- Asire n ke nou genyen enfòmasyon nou bezwen an.** Ale nan Seksyon 3.1 an pou konnen kisa ou ka fè pou ede nou asire ke dosye nou genyen sou sa ou depanse yo konplè e ajou.

SEKSYON 2 Etap peman pou pedikaman pou Manm CareNeeds Extra (HMO D-SNP) yo

Gen **3 etap peman pou medikaman** pou kouvèti medikaman w yo nan kad CareNeeds Extra (HMO D-SNP). Kantite lajan ou peye pou chak preskripsiyan depann nan ki etap ou ye lè ou ranpli oswa renouvele yon preskripsiyan. Detay sou chak etap yo eksplike nan chapit sa a. Men kisa etap yo ye:

Etap 1: Etap Franchiz Anyèl

Etap 2: Etap Kouvèti Inisyal

Etap 3: Etap Kouvèti Katastwofik

SEKSYON 3 Rapò SmartSummary w la eksplike nan ki etap peman ou ye

Plan nou an suiv pri medikaman sou preskripsiyan ou yo ak peman ou fè lè ou pran preskripsiyan ou yo nan famasi a. Fason sa, nou ka di w lè ou soti nan yon etap peman pou medikaman pou ale nan pwochen an. Nou swiv 2 kalite depans:

- Depans avèk lajan ki soti nan pòch ou:** sa a se konbyen ou peye. Sa enkli lajan ou peye lè ou resevwa yon medikaman Part D ki kouvri, nenpòt peman fanmi oswa zanmi fè pou medikaman ou yo, ak nenpòt peman Medicare fè pou medikaman ou yo gras ak Èd Siplementè (Extra Help), anplwayè oswa sendika plan sante, Indian Health Service, pwogram asistans pou medikaman kont AIDS, ak zèv karitatif yo.
- Depans Total Medikaman:** sa a se total tout peman ki fèt pou medikaman Part D ki kouvri yo.. Li enkli sa plan nou an peye, kisa ou peye epu kisa lòt pwogram oswa òganizasyon peye pou medikaman Part D ki kouvri yo.

Si ou te genyen youn oswa plizyè preskripsiyan ki ranpli atravè plan nou an pandan mwa anvan an n ap voye ba ou yon SmartSummary. SmartSummary a enkli:

- Enfòmasyon pou mwa sa a.** Rapò sa a ba ou detay peman sou preskripsiyan ou ranpli pandan mwa anvan an. Li montre depans total pou medikaman yo, kisa plan nou a peye epi kisa oumenm ak lòt moun peye nan non ou.
- Total pou ane a depi 1ye janvye.** Sa a montre pri total medikaman yo ak peman total pou medikaman ou yo depi kòmansman ane a.
- Enfòmasyon sou pri medikaman.** Sa ap afiche pri total medikaman an, ak enfòmasyon sou chanjman ki fèt nan pri a depi premye apwovizyonman pou chak reklamasyon preskripsiyan ki gen menm kantite a.

- **Lòt opsyon preskripsiyan a ba pri ki disponib.** Sa a montre enfòmasyon sou lòt medikaman ki disponib ki genyen yon pataj frè ki ba pou chak reklamasyon preskripsiyan, si sa aplikab.

Seksyon 3.1 Ede nou kenbe enfòmasyon w sou peman medikaman ou yo ajou

Pou suiv depans ou fè pou medikaman ou yo ak peman ou fè pou medikaman, nou itilize dosye nou jwenn nan men famasi yo. Men kijan ou kapab ede nou kenbe enfòmasyon ou yo kòrèk e ajou:

- **Montre kat abònman w lan chak fwa w ap ranpli yon preskripsiyan.** Sa a ede nou asire ke nou enfòme sou preskripsiyan ou egzekite yo epi kisa ou peye.
- **Asire n nou genyen enfòmasyon nou bezwen an.** Gen moman ou ka peye kantite depans total la pou yon medikaman sou preskripsiyan. Nan ka sa yo, nou pa p jwenn enfòmasyonnou bezwen yo otomatikman pou n suiv depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou yo. Pou ede nou suiv depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou yo, bannou kopi resi w yo. **Egzanp ka kote ou ta dwe ba nou kopi resi medikaman w yo:**
 - Lè ou achte yon medikaman ki kouvri nan yon famasi ki nan rezo a nan yon pri espesyal oswa lè ou itilize yon kat rabè ki pa fè pati avantaj nou ofri nan plan
 - Lè ou peye yon kopeman pou medikaman yo founi nan kad yon pwogram asistans pou pasyan ke yon fabrikan medikaman founi
 - Nenpòt lè ou achte medikaman ki kouvri nan famasi ki pa nan rezo a oswa ou peye pri total pou yon medikaman ki kouvri nan sikonstans espesyal
 - Si yo voye fakti ba ou pou yon medikaman ki kouvri, ou ka mande plan nou an peye pati pa nou an nan depans lan. Pou jwenn enstriksyon sou fason pou fè sa, al gade nan Chapit 7, Seksyon 2.
- **Voye enfòmasyon ba nou konsènan peman lòt moun fè pou ou yo.** Peman sèten lòt moun oswa òganizasyon fè konte tou nan depans ki fêt ak lajan ki soti nan pòch ou. Pa egzanp, peman yon pwogram èd pou medikaman SIDA (AIDS Drug Assistance Program, ADAP), Indian Health Service an, ak zèv karitatif konte nan depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou. Kenbe dosye peman sa yo epi voye yo bannou pou nou ka suiv depans ou yo.
- **Verifye rapò ekri nou voye ba ou a.** Lè ou resevwa rapò SmartSummary a egzamine li pou asire w ke enfòmasyon an konplè e kòrèk. Si w panse gen yon bagay ki manke oswa si w gen kesyon, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711). Asire ke ou konsève rapò sa yo.

SEKSYON 4 Pa gen okenn franchiz pou CareNeeds Extra (HMO D-SNP)

Pa gen okenn franchiz pou CareNeeds Extra (HMO D-SNP). Ou kòmanse Etap Kouvèti Inisyal la lè w ranpli premye preskripsiyan w pou ane a. Ale nan Seksyon 5 pou jwenn enfòmasyon sou kouvèti w la nan Etap Kouvèti Inisyal la.

SEKSYON 5 Faz Kouvèti Inisyal La

Seksyon 5.1

Sa ou peye pou yon medikaman depann de medikaman an ak ki kote ou ranpli preskripsyon w lan

Pandan Etap Kouvèti Inisyal la, plan nou an peye pati pa li nan depans pou medikaman w ki kouvri yo, epi ou peye pati pa w la (kopeman w oswa montan ko-asirans ou a). Pati pa w nan depans lan varye toudepann de medikaman an ak ki kote ou ranpli preskripsyon w lan.

Plan nou an ge Senk (5) nivo pataj frè

Chak medikaman ki nan Gid Medikaman plan nou an nan youn nan Senk (5) nivo pataj frè yo. Anjeneral, pi wo nimewo nivo pataj frè a ye, se pi plis ou pral peye pou medikaman an:

- **Pataj Frè Nivo 1 - Jenerik Prefere:** Medikaman jenerik oswa mak ki disponib nan pri ki pi ba pou plan sa a.
- **Pataj Frè Nivo 2 - Jenerik:** Medikaman jenerik oswa mak plan nou an ofri nan yon pri ki pi wo pase Medikaman Jenerik Prefere Nivo 1 yo.
- **Pataj Frè Nivo 3 - Mak ki Pa Prefere:** Medikaman jenerik oswa mak plan an ofri nan yon pri ki pi ba pase Medikaman ki Pa Prefere Nivo 4 yo.
- **Pataj Frè Nivo 4 - Medikaman ki Pa Prefere:** Medikaman jenerik oswa mak plan an ofri nan yon pri ki pi wo pase Medikaman Mak ki Pa Prefere Nivo 3 yo.
- **Pataj Frè Nivo 5 - Nivo Espesyalize:** Kèk medikaman sou fòm enjeksyon ak lòt medikaman ki koute chè.

Pou konnen nan ki nivo pataj frè medikaman w lan ye, chèche li nan Gid Medikaman plan nou an.

Chwa famasi w

Kantite lajan ou peye pou yon medikaman depann de si ou resevwa medikaman an nan:

- Yon famasi ki vann andetay nan rezo a.
- Yon famasi ki pa nan rezo plan nou an. Nou kouvri preskripsyon ki ranpli nan famasi ki andeyò rezo a sèlman nan sitiyasyon limite. Ale nan Chapit 5, Seksyon 2.5 lan pou jwenn kilè nou kouvri yon preskripsyon ki ranpli nan yon famasi ki nan rezo a.
- Famasi ki pran kòmann pa lapòs nan plan nou an.

Pou plis enfòmasyon sou chwa famasi sa yo ak pou ranpli preskripsyon ou yo, al gade nan Chapit 5 lan ak nan Anyè Pwofesyonèl Swen Sante plan nou an (CarePlusHealthPlans.com/Directories).

Seksyon 5.2

Yon tablo ki montre pri w yo pou yon pwovizyon medikaman pou yon mwa

Pandan Etap Kouvèti Inisyal la, pati pa w nan depans pou yon medikaman ap alafwa yon kopeman w oswa ko-asirans.

Montan kopeman oswa ko-asirans lan depann de nivo pataj frè a.

Pafwa depans pou medikaman an pi ba pase kopeman w lan. Nan ka sa yo, ou peye pri ki pi ba a pou medikaman an olye de kopeman an.

Pri w yo pou yon pwovizyon yon mwa pou medikaman Part D ki kouvari

Nivo	Pataj frè andetay (nan rezo) (jiska yon pwovizyon pou 30 jou)	Kòmann pa lapòs estanda pataj frè (nan rezo) (jiska yon pwovizyon pou 30 jou)	Pataj frè pou kòmann pa lapòs Prefere (nan rezo) (jiska yon pwovizyon pou 30 jou)	Pataj frè swen alontèm (LTC) (nan rezo) (jiska yon pwovizyon pou 31 jou)	*Pataj frè andeyò rezo (Kouvèti a limite a sèten sitiyasyon, al gade nan Chapit 5 pou detay yo.) (jiska yon pwovizyon pou 30 jou)
Pataj Frè Nivo 1 Prefere Jenerik	\$0	\$10	\$0	\$0	\$0
Pataj Frè Nivo 1 Ensilin	0%	25% jiska \$10	0%	0%	0%
Pataj Frè Nivo 2 Jenerik	\$0	\$20	\$0	\$0	\$0
Pataj Frè Nivo 2 Ensilin	0%	25% jiska \$20	0%	0%	0%
Pataj Frè Nivo 3 Prefere Mak	25%	25%	25%	25%	25%
Pataj Frè Nivo 3 Ensilin	25% jiska \$35	25% jiska \$35	25% jiska \$35	25% jiska \$35	25% jiska \$35
Pataj Frè Nivo 4 Ki Pa Prefere Medikaman	25%	25%	25%	25%	25%
Pataj Frè Nivo 4 Ensilin	25% jiska \$35	25% jiska \$35	25% jiska \$35	25% jiska \$35	25% jiska \$35
Pataj Frè Nivo 5 Nivo Espesyalize	33%	33%	33%	33%	33%

Nivo	Pataj frè andetay (nan rezo) (jiska yon pwovizyon pou 30 jou)	Kòmann pa lapòs estanda pataj frè (nan rezo) (jiska yon pwovizyon pou 30 jou)	Pataj frè pou kòmann pa lapòs Prefere (nan rezo) (jiska yon pwovizyon pou 30 jou)	Pataj frè swen alontèm (LTC) (nan rezo) (jiska yon pwovizyon pou 31 jou)	*Pataj frè andeyò rezo (Kouvèti a limite a sèten sitiyasyon, al gade nan Chapit 5 pou detay yo.) (jiska yon pwovizyon pou 30 jou)
Pataj Frè Nivo 5 Ensilin	25% jiska \$35	25% jiska \$35	25% jiska \$35	25% jiska \$35	25% jiska \$35

* Ou peye pataj frè nan rezo a (ki parèt nan kolòn pataj frè andeyò rezo a) plis diferans ki genyen ant pri nan rezo a ak pri andeyò rezo a pou medikaman sou preskripsyon ki kouvri ou jwenn nan yon famasi ki pa nan rezo a.

Tout nivo yo gendwa pa gen ensilin. Tanpri refere w ak Gid Medikaman sou Preskripsyon ou an pou w konfime kouvèti ensilin.

Tanpri ale nan Seksyon 8 pou plis enfòmasyon sou pataj frè pou vaksen Part D yo.

Seksyon 5.3

Si doktè w la preskri w mwens pase yon apwovizyonman pou yon mwa okonplè, ou ka pa gen pou peye pri a pou apwovizyonman pou tout mwa

Anjeneral, kantite lajan ou peye pou medikaman kouvri yon mwa apwovizyonman okonplè. Ka gen moman kote ou menm oswa doktè w la ta vle genyen mwens pase yon mwa apwovizyonman pou yon medikaman (pa egzanp, lè w ap eseye yon medikaman pou premye fwa). Epitou, ou kapab mande doktè w la pou li preskri w, ak famasyen w lan pou li dispanse w, mwens pase yon mwa apwovizyonman, si sa ap ede w pi byen planifye dat pou renouvre.

Si ou jwenn apwovizyonman pou mwens pase yon mwa annantye pou sèten medikaman, ou p ap peye pou apwovizyonman pou yon mwa annantye.

- Si ou responsab pou ko-asirans lan, ou peye yon pousantaj nan pri total sa koute pou medikaman an. Kòm ko-asirans lan baze sou depans total pou medikaman an, depans ou a ap pi ba paske depans total pou medikaman an ap pi ba.
- Si ou responsab pou yon kopeman pou medikaman an, ou peye sèlman kantite jou medikaman ou jwenn olye tout mwa a annantye. Nou kalkile montan ou peye pou chak jou pou medikaman w lan (to pataj frè pou chak jou a) epi n ap miltiplie l pa kantite jou medikaman ou jwenn.

Seksyon 5.4

Yon tablo ki montre pri w yo pou yon apwovizyonman medikaman alontèm (jiska 100 jou)

Pou kèk medikaman, ou kapab jwenn yon pwovizyon alontèm (ke yo rele tou yon pwovizyon elaj). Yon apwovizyonman alontèm pou jiska 100 jou apwovizyonman.

Medikaman espesyalize oswa lòt medikaman plan jije ki pa elijib pou yon pwovizyon elajì. Tanpri, gade Gid Medikaman w lan pou jwenn ki medikaman ki gen restriksyon sou li.

Pri w yo pou yon pwovizyon alontèm (jiska 100 jou) pou medikaman Part D ki kouvri

Nivo	Pataj frè andetay (nan rezo) (jiska yon pwovizyon pou 100 jou)	Pataj frè pou kòmann pa lapòs estanda (nan rezo) (jiska yon pwovizyon pou 100 jou)	Pataj frè pou kòmann pa lapòs prefere (nan rezo) (jiska yon pwovizyon pou 100 jou)
Pataj Frè Nivo 1 Jenerik Prefere	\$0	\$30	\$0
Pataj Frè Nivo 1 Ensilin	0%	25% jiska \$30	0%
Pataj Frè Nivo 2 Jenerik	\$0	\$60	\$0
Pataj Frè Nivo 2 Ensilin	0%	25% jiska \$60	0%
Pataj Frè Nivo 3 Mak Prefere	25%	25%	25%
Pataj Frè Nivo 3 Ensilin	25% jiska \$105	25% jiska \$105	25% jiska \$105
Pataj Frè Nivo 4 Medikaman ki Pa Prefere	25%	25%	25%
Pataj Frè Nivo 4 Ensilin	25% jiska \$105	25% jiska \$105	25% jiska \$105
Pataj Frè Nivo 5 Nivo Espesyalize	Pa gen apwovizyonman alontèm disponib pou medikaman nan Nivo 5 yo.		

Tout nivo yo gendwa pa gen ensilin. Tanpri refere w ak Gid Medikaman sou Preskripsyon ou an pou w konfime kouvèti ensilin.

Seksyon 5.5

Ou rete nan Etap Kouvèti Inisyal la jiskaske depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a rive \$2,100

Ou rete nan Etap Kouvèti Inisyal la jiskaske depans total ak lajan ki soti nan pòch ou yo rive **\$2,100**. Apresa ou pase pou ale nan Etap Kouvèti Katastwofik la.

Nou ofri kouvèti adisyonèl pou kèk medikaman sou preskripsyon ki pa nòmalman kouvri nan yon Plan Medikaman Medicare. Peman ou fè pou medikaman sa yo pa konte nan limit montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou a.

SmartSummary ou jwenn la pral ede w suiv ki kantite ou menm, plan nou an, ak nenpòt tyès pati, te depanse nan non ou pandan ane a. Se pa tout manm yo k ap rive nan limit **\$2,100** lajan ki soti nan pòch yo nan yon ane.

N ap fè w konnen si ou atenn montan sa a. Ale nan Seksyon 1.3 pou plis enfòmasyon.sou kijan Medicare kalkile depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou.

SEKSYON 6 Etap Kouvèti Katastwofik La

Nan Etap Kouvèti Katastwofik la, ou pa peye anyen pou medikaman Part D ki kouvri yo. Ou antre nan Etap Kouvèti katastwofik la lè depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou atenn limit **\$2,100** pou ane kalandriye a. Depi ou nan Etap Kouvèti Katastwofik la, ou rete nan etap peman sa a jis nan fen ane kalandriye a.

- Pandan etap peman sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Part D ki kouvri w yo.

SEKSYON 7 Enfòmasyon adisyonèl sou avantaj yo

Plan nou an ofri avantaj adisyonèl pou sa ki annapre yo:

- Sèten medikaman pou disfonksyònman erektil kouvri anba pataj frè Nivo 1, selon kote ou ye a
 - Sèten Vitamin sou Preskripsiyon kouvri anba pataj frè Nivo 1, selon kote ou ye a
- Kou w rantre nan Etap Kouvèti Katastwofik la, ou pa peye anyen pou medikaman sa yo.
- Tanpri, gade Gid Medikaman w lan pou jwenn enfòmasyon sou kouvèti medikaman sou preskripsiyon adisyonèl yo oswa rele Sèvis pou Manm yo si ou genyen nenpòt kesyon. Limit sou jan yo dispanse yo ka aplike.
- Si ou elijib pou avantaj Medicaid, nou ka ba ou kouvèti siplemantè pou medikaman sou preskripsiyon yo chwazi ki pa garanti nòmalman nan yon plan Medicare pou medikaman.

Tanpri, gade Gid Medikaman w lan pou jwenn enfòmasyon sou kouvèti medikaman sou preskripsiyon adisyonèl yo oswa rele Sèvis pou Manm yo si ou genyen nenpòt kesyon.

SEKSYON 8 Sa ou peye pou Vaksen Part D yo

Mesaj enpòtan sou sa ou peye pou vaksen yo - Yo konsidere kèk vaksen kòm avantaj medikal epi yo kouvri anba Part B a. Yo konsidere lòt vaksen yo kòm medikaman Part D. Ou kapab jwenn vaksen sa yo liste nan Gid Medikaman plan nou an. Plan nou an kouvri pifò vaksen Part D pou granmoun yo gratis pou ou. Ale nan Gid Medikaman plan nou an oswa rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711) pou detay sou kouvèti ak pataj frè sou vaksen espesifik.

Genyen 2 pati nan kouvèti nou an pou vaksen Part D yo:

- Premye pati a se depans pou **vaksen an li menm**.
- Dezyèm pati a se pou depans pou **administrasyon vaksen yo ba ou a**. (Pafwa yo rele sa administrasyon vaksen an.)

Depans ou pou yon vaksen Part D depann de 3 bagay:

1. **Si yon Komite Konsèy Konsiltatif sou Pratik Vaksinasyon (Advisory Committee on Immunization**

Practices, ACIP) apwouve vaksen ki rekòmande pou adilt yo.

- Majorite vaksen Part D pou adilt ACIP rekòmande epi ki pa koute w anyen.

2. Ki kote ou jwenn vaksen an.

- Yon famasyen kapab dispanse vaksen an li menm oswa biwo doktè w la kapab bay li.

3. Ki moun ki ba ou vaksen an.

- Yon famasyen oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante ka ba ou vaksen an nan famasi a. Oswa, yon pwofesyonèl swen sante ka ba ou li nan biwo doktè a.

Sa ou peye nenpòt lè ou resevwa vaksen Part D a ka varye toudepann de sikontans yo ak nan ki **etap peman medikaman** ou ladann lan.

- Lè ou resevwa yon vaksen, ou gendwa gen pou peye depans total pou ni vaksen an li menm ak ni depans pou pwofesyonèl swen sante a ki ba ou vaksen an. Ou ka mande plan nou an ranbouse w pou pati pa nou an nan depans lan. Pou pifò vaksen Part D pou adilt, sa vle di y ap ranbouse ou depans total ou te fè a.
- Lòt fwa yo, lè ou resevwa yon vaksen, ou peye sèlman pati pa ou nan depans lan nan kad avantaj Part D ou a. Pou pifò vaksen Part D pou adilt, ou pa p peye anyen.

Men 3 egzant anba a sou fason ou ta ka jwenn yon vaksen Part D.

Sitiyasyon 1: Ou resevwa vaksen Part D a nan famasi ki nan rezo a. (Kit ou gen chwa sa a kit ou pa genyen l, sa depann de ki kote w ap viv. Gen kèk eta ki pa otorize famasi yo bay sèten vaksen.)

- Pou pifò vaksen Part D pou adilt, ou p ap peye anyen.
- Pou lòt vaksen Part D yo, w ap peye famasi a ko-asirans ou a oswa kopeman pou vaksen an li menm ki gen ladan depans pou administrasyon vaksen an.
- Plan nou an ap peye rès depans lan.

Sitiyasyon 2: Ou resevwa vaksen Part D a nan biwo doktè w la.

- Lè ou resevwa vaksen an, ou ka gen pou peye depans total pou vaksen an li menm ak depans pou pwofesyonèl swen sante a ki ba ou vaksen an.
- Ou ka mande plan nou an pou peye pou pati pa nou an nan depans lan lè ou itilize pwosedi ki dekri nan Chapit 7 la.
- Pou pifò vaksen Part D pou adilt, y ap ranbouse ou montan total ou te peye a. Pou lòt vaksen Pati D yo, y ap ranbouse ou montan ou peye a mwens nenpòt ko-asirans oswa kopeman pou vaksen an (sa gen ladann administrasyon an), epi mwens nenpòt diferans ant montan doktè a chaje a ak sa nou peye nòmalman. (Si ou resevwa Èd Siplemantè (Extra Help), n ap ranbouse ou pou diferans sa a.)

Sitiyasyon 3: Ou achte vaksen Part D a li menm nan famasi ki nan rezo a, epi ou pran li nan biwo doktè w la lè yo ba ou vaksen an.

- Pou pifò vaksen Part D pou adilt, ou p ap peye anyen pou vaksen an li menm.

- Pou lòt vaksen Part D yo, ou peye famasi a ko-asirans ou a oswa kopeman pou vaksen an li menm.
- Lè doktè w la ba ou vaksen an, ou ka gen pou peye tout depans lan pou sèvis sa a.
- Ou ka mande plan nou an pou peye pou pati pa nou an nan depans lan lè ou itilize pwosedi nan Chapit 7 la.
- Pou pifò vaksen Part D pou adilt, y ap ranbouse ou montan total ou te peye a. Pou lòt vaksen Pati D yo, y ap ranbouse ou montan ou peye a mwens nenpòt ko-asirans pou administrasyon vaksen anoswa kopeman pou vaksen an, epi mwens nenpòt diferans ki genyen ant montan doktè a chaje a ak sa nou peye nòmalman. (Si ou resevwa Èd Siplementè (Extra Help), n ap ranbouse ou pou diferans sa a.)

CHAPIT 7:

Mande nou pou nou peye yon bòdwo pou sèvis medikal oswa medikaman ki kouvri

SEKSYON 1

Sitiyasyon kote ou ta dwe mande n peye pati pa nou pou sèvis oswa medikaman nou ki kouvri yo

Pwofesyonèl swen sante rezo nou yo faktire plan nou an dirèkteman pou sèvis ak medikaman ki kouvri yo. Se poutèt sa, ou pa ta dwe resevwa yon bòdwo pou sèvis oswa medikaman ki kouvri yo. Si ou resevwa yon bòdwo pou swen medikal oswa medikaman ou te resevwa, ou ta dwe voye bòdwo sa a bannou pou nou ka peye li. Lè ou voye fakti a bannou, n ap verifye fakti a epi n ap deside si sèvis yo ak medikaman yo ta dwe kouvri. Si nou deside yo ta dwe kouvri, n ap peye pwofesyonèl swen sante w la dirèkteman.

Si ou te déjà peye pou yon sèvis Medicare oswa yon atik plan nou an kouvri, ou ka mande plan nou an remèt ou lajan (yo plis rele remèt lajan an **ranbouse** ou). Se dwa ou pou plan nou ranbouse w chak fwa ou fin peye pou sèvis medikal oswa medikaman ki kouvri pa plan nou an. Ka gen dat limit ou dwe respekte pou yo ranbouse w. Ale nan Seksyon 2 chapit sa a. Lè ou voye yon fakti ou te dejan peye bannou, n ap verifye fakti a epi n ap deside si sèvis yo ak medikaman yo ta dwe kouvri. Si nou deside ke yo ta dwe kouvri, n ap remèt ou lajan pou sèvis yo ak medikaman yo.

Si ou pwoteje anba pataj frè Florida Medicaid la, gade Chapit 4 Seksyon 1.1 pou plis enfòmasyon sou pwoteksyon pataj frè Medicare ki soti nan Medicaid.

Kapab gen moman tou kote ou resevwa yon fakti ki soti nan men yon pwofesyonèl swen sante pou pri total swen medikal ou te jwenn oswa ki plis pase pati pa ou nan pataj frè a. Toudabò, eseye regle fakti a ak pwofesyonèl swen sante a. Si sa pa mache, voye fakti a ba nou olye ou peye li. N ap verifye fakti a epi n ap deside si sèvis yo yo ta dwe kouvri. Si nou deside yo ta dwe kouvri, n ap peye pwofesyonèl swen sante w la dirèkteman. Si nou deside pou n pa peye pou li, n ap avèti pwofesyonèl swen sante w la. Ou pa ta dwe peye plis pase pataj frè plan otorize a. Si pwofesyonèl swen sante sa a sou kontra, w ap toujou gen dwa pou resevwa tretman.

Egzanp sitiayson kote ou ka bezwen mande plan nou an remèt ou lajan oswa peye yon fakti ou te jwenn:

1. Lè ou te jwenn swen medikal dijans oswa ki nesesè annijans nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo plan nou an

- Ou kapab jwenn sèvis dijans oswa ki nesesè annijans nan menm nenpòt pwofesyonèl swen sante, kit pwofesyonèl swen sante a fè pati kit li pa fè pati rezo nou an. Nan ka sa yo, mande pwofesyonèl swen sante a pou li voye fakti a bay plan nou an.
- Si ou peye montan total la oumenm nan moman ou resevwa swen an, mande nou pou n ranbouse w. Voye fakti a bannou, ansanm ak dokiman pou nenpòt peman ou fè.
- Ou ka resevwa yon fakti nan men pwofesyonèl swen sante a ki mande pou peman ou panse ou pa dwe. Voye fakti sa a bannou, ansanm ak dokiman pou nenpòt peman ou te fè.

- Si pwofesyonèl swen sante dwe nenòt bagay, n ap peye pwofesyonèl swen sante a dirèkteman.
- Si ou te déjà peye pou sèvis la, n ap ranbouse w.

2. Lè yon pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a voye yon fakti ba ou, ou panse ou pa ta dwe peye

Pwofesyonèl swen sante rezo yo ta dwe toujou voye fakti dirèkteman bay plan nou an. Men pafwa yo ka fè erè, epi yo mande ou pou peye pou sèvis ou yo.

- Nou pa otorize pwofesyonèl swen sante yo pou yo chaje w pou sèvis ki kouvri yo. Nou peye pwofesyonèl swen sante nou yo dirèkteman, epi nou pwoteje w kont kèlkeswa chaj la. Sa rete yon verite menmsi nou peye pwofesyonèl swen sante a pi piti ke frè li mande pou yon sèvis.
- Chak fwa ou resevwa yon bòdwo nan men yon pwofesyonèl swen sante rezo a, voye bòdwo a bannou. N ap kontakte pwofesyonèl swen sante a dirèkteman epi n ap rezoud pwoblèm faktirasyon an.
- Si ou déjà peye yon bòdwo bay yon pwofesyonèl swen sante rezo a, voye bòdwo a bannou ansanm ak resi peman ou fè yo. Mande nou pou nou ranbouse w pou sèvis ou yo ki kouvri.

3. Si ou enskri yon fason retro-aktif nan plan nou an

Pafwa enskripsyon yon moun nan plan nou an retroaktif. (Sa vle di ke premye jou enskripsyon yo a te déjà pase. Dat enskripsyon an ka menm rive nan ane ki sot pase a.)

Si ou te enskri nan plan nou an retroaktivman epi ou te peye ak lajan ki soti nan pòch ou pou nenpòt sèvis oswa medikaman ki kouvri apre dat enskripsyon an, ou ka mande pou nou ranbouse w. W ap bezwen soumèt nou dokiman tankou resi ak fakti yo pou nou jere ranbousman an.

4. Lè ou itilize yon famasi ki andeyò rezo a pou ranpli yon preskripsyon

Si ou ale nan yon famasi ki andeyò rezo a, famasi a gendwa pa a soumèt nou reklamasyon an dirèkteman. Lè sa rive, ou oblige peye pri total la pou preskripsyon w lan.

Sere resi w yo epi voye yon kopi bannou lè ou mande nou ranbouse a pou pati pa nou nan depans lan. Sonje ke nou kouvri sèlman famasi ki andeyò rezo yo nan sikontans limite. Ale nan Chapit 5, Seksyon 2.5 pou konnen plis sou sikontans sa yo Ou ka pa ranbouse w diferans ki genyen ant sa ou peye pou medikaman an nan famasi andeyò rezo a ak pri ke nou ta kouvri nan yon famasi nan rezo a.

5. Lè ou peye pri total pou yon preskripsyon paske ou pa gen kat abònman plan nou an avèk ou

Si ou pa genyen kat abònman nan plan nou an avèk ou, ou ka mande famasi a pou yo rele plan nou an oswa verifye enfòmasyon sou enskripsyon w nan plan nou an. Si famasi a pa kapab jwenn enfòmasyon sou enskripsyon an yo bezwen an tousuit, ou ka oblige peye pri total pou preskripsyon an poukout ou. Sere resi w yo epi voye yon kopi bannou lè ou mande nou ranbouse a pou pati pa nou nan depans lan. Nou ka pa ranbouse w montan total ou te peye a si pri lajan kach ou te peye a pi wo pase pri nou negosye pou preskripsyon an.

6. Lè ou peye depans total pou yon preskripsyon nan lòt sitiyasyon

Ou ka peye pri total pou preskripsyon an paske ou remake medikaman an pa kouvri pou yon rezon kèlkonk.

- Pa egzanp, medikaman an ka pa nan *Gid Medikaman (Fòmilè)* plan nou an oswa li ta ka gen yon egzijans oswa yon restirksyon ou pat konnen oswa ou panse ki pa aplike pou ou. Si ou deside pou resevwa medikaman imedyatman, ou ka bezwen peye tout montan an pou li.

Chapit 7 Mande nou pou nou peye yon bòdwo pou sèvis medikal oswa medikaman ki kouvri

Sere resi w yo epi voye yon kopi bannou lè ou mande nou ranbouse w. Nan kèk ka, nou ka bezwen jwenn plis enfòmasyon nan men doktè w la pou nou ranbouse w pou pati pa nou an nan depans pou medikaman an. Nou ka pa ranbouse w montan total ou te peye a si pri lajan kach ou te peye a pi wo pase pri nou negosye pou preskripsyon an.

Lè ou voye yon demann pou peman bannou, n ap verifye demann ou an epi n ap deside si sèvis la oswa medikaman ta dwe kouvri. Yo rele sa a yon **desizyon sou kouvèti**. Si nou deside ke yo ta dwe kouvri, n ap ranbouse w pou sèvis la ak medikaman an. Si nou refize depann peman w lan, ou ka konteste desizyon nou an. Chapit 9 genyen enfòmasyon sou fason pou fè yon apèl.

SEKSYON 2 Fason pou mande nou ranbouse w oswa peye yon fakti ou te jwenn

Ou ka mande nou ranbouse w lè ou voye yon demann ekri bannou. Si ou voye yon demann alekri, voye bòdwo w la ak dokiman pou nenpòt peman ou te fè. Se yon bon ide pou fè yon kopi fakti w ak resi w yo pou dosye w. **Ou dwe soumèt nou reklamasyon Part C (medikal ak dantè) nan lespas 365 jou** apati dat ou te jwenn sèvis la, atik la oswa medikaman Part B a. **Ou dwe soumèt nou reklamasyon Part D (medikaman sou preskripsiyan) an nan lespas 36 mwa** apati dat ou te jwenn medikaman an.

Pou n asire ou bannou tout enfòmasyon nou bezwen pou n pran yon desizyon, ou ka ranpli yon fòm pou reklamasyon pou fè demann pou peman w lan.

- Ou pa bezwen itilize fòm nan, men l ap ede nou trete enfòmasyon an pi rapid. Done nou bezwen pou pran yon desizyon ekri pi ba a. Paske nou ka bezwen lòt enfòmasyon pou pran yon desizyon sou ranbousman nan kèk ka, nou ankouraje w anpil pou w bay nenpòt lòt enfòmasyon ou kapab pou sipòte demann ou an.
 - Non ou ak nimewo idantifikasiyon (ID) manm ki sou kat idantifikasiyon (ID) CarePlus ou a
 - Resi ou oswa nenpòt lòt prèv peman ou an
 - Yon deklarasyon detaye pwofesyonèl swen sante a bay ki montre sèvis yo te bay yo epi ki gen enfòmasyon sa yo: Si enfòmasyon an pa nan deklarasyon detaye pwofesyonèl swen sante a, w ap gen pou kontakte pwofesyonèl swen sante a pou mande li.
 - > Dat sèvis yo te bay
 - > Non, adrès, Nimewo Idantifikasiyon Nasjonal Founisè (NPI) ak Nimewo Idantite Fiskal (TIN) pwofesyonèl swen sante oswa founisè a
 - > Si yon lòt pwofesyonèl swen sante te mande sèvis la oswa te refere ou bay pwofesyonèl swen sante ki te rann sèvis la, non, adrès, NPI ak TIN pwofesyonèl swen sante ki te bay òdonans/referans lan
 - > Deskripsyon chak sèvis oswa materyèl yo te bay, ansanm ak kòd sèvis sa yo
 - ~ Kòd revni yo, si sa aplikab
 - ~ Kòd CPT ak HCPCS ki pétinan
 - > Chaj pou chak sèvis yo te bay
 - > Deskripsyon maladi oswa blesi ak kòd dyagnostik
 - > Kote tretman an fèt
 - Siyati w oswa siyati reprezantan legal ou
- Telechaje yon kopi fòm lan sou sitwèb nou an (**CarePlusHealthPlans.com/Resources**) oswa rele Sèvis Kliyantèl nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo rele 711) epi mande fòm lan.

Voye rekèt pou peman ou a pa lapòs ansanm avèk tout fakti oswa resi peman ba nou nan adrès sa a:

Demann pou peman - Swen Medikal

CarePlus Health Plans, Inc.
Attention: Direct Member Reimbursement
P.O. Box 14601
Lexington, KY 40512-4601

Demann pou peman - Sèvis Swen Dantè

HumanaDental for CarePlus
P.O. Box 14611
Lexington, KY 40512-4611

Demann pou peman - Medikaman Part D

CarePlus Health Plans, Inc.
Attention: Direct Member Reimbursement
P.O. Box 1414
Lexington, KY 40512-4140

SEKSYON 3 Nou pral konsidere demann pou peman ou a epi di wi oswa non

Lè n jwenn demann peman ou a, nou ap fè w konnen si nou bezwen nenpòt lòt enfòmasyon nan men w. Sinon, nou pral konsidere demann ou an epi pran yon desizyon sou kouvèti a.

- Si nou deside swen medikal oswa medikaman an kouvri epi ou te swiv tout règ yo, nou pral peye pou sèvis oswa medikaman an. Si w gentan peye pou sèvis la oswa medikaman an, n ap voye ranbousman ou ba ou pa lapòs. Si ou te peye tout pri yon medikaman, ou ka pa jwenn ranbousman komplè pou montan ou te peye a (pa egzanp, si ou te jwenn yon medikaman nan yon famasi ki andeyò rezo a oswa si pri ou te peye kach pou yon medikaman pi plis pase pri nou te negosye a). Si w potko peye pou sèvis oswa medikaman an, n ap voye peman an dirèkteman bay pwofesyonèl swen sante a pa lapòs.
- Si nou deside swen medikal la oswa medikaman an pa kouvri, oswa ou pa t swiv tout règ yo, nou pa p peye pou swen an oswa medikaman an. Nou pral voye yon lèt ba ou ki eksplike rezon ki fè nou pa p voye peman an epi dwa ou genyen pou fè apèl kont desizyon sa a.

Seksyon 3.1

**Si nou di w ke nou p ap peye pou swen medikal la oswa medikaman an,
ou kapab fè yon apèl**

Si w panse nou fè yon erè nan rejte demann pou peman ou a oswa nan montan n ap peye a, ou kapab fè apèl. Si w fè apèl, sa vle di w ap mande nou chanje desizyon nou te pran sou kouvèti a lè nou te rejte demann pou peman ou a. Pwosesis apèl la se yon pwosesis fòmèl ki gen pwosedì ki detaye ak delè ki enpòtan. Pou detay sou fason pou fè apèl sa a, ale nan Chapit 9.

CHAPIT 8:

Dwa ak responsabilite ou yo

SEKSYON 1 Plan nou an dwe respekte dwa ak sansibilite kiltirèl ou yo

Seksyon 1.1	Nou dwe bay enfòmasyon nan yon fason ki bon pou ou epi ki konfòm avèk sansibilite kiltirèl ou yo (nan lang ki pa angle, an bray, nan gwo karaktè oswa lòt fòma altènatif, elatriye.)
--------------------	---

Yo egzije plan nou a pou asire li tout sèvis yo, klinik ak non-klinik, founi nan yon fason ki konpetan kiltirèlman epi aksesib pou tout moun ki enskri yo, ladan yo sa ki gen konpetans limite nan angle, konpetans limite nan lekti, pwoblèm pou tandem, oswa sa ki gen divès orijin kiltirèl ak etnik. Pami egzanp sou fason plan nou an kapab respekte egzijans aksesibilite sa yo gen, san se pa sa sèlman, bay sèvis tradiksyon, sèvis entèprèt, teleskriptè oswa koneksyon TTY (telefòn tèks oswa telefòn teleskriptè).

Plan nou a gen sèvis entèprèt lang gratis ki disponib pou reponn kesyon manm ki pa pale angle yo. Nou kapab ba w materyèl tou an bray, nan gran karaktè oswa lòt fòma altènatif gratis si w bezwen sa. Yo egzije nou pou ba w enfòmasyon sou avantaj plan nou an nan yon fòma ki aksesib epi apwopriye pou ou. Pou jwenn enfòmasyon nan men nou nan yon fason ki bon pou ou, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711).

Yo egzije plan nou a pou bay fi ki enskri yo opsyon pou yo gen aksè dirèk avèk yon espesyalis sante fanm ki nan rezo a pou sèvis swen sante woutin ak prevantif pou fanm.

Si pa gen pwofesyonèl swen sante ki disponib nan rezo plan nou an pou yon espesyalite, se responsabilite plan nou an pou chèche pwofesyonèl swen sante espesyalize andeyò rezo a ki pral ba w swen nesesè a. Nan ka sa a, ou pral sèlman peye pataj frè nan rezo a. Si w twouve w nan yon sitiyasyon kote pa gen okenn espesyalis nan rezo plan nou an ki kouvrì yon sèvis ou nesesite, rele plan nou an pou enfòmasyon sou ki kote pou ale pou jwenn sèvis sa a nan rezo a avèk pataj frè.

Si w gen nenpòt difikilte pou jwenn enfòmasyon nan men plan nou an nan yon fòma ki aksesib epi apwopriye pou ou, pou w ka wè yon espesyalis nan sante fanm oswa pou w jwenn yon espesyalis nan rezo a, rele pou depoze yon doleyans nan Depatman Sèvis pou Manm yo nan CarePlus Health Plans, Inc. nan 800-794-5907, TTY 711. Ou ka depoze yon plent nan Medicare, pou fè sa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) oswa dirèkteman nan Biwo Dwa Sivil nan 1-800-368-1019 oswa TTY 1-800-537-7697.

Sección 1.1	Debemos proveer la información de una manera que a usted le resulte útil y en conformidad con su sensibilidad cultural (en idiomas que no sean inglés, en Braille, en texto con letras grandes u otros formatos alternativos, etc.)
--------------------	--

Su plan debe garantizar que todos los servicios, tanto clínicos como no clínicos, se brinden de manera competente desde el punto de vista cultural y sean accesibles para todos los afiliados, incluidos aquellos con dominio limitado del inglés, habilidades de lectura limitadas, incapacidad auditiva o aquellos con orígenes culturales y étnicos

diversos. Algunos ejemplos de cómo un plan puede cumplir con estos requisitos de accesibilidad incluyen, entre otros, la prestación de servicios de traducción, servicios de interpretación, telemáquinas de escribir o conexión TTY (teléfono de texto o teléfono de telemáquina).

Nuestro plan cuenta con servicios gratuitos de intérpretes disponibles para responder preguntas de afiliados que no hablan inglés. También podemos darle información en braille, en letra grande o en otros formatos alternativos sin costo en caso de ser necesario. Se nos exige darle información sobre los beneficios del plan en un formato que sea accesible y apropiado para usted. Para obtener información de parte de nosotros de una forma que se ajuste a sus necesidades, llame a Servicios para Afiliados.

Nuestro plan debe brindarles a las mujeres inscritas la opción de acceso directo a un especialista en salud femenina dentro de la red para servicios de cuidado de la salud preventivos y de rutina para mujeres.

Si no hay disponibles proveedores de la red del plan para una especialidad, es responsabilidad del plan localizar proveedores especializados fuera de la red que le proporcionen el cuidado necesario. En este caso, solo pagará el costo compartido dentro de la red. Si se encuentra en una situación en la cual no hay especialistas en la red del plan que cubran un servicio que usted necesita, llame al plan para obtener información sobre dónde ir para obtener este servicio al costo compartido dentro de la red.

Si tiene alguna dificultad para obtener información de nuestro plan en un formato que sea accesible y apropiado para usted, llame para presentar una queja formal ante el Departamento de Servicios para Afiliados de CarePlus Health Plans, Inc. al 800-794-5907, TTY 711. También puede presentar una queja ante Medicare llamando al 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) o directamente ante la Oficina de Derechos Civiles al 1-800-368-11019 o TTY 1-800-537-7697.

Seksyon 1.2

Nou dwe asire n ou gen aksè avèk sèvis ak medikaman ki kouvri yo san pèdi tan

Ou gen dwa pou chwazi yon pwofesyonèl swen prensipal (PCP) nan rezo plan nou an pou founi epi òganize sèvis ki kouvri ou yo. Ou gen dwa tou pou al wè yon espesyalis sante fanm (tankou yon jinekològ) san yon referans.

Se dwa w pou jwenn randevou ak sèvis ki kouvri nan men pwofesyonèl swen sante ki nan rezo plan nou an *nan yon peryòd tan ki rezonab*. Sa a gen ladan dwa pou jwenn sèvis atan nan men espesyalis lè w bezwen swen sa a. Ou gen dwa tou pou yo egzekite oswa renouvele preskripsyon ou yo nan nenpòt nan famasi nan rezo nou a san delè ki long.

Si w panse ou p ap resevwa swen medikal oswa medikaman Part D ou yo nan yon peryòd tan ki rezonab, Chapit 9 di kisa ou kapab fè.

Seksyon 1.3

Nou dwe pwoteje konfidansyalite enfòmasyon pèsònèl sou sante ou yo

Lwa Federal ak eta yo pwoteje konfidansyalite dosye medikal ou yo ak enfòmasyon pèsònèl sou sante w yo. Nou pwoteje enfòmasyon pèsònèl sou sante w yo jan lwa sa yo egzije sa. Dwa pou yo trete yo ak respè epi pou yo rekonèt **diyite** yo ak dwa yo genyen nan kesyon vi prive.

- Nan enfòmasyon pèsònèl sou sante w yo gen enfòmasyon pèsònèl ou te ban nou lè w te enskri nan plan sa a ansam ak dosye medikal ak lòt enfòmasyon medikal ak enfòmasyon sou sante w.
- Ou gen dwa parapò ak enfòmasyon ou yo epi kontwòl nan fason yo sèvi avèk enfòmasyon sou sante w yo. Nou ba w yon avi alekri, ki rele Avi sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive, ki pvizite dwa sa yo epi ki eksplike kijan nou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sante w yo.

Kijan nou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon pèsònèl sou sante ou yo?

- Nou asire nou moun ki pa otorize pa wè oswa fè chanjman nan dosye ou yo.
- Sof sikontans ki ekri pi ba yo, si nou gen entansyon bay nenpòt moun ki pa p ba w swen oswa peye pou swen w yo enfòmasyon pèsònèl sou sante w yo, *nou gen obligasyon pou jwenn pèmisyon alekri ou oswa nan men yon moun ou te bay otorite legal pou pran desizyon pou ou anpremye.*
- Gen kèk eksepsyon ki pa egzije nou jwenn pèmisyon alekri ou a anpremye. Eksepsyon sa yo se lalwa ki pèmèt oswa egzije yo.
 - Yo egzije nou divilge enfòmasyon sante bay ajans gouvènman ki ap verifye kalite swen yo.
 - Poutèt ou se yon manm plan nou an atravè Medicare, yo egzije nou pou bay Medicare enfòmasyon sante w yo ki gen ladan enfòmasyon sou medikaman sou preskripsyon Part D ou a. Si Medicare divilge enfòmasyon ou yo pou bezwen rechèch oswa lòt, sa pral fèt selon estati ak règleman federal yo; anjeneral, sa a mande pou pa pataje enfòmasyon ki idantifye ou yon fason endividyèl.

Ou kapab wè enfòmasyon ki nan dosye ou yo epi konnen kijan yo pataje li avèk lòt moun

Ou gen dwa pou gade dosye medikal ou yo ki nan plan nou an, epi pou jwenn yon kopi dosye ou yo. Nou otorize pou nou faktire w yon frè pou nou fè kopi. Ou gen dwa tou pou mande nou ajoute oswa fè koreksyon nan dosye medikal ou yo. Si w mande nou fè sa, nou pral travay avèk pwofesyonèl swen sante ou a pou deside si chanjman sa yo ta dwe fèt.

Ou gen dwa pou konnen kijan yo te pataje enfòmasyon sou sante w yo avèk lòt moun pou nenpòt rezon ki pa bezwen woutin.

Si w gen kesyon oswa enkyetid sou konfidansyalite enfòmasyon pèsònèl sou sante w yo, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo rele 711).

Insurance ACE

Avi sou Pratik Konfidansyalite

AVI SA A DEKRI FASON NOU KAPAB ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL OU AK FASON OU KAPAB GEN AKSÈ AK ENFÒMASYON SA YO. TANPRI LI L AVÈK ANPIL ATANSYON.

Konfidansyalite enfòmasyon pèsònèl ak enfòmasyon sou sante w yo enpòtan. Ou pa bezwen fè anyen sof si ou gen yon demann oswa yon plent.

Avi sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive sa a aplike pou tout antite ki fè pati Insurance ACE, yon Antite Afilye ki Kouvri anba HIPAA. ACE la se yon gwoup antite endividyèl ki kouvri anba lalwa ki afilye epi ki deziyen tèt yo kòm yon sèl antite ki kouvri nan objektif HIPAA. Gen yon lis konplè manm ACE yo ki disponib nan <https://huma.na/insuranceace>

Nou ka chanje pratik konfidansyalite vi prive nou yo ak kondisyon ki nan avi sa a nenpòt kilè, jan lalwa otorize nou fè sa, sa gen ladan enfòmasyon nou te kreye oswa resevwa anvan nou te fè chanjman yo. Lè nou fè yon gwo chanjman nan pratik konfidansyalite vi prive nou yo, nou pral chanje avi sa a epi n ap voye avi a bay moun ki abone nan plan sante nou an.

Kisa enfòmasyon pèsònèl oswa enfòmasyon sou sante ki pa publik ye?

Enfòmasyon pèsònèl oswa enfòmasyon sante ki pa publik gen ladan enfòmasyon medikal ak enfòmasyon pèsònèl, tankou non, adrès, nimewo telefòn, nimewo Sekirite Sosyal, nimewo kont, enfòmasyon sou peman, oswa enfòmasyon demografik ou yo. Mo "enfòmasyon" an nan avi sa a enkli nenpòt enfòmasyon pèsònèl ak enfòmasyon sante ki pa publik. Sa gen ladan enfòmasyon yon pwofesyonèl swen sante oswa yon plan sante kreye

oswa resevwa. Enfòmasyon yo gen rapò avèk sante oswa pwoblèm sante fizik oswa sante mantal, swen sante ou jwenn oswa peman ki fêt pou swen sante sa yo.

Kijan nou kolekte enfòmasyon sou ou?

Nou kolekte enfòmasyon sou ou yo ak sou fanmi w lè w ranpli aplikasyon ak fòm yo. Nou kolekte enfòmasyon yo tou nan kad relasyon w avèk nou, avèk afilye nou yo oswa lòt moun. Pa egzant, nou gendwa resevwa enfòmasyon sou ou ki soti nan men patisipan nan sistèm swen sante an, tankou doktè ou oswa lopital, epi nan men anplwayè w oswa administratè plan yo, biwo kredi ak Biwo Enfòmasyon Medikal la (Medical Information Bureau).

Ki enfòmasyon nou resevwa sou ou?

Enfòmasyon nou resevwa yo gendwa gen ladan eleman tankou non, adrès, nimewo telefòn, dat nesans, nimewo Sekirite Sosyal, istorik peman prim ou yo ak aktivite ou sou sitwèb nou an. Sa gen ladan tou enfòmasyon ki konsène plan avantaj medikal ou, avantaj sante w yo, ak evalyasyon risk sante yo.

Kijan nou pwoteje enfòmasyon ou yo?

Nou gen responsabilite pou n pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ou yo nan tout fòma tankou fòm enfòmasyon elektwonik ak enfòmasyon oral. Nou gen mezi pwoteksyon administratif, teknik ak fizik ki anplas pou pwoteje enfòmasyon ou yo nan divès fason tankou:

- Limite kilès ki ka wè enfòmasyon w yo
- Limite fason nou itilize oswa divilge enfòmasyon ou yo
- Enfòme w sou responsabilite legal nou yo konsènan enfòmasyon w yo
- Bay anplwaye nou yo fòmasyon sou pwogram ak pwosedi konfidansyalite vi prive yo

Kijan nou itilize ak divilge enfòmasyon ou yo?

Nou itilize ak divilge enfòmasyon ou yo:

- Bay oumenm oswa yon moun ki gen dwa legal pou l aji nan non w
- Bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal

Se dwa nou pou n itilize ak divilge enfòmasyon w yo:

- Ba yon doktè, yon lopital, oswa lòt pwofesyonèl swen sante pou w kapab resevwa swen medikal.
- Pou aktivite peman, tankou reklamasyon peman pou sèvis ki garanti ke pwofesyonèl swen sante yo ba ou ak pou peman prim plan sante.
- Pou aktivite operasyon swen sante, tankou tretman enskripsyon ou, reponn demann ou yo, kowòdone swen w, amelyore kalite, ak detèmine prim yo.
- Pou fè aktivite souskripsyon. Sepandan, nou p ap itilize okenn rezulta tès jenetik oswa poze kesyon konsènan istorik familyal.
- Bay esponnsò plan w lan pou pèmèt li akonpli, planifye fonksyon administrasyon tankou aktivite elijibilite, enskripsyon, ak anilasyon enskripsyon. Nou kapab pataje rezime enfòmasyon sou sante w ak esponnsò plan w lan nan sèten sitiyasyon. Pa egzant, pou pèmèt esponnsò plan w lan jwenn òf nan men lòt plan sante. Nou p ap pataje enfòmasyon detaye sou sante w ak esponnsò plan w lan. Nou pral mande w pèmisyon ou, oswa esponnsò plan w lan dwe sètifye yo dakò respekte konfidansyalite enfòmasyon ou yo.
- Pou kontakte ou avèk enfòmasyon konsènan avantaj ak sèvis ki asosye ak sante, rapèl pou randevou, oswa lòt chwa tretman ki kapab enterese ou. Si w te refize, nou p ap kontakte w.
- Pou fanmi ak zammi w si w pa disponib pou kominike, tankou nan yon ijans.
- Pou fanmi ak zammi w, oswa nenpòt lòt moun ou idantifye. Sa a aplike si enfòmasyon yo lye dirèkteman avèk patisipasyon yo nan swen sante ou yo oswa peman pou swen sante sa a. Pa egzant, si yon moun nan fanmi an oswa yon moun k ap bay swen rele nou pandan yo te konnen gen yon reklamasyon ki fêt, nou kapab konfime si nou te resevwa ak peye reklamasyon an
- Pou bay moun ki abone a enfòmasyon sou peman pou jistifikasyon Sèvis Revni Entèn.
- Pou ajans sante piblik yo, si nou kwè gen yon menas grav pou sante oswa sekirite.

- Pou otorite apwopriye lè gen pwoblèm konsènan abi, neglijans, oswa vyolans nan kay.
- Pou satisfè yon lòd tribunal oswa yon lòd administratif, asiyasyon pou konparèt, demann komunikasyon pyès, oswa lòt pwoesis legal.
- Pou ranfòsman aplikasyon lalwa, bay otorite militè ak lè lalwa egzije sa.
- Pou ede nan efò pou asistans nan ka katastwòf.
- Pou pwogram konfòmite ak aktivite sipèvizon sante.
- Pou ranpli obligasyon nou yo dapre nenpòt lwa oswa kontra konpansasyon travayè.
- Pou anpeche yon menas grav ak imedyat pou sante ou oswa sekirite ou oswa sante oswa sekirite lòt moun.
- Pou rezon rechèch nan sikontans limite epi depi yo te pran mezi apwopriye pou pwoteje vi prive ou.
- Pou jwenn, estoke oswa transplante ògàn, zye oswa tisi.
- Ba yon medsen lejis, egzaminatè medikal oswa direktè ponp finèb.

Restriksyon adisyonèl sou itilizasyon ak divilgasyon pou kalite enfòmasyon espesifik:

- Gen kèk lwa federal ak eta ki ka limite itilizasyon ak divilgasyon kèk enfòmasyon sansib sou sante tankou: Twoub Abi Sibstans; Enfòmasyon Byometrik; Abi oswa Neglijans Timoun oswa Granmoun, sa gen ladan I, Agresyon Seksyèl; Maladi Kontajye; Enfòmasyon Jenetik; HIV/AIDS; Sante Mantal; Sante Repwodiktif; ak Maladi ki Transmisib Seksyèlman.
- Enfòmasyon sou Sante Repwodiktif: Nou p ap itilize oswa divilge okenn enfòmasyon nan bi pou nou mennen yon ankèt pou idantifye (oswa pou eseye enpoze responsablite sou) okenn moun pou aksyon chèche, jwenn, bay, oswa fasilité aksè a swen sante repwodiktif legal. Lè gen yon ajans gouvènman (oswa yon lòt moun) ki fè yon demann pou enfòmasyon ki ka gen rapò avèk swen sante repwodiktif, moun k ap fè demann lan dwe bay yon atestasyon siyen ki konfime objektif demann lan pa vyole entèdiksyon sou divilgasyon enfòmasyon sou swen sante repwodiktif.

Èske n ap itilize enfòmasyon ou yo pou rezon ki pa dekri nan avi sa a?

Nou p ap itilize oswa divilge enfòmasyon w yo pou okenn rezon ki pa dekri nan avi sa a, san pèmisyon w alekri. Ou ka anile pèmisyon ou nenpòt kilè depi ou fè nou konnen sa alekri.

Itilizasyon ak divilgasyon sa yo pral egzije otorizasyon alekri ou:

- Pifò itilizasyon ak divilgasyon nòt sikoterapi yo
- Objektif maketing
- Lavant enfòmasyon pwoteje sou sante

Kisa nou fè avèk enfòmasyon ou yo lè ou pa yon manm ankò?

Nou gendwa kontinye sèvi avèk enfòmasyon ou yo pou rezon ki bay nan avi sa a. Sa a gen ladan lè ou pa jwenn kouvèti asirans nan men nou. Apre peryòd konsèvasyon legal ki obligatwa a, nou detwi enfòmasyon yo dapre pwosedi serye pou konsève konfidansyalite.

Ki dwa mwen genyen konsènan enfòmasyon mwen yo?

Nou pran angajman pou reponn demann dwa ou nan yon san pèdi tan

- Aksè - Se dwa w pou revize ak jwenn yon kopi enfòmasyon w ki gendwa sèvi pou pran desizyon ki konsène w. Ou kapab resevwa tou yon rezime sou enfòmasyon sante sa yo. Jan lwa ki aplikab la egzije sa, nou pral mete enfòmasyon pèsonèl sa yo disponib pou ou oswa pou reprezantan ou deziyen an.
- Desizyon Souskripsyon Defavorab - Si nou refize aplikasyon pou asirans ou an, se dwa w pou yo ba w yon rezon pou refi a.
- Kominikasyon Altènatif - Pou evite yon sitiyasyon ki menase lavi, se dwa w pou resevwa enfòmasyon ou yo nan yon fason altènatif oswa nan yon lòt kote. N ap akomode demann ou si li rezonab.
- Amannman - Ou gen dwa pou mande koreksyon nenpòt nan enfòmasyon pèsonèl sa yo pa amannman oswa eliminasyon. Nan lespas 60 jou ouvrab apre nou fin resevwa demann alekri w la, n ap enfòme w sou amannman nou an oswa eliminasyon enfòmasyon ou konteste a, oswa sou refi nou pou nou fè koreksyon sa a apre plis envestigasyon.

- Si nou refize amande oswa efase enfòmasyon w ap konteste a, se dwa w pou soumèt nou yon deklarasyon alekri ki bay rezon ki fè ou pa dakò avèk evalyasyon nou sou enfòmasyon konteste a epi kisa ou konsidere kòm enfòmasyon ki kòrèk la. N ap rann deklarasyon sa a disponib pou tout pati k ap revize enfòmasyon ou konteste a.*
- Divilgasyon - Se dwa w pou resevwa yon lis ka kote nou menm oswa asosye biznis nou yo te divilge enfòmasyon ou yo. Sa pa aplike pou tretman, peman, fonksyonman plan sante ak sèten lòt aktivite. Nou konsève enfòmasyon sa yo, epi nou mete yo disponib pou ou pandan sis lane. Si w fè yon demann pou lis sa a plis pase yon fwa nan yon peryòd 12 mwa, nou kapab fè ou peye yon frè rezonab, ki kalkile selon depans yo.
- Avi - Se dwa w pou mande ak resevwa yon kopi alekri avi sa a nenpòt kilè.
- Restriksyon - Se dwa w pou mande pou limite fason yo itilize oswa divilge enfòmasyon ou yo. Nou pa gen obligasyon pou nou dakò ak limit la, men si nou dakò, n ap respekte akò nou a. Se dwa w tou pou dakò oswa mete fen nan yon limitasyon ki te déjà soumèt.

E si mwen kwè yo vyole konfidansyalite mwen, kisa mwen ta dwe fè?

Si w kwè yo te vyole konfidansyalite w, ou gendwa soumèt yon plent ba nou, pou fè sa rele nou nan: 1-866-861-2762 nenpòt kilè.

Ou ka soumèt yon plent alekri tou bay Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services), Biwo pou Dwa Sivil (Office for Civil Rights, OCR). N ap ba ou adrès rejyonal apwopriye OCR la sou demann. Ou kapab voye plent ou an pa imèl tou bay OCRComplaint@hhs.gov. Si w chwazi pou depoze yon plent, avantaj ou yo p ap afekte epi nou p ap pini ou oswa pran revanch sou ou nan okenn fason.

Nou sipòte dwa ou pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon pèsonèl ou ak enfòmasyon sou sante ou.

Responsabilite Nou

- Lalwa egzije nou pou nou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante ou ki pwoteje yo.
- N ap fè w konnen san pèdi tan si gen yon vyolasyon ki ka te konpwomèt konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon w yo.
- Nou dwe respekte obligasyon ak pratik sou konfidansyalite vi prive yo ki dekri nan avi sa a e nou dwe ba ou yon kopi.
- Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon w yo si se pa jan yo dekri la a sof si ou di nou alekri ke nou ka fè sa. Si ou di nou, nou kapab, ou kapab chanje lide nenpòt kilè. Fè nou konnen alekri si w chanje lide.

Nou ka chanje kondisyon avi sa a, epi chanjman yo ap aplike pou tout enfòmasyon nou genyen sou ou.

Nouvo avi a ap disponib sou demann, nan biwo nou an, ak sou sit entènèt nou an.

Kijan pou mwen egzèse dwa mwen yo oswa kijan pou mwen jwenn yon kopi avi sa a?

Ou kapab egzèse tout dwa konfidansyalite ou yo, pou fè sa chèche jwenn fòm ki aplikab yo. Ou kapab jwenn nenpòt fòm yo depi ou:

- Rele nou nan 1-866-861-2762
- Ale sou sit wèb nou nan **CarePlusHealthPlans.com/Privacy** epi ale sou lyen Pratik sou Konfidansyalite Vi Prive (Privacy Practices) la
- Voye fòm demann ou ranpli a nan:
Humana Inc.
Privacy Office 003/10911
101 E. Main Street
Louisville, KY 40202

* Dwa sa a aplike sèlman pou moun nou yo k ap viv nan Massachusetts pou konfòme avèk règleman eta yo.

Seksyon 1.4**Nou dwe ba ou enfòmasyon sou plan nou an, rezo pwofesyonèl swen sante nou a, ak sèvis ou yo ki kouvri yo**

Antanke manm CareNeeds Extra (HMO D-SNP), ou gen dwa pou jwenn plizyè kalite enfòmasyon nan men nou.

Si w vle jwenn nenpòt nan kalite enfòmasyon annapre yo, tanpri rele Sèvis pou Mamm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711):

- **Enfòmasyon sou plan nou an.** Sa a gen ladan, pa egzanp, enfòmasyon sou kondisyon finansyè plan nou an.
- **Enfòmasyon sou pwofesyonèl swen sante ak famasi ki nan rezo nou an.** Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesyonèl swen sante ak famasi ki nan rezo nou an epi sou fason nou peye pwofesyonèl swen sante rezo nou an.
- **Enfòmasyon sou kouvèti ou a ak règ ou dwe suiv lè w ap itilize kouvèti ou a.** Chapit 3 ak 4 bay enfòmasyon sou sèvis medikal yo. Chapit 5 ak 6 bay enfòmasyon sou kouvèti pou medikaman nan Part D.
- **Enfòmasyon sou rezon ki fè yon bagay pa kouvri epi kisa ou kapab fè pou sa.** Chapit 9 bay enfòmasyon sou fason pou mande yon eksplikasyon alekri sou rezon ki fè yon sèvis medikal oswa medikaman Part D pa kouvri oswa si kouvèti ou a gen restriksyon. Chapit 9 bay tou enfòmasyon sou fason pou mande nou chanje yon desizyon, yo rele sa tou yon apèl.

Seksyon 1.5**Ou gen dwa pou konnen opsyon tretman ou yo epi pou patisipe nan desizyon sou swen sante ou yo**

Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon konplè nan men doktè ou yo oswa lòt pwofesyonèl swen sante.

Pwofesyonèl swen sante w yo dwe eksplike kondisyon medikal ou yo ak chwa tretman ou yo yon fason ou kapab konprann.

Ou gen dwa pou patisipe nètale nan desizyon sou swen sante ou yo. Pou ede w pran desizyon avèk doktè ou yo sou ki tretman ki pi bon pou ou, dwa ou yo gen ladan sa ki annapre yo:

- **Pou konnen tout chwa ou genyen yo.** Ou gen dwa pou yo di w tout opsyon tretman yo rekòmande pou pwoblèm sante ou yo, kèlkeswa sa yo koute oswa si plan nou an kouvri yo oswa pa kouvri yo. Sa gen landan tou pou yo di w ki pwogram plan nou a ofri pou ede manm yo jere medikaman yo ak pou sèvi avèk medikaman yo ansekirite.
- **Pou konnen risk yo.** Ou gen dwa pou yo di w nenpòt ki risk ki genyen nan swen ou an. Yo dwe di w alavans nenpòt swen oswa tretman medikal ki pwopoze ki fè pati yon eksperyans rechèch. Ou toujou gen chwa pou refize nenpòt tretman eksperimental.
- **Dwa pou di "non."** Ou gen dwa pou refize nenpòt tretman yo rekòmande. Sa a gen ladan dwa pou kite yon lopital oswa yon lòt etablisman medikal, menm si doktè ou a di w pa kite. Ou gen dwa tou pou sispann pran medikaman ou yo. Si w refize tretman oswa sispann pran medikaman, ou aksepte tout responsabilite sou sa ki rive kò w kòm rezulta chwa ou.

Ou gen dwa pou bay enstriksyon sou kisa ki dwe fèt si w pa kapab pran desizyon medikal yo oumenm

Kèk fwa, moun konn vin pa kapab pran desizyon medikal pou tèt yo akoz aksidan oswa maladi ki grav. Ou gen dwa pou di sa ou vle ki rive si w nan sitiyasyon sa a. Sa vle di si w vle, ou kapab:

- Ranpli yon fòm alekri ki bay **yon moun otorite legal pou pran desizyon medikal pou ou** si jamè ou vin pa kapab pran desizyon pou tèt ou.
- **Bay doktè ou yo enstriksyon alekri** sou fason ou vle yo jere swen medikal ou yo si w vin pa kapab pran desizyon pou tèt ou.

Dokiman legal ou kapab sèvi pou bay enstriksyon alavans nan sitiyasyon sa yo rele **direktiv davans**. Dokiman tankou yon **testaman biyolojik** ak **manda pou swen sante** se egzanp direktiv davans.

Kijan pou mete yon direktiv davans anplas pou bay enstriksyon

- **Jwenn yon fòm.** Ou kapab jwenn yon fòm direktiv davans nan men avoka ou a, yon travayè sosyal oswa nan kèk magazen materyèl pou biwo. Ou kapab kèk fwa jwenn fòm direktiv davans nan men òganizasyon ki bay moun enfòmasyon sou Medicare. Epitou, ou kapab rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (Itilizatè TTY yo rele 711) pou mande fòm yo.
- **Ranpli fòm lan epi siyen li.** Kèlkeswa kote ou jwenn fòm sa a, se yon dokiman legal. Reflechi pou ta fè yon avoka ede w prepare li.
- **Bay moun ki apwopriye yo kopi fòm lan.** Bay doktè ou a ak moun ou nonmen nan fòm lan ki kapab pran desizyon pou ou si w pa kapab la yon kopi fòm lan. Ou ka bay zanmi oswa moun nan fanmi an ki pwòch kopi tou. Kenbe yon kopi lakay ou.

Si w konnen alavans yo pral entène ou, epi ou te siyen yon direktivdavans, **ale avèk yon kopi nan lopital la**.

- Lopital la pral mande ou si w te siyen yon fòm direktiv alavans epi si w genyen l sou ou.
- Si w pa t siyen yon fòm direktiv alavans, lopital la gen fòm disponib epi li pral mande w si w vle siyen youn.

Ranpli yon direktiv davans se chwa ou (ladan desizyon pou siyen youn pandan ou lopital la). Selon lalwa, pèsòn pa ka refize w swen oswa fè diskriminasyon kont ou baze sou si w siyen oswa pa siyen yon enstriksyon alavans.

Si yo pa swiv enstriksyon ou yo

Si w te siyen yon direktiv davans, epi ou panse yon doktè oswa lopital pa t suiv enstriksyon ki ladan li a, ou kapab depoze yon plent nan Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite (Quality Improvement OrganizationQIO) nan Eta kote w ye a. Ou kapab jwenn enfòmasyon kontak nan "Anèks A" ki nan do dokiman sa a.

Seksyon 1.6

Ou gen dwa pou pote plent epi mande nou pou nou rekonsidere desizyon nou pran

Nan CarePlus, yo itilize yon pwosesis ki rele Utilization Management (UM) pou detèmine si yon sèvis oswa yon tretman kouvri e ki apwopriye pou peyan nan plan benefis ou a. CarePlus pa rekonganse oswa ofri avantaj finansye bay doktè, lòt moun oswa anplwaye CarePlus pou yo refize kouvèti a oswa ankouraje lè yo sèvi ak sèvis yo. An reyalite, CarePlus travay avèk doktè w yo ak lòt pwofesyonèl swen sante yo pou ede w jwenn swen ki pi apwopriye pou kondisyon medikal ou. Si w gen kesyon oswa enkyetid ki gen rapò ak Jesyon Itilizasyon, anplwaye yo disponib omwen uit èdtan pa jou pandan lè travay nòmal yo. CarePlus gen sèvis entèprt lang gratis ki disponib pou reponn kesyon ki gen rapò ak jesyon itilizasyon (Utilization Management) manm ki pa pale angle. Kontakte Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY yo dwe rele 711) pou jwenn repons pou kesyon sa yo oswa nenpòt lòt kesyon ou ka genyen sou plan avantaj ou a.

CarePlus deside sou kouvèti nouvo pwosedi medikal ak aparèy sou yon baz kontinyèl. Pou li fè sa, li verifye literati medikal ke kòlèg li yo evalye epi konsilte avèk ekspè medikal yo pou li wè si nouvo teknoloji a efikas epi fyab. CarePlus depann tou sou konsèy Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (CMS), ki souvan pran desizyon sou kouvèti nasyonal pou nouvo pwosedi oswa aparèy medikal.

Si w gen nenpòt pwoblèm, enkyetid, oswa plent epi ou bezwen mande kouvèti asirans, oswa fè you apèl, Chapit 9 nan dokiman sa a di sa ou kapab fè. Kèlkeswa sa w fè – mande pou yon desizyon sou kouvèti, fè yon apèl, oswa fè yon plent – **nou oblige trete w yon fason ekitab.**

Seksyon 1.7

Kisa w ka fè si w kwè y ap trete w yon fason ki enjis oswa si dwa w pa respekte

Si w kwè yo te trete w yon fason ki enjis oswa yo pat respekte dwa w akòz ras, andikap, reliyon, sèks, sante, etnisite, kwayans ou, laj oswa orijin nasyonal ou ta dwe rele **Biwo pou Dwa Sivil** nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal la nan 1-800-368-1019 (itilizatè TTY yo rele 1-800-537-7697), oswa rele Biwo pou Dwa Sivil ki nan zòn ou an.

Si w kwè yo te trete w yon fason ki enjis oswa dwa w yo pa respekte, epi se pa diskriminasyon, ou ka jwenn èd pou fè fas ak pwoblèm w ap genyen avèk kote sa yo:

- **Rele Sèvis pou Manm plan nou an** nan 800-794-5907 (itilizatè TTY yo dwe rele 711).
- **Rele SHIP lokal ou a.** W ap jwenn nimewo ak URL sitwèb yo nan Anèks A nan do dokiman sa a.
- **Rele Medicare** nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) (TTY 1-877-486-2048.)

Seksyon 1.8

Kijan pou w jwenn plis enfòmasyon sou dwa w yo

Jwenn plis enfòmasyon sou dwa w yo kote sa yo:

- **Rele Sèvis pou Manm yo** nan 800-794-5907 (itilizatè TTY yo rele 711).
- **Rele SHIP lokal ou a.** W ap jwenn nimewo ak URL sitwèb yo nan Anèks A nan do dokiman sa a.
- Kontakte **Medicare**.
 - Vizite www.Medicare.gov pou li piblikasyon Dwa ak Pwoteksyon Medicare (disponib sou: Medicare Rights & Protections.)
 - Rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) (itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048.)

SEKSYON 2

Responsabilite kòm manm plan nou an

Bagay ou bezwen fè antanke manm nan plan nou an yo nan lis ki anba a. Si w gen kesyon, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY yo dwe rele 711).

- **Familyarize w ak ak sèvis ki kouvri w yo ansanm ak règ ou dwe swiv pou jwenn sèvis ki kouvri sa yo.**
Sèvi ak Prèv sou Kouvèti sa a pou aprann kisa ki kouvri ak règ ou bezwen swiv pou jwenn sèvis ki kouvri yo.
 - Chapit 3 ak 4 bay detay sou sèvis medikal yo.
 - Chapit 5 ak 6 bay detay sou kouvèti pou medikaman nan Part D.
- **Si w gen nenpòt lòt kouvèti sante oswa kouvèti medikaman anplis plan nou an, ou oblige di nou sa.**
Chapit 1 an di w kòman pou w kowòdone benefis sa yo.
- **Fè doktè w ak lòt pwofesyonèl swen sante w la konnen ke w enskri nan plan nou an.** Montre kat manm plan w lan ak kat Medicaid ou chak fwa w resevwa swen medikal oswa medikaman Pati D.
- **Ede doktè w yo ak lòt pwofesyonèl swen sante yo ede w lè w ba yo enfòmasyon, poze kesyon, epi suiv sa pou fè pou swen w yo.**
 - Pou ede jwenn pi bon swen an, enfòme doktè w yo ak lòt pwofesyonèl sante w yo sou pwoblèm sante w yo. Swiv plan tretman ak enstriksyon ou menm ak doktè ou dakò sou yo.
 - Asire doktè w yo konnen tout medikaman w ap pran yo, tankou medikaman san preskripsyon, vitamin ak sipleman.
 - Si ou gen kesyon, asire w ke ou mande epi jwenn yon repons ou ka konprann.
- **Ou dwe atansyone.** Nou atann nou aske manm nou yo respekte dwa lòt pasyan yo. Epitou nou atann nou aske ou aji yon fason ki ede fonksyònman kòmsadwa biwo doktè yo, lopital yo ak lòt biwo yo.
- **Peye sa ou dwe.** Antanke yon manm nan plan an, ou responsab pou peman sa yo.
 - Ou dwe kontinye peye prim Medicare ou yo pou rete manm plan nou an.
 - Pou pifò nan medikaman ou yo ki kouvri pa plan nou an, ou dwe peye pati pa w nan pri a lè ou resevwa medikaman an.
- **Si w deplase nan zòn sèvis plan nou an, nou dwe konnen** pou nou ka kenbe dosye abònman ou ajou epi konnen kijan pou kontakte ou.
- **Si w deplase andeyò zòn sèvis plan nou an, ou pa kapab rete yon manm plan nou an.**
- **Si w deplase, di administrasyon Sekirite Sosyal (oswa Komite Retrèt Chemennfè).**

CHAPIT 9:

Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

SEKSYON 1 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon enkyetid

Chapit sa a eksplike pwosesis pou jere pwoblèm ak enkyetid yo. Pwosesis ou itilize pou jere pwoblèm ou an depann de kalite pwoblèm ou genyen an:

- Pou kèk pwoblèm, ou dwe sèvi ak **pwosesis pou pran desizyon sou kouvèti ak apèl (kontestasyon)**.
- Pou lòt pwoblèm, ou dwe itilize **pwosesis pou pote plent la**; yo rele tou doleyans.

Chak pwosesis gen yon seri règ, pwosedi ak dat limit ke nou menm ak ou dwe swiv.

Seksyon 3 pral ede w idantifye bon pwosesis pou w itilize a ak sa w dwe fè.

Seksyon 1.1 Ekspresyon jiridik

Gen tèm legal pou kèk nan règ, pwosedi, ak kalite dat limit yo eksplike nan chapit sa a. Pifò moun pa abitye ak anpil nan tèm sa yo. Pou fè bagay yo pi fasil, chapit sa a sèvi avèk mo ki pi fasil pou konprann pase tèm legal yo.

Sepandan, kèk fwa li enpòtan pou konnen bon tèm legal yo. Pou ede w konnen ki tèm pou itilize pou jwenn bon èd oswa enfòmasyon an, nou mete tèm legal lè nou bay detay pou jere sitiyasyon espesifik.

SEKSYON 2 Ki kote pou jwenn plis enfòmasyon ak èd pèsonalize

Nou toujou disponib pou ede w. Menm si ou gen yon plent konsènan tretman nou fè sou ou, nou oblige respekte dwa w pou pote plent. Ou dwe toujou rele Sèvis pou Mam yo nan 800-794-5907 (Itilizatè TTY yo rele 711) pou jwenn èd. Nan kèk sitiyasyon, ou ka vle tou èd oswa konsèy nan men yon moun ki pa konekte ak nou. De òganizasyon ki kapab ede se:

Pwogram Asistans Eta a pou Asirans Sante (SHIP).

Chak eta gen yon pwogram gouvènman ak konseye ki resevwa fòmasyon. Pwogram nan pa konekte ak nou oswa ak nenpòt konpayi asirans oswa plan sante. Konseye nan pwogram sa a ka ede w konprann ki pwosesis ou ta dwe itilize pou jere yon pwoblèm ou genyen. Yo ka reponn kesyon tou, ba ou plis enfòmasyon, epi ofri konsèy sou sa pou w fè.

Sèvis konseye SHIP yo gratis. W ap jwenn nimewo telefòn yo nan Egzibisyón A nan fen dokiman sa a.

Medicare

Ou ka kontakte Medicare tou pou èd:

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- Ou ka rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048.
- Ou vizite www.Medicare.gov.

Ou ka jwenn èd ak enfòmasyon nan men Florida Medicaid

W ap jwenn enfòmasyon pou kontakte Florida Medicaid nan Anèks A nan fen ti liv sa a.

SEKSYON 3 Konprann plent ak apèl Medicare ak Medicaid yo

Ou gen Medicare epi ou jwenn èd nan men Medicaid. Enfòmasyon ki nan chapit sa a aplike a tout avantaj Medicare ak Medicaid ou yo. Yo rele sa yon pwosesis entegre paske li konbine, oswa entegre, pwosesis Medicare ak Medicaid yo.

Pafwa pwosesis Medicare ak Medicaid yo pa konbine. Nan sitiyasyon sa yo, itilize yon pwosesis Medicare pou yon avantaj Medicare kouvri ak yon pwosesis Medicaid pou yon avantaj Medicaid kouvri. Sitiyasyon sa yo eksplike nan **Seksyon 6.4**.

SEKSYON 4 Ki pwosesis pou sèvi pou pwoblèm ou an

Si w gen yon pwoblèm oswa yon enkyetid, li pati nan chapit sa a ki aplike nan sitiyasyon w. Enfòmasyon ki anba a ap ede w jwenn bon seksyon nan chapit sa a pou pwoblèm oswa plent konsènan **avantaj Medicare oswa Medicaid kouvri yo**.

Èske pwoblèm ou oswa enkyetid ou genyen konsènan avantaj oswa kouvèti ou?

Sa gen ladan l pwoblèm konsènan si wi oswa non swen medikal (atik medikal, sèvis ak/oswa medikaman Part B) yo kouvri, fason yo kouvri, ak pwoblèm ki gen rapò ak peman pou swen medikal.

Wi.	Non.
Ale nan Seksyon 5 Yon gid sou desizyon sou kouvèti ak apèl (kontestasyon) yo .	Ale nan Seksyon 11 Fason pou fè yon plent sou kalite swen an, tan datant yo, sèvis kliyan an oswa lòt preyokipasyon .

Desizyon ak apèl sou kouvèti

SEKSYON 5 Yon gid sou desizyon sou kouvèti ak apèl (kontestasyon) yo

Desizyon sou kouvèti ak apèl yo trete pwoblèm ki gen rapò ak avantaj ou yo ak kouvèti ou pou swen medikal ou (sèvis, atik, ak medikaman Medicare Part B, ki gen ladan peman). Pou kenbe bagay yo senp, nou refere nou anjeneral a atik medikal, sèvis, ak medikaman Medicare Part B kòm **swen medikal**. Ou itilize desizyon sou pwoteksyon an ak pwosesis Apèl pou pwoblèm tankou si yon bagay kouvri ou pa ak fason yon bagay kouvri.

Mande desizyon sou kouvèti anvan ou jwenn sèvis

Si ou vle konnen si nou pral kouvri swen medikal anvan ou jwenn li, ou ka mande nou pran yon desizyon sou kouvèti pou ou. Yon desizyon sou kouvèti se yon desizyon nou pran sou avantaj ou yo ak kouvèti w oswa sou montan n ap

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

peye pou swen medikal ou. Pa egzanp, si doktè rezo plan nou an refere w bay yon espesyalis medikal ki pa nan rezo a, referans sa a konsidere kòm yon desizyon pwoteksyon favorab sof si ou menm oswa doktè w la ki nan rezo a kapab montre ou te jwenn yon avi pou refi nòmal pou espesyalis medikal sa a, oswa Prèv sou Kouvèti montre akle sèvis yo refere w la pa janm kouvri sou baz okenn kondisyon. Oumenm oswa doktè ou ka kontakte nou tou epi mande pou yon desizyon sou kouvèti si doktè ou pa sèten si nou pral kouvri yon sèvis medikal patikilye oswa si nou refize bay swen medikal ou panse ou bezwen.

Nan sikontans limite yo pral rejte yon demann pou yon desizyon sou kouvèti, sa vle di nou p ap revize demann lan. Men kèk egzanp lè yon demann yo pral rejte gen ladan si demann lan pa konplè, si yon moun fè demann lan nan non w men li pa gen otorize legal pou fè sa, oswa si w mande pou yo retire demann ou a. Si nou rejte yon demann pou yon desizyon sou kouvèti, n ap voye yon avi ki eksplike poukisa yo te rejte demann lan ak kijan pou mande yon revizyon nan ranvwa a.

Nou pran yon desizyon sou kouvèti chak fwa nou deside kisa ki kouvri w ak konbyen nou peye. Nan kèk ka, nou ka deside swen medikal pa kouvri oswa pa kouvri ankò pou ou. Si ou pa dakò ak desizyon sou kouvèti sa a, ou ka fè yon demann pou apèl.

Ale annapèl

Si nou pran yon desizyon sou kouvèti, swa anvan oswa apre ou jwenn yon avantaj, epi ou pa satisfè, ou ka fè **apèl** kont desizyon an. Yon apèl se yon fason fòmèl pou mande nou revize epi chanje yon desizyon sou kouvèti nou te pran. Nan sèten sikontans, ou ka mande yon **apèl rapid** nan yon desizyon sou kouvèti. Se diferan evalyatè k ap trete apèl ou a, yo pa menm ak evalyatè ki te pran desizyon orijinal la. moun ki te pran desizyon orijinal la.

Lè w fè yon demann pou apèl kont yon desizyon pou premye fwa, yo rele sa yon apèl Nivo 1. Nan apèl sa a, nou revize desizyon sou kouvèti nou te pran an pou nou tcheke pou wè si nou te byen suiv règ yo. Lè nou fini revizyon an, nou ba ou desizyon nou an.

Nan sikontans limite, yo pral rejte yon apèl Nivo 1, sa vle di nou p ap revize demann lan. Men kèk egzanp lè yon demann yo pral rejte gen ladan si demann lan pa konplè, si yon moun fè demann lan nan non w men li pa gen otorize legal pou fè sa, oswa si w mande pou yo retire demann ou a. Si nou rejte yon demann pou yon apèl Nivo 1, n ap voye yon avi ki eksplike poukisa yo te rejte demann lan ak kijan pou mande yon revizyon pou refi a.

Si nou di non pou tout oswa pou yon pati nan apèl Nivo 1 w lan pou swen medikal, apèl ou a pral otomatikman ale nan yon apèl Nivo 2 kote se yon òganizasyon egzaminasyon endependan ki pa konekte ak nou ki jere sa.

- Ou pa bezwen fè anyen pou kòmanse yon apèl Nivo 2. Règ Medicare yo egzije nou voye apèl ou a pou swen medikal otomatikman nan Nivo 2 si nou pa dakò nèt ak apèl Nivo 1 w lan.
- Ale nan **Seksyon 6.4** pou plis enfòmasyon sou apèl Nivo 2 pou swen medikal.
- Yo pale sou apèl Part D nan Seksyon 7.

Si w pa satisfè ak desizyon nou pran nan apèl Nivo 2 a, ou kapab anmezi pou kontinye pa mwayen lòt nivo apèl (chapit sa a eksplike pwosesis pou apèl nan Nivo 3, 4, ak 5 yo).

Seksyon 5.1

Jwenn èd pou mande yon desizyon sou kouvèti oswa fè yon apèl

Sa yo se resous pou si w deside mande nenpòt kalite desizyon sou kouvèti oswa konteste yon desizyon:

- **Rele Sèvis pou Manm yo** nan 800-794-5907 (ililizatè TTY yo rele 711).

- **Jwenn èd gratis** nan Pwogram Asistans Asirans Sante Eta (State Health Insurance Assistance Program) w la.
- **Doktè w oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante ka fè yon demann pou ou.** Si doktè w ede w avèk yon apèl ki depase Nivo 2, ou dwe deziyen l kòm reprezantan w. Rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (Itilizatè TTY yo rele 711) epi mande fòm *Deziyasyon Reprezantan* an. (Fòm la disponib sou sitwèb Medicare la tou nan www.cms.gov/Medicare/CMS-Forms/CMS-Forms/downloads/cms1696.pdf oswa sou sitwèb nou an nan Careplushealthplans.com/representative.)
 - Pou swen medikal, doktè w la oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante ka mande yon desizyon sou kouvèti oswa yon apèl Nivo 1 nan non w. Si yo rejte apèl ou a nan Nivo 1, y ap voye l otomatikman nan Nivo 2.
 - Si doktè w la oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante mande pou yo kontinye ba w yon sèvis oswa yon atik w ap resevwa deja pandan apèl ou a, ou **ka** bezwen deziyen doktè w la oswa yon lòt moun ki preskri medikaman kòm yon reprezantan pou aji nan non w.
 - Pou medikaman Part D yo, doktè w oswa lòt moun k ap fè òdonans lan ka mande yon desizyon sou kouvèti oswa yon apèl Nivo 1 nan non w. Si yo refize apèl Nivo 1 ou an, doktè w oswa moun k ap fè òdonans lan ka mande yon apèl Nivo 2.
- **Ou ka fè yon moun aji nan non w tou.** Ou ka nonmen yon lòt moun pou aji pou ou kòm **reprezantan** pou mande yon desizyon sou kouvèti oswa fè yon demann pou apèl.
 - Si w vle pou yon zanmi, yon fanmi, oswa yon lòt moun se reprezantan w, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (Itilizatè TTY yo rele 711) epi mande fòm *Deziyasyon Reprezantan* an. (Fòm la disponib sou sitwèb Medicare la tou sou www.cms.gov/Medicare/CMS-Forms/CMS-Forms/downloads/cms1696.pdf oswa sou sitwèb nou an sou Careplushealthplans.com/representative.) Fòm la bay moun sa a pèmisyon pou l aji nan non w. Oumenm ak moun ou vle ki aji nan non w lan dwe siyen l. Ou dwe ba nou yon kopi fòm ki siyen an.
 - Nou ka aksepte yon demann pou apèl ki soti nan men yon reprezantan san fòm lan, men nou pa kapab fini revizyon nou an toutotan nou pa jwenn li. Si nou pa resevwa fòm lan anvan dat limit pou nou pran desizyon sou apèl ou a, nou ap rejte demann apèl ou a. Si sa rive, n ap voye yon avi alekri ba ou ki eksplike dwa w genyen pou mande òganizasyon egzaminasyon endependan an revize desizyon nou an pou rejte apèl ou a.
- **Se dwa w tou pou anboche yon avoka.** Ou ka kontakte pwòp avoka ou, oswa jwenn non yon avoka nan asosyasyon bawo lokal ou a oswa lòt sèvis referans. Gen yon seri gwooup ki ap ba w sèvis jiridik gratis si ou kalifye. Sepandan, **ou pa oblige anboche yon avoka** pou mande nenpòt kalite desizyon sou kouvèti oswa pou konteste yon desizyon.

Seksyon 5.2**Règ ak delè pou diferan sitiayson**

Gen 4 sitiayson diferan ki enplike desizyon sou kouvèti ak apèl. Chak sitiayson gen diferan règ ak delè. Nou bay detay pou chak nan sitiayson sa yo:

- **Seksyon 6:** Swen medikal: Fason pou mande yon desizyon sou kouvèti oswa pou fè yon demann pou apèl
- **Seksyon 7:** Medikaman Part D: Fason pou mande yon desizyon sou kouvèti oswa pou fè yon demann pou apèl
- **Seksyon 8:** Fason pou mande nou kouvri yon sejou lopital pou pasyan ki entène ki pi long si w panse y ap egzeyate w twò bonè

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- **Seksyon 9:** Fason pou mande nou kontinye kouvri sèten sèvis medikal si ou panse kouvèti w la ap fini twò bonè (Aplike sèlman pou sèvis sa yo: swen sante adomisil, swen nan etablisman swen enfimye espesyalize, ak sèvis nan Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki pa Entène (CORF))

Si w pa konnen ki enfòmasyon ki aplikab pou ou, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (Itilizatè TTY yo rele 711). Ou ka jwenn èd ak enfòmasyon nan men SHIP ou a tou.

SEKSYON 6 Swen medikal: Fason pou mande yon desizyon sou kouvèti oswa pou fè yon demann pou apèl

Seksyon 6.1 Sa pou w fè si w gen pwoblèm pou w jwen kouvèti pou swen medikal oswa si w vle nou rranbouse w pou swen w lan

Yo eksplike avantaj pou swen medikal ou yo nan Chapit 4 ki nan Tablo Avantaj Medikal yo . Nan sèten ka, diferan règleman aplike a yon demann pou medikaman Part B a. Nan ka sa yo, n ap eksplike w kòman règleman pou medikaman Part B yo diferan de règleman pou atik ak sèvis medikal yo.

Seksyon sa a di sa w ka fè si w nan youn nan 5 sitiyasyon ki annapre yo:

1. Ou pa jwenn sèten swen medikal ou vle yo, epi ou panse plan nou an kouvri swen sa yo **Mande yon desizyon sou kouvèti. Seksyon 6.2.**
2. Plan nou an p ap apwouve swen medikal ke doktè w oswa lòt pwofesyonèl swen sante vle ba ou, epi ou rete kwè plan nou an kouvri swen sa a. **Mande yon desizyon sou kouvèti. Seksyon 6.2.**
3. Ou jwenn swen medikal ou panse plan nou an ta dwe kouvri, men nou te di nou pa p peye pou swen sa yo. **Ale annapèl. Seksyon 6.3.**
4. Ou te jwenn epi peye pou swen medikal ke ou rete kwè plan nou an ta dwe kouvri, e ou vle mande plan nou an ranbouse w pou swen sa a. **Voye yon bòdwo bannou. Seksyon 6.5.**
5. Yo di w ke kouvèti pou sèten swen medikal ou te resevwa ke nou te gentan apwouve pral redui oswa kanpe, epi ou panse ke redui oswa kanpe swen sa a, ka andomaje sante w. **Ale annapèl. Seksyon 6.3.**

Nòt: Si kouvèti yo pral kanpe a se pou swen nan lopital, sèvis swen sante adomisil, etablisman swen enfimye espesyalize ak Sant Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki pa Entène (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facility, CORF), ale nan Seksyon 8 ak 9. Règleman espesyal ki aplike pou tip swen sa yo.

Seksyon 6.2 Fason pou mande yon desizyon sou kouvèti

Ekspresyon Jiridik:

Yo rele yon desizyon sou kouvèti ki emplike swen medikal ou yo, yon **detèminasyon òganizasyon**.

Yo rele yon desizyon kouvèti rapid yon **detèminasyon akselere**.

Etap 1: Deside si ou bezwen yon desizyon sou kouvèti estanda oswa yon desizyon sou kouvèti rapid.

Anjeneral yo pran yon desizyon sou kouvèti estanda nan lespas 7 jou kalandriye lè atik oswa sèvis medikal la ka bezwen respekte règ otorizasyon davans nou a, 14 jou kalandriye pou tout lòt atik ak sèvis, oswa

72 ètan pou medikaman Part B yo. Yon desizyon sou kouvèti rapid fèt anjeneral nan lespas 72 èdtan, pou sèvis medikal, oswa 24 èdtan pou medikaman Part B yo. Ou ka jwenn yon desizyon sou kouvèti rapid sèlman si lè yo itilize delè estanda yo sa ka lakoz domaj grav pou sante w oswa deranje kapasite w pou rejwenn fonksyon.

Si doktè w la di nou ke sante w nesesite yon desizyon sou kouvèti rapid, n ap ba w yon desizyon sou kouvèti rapid otomatikman.

Si w mande yon desizyon sou kouvèti rapid poukout ou, san sipò doktè w, n ap deside si sante w nesesite ke nou ba w yon desizyon sou kouvèti rapid. Si nou pa apwouve yon desizyon sou kouvèti rapid, n ap voye yon lèt ba ou k ap:

- Eksplike ke nou pral itilize delè estanda yo
- Eksplike ke si doktè w la mande yon desizyon sou kouvèti rapid, n ap ba w yon desizyon sou kouvèti rapid otomatikman
- Eksplike w ke ou ka depoze yon plent rapid sou desizyon nou pran pou nou ba w yon desizyon sou kouvèti estanda olyede yon desizyon sou kouvèti rapid ke w te mande a.

Etap 2: Mande plan nou an pou pran yon desizyon sou kouvèti oswa yon desizyon sou kouvèti rapid.

- Pou kòmanse, rele, ekri oswa voye yon faks bay plan nou an pou w fè demann ou an pou nou otorize oswa bay kouvèti pou swen medikal ou vle a. Ou menm, doktè w la, oswa reprezantan w lan ka fè sa. Chapit 2 gen enfòmasyon sou kowòdone pou kontak yo.

Etap 3: Nou konsidere demann ou an pou kouvèti pou swen medikal epi nou ba w repons nou.

Pou desizyon sou kouvèti estanda, nou itilize delè estanda yo.

Sa vle di nou pral ba w yon repons nan lespas 7 jou kalandriye apre nou jwenn demann ou fè a pou yon atik oswa sèvis medikal ki ka bezwen respekte règ otorizasyon davans nou yo. Si atik oswa sèvis medikal ou mande a pa gen pou respekte règ otorizasyon davans nou yo, nou ap bay yon repons nan lespas 14 jou kalandriye apre nou jwenn demann ou an. Si demann ou an se pou yon medikaman Part B, n ap ba w yon repons nan lespas 72 èdtan apre nou jwenn demann ou an.

- **Sepandan**, si w mande plis tan, oswa si nou bezwen plis enfòmasyon ki ka nan avantaj ou, **nou ka pran jiska 14 jou kalandriye anplis** si demann ou an se pou yon atik oswa sèvis medikal. Si nou pran jou anplis, n ap fè w konn sa alekri. Nou pa ka pran tan anplis pou n pran yon desizyon si demann ou an se pou yon medikaman Part B.
- Si w panse nou pa ta dwe pran jou anplis, ou ka depoze yon plent rapid. Nou pral ba w yon repons pou plent ou an osito nou pran desizyon an. (Pwosesis pou depoze yon plent pa menm ak pwosesis pou desizyon sou konvèti ak pwosesis pou apèl. Ale nan Seksyon 11 chapit sa a pou w jwenn enfòmasyon sou plent yo.)

Pou desizyon sou kouvèti rapid, nou itilize delè akselere.

Yon desizyon sou kouvèti rapid vle di n ap reponn nan lespas 72 èdtan si demann ou an se pou yon atik oswa sèvis medikal. Si demann ou an se pou yon medikaman Medicare Part B, n ap ba w yon repons nan lespas 24 èdtan.

- **Sepandan**, si w mande plis tan, oswa si nou bezwen plis enfòmasyon ki ka nan avantaj ou, **nou ka pran jiska 14 jou kalandriye anplis**. Si nou pran jou anplis, n ap fè w konn sa alekri. Nou pa ka pran tan anplis pou n pran yon desizyon si demann ou an se pou yon medikaman Part B.

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- Si w panse nou pa dwe pran jou anplis, ou kapab depoze yon plent rapid. (Ale nan Seksyon 11 lan pou jwenn enfòmasyon sou plent yo.) Nou pral rele w osito nou pran desizyon an.
- **Si repons nou an se non pou yon pati nan oswa pou tout sa w te mande yo**, n ap voye yon deklarasyon ekri ba ou ki eksplike poukisa nou di non.

Etap 4: Si nou di non pou demann pou kouvèti pou swen medikal ou a, ou ka konteste l.

- Si nou di non, se dwa w pou fè yon demann pou apèl pou w mande nou rekonsidere desizyon sa a. Sa vle di mande ankò pou w resevwa kouvèti swen medikal ou vle a. Si w fè yon apèl, sa vle di ke ou pral nan Nivo 1 pwosesis apèl la.

Seksyon 6.3 Kijan pou fè yon apèl Nivo 1**Ekspresyon Jiridik:**

Yon apèl bò kote plan nou an sou yon desizyon sou kouvèti swen medikal rele yon **rekonsiderasyon**.

Yo rele yon apèl rapid tou yon **rekonsiderasyon akselere**.

Etap 1: Deside si ou bezwen yon apèl estanda oswa yon apèl rapid.

Yon apèl estanda fèt anjeneral nan lespas 30 jou kalandriye oswa 7 jou kalandriye pou medikaman Part B yo. Anjeneral, yon apèl rapid fèt nan yon lespas 72 èdtan.

- Si w ap fè apèl pou yon desizyon nou pran konsènan kouvèti pou swen w yo, ou menm ak/oswa doktè w la bezwen deside si w bezwen yon apèl rapid. Si doktè w la di nou ke sante w nesesite yon apèl rapid, n ap ba w yon apèl rapid.
- Kondisyon pou w jwenn yon apèl rapid menm ak kondisyon pou w jwenn desizyon pou kouvèti rapid ki nan Seksyon 6.2 chapit sa a.

Etap 2: Mande plan nou an yon apèl oswa yon apèl rapid

- **Si w ap fè yon demann pou yon apèl estand, soumèt demann pou apèl estanda w la alekri.** Chapit 2 gen enfòmasyon sou kowòdone pou kontak yo.
- **Si w ap fè yon demann pou yon apèl rapid, fè demann pou apèl ou a l alekri oswa rele nou.** Chapit 2 gen enfòmasyon sou kowòdone pou kontak yo.
- **Ou dwe fè demann pou apèl ou a nan lespas 65 jou kalandriye** apati dat ki sou avi alekri nou te voye pou ou ki gen desizyon nou an sou kouvèti a. Si w rate dat limit sa a e ou gen yon rezon valab ki lakoz sa, eksplike rezon ki fè demann pou apèl ou a anreta lè w ap fè demann pou apèl la. Sa ka rive nou ba w plis tan pou w fè demann pou apèl ou a. Kèk egzanp rezon valab ka gen ladan l yon maladi grav ki te anpeche w kontakte nou oswa si nou te ba w enfòmasyon ki enkòrèk oswa enkonplè konsènan dat limit pou fè demann pou apèl la.
- **Ou ka mande yon kopi gratis enfòmasyon ki gen rapò ak desizyon medikal ou a. Ou menm ak doktè w la ka ajoute plis enfòmasyon pou apiye apèl ou a.**

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

Si nou te di w nou pral sispann oswa diminye sèvis oswa atik ou te deja ap resevwa yo, ou ka kapab kontinye resevwa sèvis oswa atik sa yo pandan apèl ou a.

- Si nou deside chanje oswa sispann kouvèti pou yon sèvis oswa atik w ap resevwa kounye a, n ap voye yon avi ba ou anvan nou pran aksyon yo pwopoze a.
- Si ou pa dakò ak aksyon an, ou ka depoze yon apèl Nivo 1. N ap kontinye kouvri sèvis la oswa atik la si ou mande yon apèl Nivo 1 nan lespas 10 jou kalandriye apati dat ki sou lèt nou an oswa anvan dat aksyon ap antre an antre an vigè, kèlkeswa sa ki vin apre a.
- Si ou respekte dat limit sa a, ou ka kontinye resevwa sèvis la oswa atik la san okenn chanjman pandan apèl Nivo 1 ou an atant. Ou ap kontinye resevwa tout lòt sèvis oswa atik (ki pa sijè rapèl ou a) san okenn chanjman.

Etap 3: Nou konsidere apèl ou a. epi nou ba w repons nou.

- Lè n ap egzamine apèl ou a, nou byen gade tout enfòmasyon yo. Nou verifye pou wè si nou te respekte tout règ yo lè nou di non pou demann ou an.
- Nou ap rasanble plis enfòmasyon si sa nesesè, epi nou kapab kontakte doktè w la.

Delè pou yon apèl rapid

- Pou apèl rapid, nou dwe ba w repons nou **nan lespas 72 èdtan apre nou jwenn apèl ou**. N ap ba w repons nou an pi bonè si sante w nesesite ke nou fè sa.
 - Si w mande plis tan, oswa si nou bezwen plis enfòmasyon ki ka nan avantaj ou, nou **kapab pran jiska 14 jou kalandriye anplis** si demann ou an fèt pou yon atik oswa sèvis medikal. Si nou pran jou anplis, n ap fè w konn sa alekri. Nou paka pran tan anplis si demann ou an se pou yon medikaman Part B.
 - Si nou pa ba w yon repons nan espas 72 èdtan (oswa nan fen peryòd pwolonje a si nou te pran jou anplis), nou oblige voye demann ou an otomatikman nan Nivo 2 nan pwosesis pou apèl la, kote se yon òganizasyon revizyon endepandan k ap egzamine l. Seksyon 6.4 eksplike Nivo 2 pwosesis apèl la.
- **Si repons nou se wi pou yon pati nan oswa tout sa w te mande yo**, nou dwe otorize oswa bay kouvèti nou te dakò a nan lespas 72 èdtan apre nou jwenn apèl ou a.
- **Si repons nou se non pou yon pati nan oswa tout sa w te mande yo**, n ap voye desizyon nou an ba ou alekri epi n ap transmèt apèl ou a yon fason otomatik bay òganizasyon egzaminasyon endepandan an pou yon apèl Nivo 2. Òganizasyon egzaminasyon endepandan an pral notifye w alekri lè l jwenn apèl ou a.

Delè pou yon apèl estanda

- Pou apèl estanda, nou dwe ba w repons nou an **nan lespas 30 jou kalandriye** apre ke nou resevwa apèl ou a. Si demann ou an se pou yon medikaman yo vann sou preskripsyon Part B ke w poko resevwa, n ap ba w repons nou an **nan lespas 7 jou kalandriye** apre ke nou resevwa apèl ou a. N ap fè w konnen desizyon nou an pi bonè si kondisyon sante w nesesite ke nou fè sa.
 - Sepandan, si w mande plis tan, oswa si nou bezwen plis enfòmasyon ki ka nan avantaj ou, **nou ka pran jiska 14 jou kalandriye anplis** si demann ou an fèt pou yon atik oswa sèvis medikal. Si nou pran jou anplis, n ap fè w konn sa alekri. Nou pa ka pran tan anplis pou n pran yon desizyon si demann ou an se pou yon medikaman Part B.

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- Si w panse nou pa dwe pran jou anplis, ou kapab depoze yon plent rapid. Lè w depoze yon plent rapid, n ap ba w yon repons ak plent ou a nan lespas 24 èdtan. (Ale nan Seksyon 11 lan pou jwenn enfòmasyon sou plent yo.)
- Si nou pa ba w yon repons nan delè a (oswa nan fen peryòd pwolonje a), n ap voye demann ou an nan yon apèl Nivo 2 kote se yon òganizasyon egzaminasyon endepandan k ap egzamine apèl la. Seksyon 6.4 eksplike pwosesis apèl Nivo 2 a.
- **Si repons nou se wi pou yon Part nan oswa tout sa w te mande yo**, nou dwe otorize oswa bay kouvèti a nan lespas **30 jou kalandriye, oswa nan lespas 7 jou kalandriye** si demann ou an se pou yon medikaman Part B.
- **Si plan nou an di non pou yon Part oswa tout apèl ou a, ou gen lòt dwa pou fè apèl.**
- • Si nou refize tout oswa yon Part nan demann ou an, n ap voye yon lèt ba ou.
 - Si pwoblèm ou an konsène kouvèti pou yon sèvis oswa yon atik Medicare, lèt la ap enfòme w ke nou te refere ka w la bay òganizasyon egzaminasyon endepandan an pou yon apèl Nivo 2.
 - Si pwoblèm ou an konsène kouvèti pou yon sèvis oswa yon atik Medicaid, lèt la ap di w kijan pou w depoze yon apèl Nivo 2 oumenm.

Seksyon 6.4 Pwosesis apèl Nivo 2 a

Ekspresyon Jiridik:

Non fòmèl òganizasyon egzaminasyon endepandan an se **Antite Egzaminasyon Endepandan an**. Pafwa yo rele **I RE**.

Òganizasyon egzaminasyon endepandan an se yon òganizasyon endepandan ke Medicare angaje. Li pa konekte avèk nou epi li pa yon òganis gouvènmantal. Òganizasyon sa a deside si desizyon nou te pran an kòrèk oswa sil ta dwe chanje. Medicare sipèvize travay li.

- Si pwoblèm ou an konsène yon sèvis oswa yon atik ki anjeneral **kouvri pa Medicare**, n ap voye ka w la otomatikman nan Nivo 2 nan pwosesis apèl la osito ke apèl Nivo 1 an fini.
- Si pwoblèm ou an konsène yon sèvis oswa yon atik ki anjeneral **kouvri pa Medicaid**, ou ka depoze yon apèl Nivo 2 oumenm. Lèt la ap di w kijan pou w fè sa. W ap jwenn enfòmasyon yo anba a tou.
- Si pwoblèm ou an konsène yon sèvis oswa yon atik ki **kouvri pa toude Medicare ak Medicaid**, w ap otomatikman jwenn yon apèl Nivo 2 avèk òganizasyon egzaminasyon endepandan an. Ou kapab mande tou pou gen yon Odyans Ekitab ak eta a.

Si ou te elijib pou kontinye resevwa avantaj yo lè ou te depoze apèl Nivo 1 ou a, avantaj ou yo pou sèvis, atik, oswa medikaman ki nan apèl la ka kontinye tou pandan Nivo 2 a. Ale nan paj 137 pou jwenn enfòmasyon sou kijan pou kontinye resevwa avantaj ou yo pandan apèl Nivo 1 yo.

- Si pwoblèm ou an konsène yon sèvis ki anjeneral kouvri sèlman pa Medicare, avantaj ou yo pou sèvis sa a p ap kontinye pandan pwosesis apèl Nivo 2 a ak òganizasyon egzaminasyon endepandan an.

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- Si pwoblèm ou an konsène yon sèvis ki anjeneral kouvri pa Medicaid, avantaj ou yo pou sèvis sa a ap kontinye si ou soumèt yon apèl Nivo 2 nan lespas 10 jou kalandriye apre ou fin resevwa lèt desizyon plan an.

Si pwoblèm ou an konsène yon sèvis oswa yon atik Medicare anjeneral kouvri:

Etap 1: Òganizasyon egzaminasyon endepandan an egzamine apèl ou a.

- N ap voye enfòmasyon sou apèl ou a bay òganizasyon sa a. Enfòmasyon sa yo rele **dosye ka w la. Ou gen dwa pou mande nou yon kopi gratis dosye ka w la.**
- Ou gen dwa pou bay òganizasyon egzaminasyon endepandan an enfòmasyon adisyonèl pou apiye apèl ou a.
- Moun ki fè egzaminasyon nan òganizasyon egzaminasyon endepandan an ap byen gade tout enfòmasyon sou apèl ou a.

Si w te gen yon apèl rapid nan Nivo 1, w ap gen yon apèl rapid nan Nivo 2 tou.

- Pou apèl rapid la, òganizasyon egzaminasyon endepandan an dwe ba w yon repons pou apèl Nivo 2 w la **nan lespas 72 èdtan** apre li jwenn apèl ou a.
- Si demann ou an se pou yon atik oswa sèvis medikal epi ke òganizasyon egzaminasyon endepandan an bezwen rasanble plis enfòmasyon ki ka nan avantaj ou, **li ka pran jiska 14 jou kalandriye anplis.**
Òganizasyon egzaminasyon endepandan an paka pran tan anplis pou pran yon desizyon si demann ou an se pou yon medikaman Part B.

Si w te gen yon apèl estanda nan Nivo 1, w ap gen yon apèl estanda nan Nivo 2 tou.

- Pou apèl estanda a, si demann ou an se pou yon atik oswa sèvis medikal, òganizasyon revizyon endepandan an dwe ba w yon repons pou Nivo 2 apèl ou a **nan espas 30 jou kalandriye** apati lè li te resevwa apèl ou a. Si demann ou an se pou yon medikaman Part B, òganizasyon egzaminasyon endepandan an dwe ba w yon repons pou apèl Nivo 2 w la **nan lespas 7 jou kalandriye** apre li jwenn apèl ou a.
- Si demann ou an se pou yon atik oswa sèvis medikal epi ke òganizasyon egzaminasyon endepandan an bezwen rasanble plis enfòmasyon ki ka nan avantaj ou, **li ka pran jiska 14 jou kalandriye anplis.**
Òganizasyon egzaminasyon endepandan an paka pran tan anplis pou pran yon desizyon si demann ou an se pou yon medikaman Part B.

Etap 2: Òganizasyon egzaminasyon endepandan an ba w repons li a.

Òganizasyon egzaminasyon endepandan an ap bay w desizyon li a alekri epi l ap eksplike rezon ki fè li pran l.

- **Si òganizasyon revizyon endepandan an di wi pou yon pati oswa pou tout demann pou yon atik oswa sèvis medikal**, nou dwe otorize kouvèti swen medikal la nan espas **72 èdtan** oswa bay sèvis la nan espas 14 jou kalandriye apre nou fin resevwa desizyon òganizasyon revizyon endepandan an pou **demann estanda yo**. Pou **demann akselere yo**, nou gen **72 èdtan** apati dat nou te resevwa desizyon òganizasyon revizyon endepandan an.
- **Si òganizasyon revizyon endepandan an di wi pou yon pati oswa pou tout demann pou yon medikaman Part B**, nou dwe otorize oswa bay medikaman Part B a nan espas **72 èdtan** apre nou fin resevwa desizyon òganizasyon revizyon endepandan an. Pou **demann akselere** nou gen **24 èdtan** apati dat nou jwenn desizyon òganizasyon egzaminasyon endepandan an.

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- **Si òganizasyon egzaminasyon endepandan an di non pou yon pati nan oswa tout apèl ou a,** sa vle di ke li dakò ak plan nou an ke demann ou an (oswa yon pati nan demann ou an) pou kouvèti pou swen medikal la pa ta dwe apwouwe. (Yo rele sa **konfime desizyon an** oswa **rejte apèl ou a.**) Nan ka sa a, òganizasyon egzaminasyon endepandan an ap voye yon lèt ba ou ki:
 - Eksplike desizyon an.
 - Fè w konnen dwa ou genyen pou w fè yon apèl Nivo 3 si valè sou fòm dola kouvèti swen medikal w ap mande a atenn yon minimòm presi. Notifikasyon ekri ke w resevwa nan men òganizasyon egzaminasyon endepandan an ap enfòme w sou montan dola ou dwe atenn pou w kontinye pwosesis apèl la.
 - Di w fason pou w fè yon apèl Nivo 3.
- Si yo refize apèl Nivo 2 ou a epi ou satisfè kondisyon pou kontinye ak pwosesis apèl la, ou dwe deside si ou vle ale nan Nivo 3 epi fè yon twazyèm apèl. Detay sou kijan pou fè bagay sa yo nan avi alekri ou resevwa apre apèl Nivo 2 ou a.
 - Apèl Nivo 3 a se yon Jij Dwa Administratif oswa yon avoka ki pran desizyon jiridik k ap trete l. Seksyon 10 Chapit sa a eksplike pwosesis pou apèl Nivo 3, 4, ak 5 yo.

Si pwoblèm ou an konsène yon sèvis oswa yon atik Medicaid anjeneral kouvrí:

Etap 1: Mande pou gen yon Odyans Ekitab ak eta a.

- Nivo 2 nan pwosesis apèl pou sèvis ki anjeneral kouvrí pa Medicaid se yon Odyans San Patiri avèk eta. Ou dwe mande yon Odyans San Patipri alekri oswa nan telefòn **nan espas 120 jou kalandriye** apati dat nou te voye lèt desizyon sou apèl Nivo 1 ou an. Lèt ou resevwa nan men nou an ap di ou ki kote pou ou soumèt demann pou odyans ou an.

Ou ka chwazi si ou vle aksepte desizyon ki pran sou dènye nivo apèl Medicare la oswa mande yon Odyans Ekitap onivo Eta a. Si ou deside kontinye, enstriksyon sa yo ap di ou kijan pou mande yon Odyans Ekitab onivo Eta nan men Init Odyans Medicaid Ajans pou Administrasyon Swen Sante (AHCA) a ak dat limit ou dwe respekte yo.

Pou mande yon Odyans Ekitab nan Nivo Eta a, ou menm oswa reprezantan ou te deziyen an dwe kontakte Init Medicaid Hearing Òganis pou Administrasyon Swen Sante a (Agency for Health Care Administration, AHCA) epi mande yon egzaminasyon ka w la.

Sa pou Fè

- Suiv enstriksyon ki liste nan lèt Etap 1 ki anwo a pou mande yon Odyans Ekitab onivo Eta a.
- Si w ap mande yon Odyans Ekitab nan Nivo Eta a, fè demann ou an alekri nan lespas 120 jou kalandriye apati dat ki endike nan lèt desizyon dènye nivo apèl la.

Ajan Odyans Ekitab nan Nivo Eta a fè yon egzaminasyon apèl ou a epi li ba w yon repons.

- Ajan Odyans Ekitab nan Nivo Eta a ap byen gade tout enfòmasyon ki gen rapò ak apèl ou a. Òganizasyon an ap enfòme w sou desizyon li a alekri epi l ap eksplike rezon ki fè li pran l.

Si ou genyen kesyon anplis sou pwosesis Pwosè Ekitab Eta a, tanpri AHCA nan **1-877-254-1055 (Apèl Gratis)** oswa voye kesyon w yo pa imèl bay MedicaidHearingUnit@ahca.myflorida.com. Epitou, ou ka kontakte Sèvis pou Manm yo nan nimewo ki nan do kat Identifikasiyon (ID) Manm ou an.

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)**Etap 2: Biwo Odyans Ekitab la ba ou repons li.**

Biwo pou Odyans San Patipri a ap fè w konnen desizyon li pran an alekri epi l ap eksplike w rezon ki fè li pran yo.

- **Si biwo Odyans Ekitab la di wi pou yon Part oswa tout yon demann pou yon medikaman Part B**, Nou dwe otorize oswa bay sèvis la oswa atik la nan 72 èdtan apre nou fin resevwa desizyon an nan biwo Odyans Ekitab la.
- **Si biwo Odyans Ekitab la di non pou yon Part oswa tout apèl ou a**, sa vle di ke li dakò ak plan nou an ke demann ou an (oswa yon Part nan demann ou an) pou kouvèti pou swen medikal la pa ta dwe apwouwe. (Yo rele sa konfime desizyon an oswa rejte apèl ou a.)

Si desizyon an se non pou tout oswa yon Part nan sa ou te mande a, ou ka fè yon lòt apèl.

Si desizyon òganizasyon revizyon endependan an oswa biwo Odyans Ekitab la pa dakò pou tout oswa yon pati nan sa ou te mande a, ou gen **dwa pou apèl adisyonèl**.

Lèt w ap resevwa nan men biwo Odyans Ekitab la ap eksplike opsyon apèl sa a.

Al gade nan **Seksyon 10** pou plis enfòmasyon sou dwa pou apèl ou yo apre Nivo 2.

Seksyon 6.5**Si w ap mande nou pou nou ranbouse w pou yon bòdwo ou te resevwa pou swen medikal**

Nou paka ranbouse w dirèkteman pou yon sèvis oswa atik Medicaid. Si w resevwa yon bòdwo ki plis pase kopeman w pou sèvis ak atik ke Medicaid kouvrí, voye bòdwo a bannou. **Ou pa dwe peye bòdwo a oumenm.** N ap kontakte pwofesyonèl swen sante a dirèkteman epi n ap rezoud pwoblèm nan. Si w peye bòdwo a, ou ka resevwa yon ranbouseman nan men pwofesyonèl swen sante sa a si w te suiv règ pou resevwa sèvis la oswa atik la.

Mande nou ranbouse w pou yon bagay ou déjà peye pou li

Si w voye dokiman ki mande ranbouseman an ba nou, se yon desizyon sou kouvèti ke w qp mande. Nou pa ka ranbouse w dirèkteman pou yon sèvis oswa yon atik **Medicaid**. Si w resevwa yon bòdwo ki plis pase kopeman w pou sèvis ak atik ke Medicaid kouvrí, voye bòdwo a bannou. **Pa peye bòdwo a ou menm.** N ap kontakte pwofesyonèl swen sante a dirèkteman epi n ap rezoud pwoblèm nan. Men si w peye bòdwo a, ou ka resevwa yon ranbouseman nan men pwofesyonèl swen sante sa a si w te suiv règ pou resevwa sèvis la oswa atik la.

Si ou vle nou ranbouse ou pou yon sèvis oswa yon atik **Medicare** oswa si w ap mande nou pou peye yon pwofesyonèl swen sante pou yon sèvis oswa yon atik Medicaid ou te peye pou li, ou pral mande nou pou nou pran desizyon sa a sou kouvèti an. Pou nou pran desizyon sa a, nou pral verifye pou wè si swen medikal ou te peye a se yon sèvis ki kouvrí. Nou pral verifye tou pou wè si w te suiv tout règ yo pou w itilize kouvèti w pou swen medikal la.

- **Si nou di wi pou demann ou a:** Si swen medikal Medicare la kouvrí, n ap voye peman an ba ou nan 60 jou kalandriye apre nou fin resevwa demann ou an.
 - Si gen kouvèti pou swen Medicaid ou te peye yon pwofesyonèl swen sante pou li a, epi ou kwè nou dwe peye pwofesyonèl swen sante sa a olye de ou menm, n ap voye peman an bay pwofesyonèl swen sante sa a nan espas 60 jou kalandriye apre nou fin resevwa demann ou an.
 - Apre sa, w ap bezwen kontakte pwofesyonèl swen sante w la pou fè yo ranbouse w. Si ou poko peye pou sèvis yo, n ap voye peman an dirèkteman bay pwofesyonèl swen sante a.

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- Si nou di non pou demann ou a:** Si swen medikal la pa kouvrir, oswa ou pa t suiv tout règ yo, nou p ap voye peman an. Olye sa, n ap voye yon lèt ba ou pou fè w konnen nou p ap peye swen medikal la ak rezon ki fè sa.

Si w pa dakò ak desizyon nou an pou nou ba w refi a, **ou ka fè yon demann pou apèl**. Si w fè apèl, sa vle di ke w ap mande nou pou nou chanje desizyon nou te pran sou kouvèti a lè nou te rejte demann peman ou a.

Pou fè apèl sa a, suiv pwosesis pou apèl ki nan Seksyon 6.3. Pou apèl ki gen pou wè ak ranbouseman, sonje:

- Nou dwe ba w repons nou an nan limit 30 jou kalandriye apre nou fin jwenn apèl ou a.
- Si òganizasyon egzaminasyon endependan an deside nou ta dwe peye, nou dwe voye peman an ba ou oswa bay pwofesyonèl swen sante a nan lespas 30 jou kalandriye. Si repons pou apèl ou a se wi nan nenpòt etap pwosesis apèl la apre Nivo 2 a, nou dwe voye peman ou mande a ba ou oswa bay pwofesyonèl swen sante a nan lespas 60 jou kalandriye.

SEKSYON 7**Medikaman Part D: Fason pou mande yon desizyon sou kouvèti oswa pou fè yon demann pou apèl****Seksyon 7.1****Seksyon sa a di w sa pou w fè si w gen pwoblèm pou w resevwa yon medikaman Part D oswa si ou vle nou ranbouse w pou yon medikaman Part D**

Avantaj nou yo gen ladan yo kouvèti pou plizyè medikaman yo vann sou preskripsyon. Pou l kouvri, yo dwe itilize medikaman an pou yon endikasyon ki aksepte sou plan medikal. (Ale nan Chapit 5 pou plis enfòmasyon sou yon endikasyon ki aksepte sou plan medikal.) Pou detay sou medikaman Part D yo, règ yo, restriksyon yo ak frè yo, tanpri ale nan Chapit 5 ak 6. **Seksyon sa a konsène medikaman Part D yo sèlman.** Pou n kenbe bagay yo senp, anjeneral nou di medikaman nan rès seksyon sa a, olye nou repete medikaman yo vann sou preskripsyon pou pasyan ki pa entène ki kouvri oswa medikaman Part D achak fwa. Epitou nou itilize ekspresyon Gid Medikaman an olye *Lis Medikaman ki Kouvri* yo oswa fòmilè.

- Si w pa konnen si yon medikaman kouvri oswa si w pa konnen si ou respekte règ yo, ou ka mande nou. Gen kèk medikaman ki nesesite ke ou jwenn apwobasyon nou anvan nou kouvri yo.
- Si famasi w la di w ke preskripsiyan w nan pa ka ekzekite jan l ekri a, famasi a ap ba w yon notifikasyon ekri ki eksplike kijan pou kontakte nou pou w mande yon desizyon sou kouvèti.

Desizyon ak apèl sou kouvèti Part D a**Ekspresyon Jiridik:**

Yon desizyon inisyal kouvèti sou medikaman Part D ou yo rele yon **detèminasyon sou kouvèti**.

Yon desizyon sou kouvèti se yon desizyon nou pran sou avantaj ou yo ak kouvèti w oswa sou montan n ap peye pou medikaman w yo. Seksyon sa a di sa w ka fè si w nan youn nan sitiyasyon ki annapre yo:

- Mande nou kouvri yon medikaman Part D ki pa nan *Gid Medikaman plan nou an*. **Mande yon eksepsyon.**
Seksyon 7.2

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- Mande pou leve yon restriksyon sou kouvèti plan an pou yon medikaman (tankou limit sou kantite medikaman an ke w ka resevwa) **Mande yon eksepsyon. Seksyon 7.2**
- Mande pou peye yon montan pataj frè ki pi ba pou yon medikaman ki kouvri ki nan yon nivo pataj frè ki pi wo. **Mande yon eksepsyon. Seksyon 7.2**
- Mande pou resevwa yon otorizasyon alavans pou yon medikaman. **Mande yon desizyon sou kouvèti. Seksyon 7.4**
- Peye yon medikaman yo vann sou preskripsyon ke w deja achte. **Mande nou pou nou ranbouse w. Seksyon 7.4**

Si w pa dakò ak yon desizyon sou kouvèti nou pran, ou ka fè apèl ak desizyon nou an.

Seksyon sa a di w ni kijan pou w mande desizyon kouvèti, ni fason pou mande yon apèl.

Seksyon 7.2	Mande yon eksepsyon
--------------------	----------------------------

Ekspresyon Jiridik:

Mande kouvèti pou yon medikaman ki pa nan Gid Medikaman an se yon **eksepsyon pou fòmilè**.

Mande nou retire yon restriksyon sou kouvèti pou yon medikaman se yon **eksepsyon pou fòmilè**.

Mande pou w peye yon pri ki pi ba pou yon medikaman kouvri ki pa prefere se yon **eksepsyon sou nivo**.

Si yon medikaman pa kouvri nan fason ou ta renmen li kouvri a, ou ka mande nou pou nou fè yon **eksepsyon**. Yon eksepsyon se yon kalite desizyon sou kouvèti.

Pou nou panche sou demann eksepsyon w nan, doktè w la oswa lòt moun ki ba w preskripsiyan w nan ap gen pou l eksplike rezon medikal ki fè w bezwen eksepsyon an apwouve a. Men 3 egzanp eksepsyon oumenm oswa doktè w oswa lòt moun ki ba w preskripsiyan w nan kapab mande nou pou fè:

1. **Kouvri yon medikaman Part D ki pa nan Gid Medikaman nou an.** Si nou aksepte kouvri yon medikaman ki pa nan Gid Medikaman an, w ap gen pou w peye montan pataj frè ki aplike pou medikaman an nan Pataj Frè Nivo 4– Medikaman ki Pa Prefere. Ou paka mande yon eksepsyon pou montan pataj depans ke nou mande w peye pou medikaman an.
2. **Retrè yon restriksyon pou yon medikaman ki kouvri.** Chapit 5 dekri règ oswa restriksyon adisyonèl ki aplike pou kék medikaman nan *Gid Medikaman sou Preskripsiyan nou an*. Ni sou aksepte fè yon eksepsyon epi leve yon restriksyon pou ou, ou ka mande yon eksepsyon pou montan kopeman oswa ko-asirans ke nou mande w peye pou medikaman an.
3. **Chanje kouvèti yon medikaman pou mete li nan yon nivo pataj frè ki pi ba.** Chak medikaman ki nan Gid Medikaman nou an nan youn nan Senk (5) nivo pataj frè yo. Anjeneral, pi ba nimewo nivo pataj frè a ye, se mwens ou ap peye kòm pati ou nan pri medikaman an.
 - Si Gid Medikaman nou an gen medikaman altènatif pou trete pwoblèm medikal ou a ki nan yon nivo pataj frè ki pi ba pase medikaman w lan, ou ka mande nou kouvri medikaman w lan pou menm montan pataj frè ki aplike sou medikaman altènatif la (yo).

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- Si medikaman w ap pran an se yon pwodwi biyolojik, ou ka mande nou kouvri medikaman w la a yon montan pataj frè ki pi ba. Sa ta pral nivo ki pi ba a ki gen pwodwi biyolojik altènatif pou trete pwoblèm sante ou a.
- Si medikaman w ap pran an se yon medikaman mak, ou ka mande nou kouvri medikaman w la a montan pataj frè ki aplike pou nivo ki pi ba a ki gen medikaman mak altènatif pou trete pwoblèm ou a.
- Si medikaman w ap pran an se yon medikaman jeneric, ou ka mande nou kouvri medikaman w la a montan pataj frè ki aplike pou nivo ki pi ba a ki gen swa medikaman mak oswa jeneric altènatif pou trete pwoblèm sante ou a.
- Ou pa ka mande nou pou nou chanje nivo pataj frè a pou okenn medikaman ki nan Pataj Frè Nivo 5–Nivo Espesyalize.
- Si nou apwouve demann ou fè pou yon eksepsyon sou nivo pataj frè a epi gen plis pase yon nivo ki pi ba ki gen medikaman altènatif ou pa ka pran, anjeneral w ap peye montan ki pi ba a.

Seksyon 7.3 Bagay enpòtan ou dwe konnen konsènan demann eksepsyon yo

Doktè w la dwe di nou rezon medikal yo

Doktè w la oswa lòt moun ki ba w preskripsiyan an dwe ba nou yon deklarasyon ki eksplike rezon medikal ki fè w mande yon eksepsyon. Pou yon desizyon pi rapid, enkli enfòmasyon medikal sa yo ke doktè w la oswa lòt moun ki ba w preskripsiyan an ba ou yo lè w ap mande eksepsyon an.

Ajeneral Gid Medikaman nou an gen plis pase yon medikaman pou trete yon pwoblèm sante patikilye. Diferan posibilité sa yo rele medikaman **altènatif**. Si yon medikaman altènatif ap gen menm efikasite ak medikaman w ap mande a epi li pap lakoz plis efè segondè oswa lòt pwoblèm sante, anjeneral nou *pa p* apwouve demann ou pou yon eksepsyon. Si w mande nou yon eksepsyon sou nivo, an jeneral, nou *pa p* apwouve demann ou an pou yon eksepsyon sof si tout medikaman altènatif ki nan nivo pataj frè ki pi ba yo pa fonksyone byen pou ou, oswa gen anpil chans pou yo lakoz yon reyakson negatif oswa lòt domaj.

Nou ka di wi oswa non pou demann ou an

- Si nou apwouve demann eksepsyon w nan, anjeneral apwobasyon nou an valab jiska fen ane plan nou an. Se sa l ye toutotan doktè w la kontinye preskri medikaman an pou ou epi ke medikaman an toujou san danje epi efikas pou trete pwoblèm sante w la.
- Si nou di non pou demann ou a, ou ka fè apèl pou mande yon lòt egzaminasyon.

Seksyon 7.4 Fason pou mande yon desizyon sou kouvèti, ki gen ladann yon eksepsyon

Ekspresyon Jiridik:

Yo rele yon desizyon kouvèti rapid yon **detèminasyon akselere sou kouvèti**.

Etap 1: Deside si ou bezwen yon desizyon sou kouvèti estanda oswa yon desizyon sou kouvèti rapid.

Yo pran **desizyon sou kouvèti estanda** yo nan lespas **72 èdtan** apre nou resevwa deklarasyon doktè w la. Yo pran **desizyon sou kouvèti rapid** yo nan lespas **24 èdtan** apre nou resevwa deklarasyon doktè w la.

Si sante w nesesite sa, mande nou pou nou ba w yon desizyon kouvèti rapid. Pou resevwa yon desizyon sou kouvèti rapid, ou dwe satisfè 2 egzijans:

- Ou dwe ap mande yon medikaman ou poko jwenn. (Ou pa ka mande yon desizyon sou kouvèti rapid pou yo ranbouse w pou yon medikaman ke w déjà achte.)
- Itilize delè estanda yo ka lakoz domaj grav pou sante w oswa deranje kapasite pou w fonksyone.
- **Si doktè w la oswa lòt moun ki ba w preskripsyon an di nou ke sante w nesesite yon desizyon sou kouvèti rapid, n ap ba w yon desizyon sou kouvèti rapid yon fason otomatik.**
- **Si w mande yon desizyon sou kouvèti rapid poukout ou, san sipò doktè w oswa moun ki ba w preskripsyon an, n ap deside si sante w nesesite ke nou ba w yon desizyon sou kouvèti rapid.** Si nou pa apwouve yon desizyon sou kouvèti rapid, n ap voye yon lèt ba ou k ap:
 - Eksplike ke nou pral itilize delè estanda yo.
 - Eksplike ke si doktè w la oswa lòt moun ki ba w preskripsyon an mande yon desizyon sou kouvèti rapid, n ap ba w yon desizyon sou kouvèti rapid yon fason otomatik.
 - Di w kijan ou ka depoze yon plent rapid sou desizyon nou pran pou nou ba w yon desizyon sou kouvèti estanda olye desizyon sou kouvèti rapid ou te mande a. N ap reponn plent ou a nan lespas 24 èdtan apati lè nou resevwa l la.

Etap 2: Mande yon desizyon sou kouvèti estanda oswa yon desizyon sou kouvèti rapid.

Pou kòmanse, rele, ekri oswa voye yon faks bay plan nou an pou w mande nou otorize oswa bay kouvèti pou swen medikal ou vle a. Ou ka aksede ak pwosesis pou desizyon kouvèti a sou sitwèb nou an tou. Nou dwe aksepte tout demann ekri, ki gen ladan demann yo soumèt sou *Fòm Demann pou Detèminasyon Kouvèti Modèl CMS* la oswa fòmilè plan nou an, ki disponib sou sitwèb nou an. Chapit 2 gen enfòmasyon sou kowòdone pou kontak yo. Pou soumèt yon demann detèminasyon kouvèti sou entènèt, tanpri ale sou: CarePlusHealthPlans.com/RxDecisions. Paj sa a nan sitwèb nou an dekri pwosesis pou mande desizyon kouvèti epi fè apèl ak desizyon nou yo. Epitou, li genyen lyen pou Fòmilè Demann Detèminasyon Kouvèti ki ka telechaje epi enprime, nan lang angle ak panyòl, avèk enstriksyon pou voye demann ou yo atravè faks ak lapòs. Gen yon lyen pou soumèt demann ou an sou entènèt tou si w vle soumèt demann ou an yon fason elektwonik. Annik klike sou lyen an pou ranpli fòmilè sou entènèt la epi suiv enstriksyon yo sou chak paj. Si w gen kesyon oswa ou bezwen èd, kontakte Sèvis pou Manm nan sou nimewo ki nan do kat Identifikasyon (ID) Manm ou an. Pou ede nou trete demann ou an, mete non w, enfòmasyon pou kontakte w, ak enfòmasyon ki montre medikaman w ap mande a.

Ou menm, doktè w la, (oswa lòt moun ki ba w preskripsyon an) oswa reprezantan w ka fè sa. Ou ka fè yon avoka aji nan non w tou. Seksyon 4 nan chapit sa a enfòme sou fason ou ka bay yon lòt moun pèmisyon pou aji antanke reprezantan w.

- **Si w ap mande yon eksepsyon, bay deklarasyon jistifikatif la,** ki se rezon medikal pou eksepsyon an. Doktè w la oswa lòt moun ki ba w preskripsyon an ka voye deklarasyon an ba nou atravè faks oswa lapòs. Oswa, doktè w la oswa lòt moun ki ba w preskripsyon an ka di nou nan telefòn epi voye yon deklarasyon ekri atravè faks oswa lapòs si sa nesesè.

Etap 3: Nou panche sou demann ou an epi nou ba w repons nou.***Delè pou yon desizyon kouvèti rapid***

- Anjeneral nou dwe ba w repons nou **nan lespas 24 èdtan** apre nou jwenn demann ou an.
 - Pou eksepsyon yo, n ap ba w repons nou nan lespas 24 èdtan apre nou jwenn deklarasyon jistifikatif doktè w la. N ap ba w repons nou an pi bonè si sante w nesesite ke nou fè sa.
 - Si nou pa respekte delè sa a, nou oblige voye demann ou an nan Nivo 2 pwosesis apèl yo, kote se yon òganizasyon egzaminasyon endependan k ap egzamine l.
- **Si repons nou se wi pou yon pati nan oswa tout sa w te mande yo**, nou dwe bay kouvèti nou te dakò bay la nan lespas 24 èdtan apre nou jwenn demann ou an oswa deklarasyon doktè w la ki apiye demann ou an.
- **Si repons nou se non pou yon pati nan oswa tout sa w te mande yo**, n ap voye yon deklarasyon ekri ba ou ki eksplike poukisa nou di non. Epitou, n ap di w kijan ou ka fè yon demann pou apèl.

Delè pou yon desizyon sou kouvèti estanda sou yon medikaman ou poko jwenn

- Anjeneral nou dwe ba w repons nou **nan lespas 72 èdtan** apre nou jwenn demann ou an.
 - Pou eksepsyon yo, n ap ba w repons nou nan lespas 72 èdtan apre nou jwenn deklarasyon jistifikatif doktè w la. N ap ba w repons nou an pi bonè si sante w nesesite ke nou fè sa.
 - Si nou pa respekte delè sa a, nou oblige voye demann ou an nan Nivo 2 pwosesis apèl yo, kote se yon òganizasyon egzaminasyon endependan k ap egzamine l.
- **Si repons nou se wi pou yon pati nan oswa tout sa w te mande yo**, nou dwe **bay kouvèti** nou te dakò bay la **nan lespas 72 èdtan** apre nou resevwa demann ou an oswa deklarasyon doktè w la ki apiye demann ou an.
- **Si repons nou se non pou yon pati nan oswa tout sa w te mande yo**, n ap voye yon deklarasyon ekri ba ou ki eksplike poukisa nou di non. Epitou, n ap di w kijan ou ka fè yon demann pou apèl.

Delè pou yon desizyon kouvèti estanda sou peman yon medikaman ke w déjà achte

- Nou dwe ba w repons nou an **nan lespas 14 jou kalandriye** apre ke nou resevwa demann ou an.
 - Si nou pa respekte delè sa a, nou oblige voye demann ou an nan Nivo 2 pwosesis apèl yo, kote se yon òganizasyon egzaminasyon endependan k ap egzamine l.
- **Si repons nou se wi pou yon pati oswa pou tout sa w te mande yo**, nou gen obligasyon tou pou n peye w nan espas 14 jou kalandriye apre nou fin resevwa demann ou an.
- **Si repons nou se non pou yon pati nan oswa tout sa w te mande yo**, n ap voye yon deklarasyon ekri ba ou ki eksplike poukisa nou di non. Epitou, n ap di w kijan ou ka fè yon demann pou apèl.

Etap 4: Si nou di non pou demann kouvèti w la, ou ka fè apèl.

- Si nou di non, se dwa w pou fè yon demann pou apèl pou w mande nou rekonsidere desizyon sa a. Sa vle di mande ankò pou w resevwa kouvèti medikaman ou vle a. Si w fè yon apèl, sa vle di ke ou pral nan Nivo 1 pwosesis apèl la.

Seksyon 7.5**Kijan pou fè yon apèl Nivo 1****Ekspresyon Jiridik:**

Yon apèl bòkote plan an sou yon desizyon kouvèti yon medikaman Part D rele yon **redetèminasyon** plan.

Yo rele yon apèl rapid yon **redetèminasyon akselere tou**.

Etap 1: Deside si ou bezwen yon apèl estanda oswa yon apèl rapid.

Anjeneral, yon apèl estanda fèt nan lespas 7 jou kalandriye. Anjeneral, yon apèl rapid fèt nan yon lespas 72 èdtan. Si sante w nesesite sa, mande yon apèl rapid.

- Si w ap fè apèl pou yon desizyon nou pran konsènan yon medikaman ou poko jwenn, ou menm ak doktè w oswa lòt moun ki ba w preskripsyon an ap bezwen deside si w bezwen yon apèl rapid.
- Kondisyon pou w jwenn yon apèl rapid menm ak kondisyon pou w jwenn desizyon pou kouvèti rapid ki nan Seksyon 7.4 chapit sa a.

Etap 2: Ou menm, reprezantan w, doktè w oswa lòt moun ki ba w preskripsyon an dwe kontakte nou epi fè apèl Nivo 1 w nan. Si sante w egzije yon repons rapid, ou dwe mande yon apèl rapid.

- **Pou apèl estanda yo, soumèt yon demann ekri.** Chapit 2 gen enfòmasyon sou kowòdone pou kontak yo.
- **Pou apèl rapid yo, swa ou soumèt apèl ou a alekri, swa ou rele nou nan 800-451-4651, TTY: 711.** Chapit 2 gen enfòmasyon sou kowòdone pou kontak yo.
- **Nou dwe aksepte tout demann ekri,** ki gen ladan yon demann yo soumèt sou Fòm pou Demann Redetèminasyon Modèl CMS la, ki disponib sou sitwèb nou an CarePlusHealthPlans.com/RxDecisions. Mete non w, enfòmasyon kontak ou ak enfòmasyon sou reklamasyon w nan pou ede nou trete demann ou an.
- **Ou dwe fè demann pou apèl ou a nan lespas 65 jou kalandriye** apati dat ki sou avi alekri nou te voye pou ou ki gen desizyon nou an sou kouvèti a. Si w rate dat limit sa a e ou gen yon rezon valab ki lakoz sa, eksplike rezon ki fè demann pou apèl ou a anreta lè w ap fè demann pou apèl la. Sa ka rive nou ba w plis tan pou w fè demann pou apèl ou a. Kèk egzanp rezon valab ka gen ladan l yon maladi grav ki te anpeche w kontakte nou oswa si nou te ba w enfòmasyon ki enkòrèk oswa enkonplè konsènan dat limit pou fè demann pou apèl la.
- **Ou ka mande yon kopi enfòmasyon ki nan apèl ou a epi ajoute plis enfòmasyon.** Ou menm ak doktè w la ka ajoute plis enfòmasyon pou apiye apèl ou a.

Etap 3: Nou gade apèl ou a epi ba w repons nou.

- Lè nou egzamine apèl ou a, nou byen gade ankò tout enfòmasyon sou demann kouvèti w la. Nou verifye pou wè si nou te respekte tout règ yo lè nou di non pou demann ou an.
- Nou ka kontakte ou menm oswa doktè w la oswa lòt moun ki ba w preskripsyon an pou jwenn plis enfòmasyon.

Delè pou yon apèl rapid

- Pou apèl rapid, nou dwe ba w repons nou nan **lespas 72 èdtan apre nou jwenn apèl ou a**. N ap ba w repons nou an pi bonè si sante w nesesite ke nou fè sa.

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- Si nou pa ba w yon repons nan lespas 72 èdtan, nou oblige voye demann ou an nan Nivo 2 nan pwosesis apèl la, kote se yon òganizasyon egzaminasyon endepandan k ap egzamine l. Seksyon 6 eksplike Nivo 2 pwosesis apèl la.
- **Si repons nou se wi pou yon pati oswa pou tout sa w te mande yo**, nou dwe bay kouvèti nou te dakò bay la nan espas 72 èdtan apre nou fin resevwa apèl ou a.
- **Si repons nou se non pou yon pati nan oswa tout sa w te mande yo**, n ap voye yon deklarasyon ekri ba ou ki eksplike poukisa nou di non ak fason ou ka fè apèl ak desizyon nou an.

Delè pou yon apèl estanda pou yon medikaman ou poko jwenn

- Pou apèl estanda, nou dwe ba w repons nou an **nan lespas 7 jou kalandriye** apre nou jwenn apèl ou a. N ap ba w desizyon nou an pi bonè si w poko jwenn medikaman an epi si kondisyon sante w egzije pou nou fè sa.
 - Si nou pa ba w yon desizyon nan lespas 7 jou kalandriye, nou oblige voye demann ou an nan Nivo 2 nan pwosesis apèl la, kote se yon òganizasyon egzaminasyon endepandan k ap egzamine l.
Seksyon 7.6 eksplike pwosesis apèl Nivo 2 a.
- **Si repons nou se wi pou yon pati oswa pou tout sa w te mande yo**, nou dwe bay kouvèti a pi rapid posib jan sante w egzije sa, men pa pita pase **7 jou kalandriye** apre nou fin resevwa apèl ou a.
- **Si repons nou se non pou yon pati nan oswa tout sa w te mande yo**, n ap voye yon deklarasyon ekri ba ou ki eksplike poukisa nou di non ak fason ou ka fè apèl ak desizyon nou an.

Delè pou yon apèl estanda sou peman yon medikaman ke w déjà achte

- Nou dwe ba w repons nou an **nan lespas 14 jou kalandriye** apre ke nou resevwa demann ou an.
 - Si nou pa respekte delè sa a, nou oblige voye demann ou an nan Nivo 2 pwosesis apèl yo, kote se yon òganizasyon egzaminasyon endepandan k ap egzamine l.
- **Si repons nou se wi pou yon pati oswa pou tout sa w te mande yo**, nou gen obligasyon tou pou n peye w nan lespas 30 jou kalandriye apre nou fin resevwa demann ou an.
- **Si repons nou se non pou yon pati nan oswa tout sa w te mande yo**, n ap voye yon deklarasyon ekri ba ou ki eksplike poukisa nou di non. Epitou, n ap di w kijan ou ka fè yon demann pou apèl.

Etap 4: Si nou rejte apèl ou a, w ap deside si w vle kontinye ak pwosesis apèl yo epi fè yon lòt apèl.

- Si w deside fè yon lòt apèl, sa vle di ke apèl ou a pral nan Nivo 2 pwosesis apèl la.

Seksyon 7.6 Kijan pou fè yon apèl Nivo 2

Ekspresyon Jiridik

Non fòmèl òganizasyon egzaminasyon endepandan an se **Antite Egzaminasyon Endepandan an**. Pafwa yo rele l **IRE**.

Òganizasyon egzaminasyon endepandan an se yon òganizasyon endepandan ke Medicare angaje. Li pa konekte avèk nou epi li pa yon òganis gouvènmantal. Òganizasyon sa a deside si desizyon nou te pran an kòrèk oswa sil ta dwe chanje. Medicare sipèvize travay li.

Etap 1: Ou menm (oswa reprezantan w oswa doktè w oswa lòt moun ki ba w preskripsyon an) dwe kontakte òganizasyon egzaminasyon endepandan an epi mande yon egzaminasyon ka w la.

- Si nou rejte apèl Nivo 1 w nan, avi ekri nou voye ba ou a ap gen ladan **enstriksyon sou fason pou w fè yon apèl Nivo 2** bò kote òganizasyon egzaminasyon endepandan an. Enstriksyon sa yo ap di kiyès ki ka fè apèl Nivo 2 sa a, ki delè ou dwe respekte ak fason pou kontakte òganizasyon egzaminasyon endepandan an.
- **Ou dwe fè demann apèl ou a nan espas 65 jou kalandriye** apati dat ki sou avi alekri a.
- Si nou pa t fini revizyon nou an nan delè ki aplikab la oswa si nou pran yon desizyon defavorab ki gen rapò ak detèminasyon **arisk** nan kad pwogram jesyon medikaman nou an, nou ap transfere demann ou an bay òganizasyon revizyon endepandan otomatikman.
- N ap voye enfòmasyon sou apèl ou a bay òganizasyon egzaminasyon endepandan sa a. Enfòmasyon sa yo rele **dosye ka w la. Ou gen dwa pou mande nou yon kopi dosye ka w la.**
- Ou gen dwa pou bay òganizasyon egzaminasyon endepandan an enfòmasyon adisyonèl pou apiye apèl ou a.

Etap 2: Òganizasyon egzaminasyon endepandan an egzamine apèl ou a.

- Moun ki fè egzaminasyon nan òganizasyon egzaminasyon endepandan an ap byen gade tout enfòmasyon sou apèl ou a.

Delè pou apèl rapid

- Si sante w nesesite sa, mande òganizasyon egzaminasyon endepandan an yon apèl rapid.
- Si òganizasyon egzaminasyon endepandan an dakò pou ba w yon apèl rapid, egzaminasyon an dwe ba w yon repons pou apèl Nivo 2 w la **nan lespas 72 èdtan** apre li jwenn demann pou apèl ou a.

Delè pou apèl estanda

- Pou apèl estanda yo, òganizasyon egzaminasyon endepandan an dwe ba w yon repons pou apèl Nivo 2 w la **nan lespas 7 jou kalandriye** apre ke li resevwa apèl ou a si se pou yon medikaman ke w poko resevwa. Si w ap mande nou ranbouse w pou yon medikaman ke w déjà achte, òganizasyon egzaminasyon endepandan an dwe ba w yon repons pou apèl Nivo 2 w la **nan lespas 14 jou kalandriye** apre li jwenn demann ou an.

Etap 3: Òganizasyon egzaminasyon endepandan an ba w repons li a.

- **Pou apèl rapid:**
 - **Si òganizasyon revizyon endepandan an di wi pou yon pati oswa pou tout sa w te mande yo,** nou dwe bay kouvèti medikaman òganizasyon revizyon endepandan an te apwouve a **nan espas 24 èdtan** apre nou fin resevwa desizyon òganizasyon revizyon endepandan an.
- **Pou apèl estanda:**
 - **Si òganizasyon egzaminasyon endepandan an di wi pou yon pati nan oswa tout demann pou kouvèti w la,** nou dwe bay kouvèti pou medikaman òganizasyon egzaminasyon endepandan an te apwouve a **nan lespas 72 èdtan** apre nou jwenn desizyon òganizasyon egzaminasyon endepandan an.

- **Si òganizasyon egzaminasyon endepandan an di wi pou yon pati nan oswa tout demann ranbousman w nan** pou yon medikaman ke w achte déjà, nou dwe **voye peman an ba ou nan lespas 30 jou kalandriye** apre nou jwenn desizyon òganizasyon egzaminasyon endepandan an.

E si òganizasyon egzaminasyon endepandan an rejte apèl ou a?

Si òganizasyon sa a di non pou yon pati nan oswa tout apèl ou a, sa vle di ke li dakò ak desizyon nou an pou nou pa apwouve demann ou an (oswa yon pati nan demann ou an). (Yo rele sa **kofime desizyon an oswa rejte apèl ou a.**) Nan ka sa a, òganizasyon egzaminasyon endepandan an ap voye yon lèt ba ou ki:

- Eksplike desizyon an.
- Aprann konnen dwa w genyen pou fè yon apèl Nivo 3 si kantite lajan pou kouvèti medikaman w ap mande a atenn yon sèten minimòm. Si kantite lajan pou kouvèti medikaman w ap mande a twò ba, ou pa kapab fè yon lòt apèl epi desizyon nan Nivo 2 a final.
- Di w valè sou fòm dola ki dwe konteste a pou kontinye avèk pwosesis apèl la.

Etap 4: Si ka w la reponn ak egzijans yo, ou chwazi si w vle ale pi lwen ak apèl ou a.

- Gen 3 nivo adisyonèl nan pwosesis apèl la apre Nivo 2 a (pou yon total 5 nivo apèl).
- Si w vle fè yon apèl Nivo 3, gen detay sou fason pou w fè sa nan notifikasyon ekri ou resevwa apre desizyon apèl Nivo 2 w la.
- Apèl Nivo 3 a se yon Jij Dwa Administratif oswa yon avoka ki pran desizyon jiridik k ap trete l. **Seksyon 10** pale plis sou pwosesis pou apèl Nivo 3, 4, ak 5 yo.

SEKSYON 8

Fason pou mande nou pou kouvri yon sejou lopital pou pasyan ki entène ki pi long si w panse y ap egzeyate w twò bonè

Lè w entène nan yon lopital, ou gen dwa pou w resevwa tout sèvis lopital ou ki kouvri yo ki nesèsè pou dyagnostike epi trete maladi w la oswa domaj ou a.

Pandan sejou lopital ki kouvri w la, doktè w la ak pèsonèl lopital la pral travay avè w pou prepare pou jou ou kite lopital la. Y ap ede fè aranjman pou swen ou ka bezwen apre ou fin kite.

- Jou w kite lopital la rele **dat egzeyat** ou.
- Lè yo deside dat egzeyat ou a, doktè w la oswa pèsonèl lopital la a ap di w sa.
- Si w panse y ap mande w kite lopital la twò bonè, ou ka mande yon sejou lopital ki pi long epi y ap panche sou demann ou an.

Seksyon 8.1

Pandan sejou nan lopital pou pasyan ki entène w la, w ap resevwa yon avi ekri nan men Medicare ki enfòme w sou dwa w

Nan limit 2 jou kalandriye apre ou fin entène lopital la, w ap resevwa yon avi ekri yo rele *Yon Mesaj Enpòtan ke Medicare Voye pou Ou sou Dwa W*. Tout moun ki gen Medicare resevwa yon kopi notifikasyon sa a. Si w pa resevwa

notifikasyon an nan men yon moun nan lopital la (egzanp, yon travayè sosyal oswa yon enfimyè), mande nenpòt anplwaye lopital la li. Si w bezwen èd, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (Itilizatè TTY yo rele 711) oswa 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. (Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048.).

1. Li avi sa a avèk atansyon epi poze kesyon si w pa konprann li. Li di w:

- Dwa w pou w jwenn sèvis Medicare kouvri yo pandan epi apre sejou lopital ou a, jan doktè w la preskri sa. Sa gen ladan l dwa pou w konnen sa sèvis sa yo ye, kiyès ki pral peye yo epi kibò ou ka jwenn yo.
- Dwa w pou w enplike nan tout desizyon sou sejou lopital ou a.
- Kote pou w siyale tout enkyetid ou genyen sou kalite swen ou resevwa lopital la.
- Dwa w pou w mande **yon egzaminasyon imeda** desizyon pou egzeyate w la si w panse y ap egzeyate w nan lopital la twò bonè. Sa a se yon fason fòmèl, legal pou mande repòte dat egzeyat ou a pou nou ka kouvri swen ospitalye w la pandan yon peryòd ki pi long.

2. Y ap mande w pou w siyen avi alekri w la pou montre w te jwenn li epi w konprann dwa w yo.

- Y ap mande ou menm oswa yon moun k ap aji nan non w pou siyen avi a.
- Lè w siyen avi a sa montre sèlman ou te jwenn enfòmasyon sou dwa w yo. Notifikasyon sa a pa bay dat egzeyat ou a. Lè w siyen avi a **sa pa vle di** ou dakò ak dat egzeyat la.

3. Kenbe kopi avi pa w la soulamen pou w ka gen enfòmasyon sou kijan pou fè yon demann pou apèl (oswa siyale yon enkyetid sou kalite swen an) si w bezwen sa.

- Si w siyen avi a plis pase 2 jou kalandriye anvan dat egzeyat ou a, w ap resevwa yon lòt kopi anvan dat ki prevwa pou egzeyat ou a.
- Pou jwenn yon kopi nan avi sa a alavans, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (Itilizatè TTY yo rele 711) oswa 1-800 MEDICARE (1-800-633-4227), Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048. Ou kapab jwenn avi a anliy nan www.CMS.gov/medicare/forms-notices/beneficiary-notices-initiative/ffs-ma-im.

Seksyon 8.2 Fason pou fè yon apèl Nivo 1 pou chanje dat egzeyat ou nan lopital

Pou mande nou kouvri sèvis lopital pou pasyan ki entène ou yo pou yon tan ki pi long, sèvi avèk pwosesis apèl yo pou fè demann sa a.

Anvan w kòmanse, konprann sa w gen pou w fè a ak sa delè yo ye.

- **Suiv pwosesis la.**
- **Respekte delè yo.**
- **Mande èd si w bezwen li.** Si w gen kesyon oswa ou bezwen èd, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (Itilizatè TTY yo rele 711). Oswa rele Pwogram Asistans Eta a pou Asirans Sante w la, yon òganizasyon gouvènmantal ki ofri asistans pèsonalize.

Pandan yon apèl Nivo 1, Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a egzamine apèl ou a. Li verifye pou wè si dat ki prevwa pou egzeyat ou a apwopriye pou ou sou plan medikal. **Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite** a se yon gwoup doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante ke gouvènman Federal la peye pou verifye epi ede amelyore kalite

swen an pou moun ki gen Medicare. Sa gen ladan l egzaminasyon dat egzeyat nan lopital pou moun ki gen Medicare. Ekspè sa yo pa fè pati plan nou an.

Etap 1: Kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite pou eta w la epi mande yon egzaminasyon imeda egzeyat ou nan lopital la. Ou dwe aji rapid.

Kijan ou ka kontakte òganizasyon sa a?

- Avi ekri ou te jwenn la (*Yon Mesaj Enpòtan Medicare Voye pou Ou sou Dwa W*) di w kijan pou w kontakte òganizasyon sa a. (Oswa jwenn non, adrès ak nimewo telefòn Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite pou eta w la nan Chapit 2 a.)

Aji rapid:

- Pou fè apèl ou a, ou dwe kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a anvan ou kite lopital la epi **pa pi ta pase minui nan jou egzeyat ou a.**
 - Si w respekte delè sa a,** ou ka rete nan lopital la apre dat egzeyat ou a *san w pa peye pou sa pandan w ap tann pou w resevwa yon desizyon nan men Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a.*
 - Si w pa respekte delè sa a, kontakte nou.** Si w deside rete nan lopital la apre dat ki te prevwa pou egzeyat ou a, *ou ka gen pou w peye tout frè pou swen lopital ou resevwa apre dat ki te prevwa pou egzeyat ou a.*
- Yonfwa ou fin fè yon demann pou revize egzeyaj yo ba w nan lopital la, sa pèdi tan, Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ap kontakte nou. Pa pita pase midi nan jou apre yo te kontakte nou, n ap ba w yon **Avi Detaye sou Egzeyat.** Notifikasyon sa a bay dat ki prevwa pou egzeyat ou a epi li eksplike avèk detay rezon ki fè doktè w la, lopital la avèk nou menm panse ke li kòrèk (apwopriye sou plan medikal) pou w egzeyate nan dat sa a.
- Ou ka jwenn yon echantyon **Notifikasyon Detaye sou Egzeyat** la lè w rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (Itilizatè TTY yo rele 711) oswa 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. (Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048.). Ou kapab jwenn yon echantyon nan avi a sou entènèt nan www.CMS.gov/medicare/forms-notices/beneficiary-notices-initiative/ffs-ma-im.

Etap 2: Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a realize yon egzaminasyon endependan sou ka w la.

- Pwofesyonèl swen sante ki nan Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a (moun k ap fè egzaminasyon an) pral mande w (oswa reprezantan w) poukisa ou panse ke fòk kouvèti pou sèvis yo ta kontinye. Ou pa bezwen prepare anyen alekri, men ou ka fè sa si w vle.
- Epitou, moun k ap fè egzaminasyon yo pral gade enfòmasyon medikal ou yo, pale ak doktè w la epi egzamine enfòmasyon noumenm ak lopital la te ba yo.
- Pa pita pase midi nan jou apre moun k ap fè egzaminasyon yo enfòme nou sou apèl ou a, w ap resevwa yon notifikasyon ekri nan men nou ki bay dat ki te prevwa pou egzeyat ou a. Avi sa a eksplike avèk detay tou rezon ki fè doktè w la, lopital la avèk nou menm panse ke li kòrèk (apwopriye sou plan medikal) pou w egzeyate nan dat sa a.

Etap 3: Nan lespas yon jou antye apre ke li gen tout enfòmasyon nesesè yo, Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ap ba w repons li pou apèl ou a.

Kisa k ap rive si repons la se wi?

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- Si òganizasyon egzaminasyon endependan an di **wi**, **nou dwe kontinye bay sèvis lopital pou pasyan ki entène ki kouvri w yo pandan tout tan ke sèvis sa yo nesesè sou plan medikal**.
- W ap gen pou w kontinye peye pati pa w nan frè yo (tankou franchiz oswa kopeman yo, si sa yo aplike). Anplis, ka gen limitasyon sou sèvis ospitalye ki kouvri w yo.

Kisa k ap rive si repons la se non?

- Si òganizasyon egzaminasyon endependan an di **non**, se di yo di ke dat ki te prevwa pou egzeyat ou a apwopriye sou plan medikal. Si sa rive, **kouvèti nou pou sèvis ospitalye pou pasyan ki entène w yo ap fini** a midi nan jou apre ke Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ba w repons li pou apèl ou a.
- Si òganizasyon egzaminasyon endependan an di **non** pou apèl ou a epi w deside rete nan lopital la, lè sa a **ou ka gen pou w peye tout frè** swen ou resevwa nan lopital la apre midi nan jou apre ke Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ba w repons li pou apèl ou a.

Etap 4: Si repons pou apèl Nivo 1 w nan se non, w ap deside si w vle fè yon lòt apèl.

- Si Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a di **non** pou apèl ou a, **epi ou rete nan lopital la apre dat ki te prevwa pou egzeyat ou a, ou ka fè yon lòt apèl**. Lè w fè yon lòt apèl, sa vle di ke ou pral nan **Nivo 2** nan pwosesis apèl la.

Seksyon 8.3 Fason pou fè yon apèl Nivo 2 pou chanje dat egzeyat ou nan lopital

Pandan yon apèl Nivo 2, ou mande Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a pou l fè yon lòt kout je sou desizyon li a nan premye apèl ou a. Si Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a rejte apèl Nivo 2 w la, ou ka gen pou w peye frè total pou sejou w apre dat ki te planifye pou egzeyat ou a.

Etap 1: Kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ankò epi mande yon lòt egzaminasyon.

- Ou dwe mande egzaminasyon sa a **nan lespas 60 jou kalandriye** apre jou kote Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a te di **non** pou apèl Nivo 1 w nan. Ou ka mande egzaminasyon sa a sèlman si w rete nan lopital la apre dat kote kouvèti w pou swen an te fini an.

Etap 2: Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a realize yon dezyèm egzaminasyon sitiyasyon w nan.

- Moun ki fè egzaminasyon nan Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ap fè yon lòt kout je avèk atansyon sou tout enfòmasyon ki gen rapò ak apèl ou a.

Etap 3: Nan lespas 14 jou kalandriye apati resepsyon demann ou pou yon apèl Nivo 2, moun k ap fè egzaminasyon yo pral pran yon desizyon sou apèl ou a epi di w desizyon li a.**Si òganizasyon egzaminasyon endependan an di wi:**

- **Nou dwe ranbouse w** pou pati pa nou an nan frè pou swen ospitalye ou te jwenn apati midi nan jou apre dat kote Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a te rejte premye apèl ou a. **Nou dwe kontinye bay kouvèti pou swen ospitalye w yo kòm pasyan ki entène pandan tout tan sa nesesè pou rezon medikal**.
- Ou dwe kontinye peye pati pa w la nan frè yo epi gen limit sou kouvèti ki ka aplike.

Si òganizasyon egzaminasyon endepandan an di non:

- Sa vle di ke yo dakò ak desizyon ke yo te pran nan apèl Nivo 1 w nan.
- Notifikasyon ou resevwa a ap di w alekri sa w ka fè si w vle kontinye ak pwosesis egzaminasyon an.

Etap 4: Si repons la se non, ou gen pou w deside si w vle ale nan Nivo 3 pou al pi lwen ak apèl ou a.

- Gen 3 nivo adisyonèl nan pwosesis apèl la apre Nivo 2 a (pou yon total 5 nivo apèl).
- Si w vle fè yon apèl Nivo 3, gen detay sou fason pou w fè sa nan avi alekri ou resevwa apre desizyon apèl Nivo 2 w la.
- Apèl Nivo 3 a se yon Jij Dwa Administratif oswa yon avoka ki pran desizyon jiridik k ap trete l. Seksyon 10 nan chapit sa a bay plis enfòmasyon sou Nivo 3, 4 ak 5 pwosesis apèl la.

SEKSYON 9 Fason pou mande nou kontinye kouvri sèten sèvis medikal si w panse ke kouvèti w la ap fini twò bonè**Lè w ap resevwa sèvis sante adomisil, swen enfimye espesyalize, oswa swen reyabilitasyon**

(**Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Kasyan ki pa Entène**) ki kouvri, ou gen dwa pou w kontinye resevwa sèvis ou yo pou kalite swen sa a pandan tout tan ke swen sa a nesesè pou dyagnostike epi trete maladi w oswa domaj ou.

Lè nou deside lè a rive pou sispann kouvri youn nan 3 kalite swen sa yo pou ou, nou oblige di w sa alavans. Lè kouvèti w pou swen sa a fini, *n ap sispann peye pou swen ou an.*

Si w panse n ap mete fen ak kouvèti swen w nan twò bonè, **ou ka fè yon demann pou apèl kont desizyon nou an.** Seksyon sa a di w kijan pou w mande yon apèl.

Seksyon 9.1 N ap di w lè kouvèti w la pral fini alavans**Ekspresyon Jiridik:**

Notifikasyon Absans Kouvèti Medicare. Li fè w konnen kijan ou kapab fè yon demann pou yon **apèl akselere.** Mande yon pwosedi apèl akselere se yon fason fòmèl, legal pou mande yon chanjman nan desizyon kouvèti nou an sou lè pou kanpe swen w nan.

1. Ou jwenn yon avi alekri omwen 2 jou kalandriye anvan plan nou an pral sispann kouvri swen w nan.

Notifikasyon an di w:

- Dat kote n ap sispann kouvri swen an pou ou.
- Fason pou w mande yon pwosedi apèl akselere pou mande nou pou nou kontinye kouvri swen w pandan yon peryòd ki pi long.

2. Y ap mande ou menm oswa yon moun k ap aji nan non w pou siyen avi alekri a pou montre ke w resevwa l. Lè w siyen avi a sa montre sèlman ke w te resevwa enfòmasyon sou lè kouvèti w la pral kanpe a. **Siyen l pa vle di ou dakò** ak desizyon plan nou an pou kanpe swen an.

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)**Seksyon 9.2****Fason pou fè yon apèl Nivo 1 pou fè plan nou an kouvri swen ou an pou pi lontan**

Si w vle mande nou pou nou kouvri swen w nan pandan yon peryòd ki pi long, w ap gen pou w itilize pwosesis apèl la pou w fè demann sa a. Anvan w kòmanse, konprann sa w gen pou w fè a ak sa delè yo ye.

- **Suiv pwosesis la.**
- **Respekte delè yo.**
- **Mande èd si w bezwen l.** Si w gen kesyon oswa bezwen èd nenpòt lè, tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (Itilizatè TTY yo rele 711). Oswa rele Pwogram Asistans Eta a pou Asirans Sante w la, yon òganizasyon gouvènmantal ki ofri asistans pèsonalize.

Pandan yon apèl Nivo 1, Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a egzamine apèl ou a. Li deside si dat fen pou swen w nan apwopriye sou plan medikal la. **Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite** a se yon gwoup doktè ak lòt ekspè swen sante gouvènman Federal la peye pou verifye epi ede amelyore kalite swen an pou moun ki gen Medicare. Sa enkli revize desizyon plan an sou ki lè pou sispann kouvri sèten kalite swen medikal. Ekspè sa yo pa fè pati plan nou an.

Etap 1: Fè apèl Nivo 1 w nan: kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a epi mande yon pwosesis apèl akselere. Ou dwe aji rapid.

Kijan ou ka kontakte òganizasyon sa a?

- Avi alekri ou te jwenn la (*Avi sou Absans Kouvèti Medicare*) di w kijan pou w kontakte òganizasyon sa a. (Oswa jwenn non, adrès ak nimewo telefòn Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite pou eta w la nan Chapit 2 a.)

Aji rapid:

- Ou dwe kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a pou kòmanse apèl ou a **pa pita pase midi nan jou anvan dat antre anvigè** ki sou Avi sou Absans Kouvèti Medicare la.
- Si w rate delè a, epi ou vle depoze yon apèl, ou toujou gen dwa pou apèl. Kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite apati enfòmasyon kontak ki sou Avi sou Absans Kouvèti Medicare la. Non, adrès ak nimewo telefòn Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite pou eta w la disponib tou nan Chapit 2 a.

Etap 2: Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a realize yon egzaminasyon endependan sou ka w la.

Ekspresyon Jiridik:

Eksplikasyon Detaye Absans Kouvèti. Notifikasyon ki bay detay sou rezon ki fè nou kanpe kouvèti a.

Kisa ki rive pandan egzaminasyon sa a?

- Pwofesyonèl swen sante ki nan Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a (moun k ap fè egzaminasyon an) pral mande oumenm oswa reprezantan w la poukisa ou panse ke fòk kouvèti pou sèvis yo ta kontinye. Ou pa bezwen prepare anyen alekri, men ou ka fè sa si w vle.
- Òganizasyon egzaminasyon endependan an pral gade enfòmasyon medikal ou yo, pale ak doktè w la epi egzamine enfòmasyon plan nou an ba yo.

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- Anvan fen jounen kote moun ki fè revizyon yo ap fè nou konn apèl ou a, w ap resevwa Eksplikasyon Detaye sou Absans Kouvèti a nan men nou ki eksplike an detay rezon ki fè nou kanpe kouvèti nou an pou sèvis ou yo.

Etap 3: Nan limit yon jou antye apre ke yo gen tout enfòmasyon yo bezwen yo, moun k ap fè egzaminasyon yo ap di w desizyon li a.***Kisa k ap rive si moun k ap fè egzaminasyon yo di wi?***

- Si moun k ap fè egzaminasyon yo di wi pou apèl ou a, lè sa a **nou dwe kontinye bay sèvis ki kouvri w yo pandan tout tan ke sa nesesè sou plan medikal.**
- W ap gen pou w kontinye peye pati pa w nan frè yo (tankou franchiz oswa kopeman yo, si sa yo aplike). Ka gen limitasyon sou sèvis ki kouvri w yo.

Kisa k ap rive si moun k ap fè egzaminasyon yo di non?

- Si moun k ap fè egzaminasyon yo di non, lè sa a **kouvèti w la ap fini nan dat nou te di w la.**
- Si w deside kontinye resevwa sèvis swen sante adomisil oswa nan etablisman swen enfimye espesyalize oswa Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki Pa Entène (CORF) apre dat sa a ke kouvèti w la fini an, **w ap gen pou w peye frè total** pou swen sa a poukout ou.

Etap 4: Si repons pou apèl Nivo 1 w nan se non, w ap deside si w vle fè yon lòt apèl.

- Si moun k ap fè egzaminasyon yo di non pou apèl Nivo 1 w nan-epi ou chwazi kontinye resevwa swen apre ke kouvèti w pou swen an fini-lè sa a ou ka fè yon apèl Nivo 2.

Seksyon 9.3**Fason pou fè yon apèl Nivo 2 pou fè plan nou an kouvri swen ou an pou pi lontan**

Pandan yon apèl Nivo 2, ou mande Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a pou l fè yon lòt koutje sou desizyon an nan premye apèl ou a. Si Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a rejte apèl Nivo 2 w la, ou ka gen pou w peye frè total pou sèvis swen sante adomisil oswa nan etablisman swen enfimye espesyalize oswa Sant Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki Pa Entène (CORF) ou yo apre dat ke nou te di ke kouvèti w la t ap fini an.

Etap 1: Kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ankò epi mande yon lòt egzaminasyon.

- Ou dwe mande egzaminasyon sa a **nan lespas 60 jou kalandriye** apre jou kote Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a te di non pou apèl Nivo 1 w nan. Ou ka mande egzaminasyon sa a sèlman si w te kontinye resevwa swen apre dat kote kouvèti w pou swen an te fini an.

Etap 2: Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a realize yon dezyèm egzaminasyon sitiyasyon w nan.

- Moun ki fè egzaminasyon nan Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ap fè yon lòt koutje avèk atansyon sou tout enfòmasyon ki gen rapò ak apèl ou a.

Etap 3: Nan lespas 14 jou kalandriye apati resepsyon demann apèl ou a, moun k ap fè egzaminasyon yo pral pran yon desizyon sou apèl ou a epi di w desizyon li a.***Kisa k ap rive si òganizasyon egzaminasyon endependan an di wi?***

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- **Nou dwe ranbouse w** pou pati pa nou an nan frè pou swen ke w te resevwa apati dat ke nou te di ke kouvèti w la t ap fini an. **Nou dwe kontinye bay kouvèti** pou swen an pandan tout tan li n nesesè pou rezon medikal.
- Ou dwe kontinye peye pati pa w la nan frè yo epi gen limit sou kouvèti ki ka aplike.

Kisa k ap rive si òganizasyon egzaminasyon an di non?

- Sa vle di ke yo dakò ak desizyon ki te pran nan apèl Nivo 1 w lan.
- Notifikasyon ou resevwa a ap di w alekri sa w ka fè si w vle kontinye ak pwosesis egzaminasyon an. L ap ba w detay sou fason pou a al nan pwochen nivo apèl la, kote se yon Jij Dwa Administratif oswa yon avoka ki pran desizyon jiridik k ap trete l.

Etap 4: Si repons la se non, w ap gen pou w deside si w vle al pi lwen ak apèl ou a.

- Gen 3 nivo adisyonèl apèl apre Nivo 2 a, pou yon total 5 nivo apèl. Si w vle fè yon apèl Nivo 3, gen detay sou fason pou w fè sa nan notifikasyon ekri ou resevwa apre desizyon apèl Nivo 2 w la.
- Apèl Nivo 3 a se yon Jij Dwa Administratif oswa yon avoka ki pran desizyon jiridik k ap trete l. Seksyon 10 nan chapit sa a pale plis sou pwosesis pou apèl Nivo 3, 4, ak 5 yo.

SEKSYON 10 Ale nan Nivo 3, 4 ak 5 avèk apèl ou a**Seksyon 10.1 Apèl Nivo 3, 4 ak 5 pou Demann Sèvis Medikal**

Seksyon sa a ka bon pou ou si w te fè yon apèl Nivo 1 ak yon apèl Nivo 2 epi yo te rejte toude apèl ou yo.

Si valè sou fòm dola atik oswa sèvis medikal ou te fè apèl pou yo a respekte yon seri nivo minimòm, ou ka gen posibilité pou ale nan nivo apèl adisyonèl. Si valè sou fòm dola a mwens ke nivo minimòm nan, ou pa ka fè apèl ankò. Repons ekri ou jwenn pou apèl Nivo 2 w la ap eksplike fason pou fè yon apèl Nivo 3.

Pou pifò sitiyasyon ki enplike apèl yo, 3 dènye nivo apèl yo fonksyone pratikman menm jan an ak 2 premye nivo yo. Men kiyès ki trete egzaminasyon apèl ou a nan chak nan nivo sa yo.

Apèl Nivo 3 Yon Jij Dwa Administratif oswa yon avoka ki pran desizyon jiridik ki travay pou gouvènman federal la ap egzamine apèl ou a epi ba w yon repons.

- **Si Jij Dwa Administratif la oswa avoka ki pran desizyon jiridik la di wi pou apèl ou a, pwosesis apèl la ka oswa ka pa fini.** Kontrèman ak yon desizyon nan apèl Nivo 2 a, nou gen dwa pou nou fè apèl ak yon desizyon Nivo 3 ki favorab pou ou. Si nou deside fè apèl li pral nan yon apèl Nivo 4.
 - Si nou deside pa fè apèl kont desizyon an, nou dwe otorize oswa ba w swen medikal la nan lespas 60 jou kalandriye apre ke nou resevwa desizyon Jij Dwa Administratif la oswa avoka ki pran desizyon jiridik la.
 - Si nou deside fè apèl ak desizyon an, n ap voye yon kopi demann apèl Nivo 4 la ba ou ak tout dokiman ki akonpaye l yo. Nou ka tann desizyon apèl Nivo 4 la anvan nou otorize oswa bay swen medikal ki nan konfli a.

Chapit 9 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, apèl, plent)

- Si Jij Dwa Administratif la oswa avoka ki pran desizyon jiridik la di non pou apèl ou a, pwosesis apèl la ka oswa ka pa fini.**
 - Si w deside aksepte desizyon ki rejte apèl ou a, pwosesis apèl la fini.
 - Si w pa vle aksepte desizyon an, ou ka kontinye nan pwochen nivo pwosesis egzaminasyon an. Notifikasyon w ap resevwa a ap di w kisa pou w fè pou yon apèl Nivo 4.

Apèl Nivo 4 Konsèy Apèl Medicare la (Konsèy) ap egzamine apèl ou a epi ba w yon repons. Konsèy la fè pati gouvènman federal la.

- Si repons la se wi, oswa si Konsèy la refize demann nou pou egzaminasyon yon desizyon apèl Nivo 3 ki favorab, pwosesis apèl la ka oswa ka pa fini.** Kontrèman ak yon desizyon nan Nivo 2 a, nou gen dwa pou nou fè apèl ak yon desizyon Nivo 4 ki favorab pou ou. N ap deside si pou nou fè apèl ak desizyon sa a nan Nivo 5.
 - Si nou deside pa fè apèl kont desizyon an, nou dwe otorize oswa ba w swen medikal la nan lespas 60 jou kalandriye apre ke nou resevwa desizyon Konsèy la.
 - Si nou deside fè apèl ak desizyon an, n ap fè w konnen alekri.
- Si repons la se non, oswa si Konsèy la refize demann egzaminasyon an, pwosesis apèl la ka oswa ka pa fini.**
 - Si w deside aksepte desizyon sa a ki rejte apèl ou a, pwosesis apèl la fini.
 - Si w pa vle aksepte desizyon an, ou ka gen posibilité pou kontinye nan pwochen nivo pwosesis egzaminasyon an. Si Konsèy la di non pou apèl ou a, notifikasyon w ap resevwa a ap di w si règ yo pèmèt ou ale nan yon apèl Nivo 5 ak kijan pou w kontinye ak yon apèl Nivo 5.

Apèl Nivo 5 Yon jij nan **Tribinal Distri Federal** la ap egzamine apèl ou a.

- Yon jij pral egzamine tout enfòmasyon yo epi deside wi oswa non pou demann ou an. Se yon repons final. Pa gen lòt nivo apèl apre Tribunal Federal Distri a.

Seksyon 10.2 Apèl Medicaid adisyonèl

Ou gen lòt dwa pou apèl tou si apèl ou a konsène sèvis oswa atik ke Medicaid anjeneral kouvri. Lèt ou resevwa nan men biwo Odyans Ekitab la ap di ou sa pou w fè si ou vle kontinye ak pwosesis apèl la.

Ou ka chwazi si ou vle aksepte desizyon ki pran sou dènye nivo apèl Medicare la oswa mande yon Odyans Ekitap onivo Eta a. Si ou deside kontinye, enstriksyon sa yo ap di ou kijan pou mande yon Odyans Ekitab onivo Eta nan men Inite Odyans Medicaid Ajans pou Administrasyon Swen Sante (AHCA) a ak dat limit ou dwe respekte yo.

Pou mande yon Odyans Ekitab onivo Eta a, oumenm oswa reprezantan ou te deziyen alekri a an dwe kontakte Inite Odyans Medicaid Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Agency for HealthCare Administration, AHCA) a epi mande yon revizyon ka w la.

Sa pou Fè

- Si w ap mande yon Odyans Ekitab nan Nivo Eta a, fè demann ou an alekri nan lespas 120 jou kalandriye apati dat ki endike nan lèt desizyon dènye nivo apèl la.

Ajan Odyans Ekitab nan Nivo Eta a fè yon egzaminasyon apèl ou a epi li ba w yon repons.

- Ajan Odyans Ekitab nan Nivo Eta a ap byen gade tout enfòmasyon ki gen rapò ak apèl ou a. Òganizasyon an ap enfòme w sou desizyon li a alekri epi l ap eksplike rezon ki fè li pran l.

Si ou genyen kesyon anplis sou pwosesis Pwosè Ekitab Eta a, tanpri AHCA nan **1-877-254-1055 (Apèl Gratis)** oswa voye kesyon w yo pa imèl bay MedicaidHearingUnit@ahca.myflorida.com. Epitou, ou ka kontakte Sèvis pou Manm yo nan nimewo ki nan do kat Identifikasyon (ID) Manm ou an.

Seksyon 10.3 Apèl Nivo 3, 4 ak 5 pou Demann Medikaman Part D

Seksyon sa a ka apwopriye pou ou si w te fè yon apèl Nivo 1 ak yon apèl Nivo 2 epi ke toude apèl ou yo te rejte.

Si valè medikaman ou te fè apèl pou li a atenn yon montan dola presi, ou ka gen posibilité pou ale nan nivo apèl adisyonèl. Si montan dola a mwens, ou pa ka fè apèl ankò. Repons ekri ou jwenn pou apèl Nivo 2 w la ap eksplike kiyès pou kontakte epi kisa pou fè pou mande yon apèl Nivo 3.

Pou pifò sitiyasyon ki enplike apèl yo, 3 dènye nivo apèl yo fonksyone pratikman menm jan an ak 2 premye nivo yo. Men kiyès ki trete egzaminasyon apèl ou a nan chak nan nivo sa yo.

Apèl Nivo 3 Yon Jij Dwa Administratif oswa yon avoka ki pran desizyon jiridik ki travay pou gouvnman federal la ap egzamine apèl ou a epi ba w yon repons.

- **Si repons la se wi, pwosesis apèl la fini.** Nou dwe **otorize oswa bay kouvèti pou medikaman** ke Jij Dwa Administratif oswa avoka ki pran desizyon jiridik la te apwouve a **nan lespas 72 èdtan (24 èdtan pou apèl akselere yo) oswa fè peman an pa pita pase 30 jou kalandriye** apre nou resevwa desizyon an.
- **Si Jij Dwa Administratif la oswa avoka ki pran desizyon jiridik la di non pou apèl ou a, pwosesis apèl la ka oswa ka pa fini.**
 - Si w deside aksepte desizyon sa a ki rejte apèl ou a, pwosesis apèl la fini.
 - Si w pa vle aksepte desizyon an, ou ka kontinye nan pwochen nivo pwosesis egzaminasyon an. Notifikasyon w ap resevwa a ap di w kisa pou w fè pou yon apèl Nivo 4.

Apèl Nivo 4 Konsèy Apèl (Konsèy) Medicare la ap egzamine apèl ou a epi ba w yon repons. Konsèy la fè pati gouvnman federal la.

- **Si repons la se wi, pwosesis apèl la fini.** Nou dwe **otorize oswa bay kouvèti medikaman** ke Konsèy la te apwouve a **nan lespas 72 èdtan (24 èdtan pou apèl akselere yo) oswa fè peman an pa pi tapase 30 jou kalandriye** apre nou resevwa desizyon an.
- **Si repons la se non, oswa si Konsèy la refize demann egzaminasyon an, pwosesis apèl la ka oswa ka pa fini.**
 - Si w deside aksepte desizyon sa a ki rejte apèl ou a, pwosesis apèl la fini.
 - Si w pa vle aksepte desizyon an, ou ka gen posibilité pou kontinye nan pwochen nivo pwosesis egzaminasyon an. Si Konsèy la di non pou apèl ou a, notifikasyon w ap resevwa a ap di w si règ yo pèmèt ou ale nan yon apèl Nivo 5 ak kijan pou w kontinye ak yon apèl Nivo 5.

Apèl Nivo 5 Yon jij nan **Tribinal Distri Federal** la ap egzamine apèl ou a.

- Yon jij pral egzamine tout enfòmasyon yo epi deside wi oswa non pou demann ou an. Se yon repons final. Pa gen lòt nivo apèl apre Tribunal Federal Distri a.

Depoze plent

SEKSYON 11 Fason pou fè yon plent sou kalite swen an, tan datant yo, sèvis kliyan an oswa lòt preyokipasyon

Seksyon 11.1 Ki kalite pwoblèm ke pwosesis plent la trete?

Yo itilize pwosesis plent lan sèlman pou yon seri kalite pwoblèm. Sa gen ladan pwoblèm sou kalite swen, tan datant ak sèvis kliyan an. Men kèk egzanp kalite pwoblèm ke pwosesis plent la trete.

Plent	Egzanp
Kalite swen medikal ou a	<ul style="list-style-type: none"> Èske w pa kontan ak kalite swen ou te jwenn la (ki gen ladan l swen nan lopital la)?
Respè konfidansyalite w	<ul style="list-style-type: none"> Èske gen moun ki pa t respekte dwa w ak konfidansyalite oswa ki te pataje enfòmasyon konfidansyèl ou?
Mank respè, move sèvis kliyantèl, oswa lòt konpòtman negatif	<ul style="list-style-type: none"> Èske gen moun ki te fè malelve avè w oswa derespekte w? Èske w pa kontan ak Sèvis pou Manm nou an? Èske w santi ke y ap ankouraje w kite plan an?
Tan datant yo	<ul style="list-style-type: none"> Èske w gen difikilte pou jwenn yon randevou oswa ou tann twòp pou w jwenn li? Èske doktè yo, famasyen yo oswa lòt pwofesyonèl swen sante yo fè w rete tann twòp? Oswa Sèvis pou Manm nou an oswa lòt manm pèsònèl nan plan nou an? <ul style="list-style-type: none"> - Egzanp yo gen ladan yo tann twòp nan telefòn, nan sal datant la oswa sal egzamen an oswa pou jwenn yon preskripsyon.
Pwòpte	<ul style="list-style-type: none"> Èske ou pa kontan ak pwòpte oswa eta yon klinik, lopital oswa biwo doktè?
Enfòmasyon ou jwenn nan men nou	<ul style="list-style-type: none"> Èske gen yon avi nesesè ke nou pa t ba ou? Èske enfòmasyon ekri nou yo difisil pou konprann?
Respè delè yo (Tout kalite plent sa yo lye ak respè delè yo nan aksyon nou yo ki lye ak desizyon ak apèl sou kouvèti yo)	<p>Si w te mande yon desizyon sou kouvèti oswa ou te fè yon apèl epi ou panse ke nou pap reponn ase rapid, ou ka depoze yon plent sou lantè nou. Men kèk egzanp:</p> <ul style="list-style-type: none"> Ou mande nou yon desizyon kouvèti <i>rapid</i> oswa yon apèl <i>rapid</i>, epi nou te di non; ou ka depoze yon plent. Ou panse nou pap respekte delè pou desizyon kouvèti ak apèl yo; ou ka depoze yon plent. Ou panse nou pap respekte delè pou kouvri oswa ranbouse w pou sèten atik oswa sèvis medikal oswa medikaman ki te apwouve; ou ka depoze yon plent. Ou panse nou pa respekte delè obligatwa yo pou transfere ka w la bay òganizasyon egzaminasyon endependan an; ou ka depoze yon plent.

Seksyon 11.2 Kijan pou w depoze yon plent

Ekspresyon Jiridik:

- Epitou, yo rele yon **plent** yon **doleyans**.
- **Depoze yon plent** rele **depoze yon doleyans**.
- **Itilize pwosesis la pou plent** rele **itilize pwosesis la pou depoze yon doleyans**.
- Yon **plent rapid** rele yon **doleyans akselere**.

Etap 1: Kontakte nou rapid – swa nan telefòn, swa alekri.

- **An jeneral, rele Sèvis pou Manm yo** nan 800-794-5907 (Itilizatè TTY yo rele 711) **se premye etap la**. Si gen nenpòt lòt bagay ou gen pou w fè, Sèvis pou Manm yo nan ap fè w konnen.
- **Si w pa vle rele (oswa ou rele epi w pa satisfè), ou kapab mete plent la alekri epi voye li ban nou.** Si w mete plent ou an alekri, nou ap reponn plent ou an alekri.
- **Enstriksyon pou Depoze yon Doleyans**

Pou depoze yon doleyans vèbal rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (TTY: 711).

Voye yon doleyans ekri bay:

Plent konsènan Swen Medikal oswa medikaman Part D:

CarePlus Grievances and Appeals Dept.

P.O. Box 14165

Lexington, KY 40512-4165

Plent Pou Sèvis swen Dantè:

HumanaDental for CarePlus

P.O. Box 14165

Lexington, KY 40512-4165

Lè w ap depoze yon doleyans, tanpri bay:

- Non
- Adrès
- Nimewo telefòn
- Nimewo idantifikasyon manm
- Yon rezime plent la ak nenpòt kontak ou te genyen avè nou anvan ki gen rapò ak plent la
- Aksyon w ap mande nou fè a
- Yon siyati pa w oswa reprezantan otorize w la ak dat la. Si w vle pou yon zanmi, yon fanmi, doktè w oswa lòt pwofesyonèl swen sante, oswa yon lòt moun vin reprezantan w, rele Sèvis pou Manm yo nan (nimewo telefòn yo ekri nan do kouvèti ti liv sa a) epi mande fòm *Deziyasyon Reprezantan* an. (Fòm la disponib sou sitwèb Medicare la tou nan www.cms.gov/Medicare/CMS-Forms/CMS-Forms/downloads/cms1696.pdf oswa sou sitwèb nou an nan Careplushealthplans.com/representative.) Fòmilè a bay moun sa a pèmisyon pou l aji nan non w. Ou menm ak moun ou ta renmen aji nan non w lan dwe siyen l. Ou dwe ba nou yon kopi fòm ki siyen an.

- **Opsyon pou Egzaminasyon Rapid Doleyans ou a**

Ou ka mande yon revizyon rapid epi n ap reponn nan lespas 24 èdtan apre nou fin resevwa demann ou an, si doleyans ou a konsène youn nan sikonstans ki annapre yo:

- Nou pwolonje delè pou fè yon detèminasyon/rekonsiderasyon òganizasyon epi ou panse ou bezwen yon desizyon ki pi rapid. Nou pa ka pran tan anplis pou n pran yon desizyon si demann ou an se pou yon medikaman Pati B.
- Nou refize demann ou an pou yon egzaminasyon rapid yon desizyon òganizasyon/kouvèti 72 èdtan.
- Nou refize demann ou an pou yon egzaminasyon rapid yon apèl 72 èdtan.

Li pi bon pou rele Sèvis pou Manm nan si w vle mande yon egzaminasyon rapid doleyans ou a. Si w voye demann ou an atravè lapòs, n ap rele w pou di w nou resevwa l.

- **Kit ou rele oswa ou ekri, ou ta dwe kontakte Sèvis Manm yo touswit.** Ou ka depoze yon plent nenpòt ki lè apre ou fin rankontre pwoblèm ou vle pote plent lan pou li a.

Etap 2: Nou analize plent ou a epi nou ba w repons nou.

- **Si sa posib, n ap reponn ou touswit.** Si w rele nou pou depoze yon plent, nou ka gen posibilité pou reponn ou nan menm apèl telefonik la.
- **Pifò plent yo jwenn repons nan limit 30 jou kalandriye.** Si nou bezwen plis enfòmasyon epi ke reta a nan pi bon enterè w oswa si w mande plis tan, nou ka pran jiska 14 jou kalandriye anplis (44 jou kalandriye total) pou reponn ak plent ou a. Si nou deside pran jou anplis, n ap di w sa alekri.
- **Si w ap depoze yon plent poutèt nou refize demann ou pou yon desizyon sou kouvèti rapid oswa yon apèl rapid, n ap ba w yon plent rapid yon fason otomatik.** Si w gen yon plent rapid, sa vle di n ap ba w yon repons nan **lespas 24 èdtan**.
- **Si nou pa dakò** ak yon pati oswa tout plent ou a oswa si nou pa pran responsabilite pwoblèm ou depoze plent pou li a, n ap mete rezon nou yo nan repons n ap ba ou a.

Seksyon 11.3	Ou ka depoze plent pou kalite swen an tou nan Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a
---------------------	--

Lè plent ou a konsène kalite swen, ou gen 2 opsyon anplis:

- **Ou ka depoze plent ou a dirèkteman nan Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a.** Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a se yon gwoup doktè pratikan ak lòt ekspè swen sante ke gouvènman Federal la peye pou verifye epi amelyore swen yo bay pasyan Medicare yo. Chapit 2 gen enfòmasyon sou kowòdone pou kontak yo.

Oswa

- **Ou ka depoze plent ou a ni nan Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a, ni ba nou, menm lè a.**

Seksyon 11.4 Ou ka rapòte plent ou a bay Medicare ak Medicaid tou

Ou kapab depoze yon plent pou CareNeeds Extra (HMO D-SNP) dirèkteman bay Medicare. Pou soumèt yon plent bay Medicare, ale sou www.Medicare.gov/my/medicare-complaint. Epitou ou ka rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY/TDD yo dwe rele 1-877-486-2048.

Ou kapab tou soumèt yon plent konsènan CareNeeds Extra (HMO D-SNP) dirèkteman bay ajans Medicaid eta ou a. Pou soumèt yon plent, ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte Florida Medicaid nan Anèks A nan do dokiman sa a.

CHAPIT 10:

Kanpe abònman nan plan nou an

SEKSYON 1 Kanpe abònman ou nan plan nou an

Kanpe abònman ou nan CareNeeds Extra (HMO D-SNP) kapab **volontè** (pwòp chwa pa ou) oswa **envolontè** (se pa chwa pa ou):

- Ou ka kite plan nou an paske ou deside ke ou vle soti ladann. Seksyon 2 ak 3 bay enfòmasyon sou fason pou kanpe abònman ou volontèman.
- Gen sitiyasyon limite tou kote nou egzije w kanpe abònman w lan. Seksyon 5 lan enfòme w sou sitiyasyon kote nou ka kanpe abònman w lan.

Si w ap kite plan nou an, plan nou an dwe kontinye ba ou swen medikal ak medikaman sou preskripsiyan ou yo epi w ap kontinye peye pataj frè w la jiskaske abònman w lan kanpe.

SEKSYON 2 Kijan ou ka kanpe abònman ou nan plan nou an?

Seksyon 2.1	Ou ka anmezi pou kanpe abònman w lan paske ou genyen Medicare ak Medicaid
--------------------	--

- Pifò moun ki genyen Medicare ka kanpe abònman yo a sèlman pandan sèten tan nan ane a. Paske w genyen Medicaid, ou ka kanpe abònman w nan plan nou an, pou fè sa chwazi youn nan opsyon Medicare annapre yo nenpòt ki mwa nan ane a.
 - Original Medicare avèk yon plan Medicare pou medikaman sou preskripsiyan separe,
 - Original Medicare san yon plan Medicare separe pou medikaman sou preskripsiyan (Si ou chwazi opsyon sa a epi resewwa Èd Siplementè [Extra Help], Medicare ka enskri w nan yon plan pou medikaman, sof si ou te refize enskripsiyan otomatik la.), oswa
 - Si w kalifye, yon D-SNP entegre ki ba w Medicare ak pifò oswa tout avantaj ak sèvis Medicaid ou yo nan yon sèl plan.

Nòt: Si ou anile enskripsiyan w nan kouvèti Medicare pou medikaman epi ou pase yon peryòd 63 jou oswa plis san yon kouvèti admisib pou medikaman, ou ka gen pou peye yon penalite pou enskripsiyan anreta nan Part D si ou antre nan plan Medicare pou medikaman an apre sa.

- Rele Florida Medicaid pou jwenn enfòmasyon sou opsyon plan Medicaid ou yo (nimewo telefòn yo nan Chapit 2, Seksyon 6 nan dokiman sa a).
- Lòt opsyon plan sante Medicare yo disponib pandan **Peryòd Enskripsiyan Lib la**. Seksyon 2.2 a di ou plis sou Peryòd Enskripsiyan Lib la.

- Anjeneral, abònman w lan kanpe nan premye jou nan mwa apre nou jwenn demann ou fè pou chanje plan w yo.** Enskripsyon ou nan novo plan ap kòmanse tou nan jou sa a.

Seksyon 2.2 **Ou ka kanpe abònman w lan pandan Peryòd Enskripsyon Lib la**

Ou ka kanpe abònman ou a pandan **Peryòd Enskripsyon Lib** la chak ane. Pandan tan sa a, egzamine kouvèti sante w ak medikaman w la epi pran desizyon sou kouvèti pou ane k ap vini an.

- Peryòd Enskripsyon Lib** la se apati **15 oktòb jiska 7 desanm.**
- Chwazi pou kontinye kouvèti aktyèl ou a oswa fè chanjman nan kouvèti w la pou ane k ap vini an.** Si ou deside chanje pou ale nan yon novo plan, ou ka chwazi nenpòt nan kategori plan sa yo:
 - Yon lòt plan sante Medicare ki genyen oswa ki pa genyen kouvèti pou medikaman.
 - Original Medicare avèk yon plan Medicare pou medikaman separe.
 - Original Medicare san yon plan Medicare separe pou medikaman.
 - Si w kalifye, yon D-SNP entegre ki ba w Medicare ak pifò oswa tout avantaj ak sèvis Medicaid ou yo nan yon sèl plan.

Ou jwenn Èd Siplementè (Extra Help) nan men Medicare pou peye medikaman sou preskripsioun ou yo. Si ou chanje pou ale nan Original Medicare epi ou pa enskri nan yon plan Medicare separe pou medikaman sou preskripsioun, Medicare ka enskri w nan yon plan pou medikaman sof si ou pa aksepte enskripsioun otomatik la.

Not: Si ou anile enskripsioun w nan kouvèti Medicare pou medikaman, ou pa resevwa Èd Siplementè (Extra Help) ankò epi ou pase 63 jou oswa plis youn apre lòt san yon kouvèti admisib pou medikaman, ou ka gen pou peye yon penalite pou enskripsioun anreta nan Part D si ou antre nan plan Medicare pou medikaman an apresa.

Abònman w lan ap kanpe nan plan nou an lè novo plan kouvèti w la kòmanse 1ye janvye.

Seksyon 2.3 **Ou ka kanpe abònman w lan pandan Peryòd Enskripsyon Lib Medicare Advantage la**

Ou ka fè yon chanjman nan kouvèti sante w la pandan **Peryòd Enskripsyon Lib Medicare Advantage la** chak ane.

- Peryòd Enskripsioun Lib Medicare Advantage la** kòmanse 1ye janvye jiska 31 mas epi pou novo benefisyè Medicare yo tou ki enskri nan yon plan MA, apati mwa admisibilite nan Part A ak Part B jiska dènye jou 3yèm mwa admisibilite a.
- Pandan Peryòd Enskripsioun Lib Medicare Advantage la** ou ka:
 - Chanje pou ale nan yon lòt Plan Medicare Advantage ki genyen oswa ki pa genyen kouvèti pou medikaman.
 - Anile enskripsioun w nan plan nou an epi jwenn kouvèti atravè Original Medicare. Si ou chanje pou ale nan Original Medicare pandan peryòd sa a, ou ka antre tou nan yon plan Medicare separe pou medikaman pou menm moman a.

- **Abònman w lan ap kanpe** nan premye jou nan mwa apre ou enskri nan yon plan Medicare Advantage ki diferan oswa lè nou resevwa demann ou fè pou chanje pou Original Medicare la. Si ou chwazi tou pou enskri nan yon plan Medicare pou medikaman abònman w nan plan medikaman an ap kòmanse premye jou mwa ki vini apre plan medikaman resevwa demann enskripsyon w lan.

Seksyon 2.4**Nan sèten sitiyasyon, ou ka kanpe abònman w lan pandan yon Peryòd
Enskripsiyon Espesyal**

Nan sèten sitiyasyon, ou ka elijib pou kanpe abònman w lan nan lòt moman nan ane. Yo konnen sa a sou non yon **Peryòd Enskripsiyon Espesyal**.

Ou ka elijib pou kanpe abònman w lan pandan yon Peryòd Enskripsiyon Espesyal si nenpòt nan sitiyasyon sa yo aplike pou ou. Sa yo se kèk egzanp. Pou jwenn yon lis konplè ou ka kontakte plan an, rele Medicare, oswa vizite [Medicare.gov](#):

- Anjeneral, lè ou demenaje.
- Si ou genyen Florida Medicaid.
- Si ou elijib pou Èd Siplementè (Extra Help) pou ede peye pou kouvèti medikaman Medicare ou yo.
- Si nou vyole kontra nou an avèk ou.
- Si w ap resevwa swen nan yon enstitisyon, tankou yon etablisman swen enfimye oswa lopital swen alontèm (LTC).
- Si ou enskri nan Pwogram Swen Konplè pou Moun Aje (PACE).
- **Nòt:** Si ou nan yon pwogram jesyon medikaman, nou ka sèlman elijib pou sèten Peryòd Enskripsiyon Espesyal. Chapit 5, Seksyon 10 la di ou plis sou pwogram jesyon medikaman yo.
- **Nòt:** Seksyon 2.1 a di ou plis sou peryòd enskripsiyon espesyal la pou moun ki gen Medicaid.

Peryòd delè enskripsiyon yo varye toudepann de sitiyasyon w lan.

Pou chèche konnen si ou elijib pou yon Peryòd Enskripsiyon Espesyal, rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048. Si ou elijib pou kanpe abònman w lan akoz yon sitiyasyon espesyal, ou ka chwazi chanje ni kouvèti asirans sante Medicare ou a ni kouvèti pou medikaman an. Ou ka chwazi:

- Yon lòt plan sante Medicare ki genyen oswa ki pa genyen kouvèti pou medikaman sou preskripsiyon,
- Original Medicare avèk yon plan Medicare pou medikaman separe,
- Original Medicare san yon plan Medicare separe pou medikaman.
- Si w kalifye, yon D-SNP entegre ki ba w Medicare ak pifò oswa tout avantaj ak sèvis Medicaid ou yo nan yon sèl plan.

Nòt: Si ou anile enskripsiyon w nan kouvèti Medicare pou medikaman an, ou pa resevwa Èd Siplementè (Extra Help) ankò epi ou pase 63 jou youn apre lòt oswa plis jou san yon kouvèti admisib pou medikaman sou

preskripsiyon, ou ka gen pou peye yon penalite pou enskripsiyon anreta nan Part D si ou antre nan plan Medicare pou medikaman an apre sa.

Si ou resevwa Èd Siplemantè (Extra Help) nan men Medicare pou peye medikaman ou yo: Si ou chanje pou ale nan Original Medicare epi ou pa enskri nan yon plan Medicare separe pou medikaman, Medicare ka enskri w nan yon plan pou medikaman sof si ou pa aksepte enskripsiyon otomatik la.

Anjeneral, abònman w lan ap kanpe nan premye jou nan mwa apre demann ou a pou chanje plan nou an.

Nòt: Seksyon 2.1 ak 2.2 di ou plis sou peryòd enskripsiyon espesyal la pou moun ki gen Medicaid ak Èd Siplemantè (Extra Help).

Seksyon 2.5 Jwenn plis enfòmasyon sou kilè ou ka kanpe abònman w lan

Si w gen kesyon sou fason pou kanpe abònman w lan ou kapab:

- **Rele Sèvis pou Manm yo** nan 800-794-5907 pou enfòmasyon adisyonèl. (Itilizatè TTY yo rele 711).
- Jwenn enfòmasyon an nan manyèl **Medicare ak Ou 2026 (Medicare & You 2026)**.
- Rele **Medicare** nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), (itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048).

SEKSYON 3 Kijan pou kanpe abònman ou nan plan nou an

Tablo anba a eksplike kijan ou ka kanpe abònman ou nan plan nou an.

Si ou ta renmen chanje pou soti nan plan nou an pou:	Men kisa ou ta dwe fè:
Ale nan yon lòt plan sante Medicare.	<ul style="list-style-type: none"> Enskri nan nouvo plan sante Medicare la. Yo pral dezenskri w otomatikman nan CareNeeds Extra (HMO D-SNP) lè nouvo plan w lan kòmanse.
Original Medicare avèk yon plan Medicare pou medikaman separe.	<ul style="list-style-type: none"> Enskri nan nouvo plan Medicare pou medikaman. Yo pral dezenskri w otomatikman nan CareNeeds Extra (HMO D-SNP) lè kouvèti nouvo plan w lan kòmanse.
Original Medicare san yon plan Medicare separe pou medikaman.	<ul style="list-style-type: none"> Voye yon demann alekri bannou pou nou dezenskri w. Rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 pou enfòmasyon adisyonèl. (Itilizatè TTY yo rele 711.) si w bezwen plis enfòmasyon sou fason pou w fè sa. Epitou ou ka kontakte Medicare, nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), epi mande pou yo dezenskri w. Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048. Yo pral dezenkri w nan CareNeeds Extra (HMO D-SNP) lè kouvèti w nan Original Medicare la kòmanse.

Nòt: Si ou anile enskripsyon w nan kouvèti Medicare pou medikaman, ou pa resevwa Èd Siplemantè (Extra Help) ankò epi ou pase 63 jou oswa plis youn apre lòt san yon kouvèti admisib pou medikaman, ou ka gen pou peye yon penalite pou enskripsyon anreta nan Part D si ou antre nan plan Medicare pou medikaman an apresa.

Pou kesyon konsènan avantaj Florida Medicaid ou yo, rele Florida Medicaid. Ou kapab jwenn enfòmasyon kontak pou Florida Medicaid nan "Anèks A" ki nan do dokiman sa a. Mande kijan enskripsyon nan lòt plan oswa retounen nan Original Medicare afekte fason ou gen kouvèti Florida Medicaid ou a.

SEKSYON 4

Jiskaske abònman w lan kanpe, ou dwe kontinye jwenn atik medikal ou yo, sèvis ak medikaman yo atravè plan nou an

Jiskasje abònman w nan CareNeeds Extra (HMO D-SNP) kanpe, epi nouvo kouvèti Medicare ak Medicaid ou a kòmanse, ou dwe kontinye resevwa sèvis, atik medikal ou yo ak medikaman sou preskripsyon w yo atravè plan nou an.

- **Kontinye itilize pwofesyonèl swen sante rezo nou an pou jwenn swen medikal.**
- **Kontinye itilize famasi ki nan rezo nou an oswa kòmann pa lapòs pou ranpli preskripsyon ou yo.**
- **Si ou ospitalize nan jou abònman w lan kanpe a, plan nou an ap kouvri sejou w nan lopital la jiskaske ou egzeyate** (menm si ou egzeyate apre nouvo kouvèti asirans sante w la kòmanse).

SEKSYON 5

CareNeeds Extra (HMO D-SNP) dwe kanpe abònman w nan sèten sitiayson

CareNeeds Extra (HMO D-SNP) dwe kanpe abònman w nan plan an si gen nenpòt nan bagay sa yo ki rive:

- Ou pa genyen Medicare Part A ak Part B ankò.
- Ou pa elijib pou Medicaid ankò. Jan li dekri nan Chapit 1, Seksyon 2.1 an, plan nou an se pou moun ki elijib alafwa pou Medicare ak Medicaid. Si ou pa elijib pou plan an ankò, abònman w lan ap kanpe apre yon peryòd siplemantè 6 mwa. W ap resevwa yon lèt ki eksplike ke nou dwe anile enskripsyon w nan plan nou an si ou pa rejwenn elijibilite w pou asistans Florida Medicaid nan lespas peryòd gras la.
- Si ou pa peye depans montan eksedantè medikal ou a, si li aplikab
- Si ou soti kite zòn sèvis nou an
- Si ou lwen zòn sèvis nou an pou plis pase 6 mwa
 - Si w demenaje oswa ou vwayaje pou yon peryòd tan ki long, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 pou enfòmasyon adisyonèl. (utilizatè TTY yo rele 711 pou konnen si kote w prale oswa w ap vwayaje a fè pati zòn sèvis plan nou an.
- Si yo anprizonnen (ou ale nan prizon)
- Si ou pa yon sitwayen Ameriken ankò oswa ou pa preznan legalman Ozetazini

- Si ou bay manti oswa ou pa bay enfòmasyon sou lòt asirans ou genyen ki ba ou kouvèti pou medikaman
- Si ou fè ekspre pou bannou enfòmasyon ki pa kòrèk lè w ap enskri nan plan nou an epi enfòmasyon sa a afekte elijibilite ou pou plan nou an. (Nou pa ka fè w kite plan nou an pou rezon sa a sof si nou jwenn otorizasyon nan men Medicare anvan.)
- Si ou kontinye konpòte w nan yon fason ki pètibe e ki lakoz li difisil pou nou founi swen medikal pou ou menm ak lòt manm plan nou an. (Nou pa ka fè w kite plan nou an pou rezon sa a sof si nou jwenn otorizasyon nan men Medicare anvan.)
- Si ou kite yon lòt moun itilize kat abònman ou an pou jwenn swen medikal. (Nou pa ka fè w kite plan nou an pou rezon sa a sof si nou jwenn otorizasyon nan men Medicare anvan.)
 - Si nou kanpe abònman w lan poutèt rezon sa a, Medicare ka fè yon Enspektè Jeneral mennen envestigasyon sou ka w la.

Si w gen kesyon oswa w ta renmen plis enfòmasyon sou kilè nou ka kanpe abònman w lan, rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711).

Seksyon 5.1

Nou pa ka mande w pou w kite plan nou an pou nenpòt rezon ki gen rapò ak sante w

CareNeeds Extra (HMO D-SNP) pa gen dwa mande w pou w kite plan nou an pou okenn rezon ki gen rapò ak sante.

Kisa ou ta dwe fe si sa rive?

Si ou santi n ap mande w kite plan nou an akoz yon rezon ki gen rapò ak sante, rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) (utilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048).

Seksyon 5.2

Se dwa w pou soumèt yon plent si nou kanpe abònman w nan plan nou an

Si nou kanpe abònman w nan plan nou an, nou dwe ba ou alekri rezon ki fè nou kanpe abònman w lan. Nou dwe eksplike w tou kijan ou ka soumèt yon doleyans oswa soumèt yon plent konsènan desizyon ou pran pou n kanpe abònman w lan.

CHAPIT 11:

Avi Legal

SEKSYON 1 Avi sou lwa ki aplikab la

Lwa prensipal ki aplike pou dokiman *Prèv sou Kouvèti* sa a se Tit XVIII Lwa sou Sekirite Sosyal la ak règlementasyon selon Lwa sou Sekirite Sosyal la ke Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (CMS) la kreye. Anplis de sa, lòt lwa federal ka aplike ak, nan sèten sikonstans, lwa eta w ap viv ladann nan. Sa a a afekte dwa w ak responsabilite w menm si yo pa enkli oswa eksplike lwa yo nan dokiman sa a.

SEKSYON 2 Avi sou non-diskriminasyon

Nou pa fè diskriminasyon sou baz ras, etnisite, orijin nasional, koulè po, reliyon, sèks, laj, andikap mantal oswa fizik, estati sante, eksperyans nan zafè reklamasyon, istorik medikal, enfòmasyon jenetik, prèv sou asirabilite, oswa lokalizasyon jewografik nan zòn sèvis la. Tout òganizasyon ki ofri plan Medicare Advantage, tankou nou menm yo, lwa federal ki entèdi diskriminasyon yo, sa gen ladann Tit VI Lwa 1964 sou Dwa Sivil la, Lwa 1973 sou Reyabilitasyon an, Lwa 1975 sou Diskriminasyon kont Laj la, Lwa sou Ameriken ki gen Andikap la, Sesyon 1557 Lwa sou Swen Abòdab la, ak lòt lwa ki aplike pou òganizasyon ki jwenn finansman federal yo, ak nenpòt lòt lwa ak règleman ki aplike pou nenpòt lòt rezon.

Si ou vle plis enfòmasyon oswa si ou gen enkyetid sou diskriminasyon oswa tretman ki pa ekitab, rele **Biwo pou Dwa Sivil** Depatman Sante ak Sèvis Sosyal la nan 1-800-368-1019 (TTY 1-800-537-7697) oswa Biwo pou Dwa Sivil lokal ou a. Epitou, ou ka egzaminen enfòmasyon ki nan Biwo pou Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (Department of Health and Human Services' Office for Civil Rights) la nan www.HHS.gov/ocr/index.html.

Si w gen yon andikap epi bezwen èd pou gen aksè a swen, tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY yo dwe rele 711). Si ou gen yon plent oswa yon pwoblèm pou jwenn aksè ak chèz woulant, Sèvis pou manm lan kapab ede w.

SEKSYON 3 Avi sou dwa sibwogasyon Medicare pou Dezyèm Moun ki Peye a

Nou gen dwa ak responsabilite pou n kolekte sèvis Medicare ki kouvri yo Medicare pa peyè prensipal pou yo a. Annakò ak règleman CMS nan seksyon 42 CFR seksyon 422.108 ak 423.462 yo, CareNeeds Extra (HMO D-SNP), antanke yon Òganizasyon Medicare Advantage, pral egzèse menm dwa pou reklamasyon ke sa Sekretè a egzèse yo annakò ak règleman CMS yo nan soupati B jiska D yo nan Part 411 nan 42 CFR epi règ ki etabli nan seksyon sa a ranplase nenpòt lwa Eta yo.

SEKSYON 4 Avi Siplemantè sou Sibwogasyon (Koleksyon nan men yon Tyès Pati)

Dwa nou pou n reklame peman

Si nou peye yon reklamasyon pou ou, nou gen dwa sibwogasyon. Se yon dispozisyon asirans ki komen anpil ki vle di nou gen dwa pou n reklame montan nou etye pou reklamasyon w nan men nenpòt tyès pati ki responsab pou

depans medikal oswa avantaj ki gen rapò ak blesi, maladi oswa kondisyon w. Ou sede nou dwa w pou pran aksyon legal kont nenpòt tyès pati ki responsab, epi ou dakò pou:

1. Bay tout emfòmasyon enpòtan nou mande; ak
2. Patisipe nan tout faz aksyon legal, tankou dekouvèt, depozisyon ak temwanyaj nan pwosè, si sa nesesè.

Si ou pa koopere avèk nou menm oswa reprezantan nou yo, oswa ou fè nenpòt bagay ki entèfere ak dwa nou yo, nou ka pran aksyon legal kont ou. Ou dakò tou pou pa ede dwa w pou pran aksyon legal bay yon lòt moun san konsantman ekri nou.

Dwa nou pou ranbouse nou

Nou gen dwa tou pou ranbouse n si yon tyès pati ki responsab peye w dirèkteman. Si ou resevwa nenpòt montan antanke yon jijman, règleman oswa lòt peman nan men nenpòt tyès pati, ou dwe ranbouse nou tousuit, jiska montan nou te peye pou reklamasyon w lan.

Dwa nou yo pase anvan tout lòt bagay

Dwa nou pou n reklame ak pou yo ranbouse nou gen priyorite sou lòt reklamasyon, e yo p ap afekte akoz nenpòt doktrin ekitab. Sa vle di, nou gen dwa pou n reklame montan nou peye a, menm si tyès pati ki responsab la pat dedomaje w pou tout depans ki gen rapò ak blesi oswa maladi w la. Si ou pa dakò ak efò nou pou n reklame peman, ou gen dwa pou w konteste desizyon nou an nan Chapit 9 la.

Nou pa oblige chèche jwenn ranbousman oswa parn aksyon legal kont yon tyès pati, kit se pou pwòp avantaj nou oswa nan non ou. Dwa nou nan kad lwa Medicare ak *Prèv sou Kouvèti* sa a p ap afekte si nou pa patisipe nan okenn aksyon legal ou pran ki gen rapò ak blesi w, maladi oswa kondisyon w.

SEKSYON 5 Avi sou kowòdinasyon avantaj yo

Poukisa nou bezwen konnen si ou genyen lòt kouvèti?

Nou kowòdone avantaj ou yo annakò ak règleman Medicare sou Dezyèm Moun Ki Peye a, ki pèmèt nou faktire, oswa otorize yon pwofesyonèl swen sèvis pou li faktire, lòt konpayi asirans, plan yo, politik yo, anplwayè yo, oswa lòt antite lè lòt moun ki peye a responsab pou peman sèvis yo te founi w la. Nou otorize tou pou yo chaje oswa faktire w pou montan lòt moun ki peye a te gentan peye w pou sèvis sa yo. Se Pwogram Medicare la annakò ak règleman Medicare sou Dezyèm Moun ki Peye a ki akòde nou dwa sa.

Kiyès ki peye anpremye lè ou genyen yon lòt kouvèti?

Lè ou genyen kouvèti adisyonèl, fason nou kowòdone kouvèti w la depann de sitiyasyon w. Avèk kowòdinasyon avantaj yo, w ap souvan jwenn swen ou yo kòm dabitid atravè pwofesyonèl swen sante plan nou yo, epi lòt plan oswa plan ou genyen yo ap jis ede peye pou swen ou resevwa. Si ou genyen kouvèti sante an gwoup, ou kapab maksimize avantaj ki disponib pou ou yo si ou itilize pwofesyonèl swen sante ki patisipe nan plan an gwoup ou a **ak** plan nou an. Nan lòt ka, tankou pou avantaj plan nou an pa kouvri yo, ou ka jwenn swen andeyò plan nou an.

Gwoup plan sante anplwayè ak sendika anplwaye

Pafwa, yon plan sante an gwoup dwe ba ou avantaj sante yo anvan nou ba ou avantaj sante w yo. Sa rive si:

- Ou gen kouvèti anba yon gwoup plansante (ki gen ladann ni plan anplwayè a ni plan sendika anplwaye a) ni dirèkteman ni atravè konjwen ou, epi

- Anplwayè a genyen ven (20) oswa plis anplwaye (jan règ Medicare yo detèmine l la), epi
- Medicare pa kouvri ou akòz yon andikap oswa Maladi Renal ki nan Faz Tèminal (ESRD).

Si anplwayè a gen mwens pase ven (20) anplwaye, anjeneral n ap ba ou avantaj sante prensipal yo. Si ou gen kouvèti pou moun ki retrete anba yon gwo gwoup plan sante, kit se dirèkteman oswa atravè konjwen ou, gwo gwoup plan sante w la dwe ba ou avantaj sante yo anvan nou bay avantaj sante w yo. Règ espesyal yo aplike si ou genyen oswa ou devlope ESRD.

Gwoup plan sante anplwayè ak sendika anplwaye pou moun ki gen andikap

Si ou gen kouvèti anba yon gwo gwoup plan sante, epi ou gen Medicare paske ou gen yon andikap, anjeneral n ap ba ou avantaj sante prensipal ou yo. Sa rive si:

- Ou gen mwens pase laj 65 lane, epi
- Ou pa genyen ESRD, epi
- Ou pa gen kouvèti dirèkteman oswa atravè konjwen ou anba yon gwo gwoup plan sante.

Yon gwo gwoup plan sante se yon plan sante ke yon anplwayè ki gen 100 anplwaye oswa plis ofri, oswa ke yon anplwayè ki fè pati yon plan milti anplwayè ofri lè nenpòt anplwayè k ap patisipe nan plan an genyen 100 anplwaye oswa plis. Si ou gen kouvèti anba yon gwo gwoup plan sante, kit se dirèkteman oswa atravè konjwen ou, gwo gwoup plan sante w la dwe ba ou avantaj sante yo anvan nou bay avantaj sante w yo Sa rive si:

- Ou pa genyen ESRD, epi
- Ou genyen mwens pase laj 65 lane epi ou gen Medicare sou baz yon andikap.

Nan ka sa yo, n ap bay avantaj sa yo sèlman ke yon gwo gwoup plan sante anplwayè w la pa kouvri. Règ espesyal yo aplike si ou genyen oswa ou devlope ESRD.

Gwoup plan sante anplwayè ak sendika anplwaye pou moun ki gen Maladi Renal nan Faz Tèminal (ESDR)

Si ou elijib oswa ou vin eleijib pou Medicare akòz ESDR epi ou gen kouvèti anba gwoup plan sante yon anplwayè oswa sendika anplwaye, kit se dirèkteman oswa atravè konjwen ou, gwoup plan sante w la responsab pou li ba ou avantaj pou swen prensipal yo pou premye trant (30) mwa yo apre ou bin elijib pou Medicare akòz ESDR ou a. N ap ba ou deyèm kouvèti a pandan peryòd sa a epi n ap ba ou kouèti prensipal la apre. Si ou déjà nan Medicare akòz laj ou oswa andikap ou lè ou devlope EDR , n ap ba ou kouèti prensipal la.

Konpansasyon Travayè ak pwogram similè

Si ou te soufri maladi oswa sibi blesi ki gen rapò ak travay ou epi avantaj pou konpansasyon travayè yo disponib pou ou, konpansasyon travayè a dwe bay avantaj li yo anvan pou nenpòt depans pou swen sante ki gen rapò ak maladi oswa blesi ki gen rapò ak travay ou anvan nou bay nenpòt avantaj nan kad Prèv sou Kouvèti sa a pou sèvis nou bay ki gen rapò ak maladi oswa blesi ki lye ak travay ou a.

Aksidan ak blesi

Règl Medicare sou Moun ki Peye Andezyèm yo aplike si ou te fè yon aksidan oswa ou te soufri yon blesi. Si avantaj nan kad kouvèti "Med Pay," non responsabilite, otomobil, aksidan oswa automobile, oswa responsabilite civil disponib pou ou, konpayi kouvèti asirans "Med Pay," non responsabilite, otomobil, aksidan oswa automobile, oswa

responsabilite sivil a dwe bay avantaj li yo anvan pou nenpòt depans pou swen sante ki gen rapò ak asidan an oswa blesi a anvan nou founi avantaj pou sèvis ki gen rapò ak aksidan oswa blesi w la.

Anjeneral, yo regle reklamasyon pou asirans responsabilite sivil yo byen rapid. Nou ka fè peman kondisyonèl pandanreklamasyon sou responsabilite sivil la annatant. Nou ka resevwa tou yon reklamasyon e nou pa konnen ke zak responsabilite sivil la oswa lòt reklamasyon an annatant. Nan ka sa yo, peman nou yo kondisyonèl. Yo dwe ranbouse nou peman kondisyonèl yo anvan nou resevwa asirans lan oswa peman responsabilite sivil la.

Si ou jwenn reparasyon nan men yon tyès pati pou depans medikal yo, nou gen dwa pou n reklame peman nou te fè yo kèlkeswa kloz ki nan akò règleman yo. Kloz ki daprè yo menm akò a pa prevwa domaj-enterè pou depans medikal yo p ap respekte. N ap kontabilize alokasyon pou peman responsabilite sivil pou pèt ki pa medika sèlman lè peman baze sou yon lòd tribunal sou fon dosye a. Nou p ap chèche reklame nenpòt pati nan yon endamnite ke tribunal la deziyen yon fason apwopriye kòm peman pou pèt ki pa sèvis medikal (egzanm, pèt pwopriyete).

Lè nou founi avantaj sou fòm sèvis, se dwa nou pou yo ranbouse n soubaz valè rezonab avantaj yo founi yo.

Entèdiksyon pou bay avantaj yo andoub

Nou p ap bay okenn avantaj oswa peman andoub ke ou resevwa nan kad nenpòt kouvèti pou machin, aksidan, responsabilite sivil oswa lòt kouvèti. Ou dakò pou avèti nou lè kouvèti sa disponib pou ou, epi se responsabilite w pou pran nenpòt mezi ki nesesè pou resevwa avantaj oswa peman tankou kouvèti pou machin, aksidan, responsabilite sivil oswa lòt kouvèti. Nou ka chèche ranbouse valè rezonab pou nenpòt avantaj nou founi nan ka kote nou te ba w avantaj andoub ke ou gen dwa ak yo nan kad kouvèti sa a. Ou gen obligasyon pou kowopere avèk nou pou jwenn peman nan men nenpòt lòt konpayi asirans oswa kouvèti pou machin, aksidan, oswa responsabilite sivil.

Si nou ba ou avantaj anvan nenpòt kategori kouvèti sante ou ka genyen yo, nou ka chèche reklame avantaj sa yo annakò ak règleman Medicare sou Moun ki Peye Andezyèm. Tanpri, al gade seksyon 4 nan chapit sa a tou, **Avi Siplementè sou Sibwogasyon (Koleksyon nan men yon Tyès Pati)** pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa nou genyen pou n fè reklamasyon an.

Pou plis enfòmasyon

Sa a se yon rezime tou kout li ye. Kit nou peye anvan oswa andezyèm - oswa pa ditou - depann de kalite asirans adisyonèl ou genyen el règ Medicare ki aplike pou ka w la. Pou plis enfòmasyon, al gade bwochi gouvènman pibliye a ki rele "Medicare ak lòt Avantaj Sante yo: Gid Ou sou Moun ki Peye Anvan." Se yon CMS Pub. No. 02179. Asire w ou konsilte vèsyon ki pi resan an. Yo eksplike lòt detay yo nan règleman Medicare sou Moun ki Peye Andezyèm nan, tankou sou fason pou yo detèmine kantite moun yon anplwayè anboche nan objektif kowòdinasyon règ avantaj yo. Yo pibliye règleman yo nan Kòd sou Règlementasyon Federal yo.

Dwa pou kontestasyon

Si ou pa dakò ak nenpòt desizyon oswa akyon plan nou an pran ki gen rapò ak kowòdinasyon avantaj ak règ sou peman ki dekri anwo yo, ou dwe suiv pwosedi yo eksplike nan Chapit 9 la Sa pou fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti a, apèl, plent) nan Prèv sou Kouvèti sa a.

CHAPIT 12:

Definisyon mo enpòtan yo

Sèvis Imajri Avanse - Metòd imajri espesyalize ki pran plis imaj detaye parapò ak radyografi estanda yo. Genyen plizyè kategori sèvis imajri, sa gen ladann Imajri (CT/CAT) pa Tomodansitometri, Anjyografi pa Rezonans Mayetik (MRA), Imajri pa Rezonans Mayetik (MRI), ak Éskanè Tomografi pa Emisyon Pozitwon (PET) oswa lòt teknoloji ki similè.

Montan ki Alwe - Montan maksimòm yon plan ap peye pou yon avantaj swen sante.

Sant Chiriji Anbilatwa - Yon Sant chiriji Anbilatwa se yon antite ki opere eksklizivman nan objektif pou founi sèvis chirijikal ekstèn bay pasyan ki pa oblige ospitalize epi ki atann yo pou sejou yo nan sant lan pa depase 24 èdtan.

Apèl - Yon apèl se yon bagay ou fè si ou pa dakò ak desizyon nou pou n refize yon demann pou kouvèti sèvis swen sante oswa medikaman sou preskripsyon oswa peman pou sèvis oswa medikaman ou jwenn deja. Ou kapab fè yon apèl tou si ou pa dakò ak desizyon kou pran pou n kanpe sèvis w ap jwenn yo.

Peryòd Avantaj - Fason toulède plan nou yo ak Original Medicare evalye kantite fwa ou itilize sèvis lopital ak sèvis etablisman swen enfimye espesyalize (SNF). Yon peryòd avantaj kòmanse nan jou ou ale nan yon lopital oswa nan yon etablisman swen enfimye espesyalize. Peryòd avantaj la fini lè ou pa resevwa okenn swen pou pasyan ki entène lopital (oswa swen espesyalize nan yon SNF) pou 60 jou youn apre lòt. Si ou ale nan yon lopital oswa nan yon etablisman swen enfimye espesyalize apre yon peryòd avantaj fini, yon nouvo peryòd avantaj ap kòmanse. Pa gen limit sou kantite peryòd avantaj la.

Pwodui Biyolojik - Yon medikaman sou preskrisyon ki fèt apati sous natirèl ak vivan tankou selil animan, plant, celil, bakteri oswa levi. Pwodui biyolojik yo pi konpléks pase lòt medikaman yo epi yo pa ka kopye yo egzakteman menm jan, kidonk fòm altènatif yo rele biyosimilè (Ale nan "**Pwodui Biyolojik Orijinal**" ak "**Biyosimilè**").

Biyosimilè - Yon pwodui biyolojik ki sanble anpil, men ki pa menm, ak pwodui biyolojik orijinal la. Biyosimilè yo san danje epi yo efikas menm jan ak pwodui biyolojik orijinal la. Gen kèk biyosimilè ki ka ranplase pwodwi biyolojik orijinal la nan famasi a san yo pa bezwen yon nouvo preskripsiyan, (Gade "**Biyosimilè Entèchanjab**").

Medikaman ki Gen Non Mak - Yon medikaman sou preskripsiyan ke konpayi famasetik la fabrike ak vann ki asire yo te mennen rechèch ak devlope medikaman an alorijin. Medikaman ki gen non mak yo genyen menm fòmil engredyan aktif tankou vèsyon jenerik medikaman an. Men, se lòt fabrikan medikaman ki fabrike ak vann medikaman jenerik yo epi anjeneral yo pa disponib jis apre patant ki sou medikaman ki gen non mak la ekspire.

CarePlus' National Transplant Network (NTN) - Yon rezo etablisman/sant pou transplantasyon CarePlus- ak Medicare awouwe.

Etap Kouvèti Katastwofik - Etap la nan Avantaj pou Medikaman Part D yo ki kòmanse lè ou menm (oswa lòt pati ki kalifye nan non ou) te depanse **\$2,100** pou medikaman Part D ki kouvri yo pandan ane ki kouvri a. Pandan etap peman sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Part D nou ki kouvri yo.

Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare & Medicaid Services, CMS) - se ajans federal k ap dirige Medicare.

Plan pou Bezwèn Espesyal pou Swen Kwonik - C-SNP yo se SNP ki fè restriksyon sou enskripsiyan moun MA ki elijib ki gen maladi kwonik espesifik.

Ko-asirans - Yon montan ou ka oblige peye, ke yo eksprime an pousantaj (pa egzanp 20%) ki se pati pa w nan pataj frè pou sèvis medikal oswa medikaman sou preskripsiyo yo.

Plent - Non fòmèl pou pote yon plent sa vle di **depoze yon doleyans**. Yo itilize pwosesis plent lan sèlman pou sèten kalite pwoblèm. Sa gen ladan pwoblèm sou kalite swen, tan datant, ak sèvis kliyan ou resevwa a. Li gen ladan tou plent si plan nou an pa swiv peryòd tan nan pwosesis apèl la.

Egzamen/Evalyasyon Oral Konplè - Kòd sa a aplike lè yon dantis jeneral ak/oswa espesyalis dantè egzamine pasyan an. Li aplike a: novo pasyan, pasyan etabli ki te gen yon chanjman enpòtan nan kondisyon sante oswa lòt sikonstans etranj, selon rapò, oswa pasyan etabli ki pa te gen tretman aktif pou twa ane oswa plis.

Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki Pa Entène (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facility, CORF) - Yon etablisman ki sitou bay sèvis reyabilitasyon apre yon maladi oswa yon blesi, tankou terapi fizik, sèvis sosyal oswa sikolojik, terapi respiratwa, terapi okipasyonèl ak sèvis patoloji lapawòl, ak sèvis evalyasyon anviwònman lakay ou.

Imajri pa Tomodansitometri Eskanè (CT/CAT) - Konbine itilizasyon yon òdinatè dijital ansanm ak yon aparèy radyografi ki fè wotasyon pou kreye imaj detaye sou koup transvèsal diferan ògàn ak pati kò yo.

Tarif Kontrakte - Tarif plan sante a peye yon pwofesyonèl swen sante rezo oswa yon famasi rezo a pou sèvis ki kouvri oswa medikaman sou preskripsiyo.

Kopeman - Yon montan ou ka oblige peye, ki se pati pa w nan pataj frè pou sèvis medikal oswa materyèl, tankou vizit kay doktè, vizit lopital pou pasyan ekstèn, oswa medikaman sou preskripsiyo yo. Yon kopeman se yon montan lajan fiks (pa egzanp \$10), olye ke yon pousantaj.

Pataj Frè - Pataj frè refere a kantite lajan yon manm dwe peye lè yo resevwa sèvis oswa medikaman. Pataj frè gen ladann nenpòt kombinezon twa kalite peman sa yo: (1) nenpòt montan franchiz yon plan ka enpoze anvan sèvis oswa medikaman yo kouvri; (2) nenpòt montan lajan kopeman fiks ke yon plan mande lè ou resevwa yon sèvis oswa medikaman espesifik; oswa (3) nenpòt montan lajan ko-asirans, yon pousantaj nan kantite lajan total ou peye pou yon sèvis oswa yon medikaman ke yon plan mande lè ou resevwa yon sèvis oswa medikaman espesifik.

Nivo Pataj Frè - Chak medikaman ki nan lis medikaman kouvri yo nan youn nan Senk (5) nivo pataj frè. Anjeneral, pi wo nivo pataj frè a ye, se pi plis ou pral peye pou medikaman an.

Detèminasyon Kouvèti - Yon desizyon sou si yon medikaman yo preskri pou ou kouvri pa plan nou an ak kantite lajan, si genyen, ou oblige peye pou preskripsiyo an. Anjeneral, si ou pote preskripsiyo ou nan yon famasi epi famasi a di ou preskripsiyo an pa kouvri anba plan nou an, sa pa yon detèminasyon kouvèti asirans. Ou dwe rele oswa ekri nan plan nou an pou mande yon desizyon fòmèl sou kouvèti an. Detèminasyon kouvèti yo rele desizyon sou kouvèti nan dokiman sa a.

Medikaman ki Kouvri yo - Tèm nou itilize ki vle di tout medikaman plan nou an kouvri.

Sèvis ki Kouvri yo - Tèm nou itilize ki vle di tout sèvis swen sante ak materyèl sante plan nou an kouvri.

Kouvèti Admisib pou Medikaman Sou Preskripsiyo - Kouvèti pou medikaman sou preskripsiyo (pa egzanp ki soti nan yon plan yon anplwayè oswa yon sendika) ki sipoze peye, an mwayèn, omwen menm montan avèk kouvèti estanda Medicare pou medikaman sou preskripsiyo. Moun ki gen kalite kouvèti sa a lè yo vin elijib pou Medicare ka kenbe kouvèti sa a anjeneral san yo pa peye yon penalite si yo deside enskri nan kouvèti medikaman sou preskripsiyo Medicare la pita.

Swen Sipò Pèsonèl - Swen pèsonèl se swen pèsonèl yo bay nan yon mezon retrèt, ospis, oswa yon lòt etablisman lè ou pa bezwen swen medikal kalifye oswa swen enfimye espesyalize. Swen sipò pèsonèl, ke moun ki pa gen konpetans oswa fòmasyon pwofesyonèl ki bay, gen ladan èd nan aktivite lavi chak jou tankou benyen, abiye, manje, antre oswa sotì nan yon kabann oswa chèz, deplase, epi sèvi ak twalèt. Li ka gen ladan tou kategori swen ki gen rapò ak sante ke pifò moun fè pou tèt yo, tankou mete gout pou je. Medicare pa peye pou swen sipò pèsonèl.

Tarif Pataj Frè Chak Jou - On tarif pataj frè pa jou ka aplike lè doktè w lan preskri yon pwovizyon pou sèten medikaman pou mwens pase yon mwa konplè pou ou epi ou oblige peye yon kopeman. Yon tarif pataj frè pa jou se kopeman an divize pa kantite jou nan rezèv pou yon mwa. Men yon egzanp: Si kopeman ou pou yon pwovizyon pou yon mwa nan yon medikaman se \$30, epi yon pwovizyon pou yon mwa nan plan nou an se 30 jou, lè sa a, "tarif pataj frè chak jou" a se \$1 pa jou.

Franchiz - Kantite lajan ou peye pou sèvis swen sante oswa pou preskripsyon anvan plan nou an peye.

Mamogram Dyagnostik - Yon egzamen radyografi espesyalize yo bay yon pasyan ki montre siy oswa sentòm maladi tete.

Pwosedi Dyagnostik - Yon egzamen pou idantifye fòs ak feblès yon pasyan nan yon zòn espesifik, pou yo jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon, oswa maladi yo.

Dezenskri oswa Dezenskripsiyon - Pwosesis pou mete fen nan abònman ou nan plan nou an.

Frè Dispans - Yon frè yo chaje ou chak fwa yo ba ou yon medikaman ki kouvri pou peye pou depans pou egzekite yon preskripsiyon, tankou tan famasyen an pou prepare ak anpakte preskripsiyon an.

Plan Doub Elijibilite pou Bezwèn Espesyal (D-SNP) - D-SNP enskri moun ki gen dwa alafwa pou Medicare (Tit XVIII Lwa Sekirite Sosyal) ak asistans medikal nan yon plan eta anba Medicaid (Tit XIX). Eta yo kouvri kèk oswa tout depans Medicare, selon eta a ak nivo elibilite moun lan.

Moun ki gen Doub Elijibilite - Yon moun ki elijib pou kouvèti Medicare ak Medicaid.

Ekipman Medikal Dirab (DME) - Sèten ekipman medikal doktè ou kòmande pou rezon medikal. Egzanp genyen ladan chèz woulant, deanbilatè, sistèm matla motorize, beki, founiti pou dyabetik, aparèy ki jenere lapawòl, nebilizè, ak kabann lopital yon pwofesyonèl swen sante kòmande pou itilizasyon adomisil.

Ijans - Yon ijans medikal se lè oumenm oswa nenpòt lòt pwofàn pridan ki gen yon konesans mwayèn nan sante ak medikaman, kwè ou ap fè eksperians sentòm medikal ki bezwen atansyon medikal imeda pou anpeche pèt lavi (ak, si ou se yon fanm ansent, pèt yon timoun ki poko fèt), pèt yon manm oswa fonksyon yon manm, oswa pèt oswa defisyans grav nan yon fonksyon kòporèl. Sentòm medikal yo ka gen ladan yo maladi, blesi, gwo doulè, oswa yon kondisyon medikal ki vin anpire vit.

Swen Dijans - Sèvis ki kouvri yo se: 1) ke yon pwofesyonèl swen sante ki kalifye pou bay sèvis ijans bay; epi 2) ki nesesè pou trete, evalye, oswa estabilize yon kondisyon medikal ijans.

Prèv Sou Kouvèti (EOC) ak Enfòmasyon sou Divilgasyon - Dokiman sa a, ansanm ak fòm enskripsiyon ou ak nenpòt lòt atachman, amandman, oswa lòt kouvèti opsyonèl ou chwazi, ki eksplike kisa ki kouvri, sa nou dwe fè, dwa ou, ak sa ou dwe fè. antake yon manm nan plan nou an.

Eksepsyon - Yon kalite desizyon sou kouvèti ki, si yo apwouve li, pèmèt ou jwenn yon medikaman ki pa nan fòmilè nou an (yon eksepsyon nan fòmilè), oswa jwenn yon medikaman ki pa prefere nan yon nivo pataj frè ki pi ba (yon eksepsyon nivo). Ou ka mande yon eksepsyon tou si plan nou an mande pou w eseye yon lòt medikaman anvan ou jwenn medikaman w ap mande a, si plan nou an egzije yon otorizasyon davans pou yon medikaman epi ou vle nou

anile kritè restriksyon a oswa si plan nou an limite kantite oswa dòz medikaman w ap mande a (yon eksepsyon nan fòmilè).

Èd Siplementè (Extra Help) - Yon pwogram Medicare pou ede moun, ki gen revni ak resous limite, peye frè pou pwogram medikaman sou preskripsyon yo, tankou prim, franchiz ak ko-asirans.

Fòmilè - Yon dokiman ki bay lis tout medikaman sou preskripsyon yon plan kouvrí.

Sant Dyaliz Endepandan - Yon etablisman sante ki gen lisans, ki pa yon lopital, ki bay tretman dyaliz kote pasyan pa rete dòmi.

Laboratwa Endepandan - Yon etablisman sante ki gen lisans, ki pa yon lopital, ki fè analiz ak tès laboratwa pou idantifye, oswa trete yon blesi oswa yon maladi, kote pasyan pa rete dòmi.

Sant Radyoloji (Imajri) Endepandan - Yon etablisman sante ki gen lisans, ki pa yon lopital, ki founi youn oswa plizyè nan sèvis sa yo pou idantifye, oswa trete yon blesi oswa yon maladi, kote pasyan pa rete dòmi: Radyografi; medsin nikleyè; onkoloji radyasyon (ki gen ladan MRI, eskanè CT ak eskanè PET).

Medikaman Jenerik - Yon medikaman sou preskripsyon FDA apwouve ki gen menm engredyan aktif ak medikaman ki gen non mak la. Anjeneral, yon medikaman jenerik fonksyone menm jan ak yon medikaman ki gen non mak epi anjeneral yo koute mwens kòb.

Òganizasyon Antretyen Lasante (HMO) - Yon kalite plan asirans sante kote manm yo dwe resevwa swen nan men doktè, lopital, ak lòt pwofesyonèl swen sante ki nan rezo plan an.

Asistan Sante Adomisil - Yon moun ki bay sèvis ki pa bezwen konpetans yon enfimyè oswa terapis ki gen lisans, tankou èd pou swen pèsonèl (pa egzanp, benyen, sèvi ak twalèt, abiye, oswa fè egzèsis yo preskri).

Swen Sante Adomisil - Swen enfimye espesyalize ak sèten lòt sèvis swen sante yo bay yon pasyan lakay li pou tretman yon maladi oswa blesi. Nou endike sèvis medikal nou kouvrí yo nan Tablo Avantaj Medikal yo nan Chapit 4 la anba tit "Ajans Swen Sante Adomisil." Si w bezwen swen sant adomisil, plan nou an ap kouvrí sèvis sa yo pou ou, depi egijjians kouvèti Medicare yo satisfè. Swen sante adomisil ka gen ladan yo sèvis yon asistan sante adomisil si sèvis yo fè pati plan swen sante adomisil pou maladi oswa aksidan ou. Yo pa kouvrí sof si w ap resevwa tou yon sèvis kalifye ki kouvrí. Sèvis sante adomisil yo pa enkli sèvis mennaj, aranjman sèvis manje, oswa swen enfimye aplentan adomisil.

Ospis - Yon avantaj ki bay tretman espesyal pou yon manm ki te sètifye medikalman kòm yon maladi tèminal, sa vle di gen yon esperans lavi de 6 mwa oswa mwens. Plan nou an dwe ba w yon lis ospis nan zòn jeyografik ou. Si w chwazi ospis epi w kontinye peye prim ou toujou ou toujou rete manm nan plan nou an. Ou ka toujou jwenn tout sèvis ki nesesè pou rezon medikal ansanm ak avantaj siplementè nou ofri yo.

Swen nan Ospis - Swen espesyalize pou moun ki malad nan faz tèminal, ki konsantre sou konfò pa sou gerizon. Sa a gen ladan tou konsèy pou fanmi pasyan yo. Selon sitiyasyon an, kalite swen sa yo ka bay adomisil, yon etablisman ospis, yon lopital, oswa yon mezon retrèt, epi se yon ekip pwofesyonèl sante ki gen lisans ki bay yo.

Sejou Lopital pou Pasyan ki Entène - Yon sejou lopital lè yo te admèt ou fòmèlman nan lopital la pou sèvis medikal kalifye. Menmsi ou rete lopital la yon nwit, yo ka toujou konsidere w tankou yon pasyan ki pa entène.

Montan Ajisteman Mansyèl Selon Revni (Income Related Monthly Adjustment Amount oswa IRMAA) - Si ajisteman modifye revni brit ou a jan ou rapòte nan deklarasyon taks IRS sa fè 2 zan de sa pi wo pase yon sèten kantite, w ap peye montan prim estanda a ak yon Montan Ajisteman Mansyèl selon revni, ke yo rele tou IRMAA. IRMAA se yon frè siplementè ki ajouté sou prim ou. Mwens pase 5% moun ki gen Medicare afekte, kidonk pifò moun pa pral peye yon prim ki pi wo.

Etap Kouvèti Inisyal - Sa a se etap anvan depans ak lajan ki soti nan pòch ou pou ane a rive nan limit plafònman pou montan ki soti nan pòch ou a.

Peryòd Enskripsyon Inisyal - Lè w elijib pou Medicare pou premye fwa, peryòd tan ou ka enskri pou Medicare Part A ak Part B. Si ou elijib pou Medicare lè ou vin gen 65 an, Peryòd Enskripsyon Inisyal ou se peryòd 7 mwa ki kòmanse 3 mwa anvan mwa ou vin gen 65 an a, li gen landann mwa ou vin gen 65 an, epi l ap fini 3 mwa apre mwa ou gen 65 an a.

Swen pou Pasyan ki Entène - Swen sante ou jwenn lè yo admèt ou nan yon lopital.

Biyosimilè Entèchanjab - Yon biyosimilè ki ka ranplase yon pwodwi orijinal biyosimilè nan famasi a san yo pa bezwen yon nouvo preskripsyon paske li satisfè kondisyon adisyonèl sou potansyèl pou sibstitisyon otomatik. Ranplasman otomatik nan famasi dwe fèt selin lwa eta a.

D-SNP Entegre - Yon D-SNP ki kouvri Medicare ak pifò oswa tout sèvis Medicaid nan yon sèl plan sante pou sèten gwoup moun ki elijib pou Medicare ansanm ak Medicaid. Moun sa yo, yo konnen yo tou kòm moun ki gen doub elijibilite ki gen tout avantaj yo.

Dole yans Entegre - Yon kategori plent ou fè kont plan nou an, pwofesyonèl swen sante yo, oswa famasi yo, ki gen ladan yon plent konsènan kalite swen ou resevwa. Sa pa gen ladan litij ki gen rapò avèk kouvèti oswa peman.

Detèminasyon Òganizasyon Entegre - Yon desizyon plan nou an pran sou si atik oswa sèvis yo kouvri oswa konbyen lajan ou dwe peye pou atik oswa sèvis ki kouvri yo. Detèminasyon òganizasyon yo rele "desizyon sou kouvèti" nan dokiman sa a.

Lis Medikaman ki Kouvri yo (fòmilè oswa Gid Medikaman) - Yon lis medikaman ki kouvri nan plan nou an.

Sibvansyon pou Revni ki Ba (Low Income Subsidy, LIS) - Ale nan Èd Siplementè (Extra Help).

Anjyografi ak Rezonans Mayetik (MRA) - Yon metòd ki pa anvayisan ak yon fòm rezonans mayetik (MRI) ki ka mezire sikilasyon san nan vesò sangen yo.

Imajri ak Rezonans Mayetik (MRI) - Yon metòd mòd dyagnostik ki sèvi ak yon chan mayetik ak enfòmatik pou analize siyal frekans radyo pwovoke pou jenere imaj tisi kò ki pa envaziv.

Famasi ki pran Kòmann pa Lapòs - Yon famasi ki ranpli epi voye preskripsyon pa lapòs lakay manm lan.

Pwogram Rabè Fabrikan - Yon pwogram kote fabrikan medikaman yo peye yon pati nan total depans plan an pou mak medikaman ak biyolojik Part D ki kouvri yo pandan Etap Kouvèti Katastwofik la. Rabè yo baze sou akò ki genyen ant gouvènman federal la ak fabrikan medikaman yo.

Pri Maksimòm ki Jis - Pri Medicare negosye pou yon medikaman seleksyone.

Montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou - Se limit maksimòm lajan k ap soti nan pòch ke w qp peye pou sèvis Part A ak Part B ki kouvri ou yo. Montan ou peye pou penalite pou enskripsyon anreta, prim Medicare Part A ak Part B, ak medikaman sou preskripsyon pa kontabilize nan kantite lajan maksimòm ki soti nan pòch ou. (**Nòt:** Kòm manm nou yo jwenn èd tou nan Florida Medicaid, pa gen anpil manm ki janm rive atenn montan maksimòm ki soti nan pòch sa a.)

Medicaid (oswa Asistans Medikal) - Se yon pwogram konjwen federal ak eta ki ede avèk depans medikal pou sèten moun ki gen revni ba ak resous limite. Pwogram Medicaid Eta yo varye, men pifò depans swen sante yo kouvri si w kalifye pou Medicare ak Medicaid.

Yon endikasyon ki asepte sou plan medikal - Sa vle di itilize medikaman an yon fason ki swa apwouve pa FDA oswa ki sipòte pa sèten referans, tankou American Hospital Formulary Service Drug Information ak Sistèm Enfòmasyon Micromedex DRUGDEX.

Ki Nesesè Pou Rezon Medikal - Sèvis, founiti, ekipman oswa medikaman ki nesesè pou prevansyon, dyagnostik oswa tretman kondisyon medikal ou a epi yo rantre nan nòm pratik medikal ki aksepte yo.

Medicare - Se pwogram asirans sante federal pou moun ki gen 65 lane oswa plis, pou kèk moun ki gen mwens pase 65 lane ki gen andikap epi pou moun ki gen Maladi Ren nan Faz Tèminal (ensifizans renal pèmanan ki nesesite dyaliz oswa yon transplantasyon ren).

Peryòd Enskripsiyon Louvri Medicare Advantage - Peryòd 1ye janveye rive 31 mas lè manm nan yon plan Medicare Advantage ka anile enskripsiyon l nan plan li epi chanje pou yon lòt plan Medicare Advantage oswa jwenn kouvèti atravè Original Medicare. Si ou chwazi chanje pou ale nan Original Medicare pandan peryòd sa a, ou ka antre tou nan yon plan Medicare separe pou medikaman sou preskripsiyon nan moman sa. Peryòd Enskripsiyon Lib Medicare Advantage la disponib tou pou yon peryòd 3 mwa apre yon moun vin elijib pou premye fwa pou Medicare.

Medicare Advantage Organization - Yon konpayi prive ki dirije Plan Medicare Advantage pou ofri manm yo plis opsyon, epi pafwa avantaj siplémentè. Plan Medicare Advantage yo rele tou "Part C." Yo bay tout kouvèti Part A (Lopital) ak Part B (Medikal), epi kèk plan yo ka bay kouvèti Part D (medikaman sou preskripsiyon) tou.

Plan Medicare Advantage (MA) - Pafwa yo rele li Medicare Part C. Yon plan yon konpayi prive ki fè kontra avèk Medicare pou ba w tout avantaj Medicare Part A ak Part B ou yo. Yon Plan Medicare Advantage kapab se i) yon HMO, ii) yon PPO, iii) yon plan Prive pou Frè Sèvis (PFFS), oswa iv) yon plan Medicare Medical Savings Account (MSA) a. Anplis w ap chwazi nan kalite plan sa yo, yon plan Medicare Advantage HMO oswa PPO kapab tou yon Plan Bezwèn Espesyal (SNP). Nan majorite ka yo, plan Medicare Advantage kouvri tou Medicare Part D pou (medikaman sou preskripsiyon). Plan sa yo rele **plan Medicare Advantage avèk kouvèti pou Medikaman sou Preskripsiyon**.

Frè Medicare Otorize - Pi gwo kantite lajan ki ka chaje pou yon sèvis medikal espesifik ki kouvri pa Medicare. Sa yo se de montan lajan fiks ke Medicare deside.

Sèvis Medicare Kouvri - Sèvis ki kouvri nan Medicare Part A ak Part B. Tout plan sante Medicare dwe kouvri tout sèvis ki kouvri nan Medicare Part A ak B. Ekspresyon Sèvis Medicare Kouvri a pa gen ladan avantaj siplémentè yo, tankou swen vizyon, swen dantè, oswa swen oditif, ke yon plan Medicare Advantage ka ofri.

Plan Medicare Health - Yon plan asirans sante Medicare ki ofri pa yon konpayi prive ki fè kontra avèk Medicare pou ba w tout avantaj Part A ak Part B pou moun ki gen Medicare e ki enskri nan plan nou an. Tèm sa a gen ladan tout Plan Medicare Advantage yo, Plan Depans Medicare yo, Plan Bezwèn Espesyal yo, Pwogram Demonstrasyon/pilòt yo, ak Pwogram Swen konplè pou Granmoun Aje (PACE) yo.

Kouvèti Medicare pou Medikaman (Medicare Part D) - Asirans pou ede peye pou medikaman sou preskripsiyon pou pasyan ekstèn, vaksen, pwodwi byolojik, ak kèk founiti Medicare Part A oswa Part B ki pa kouvri.

Pwogram Jesyon Terapi Medikaman (MTM) - Yon pwogram Medicare Part D pou bezwen sante konplèks yo bay moun ki satisfè sèten egzijans oswa ki nan yon Pwogram Jesyon Medikaman. Sèvis MTM yo anjeneral gen ladan yon diskisyon avèk yon famasyen oswa yon pwofesyonèl swen sante pou regade medikaman yo.

Polis Medigap (Asirans siplémentè Medicare) - Asirans siplémentè Medicare ke konpayi asirans prive yo vann pou kouvri sèvis ki pa kouvri nan Original Medicare. yo Asirans Medigap yo mache sèlman ak Original Medicare. (Yon plan Medicare Advantage pa yon asirans Medigap.)

Manm (manm nan plan nou an, oswa manm plan nou an) - Yon moun ki gen Medicare ki elijib pou resevwa sèvis ki kouvri, ki te enskri nan plan nou an epi ki gen enskripsyon ki te konfime pa Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (CMS).

Sèvis pou Manm yo - Yon depatman nan plan nou an ki responsab pou reponn kesyon ou yo konsènan abònman w lan, avantaj yo, doleyans ou yo ak apèl yo.

Rezo - Gade "Rezo Famasi". ak "Rezo Pwofesyonèl Swen Sante."

Famasi Rezo - Yon famasi ki gen kontra avèk plan nou an kote manm plan nou an ka jwenn avantaj medikaman sou preskripsiyo yo. Nan pifò ka yo, preskripsiyo w yo kouvri sèlman si yo egzekite nan youn nan famasi ki nan rezo nou yo.

Rezo Pwofesyonèl - Swen Sante se tèm jeneral pou doktè, lòt pwofesyonèl swen sante, lopital, ak lòt etablisman swen sante ki gen lisans oswa ke Medicare eta a sètifye pou bay sèvis swen sante. **Pwofesyonèl Swen Sante Rezo** yo gen yon akò avèk plan nou an pou aksepte peman nou an kòm peman an antye, epi nan kèk ka pou kowòdone epi bay manm plan nou an sèvis ki kouvri yo. Yo rele rezo pwofesyonèl swen sante a tou pwofesyonèl swen sante plan.

Medsin Nikleyè - Radyoloji kote radyo-izotòp (konpoze ki gen fòm atòm radyo-aktif) yo prezante nan kò a nan bi pou yo jenere imaj, evalye kijan ògàn yo ap fonksyone, oswa lokalize maladi oswa timè.

Sèvis Obsèvasyon - Sèvis lopital pou pasyan ki pa entène yo bay pou ede doktè a deside si yon pasyan bezwen admèt kòm pasyan ki entène oswa si yo ka egzeyate. Yo ka bay sèvis obsèvasyon nan depatman ijans oswa nan yon lòt zòn nan lopital la. Menm si w rete dòmi lannwit nan yon kabann lopital regilye, ou ta ka yon pasyan ekstèn.

Peryòd Enskripsiyo Lib - Peryòd ki soti 15 oktòb rive 7 desanm chak ane kote manm yo ka chanje plan sante oswa plan medikaman yo oswa pase nan Original Medicare.

Pwodwi Byolojik Orijinal - Yon pwodwi byolojik ki te apwouve pa FDA epi ki sèvi kòm konparezon pou fabrikan yo fè yon vèsyon byosimilè. Yo rele sa tou yon pwodwi referans.

Original Medicare (Traditional Medicare oswa Medicare Frè-pou-Sèvis) - Se gouvènman an ki ofri Original Medicare, epi li pa yon plan sante prive tankou plan Medicare Advantage ak plan medikaman sou preskripsiyo. Dapre Original Medicare, sèvis Medicare yo kouvri pa peye doktè, lopital, ak lòt pwofesyonèl swen sante montan peman ke Kongrè a te etabli. Ou ka wè nenpòt doktè, lopital, oswa lòt pwofesyonèl swen sante Medicare aksepte. Ou dwe peye montan franchiz la. Medicare peye pati pa li nan pri pou medikaman ou yo epi ou peye pati pa w nan pri a. Original Medicare gen 2 pati: Medicare Part A (asirans lopital) ak Part B (asirans medikal) e yo disponib toutpatou Ozetazini.

Plan nou an - Plan ke ou enskri ladan l lan CareNeeds Extra (HMO D-SNP).

Famasi andeyò Rezo - Yon famasi ki pa gen kontra avèk plan nou an kpou kowòdone oswa founi medikaman sou preskripsiyo pou manm plan nou yo. Pifò medikaman ou jwenn nan famasi andeyò rezo a pa kouvri pa plan nou an sof si sèten kondisyon aplike.

Pwofesyonèl Swen Sante Andeyò Rezo a oswa Etablisman Andeyò Rezo a - Yon pwofesyonèl swen sante oswa etablisman ki pa gen kontra avèk plan nou an pou kowòdone oswa founi sèvis ki kouvri pou manm plan nou yo. Pwofesyonèl Swen Sante andeyò rezo yo se pwofesyonèl swen sante ki pa anplwaye, ke plan nou an posede oswa jere.

Depans ak lajan ki Soti nan Pòch ou - Ale nan definisyon an pou pataj frè pi wo a. Egzijans pataj frè yon manm pou yo peye pou yon pòsyon nan sèvis oswa medikaman yo resevwa yo rele tou egzijans depans ki soti nan pòch manm yo.

Limit Plafònman pou Lajan ki Soti nan Pòch ou - Montan maksimòm ou peye ak lajan ki soti nan pòch ou pou medikaman Part D yo.

Plan PACE - Yon plan PACE (Pwogram Swen Konplè pou Granmoun Aje) konbine sèvis ak sipò medikal, sosyal, ak alontèm (LTSS) pou moun ki frajil pou ede moun rete endependan epi k ap viv nan kominate yo (olye pou yo al viv nan yon mezon retrèt) osi lontan ke posib. Moun ki enskri nan plan PACE yo jwenn tou de avantaj Medicare ak Medicaid yo atravè plan nou an.

Part C - Ale nan plan Medicare Advantage (MA).

Part D - Pwogram volontè Avantaj Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon.

Medikaman Part D - Medikaman ki ka kouvri anba Part D. Nou ka oswa nou ka pa ofri tout medikaman Part D yo. Sèten kategori medikaman yo Kongrè a te eskli nan kouvèti Part D a. Sèten kategori medikaman Part D oblige kouvri nan tout plan yo.

Penalite pou Enskripsiyan anreta nan Part D - Yon montan yo cijoute sou prim mansyèl plan ou a pou kouvèti Medicare pou medikaman si ou rete san kouvèti admisib (kovèti yo prevwa ki pral peye, an mwayèn, omwen otan ke kouvèti Medicare estanda pou medikaman) pou yon peryòd kontinyèl 63 jou oswa plis apre ou fèk elijib pou rantre nan yon plan Part D. Si w pèdi Èd Siplementè a (« Extra Help »), yo gendwa aplike penalite pou enskripsiyan anreta a pou ou si w depase 63 jou oswa plis youn deyè lòt san Part D oswa lòt kouvèti admisib pou medikaman sou preskripsiyan.

Egzamen Oral Peryodik - Yon egzamen bouch ki fèt sou pasyan etabli pou detèmine chanjman nan eta dan ak sante depi yon evalyasyon peryodik oswa konplè ki te fèt anvan.

Detatraj Pawodontal ak Grataj Radikilè - Detatraj se yon pwosedi dantè komen pou pasyan ki gen maladi jansiv. Sa a se yon kalite netwayaj dantè ki rive anba liy jansiv la pou retire akimilasyon plak. Pwosesis detatraj ak grataj radikilè dan yo souvan refere yo kòm yon netwayaj pwofon.

Pwofesyonèl Swen Sante Plan - Gade nan "Rezo Pwofesyonèl Swen Sante" a.

Eskanè Tomografi Emisyon Pozitron (PET) - Yon teknik imajri medikal ki enplike pasyan an enjekte yon izotòp epi sèvi ak yon eskanè PET pou detekte radyasyon ki emèt la.

Pataj Frè Preferansyèl - Pataj Frè Preferansyèl vle di pataj frè ki pi ba pou sèten medikaman Part D ki kouvri nan sèten famasi rezo a.

Prim - Peman peryodik bay Medicare, yon konpayi asirans, oswa yon plan swen sante pou kouvèti sante oswa kouvèti pou medikaman sou preskripsiyan.

Gid Medikaman sou Preskripsiyan (Fòmilè) - Yon lis medikaman ki kouvri nan plan an. Se plan an ki chwazi medikaman ki sou lis sa a avèk èd yon ekip doktè ak famasyen. Lis la gen ladan l ni medikaman ki gen non mak ni medikaman jenerik.

Sèvis preventif - Swen sante pou evite maladi oswa detekte maladi nan faz byen bonè, lè tretman an gen plis chans byen mache (paregzanp, sèvis preventif ki gen ladan Pap tès, vaksen lagrip, ak tès depistaj mamogram).

Doktè Swen Sante Prensipal (Primary Care Provider, PCP) - Doktè oswa lòt pwofesyonèl swen sante ou wè an premye pou pifò pwoblèm sante. Nan anpil plan sante Medicare, ou dwe wè doktè swen prensipal ou anvan ou wè nenpòt lòt pwofesyonèl swen sante.

Otorizasyon Davans - Apwobasyon alavans pou jwenn sèvis oswa sèten medikaman baze sou kritè espesifik. Sèvis ki kouvari ki bezwen apwobasyon alavans yo make nan Tablo Avantaj Medikal yo nan Chapit 4. Medikaman ki kouvari yo ki bezwen otorizasyon davans make nan fòmilè la epi kritè nou yo afiche sou sitwèb nou an.

Pwofilaksi (netwayaj) - Retire plak, kalkil ak tach nan strikti dan yo ak enplan dantè nan dantisyon pèmanan ak tranzisyon. Pwofilaksi se sèlman pou moun ki pa montre okenn nan siy ak sentòm maladi peryodontal, tankou pèt zo, senyen, mobilite, pi, ak resesyon. Kidonk, pwofilaksi se yon pwosedi preventif pou pasyan ki poko gen maladi pawodontal epi yo ta dwe itilize sèlman ak pasyan ki gen bouch ansante.

Pwotèz ak Òtotik - Aparèy medikal ki gen ladan, men pa limite a, aparèy pou bra, do, ak kou;bra ak janm atifisyèl; je atifisyèl; ak aparèy ki nesesè pou ranplase yon pati oswa yon fonksyon entèn nan kò a, tankou founiti pou ostomi ak terapi nitrisyon enteral ak parteral.

Öganizasyon pou Amelyorasyon Kalite (QIO) - Yon gwoup doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante ke gouvènman federal la peye pou verifye epi ede amelyore kalite swen pou moun ki gen Medicare.

Limit Sou Kantite - Yon zouti jesyon ki fèt pou limite itilizasyon medikaman pou rezon kalite, sekirite oswa itilizasyon. Limit yo ka sou kantite medikaman nou kouvari pou chak preskripsiyan oswa pou yon peryòd tan defini.

Radyoloji - Radyografi ak lòt pwosedi espesyalize ki itilize radyasyon gwo enèji pou idantifye ak trete maladi.

"Zouti Avantaj an Tan Reyèl" (Real-Time Benefit Tool) - Yon pòtay oswa aplikasyon òdinatè kote moun ki enskri yo ka chèche fòmilè ak enfòmasyon konplè, egzat, alè, ki apwopriye sou plan klinik, medikaman espesifik pou moun ki enskri an ak enfòmasyon sou avantaj yo. Sa gen montan pataj frè yo, medikaman altènatif sou gid medikaman an yo ka itilize pou menm kondisyon sante ak yon medikaman yo preskri, ak restriksyon sou kouvèti (Otorizasyon Davans, Terapi Pa Etap, Limit Sou Kantite) ki aplike pou medikaman altènatif.

Referans - Yon òdonans alekri doktè swen prensipal ou a ba ou pou ale wè yon espesyalis oswa jwenn sèten sèvis medikal. San yon referans, plan nou a gendwa pa peye pou sèvis yon espesyalis bay.

Sèvis Reyabilitasyon - Sèvis sa yo gen ladan yo fizyoterapi, terapi lapawòl ak langaj, ak ègoterapi.

Medikaman Seleksyone - Yon medikaman ki kouvari anba Part D Medicare negosye yon Pri Maksimòm ki Jis.

Depistaj Mamogram - Yon pwosedi radyografi espesyalize pou konnen byen bonè si yon pasyan gen kansè nan tete.

Zòn Sèvis - Yon zòn jeyografik kote ou dwe abite pou rantre nan yon plan sante patikilye. Pou plan ki limite ki doktè ak lopital ou ka itilize, anjeneral se zòn kote ou ka jwenn sèvis woutin (ki pa ijans). Plan nou an dwe anile enskripsiyan ou si w deplase ale nèt andeyò zòn sèvis plan nou an.

Etablisman Swen Enfimye Espesyalize (SNF) - Swen enfimye ak sèvis reyabilitasyon kalifye ki bay sou yon baz kontinyèl, chak jou, nan yon etablisman enfimye spesyalize. Egzanp swen yo enkli terapi fizik oswa piki nan venn ki ka bay sèlman pa yon enfimyè ki anrejistre oswa yon doktè.

Peryòd Enskripsiyan Espesyal - Yon tan fiks lè manm yo ka chanje plan sante ak plan medikaman yo oswa retounen nan

Original Medicare akòz sèten evènman oswa chanjman nan lavi yo. Sitiyasyon kote ou ka elijib pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal yo enkli: si w demenaje nèt andeyò zòn sèvis la, si w ap resevwa "Èd Siplementè" (Extra Help) ak depans medikaman sou preskripsiyo w yo, si w demenaje nan yon mezon retrèt, oswa si nou vyole kontra nou an.avèk ou. Yo rele sa tou yon Peryòd Eleksyon Espesyal oswa "SEP."

Plan pou Bezwèn Espesyal - Yon kalite espesyal plan Medicare Advantage ki bay swen sante ki pi konsantre pou gwooup moun espesifik, tankou moun ki gen ni Medicare ni Medicaid, ki abite nan yon mezon retrèt, oswa ki gen sèten kondisyon medikal kwonik.

Pataj Frè Estanda - Pataj Frè Estanda se yon pataj Frè ki pa yon pataj frè preferansyèl ki ofri nan yon famasi rezo.

Terapi pa Etap - Yon zouti itilizasyon ki egzije ou pou eseye yon lòt medikaman anvan pou trete pwoblèm medikal ou anvan nou kouvri medikaman medsen w lan te preskri alinisyal.

Revni Sekirite Siplementè (SSI) - Yon avantaj Sekirite Sosyal peye chak mwa pou moun ki gen revni ak resous limite ki andikape, avèg, oswa ki gen 65 an oswa plis. Avantaj SSI yo pa menm ak avantaj Sekirite Sosyal yo.

Sant Swen Ijan - Yon etablisman sante lisansye kote doktè ak enfimyè bay sèvis pou idantifye ak trete yon blesi oswa yon maladi ki parèt toudenkou, san yo pa rete yon nwit.

Swen ki Nesesè Annijans - Yon sèvis plan an kouvri ki mande atansyon medikal imedya ki pa yon ijans se yon sèvis ki nesesè annijans si swa ou tanporèman andeyò zòn sèvis plan an, li pa rezonab si w konsidere tan an, kote a, ak sikorans pou w jwenn sèvis sa a nan men pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a. Maladi ak blesi medikal ki pa prevwa oswa maladi ki egziste déjà ki vin agrave yo se egzanp sèvis annijan. Sepandan, vizit woutin kay founisè ki se nesesite medikal pou rezon medikal tankou egzamen anyèl yo pa konsidere kòm vizit ki nesesè annijans menm si ou pa nan zòn sèvis plan an oswa rezo plan an pa disponib tanporèman.

Anèks A - Enfòmasyon pou Kontakte Ajans Eta a

Seksyon sa a bay enfòmasyon kontak pou ajans eta ke yo mansyone nan Chapit 2 a ak lòt nan Prèv sou Kouvèti sa a. Si ou gen difikilte pou jwenn enfòmasyon w ap chèche a, tanpri kontakte Sèvis pou Manm yo nan nimewo telefòn ki nan do ti liv sa a.

FLORIDA	
Non ak Enfòmasyon Kontak SHIP	<p>Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE) Department of Elder Affairs 4040 Esplanade Way, Suite 270 Tallahassee, FL 32399-7000 800-963-5337 (apèl gratis) 800-955-8770 (TTY) 850-414-2150 (faks) 800-963-5337 http://www.floridaSHINE.org</p>
Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite	<p>Acentra Health 5201 W. Kennedy Blvd. Suite 900 Tampa, FL 33609 888-317-0751 711 (TTY) 844-878-7921 (Faks) www.acentraqio.com</p>
Biwo Medicaid Eta a	<p>Florida Medicaid 2727 Mahan Drive Tallahassee, FL 32308-5407 888-419-3456 (apèl gratis) 850-412-4000 (lokal) 850-922-2993 (faks) 800-955-8771 (TTY) https://ahca.myflorida.com</p>
Pwogram Asistans pou Medikaman pou AIDS	<p>Florida AIDS Drug Assistance Program (ADAP) HIV/AIDS Section 4052 Bald Cypress Way Tallahassee, FL 32399 850-245-4422 1-800-545-7432 (1-800-545-SIDA) (Panyòl) 1-800-2437-101 (1-800-AIDS-101) (Kreyòl) 888-503-7118 (TTY) http://www.floridahealth.gov/diseases-and-conditions/aids/adap/index.html</p>

Avi sou Non-Diskriminasyon

CarePlus Health Plans, Inc. respekte lwa federal sou dwa sivil ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon ni li pa ekskli moun akoz ras, koulè po, reliyon, janr, idantite seksyèl, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, orijin nasional, estati militè, estati veteran, enfòmasyon jenetik, zansèt, etnisite, eta sivil, lang yo pale, eta sante oswa bezwen pou sèvis sante. CarePlus Health Plans, Inc.:

- Ofri moun ki gen andikap modifikasyon rezonab ak èd ak sèvis oksilyè apwopriye gratis pou kominike avèk nou yon fason efikas, tankou:
 - Entèprèt lang siy ki kalifye
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt fòma (gwo karaktè, odyo, fòma elektwonik aksesib, oswa lòt fòma)
- Ofri sèvis asistans lang gratis pou moun ke Angle se pa lang prensipal yo, ki ka enkli:
 - Entèprèt ki kalifye
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si w bezwen modifikasyon rezonab, èd oksilyè apwopriye, oswa sèvis asistans lang, kontakte **800-794-5907**

(TTY: 711). Si w kwè CarePlus Health Plans, Inc. pa bay sèvis sa yo oswa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, reliyon, jan, idantite seksyèl, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, orijin nasional, estati militè, estati veteran, enfòmasyon jenetik, zansèt, orijin etnik, eta sivil, lang, eta sante, oswa bezwen pou sèvis sante, ou kapab depoze yon doleyans an pèsòn oswa pa lapòs, oswa imèl bay Kowòdonatè Non-Diskriminasyon CarePlus Health Plans, Inc. nan P.O. Box 14618, Lexington, KY 40512-4618, **800-794-5907 (TTY: 711)**, oswa **Accessibility1@CarePlus-HP.com**. Si w bezwen èd pou depoze yon doleyans, Kowòdonatè Non-Diskriminasyon CarePlus Health Plans, Inc. kapab ede w.

Epitou, ou kapab depoze yon plent nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Biwo pou Dwa Sivil, sou fòm elektwonik pa mwayen Pòtay Plent Biwo pou Dwa Sivil la, ki disponib sou

<https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa nan kourye lapòs oswa nan telefòn nan:

- U.S. Department of Health and Human Services 200 Independence Avenue, S.W. Room 509F, HHH Building Washington, D.C. 20201. **800-368-1019, 800-537-7697** (TDD).



Notice of Availability - Auxiliary Aids and Services Notice

English: Free language, auxiliary aid, and alternate format services are available. Call **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

العربية [Arabic]: تتوفر خدمات اللغة والمساعدة الإضافية والتنسيق البديل مجاناً. اتصل على الرقم **1-800-794-5907 (الهاتف النصي: 711)**.

Հայերեն Armenian: Հասանելի են անվճար լեզվական, աջակցման և այլընտրանքային ձևաչափի ծառայություններ: Չափահարեք՝ **1-800-794-5907 (TTY: 711)**:

বাংলা Bengali: বিনামূলে ভাষা, আনুষঙ্গিক সহায়তা, এবং বিকল্প বিন্যসে পরিষেবা উপলব্ধ। ফোন করুন **1-800-794-5907 (TTY: 711)** নম্বরে।

简体中文 Simplified Chinese: 我们可提供免费的语言、辅助设备以及其他格式版本服务。请致电**1-800-794-5907 (听障专线: 711)**。

繁體中文 Traditional Chinese: 我們可提供免費的語言、輔助設備以及其他格式版本服務。請致電**1-800-794-5907 (聽障專線: 711)**。

Kreyòl Ayisyen Haitian Creole: Lang gratis, èd oksilyè, ak lòt fòma sèvis disponib. Rele **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Hrvatski Croatian: Dostupni su besplatni jezik, dodatna pomoć i usluge alternativnog formata. Nazovite **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

فارسی Farsi: خدمات زبان رایگان، کمک های اضافی و فرمت های جایگزین در دسترس است. با **1-800-794-5907 (TTY: 711)** تماس بگیرید.

Français French : Des services gratuits linguistiques, d'aide auxiliaire et de mise au format sont disponibles. Appeler le **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Deutsch German: Es stehen kostenlose unterstützende Hilfs- und Sprachdienste sowie alternative Dokumentformate zur Verfügung. Telefon: **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Ελληνικά Greek: Διατίθενται δωρεάν γλωσσικές υπηρεσίες, βοηθήματα και υπηρεσίες σε εναλλακτικές προσβάσιμες μορφές. Καλέστε στο **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

ગુજરાતી Gujarati: નિઃશુલ્ક ભાષા, સહાયક સહાય અને વૈકલ્પિક ફોર્મેટ સેવાઓ ઉપલબ્ધ છે. **1-800-794-5907 (TTY: 711)** પર કોલ કરો.

עברית Hebrew: שירותים אלה זמינים ב chinim: שירות תרגום, אביזרי עזר ותקופתיים בפורמטים חלופיים. **נא התקשר למספר 1-800-794-5907 (TTY: 711)**

Hmoob Hmong: Muaj kev pab txhais lus, pab kom hnov suab, thiab lwm tus qauv pab cuam. Hu **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Italiano Italian: Sono disponibili servizi gratuiti di supporto linguistico, assistenza ausiliaria e formati alternativi. Chiama il numero **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

This notice is available at CarePlusHealthPlans.com/MLI.

GHHNOA2025CP

日本語 Japanese: 言語支援サービス、補助支援サービス、代替形式サービスを無料でご利用いただけます。1-800-794-5907 (TTY: 711) までお電話ください。

ភាសាខ្មែរ Khmer: សេវាកម្មផ្លូវការសាលា ជំនួយ និង សេវាកម្មជានម្រោងដៃខែឆ្នាំនៃអាជារកបាន។ ទូរសព្ទទៅលេខ 1-800-794-5907 (TTY: 711)។

한국어 Korean: 무료 언어, 보조 지원 및 대체 형식 서비스를 이용하실 수 있습니다.

1-800-794-5907 (TTY: 711) 번으로 문의하십시오.

Diné: Saad t'áá jiik'eh, t'áadoole'é binahjí' bee adahodooniígíí diné bich'í' anídahazt'ií, dóó ahgo át'éego bee hada'dilyaaígíí bee bika'aanída'awo'í dahóló. Kohjí' hodíilnih **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Polski Polish: Dostępne są bezpłatne usługi językowe, pomocnicze i alternatywne formaty. Zadzwoń pod numer **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Português Portuguese: Estão disponíveis serviços gratuitos de ajuda linguística auxiliar e outros formatos alternativos. Ligue **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

ਪੰਜਾਬੀ Punjabi: ਮੁਫਤ ਭਾਸ਼ਾ, ਸਹਾਇਕ ਸਹਾਇਤਾ, ਅਤੇ ਵਿਕਲਪਿਕ ਢਾਰਮੇਟ ਸੇਵਾਵਾਂ ਉਪਲਬਧ ਹਨ। 1-800-794-5907
(TTY: 711) 'ਤੇ ਕਾਲ ਕਰੋ।

Русский Russian: Предоставляются бесплатные услуги языковой поддержки, вспомогательные средства и материалы в альтернативных форматах. Звоните по номеру **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Español Spanish: Los servicios gratuitos de asistencia lingüística, ayuda auxiliar y servicios en otro formato están disponibles. Llame al **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Tagalog Tagalog: Magagamit ang mga libreng serbisyon pangwika, serbisyo o device na pantulong, at kapalit na format. Tumawag sa **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

தமிழ் Tamil: இலவச மொழி, துணை உதவி மற்றும் மாற்று வடிவ சேவைகள் உள்ளன. **1-800-794-5907** (TTY: 711) ஜி அமைக்கவும்.

తెలుగు Telugu: ఉచిత భాష, సహాయక మద్దతు, మరియు ప్రత్యామ్నాయ ఫారాట్ సేవలు అందుబాటులో గలవ. **1-800-794-5907 (TTY: 711)** కి కాలీ చేయండి.

اردو: Urdu مفت زبان، معاون امداد، اور متبادل فارمیٹ کے خدمات دستیاب ہیں۔ کال 5907-1-800-794-711 (TTY: 711)

Tiếng Việt Vietnamese: Có sẵn các dịch vụ miễn phí về ngôn ngữ, hỗ trợ bổ sung và định dạng thay thế. Hãy gọi 1-800-794-5907 (TTY: 711).

Not

Sèvis Manm CareNeeds Extra (HMO D-SNP) yo

Metòd	Sèvis pou Manm yo - Enfòmasyon Kontak
Rele	<p>800-794-5907</p> <p>Apèl nan nimewo sa a gratis. Ou ka rele nou sèt jou nan semèn nan apati 8 a.m. rive 8 p.m. Tanpri note ke sistèm telefòn otomatize nou an ka reponn apèl ou nan jou wikenn ak jou ferye yo. Pou sèvis 24 sou 24, ou kapab ale sou CarePlusHealthPlans.com.</p> <p>Sèvis pou Manm yo gen sèvis entrèpèt nan lang gratis tou ki disponib pou moun ki pa pale Angle.</p>
TTY	<p>711</p> <p>Nimewo sa a mande ekipman telefòn espesyal epi li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pale.</p> <p>Apèl nan nimewo sa a gratis. Orè fonksyònman yo se menm ak sa ki pi wo yo.</p>
Ekri	<p>CarePlus Health Plans, Inc. P.O. Box 14168 Lexington KY 40512-4168</p>
Sitwèb	<p>CarePlusHealthPlans.com/ContactUs</p>

Pwogram Asistans Eta a pou Asirans Sante

Pwogram Asistans pou Asirans Sante Eta (SHIP) a se yon pwogram eta ki resevwa lajan nan men gouvènman Federal la pou bay moun ki gen Medicare konsèy gratis sou asirans sante lokal.

Ou kapab jwenn enfòmasyon kontak pou SHIP nan "Anèks A" ki nan dokiman sa a.

Deklarasyon sou Divilgasyon PRA Dapre Lwa 1995 sou Rediksyon Papye (Paperwork Reduction Act of 1995), pa gen okenn moun ki oblje reponn a yon koleksyon enfòmasyon sof si enfòmasyon sa a afiche yon nimewo kontwòl OMB ki valab Nimewo kontwòl OMB ki valab pou koleksyon enfòmasyon sa a se 0938-1051. Si w gen kòmantè oswa sijesyon pou amelyore fòm sa a, tanpri voye yon lèt bay: CMS, 7500 Security Boulevard, Attn: PRA Reports Clearance Officer, Mail Stop C4-26-05, Baltimore, Maryland 21244-1850.

CarePlus Health Plans, Inc.
P.O. Box 14168
Lexington, KY 40512-4168



Enfòmasyon enpòtan

H1019152000EOCCR26

CarePlus
HEALTH PLANSTM

CarePlusHealthPlans.com